A. MUXAMMEDJANOV

# WO'ZBEKSTAN TARIYXI'

**(IV A'SIRDEN XVI A'SIR BASLARI'NA SHEKEM)**

## 7-KLASS

*Wo'zbekstan Respublikasi' Xali'q bilimlendiriw ministrligi uli'wma bilim beriwshi' wo'rta mektepler ushi'n sabaqli'q retinde tasti'yi'qlag'an*

Qayta islengen yekinshi baspasi'



«SHARQ» BASPA-POLIGRAFIYA
AKCIONERLIK KOMPANIYASI'
BAS REDAKCIYASI'
TASHKENT — 2013

**UO‘K: 94(575.1)(075)**
**КВК  63.(5O‘)**
M – 3

Juwapli’ redaktor: **B. Abduxalimov**

Sabaqli’qti’n’ metodikali’q quri’lmasi’: **F. Sultanov** ta’repinen islep shi’gi’lg’an

P i k i r  b i l d i r i w s h i l e r:

***A.M. Ataxojaev*** – Wo’zR IA Tariyx instituti’ bo’lim basli’g’i’, tariyx ilimlerinin’ doktori’;

A.***J. Yaxshiyev*** – Sali’q akademiyasi’ni’n’ Tariyx kafedrasi’ basli’g’i’, tari’yx ilimlerinin’ kandidati’;

***Q.A. Matxoliqov*** – TQPKQTBJI woqi’ti’wshi’si’, tari’yx ilimlerinin’ kandidati’;

***M.F. Xalbayeva*** – Respublikali’q Bilimlendiriw worayi’ Ja’miyetlik pa’nler bo’limi bas metodisti;

***M. Tajimuratov*** – Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Chi’mbay rayoni’ 10-sanli’ uli’wma bilim beriwshi worta mektep woqi’ti’wshi’si’.

**Sabaqli’qti’ woqi’w bari’si’nda Sizge ja’rdem beretug’i’n belgilerge itibar berin’:**



**Bul belgi belgili tariyxi’y waqi’yalardi’ yeste saqlawdi’ talap yetedi.**



**Bul belgi wo’z bilimlerin’izdi si’nap ko’riwge shaqi’radi’.**



**Bul belgi tekstte ushi’rasatug’i’n atama ha’m tiykarg’i’ tu’siniklerdin’ mazmuni’n bilip ali’wg’a shaqi’radi’.**



**Bul belgi sizden tema boyi’nsha berilgen sorawlarg’a juwap beriwdi, tapsi’rmalardi’ wori’nlawdi’ talap yetedi.**

M–3 **Muxammedjanov Abdullaxad.**

Wo’zbekstan tariyxi’: 7-klass ushi’n sabaqli’q/Avt. A. Muxammedjanov. — T.: «Sharq», 2013. — 160 b.

ISBN 978-9943-26-036-8

**UO‘K: 94(575.1)(075)**
**КВК 63.(5O‘)**

**Respublika maqsetli kitap qori’ qarji’lari’ yesabi’nan ijara ushi’n basi’p shi’g’ari’ldi’.**

**ISBN 978-9943-26-036-8**

© A. Muxammedjanov, 2009.
© «Sharq» BPAK Bas redakciyasi’, 2009, 2013.

**Tariyx xali'q ma'na'wi'yati'ni'n' tiykari' boli'p yesaplanadi'.**

***Islam KARIMOV***

# K I R I S I W

A'ziz woqi'wshi'!

Watani'mi'z Wo'zbekstan ha'm wo'zbek xalqi' pu'tkil du'n-yali'q waqi'yalarg'a bay a'yyemgi tariyxqa iye. Turan, Tu'rkstan ha'm Mawarawnnaxr atlari' menen tani'lg'an bul ma'mlekettin' ja'ne wo'zinin' miyneti menen woni' abat yetken wo'zbek xalqi'ni'n' wo'tmishi ju'da' qi'zi'g'arli' ha'm sabaq bolarli'q da'rejede.

Siz usi' sabaqli'qta IV–XVI a'sirler dawami'nda Watani'mi'z tariyxi'nda bolg'an waqi'yalar haqqi'nda bilip alasi'z. Won yeki a'sirlik da'wirdi wo'z ishine alg'an bul tariyxi'y basqi'shta' a'weli uli'wmatu'rk qa'wimleri si'pati'nda «wo'zbiy» ha'm «wo'zbek» atamalari' menen ulli' danalar jolbasshi'li'g'i'nda wo'zbek xalqi' qa'liplesti.

## * «Wo'zbek» – qa'wim begi, hu'kimdar

Ata-babalari'mi'z kanallar qazi'p taw-tas qi'yabanlarg'a suw shi'g'ardi', qurg'aq jerlerdi bag'i'-bostanlarg'a aylandi'rdi'. Diyqanshi'li'q, sharwashi'li'q ha'm wo'nermentshilik rawajlan-di'. Wotlaq oazisler worni'nda awi'llar ha'm qalalar boy tikledi. Wolar ilimiy – ag'arti'wshi'li'q ha'm ka'sip wo'nerdin' worayi'na aylandi'. Ko'rkem wo'ner muzi'ka, arxitektura rawajlani'p, wo'zine ta'n ma'deniyat payda boldi'.

Diyqanshi'li'q oazislerinde da'slep oazis ha'kimleri, son'g'i'-li'g'i'nda Eftallar, Tu'rk qag'anli'g'i', Samaniyler, Qaraxaniyler, Xorezmshahlar, A'mir Temur ma'mleketi si'yaqli' iri patshali'qlar hu'kim su'rdi. Worta a'sirlerde payda bolg'an ma'mleketler usi' aymaq xalqi'ni'n' socialli'q-siyasiy, ekonomikali'q ha'm ruwxi'y turmi'si'nin' rawajlani'wina ta'sir ko'rsetti. Bul da'wirde «Awi'l ha'kimi» dep atalg'an ha'm u'lken jer iyesi «diyqan»lar ja'ne wolardi'n' ati'zlari'nda islewshi jersiz «kediver»ler, yag'ni'y jal-lanba miynet adamlari' qa'liplesti. Jerge, suwg'a bolg'an qatnas wo'zgerdi. Jerdi islew ha'm wonda qosshi'lardi' jumsaw ta'rtipleri wo'zgerdi. Miynetkeshlerdin' u'stinen zuli'm qi'li'w ku'sheydi, socialli'q wo'mirde qatlamlarg'a bo'liniw barg'an sayi'n keskin-lesip bardi'.

Usi’ da’wirde ma’mleketimiz Arab xalifali’g’i’ ta’repinen basi’p ali’ndi’. Islam dini ha’m musi’lmanshi’li’q ju’zege keldi, jergilikli din ha’m isenimlerge shek qoyi’ldi’. Yelge jat bolg’an arab imlasi’ yengizildi. Xalifali’q hu’kimdarli’g’i’ tamam boli’p, g’a’rezsizlik tiklengennen keyin, ilimiy ag’arti’wshi’li’qti’n’ rawajlani’wi’ ushi’n imkaniyat ju’zege keldi. Worta a’sirlerde yelimizde A’biw Rayxan Beruniy, Muxammed ibn Musa al-Xorezmiy, Axmet al-Ferg’aniy, Ibn Sina, Uli’g’bek ha’m A’liysher Nawayi’ si’yaqli’ ulli’ ali’m ha’m woyshi’llar qatari’nda islam dini ha’m ta’liymati’ni’n’ rawajlani’wi’na u’lken u’les qosqan Imam Buxariy, Imam Termiziy, Axmet Yassawiy, Na’jima’tdin Qubra, Bahawa’tdin Naqshband ha’m Xoja Axrar si’yaqli’ belgili ulamalar jetilisip shi’qti’.

Yeldin’ basi’na tu’sken awi’r ha’m mu’siybetli waqi’tlarda yerkinlikti su’yiwshi xalqi’mi’z qahramanli’g’i’n ana Watan qa’wipsizligi joli’nda wo’zin pida’ qi’lg’an Jalalatdin Ma’ngiberdi, Temur Ma’lik ha’m ataqli’ shayi’q Na’jimatdin Qubra, Maxmud Tarabiy, A’mir Temur si’yaqli’ Watan su’yiwshiler ti’msali’nda bilip alasi’z. G’a’rezsizlik xalqi’mi’zdi’n’ a’sirlik arzi’wi’ ha’m gu’reslerinin’ sharapatli’ na’tiyjesi yekenligine gu’wa bolasi’z.

Bizge belgili, A’miwda’rya ha’m Si’rda’ryaday iri suw basseynlerinde jaylasqan a’yyemgi Turan aymaqlari’nda buri’nnan woti’ri’qshi’ wo’zbekler menen tuwi’sqan ta’jik, qi’rg’i’z, qazaq, qaraqalpaq ha’m tu’rkmenlerdin’ de ata-babalari’ jasap kelgen. Sol sebepten wo’zbek xalqi’ni’n’ wo’tmishi etnikali’q jaqtan jaqi’n bolg’an tuwi’sqan xali’qlardi’n’ tariyxi’ menen ti’g’i’z baylani’si’p ketedi. A’sirese, shet yellik basqi’nshi’larg’a, a’dalatsi’z hu’kimdarlarg’a, ayawsi’z mu’lik iyelerine qarsi’ ali’p bari’lg’an gu’resler tuwi’sqan xali’qlardi’ birlestirdi. Sol sebepli wolar ko’pshilik jag’daylarda bir ma’mlekettin jekke puqarasi’ boli’p jasadi’, yel-jurtti’ abat yetiwde jedel qatnasti’.

Qullasi’, sabaqli’qta Watani’mi’z ha’m wo’zbek xalqi’ni’n’ worta a’sirlerde basi’nan keshirgen ju’da’ quramali’ ha’m qi’yi’nshi’li’qli’ wo’mir tariyxi’ bayan yetiledi. Wonda siyasiy waqi’yalardi’n’ ashi’p beriliwi bari’si’nda xalqi’mi’zdi’n’ do’retiwshilik iskerligi, wo’zine ta’n ma’deniyati’, isenimi ja’ne Watang’a bolg’an sheksiz muhabbati’ ha’m sadi’qli’g’i’na bag’i’shlang’an qatarlardi’ woqi’p, sonday hu’rmetli xali’qti’n’ miyrasxori’ yekenligimizden qa’lbimiz maqtani’shqa toladi’. Sebebi ma’mleketimiz Prezidenti Islam Karimovti’n’ aytqani’nday «*Wo’zligin’di an’law tariyxti’ biliwden baslanadi’... Haqi’yqi’y tariyxti’ bilmey turi’p wo’zligin’di an’law mu’mkin yemes*».

# I BAP

# WORTA A'SIRLERDE JERGE IYELIK YETIW QATNASI'QLARI'NI'N' PAYDA BOLI'WI' HA'M RAWAJLANI'WI'

## 1-§. SOCIALLI'Q-EKONOMIKALI'Q WO'ZGERISLER

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***diyqan; kashovarz; kediver; chokar*.**

A'yyemgi Turan jerinde wo'z zamani'ni'n' ulli' ma'mleketlerinen bolg'an **Qang'** ma'mleketi ha'm **Kushan patshali'g'i'** gu'llep rawajlang'an da'wirde alg'a ilgerilewshilik baslang'an yedi. Bul wo'zgerislerdin' aqi'betinde ma'mleket xalqi'ni'n' ja'miyetlik-ekonomikali'q, ma'deniy ha'm siyasiy turmi'si'nda a'hmiyetli wo'zgerisler ju'z berdi. Qalalardi'n' sani' ko'beydi ha'm maydanlari' ken'eydi. Qala yerte worta a'sirlerden baslap wo'nermentshilik, sawda-sati'q ha'm ma'deniy turmi'sti'n' worayi'na aylandi'.

Oazisler boylap iri suwg'ari'w tarmaqlari' qazi'li'p, suwg'ari'p yegiletug'i'n diyqanshi'li'q maydanlari' ken'eydi. Suw digirmani', shi'g'i'r ha'm **sharqi'pa'lek** si'yaqli' suw quri'lmalari' woylap tabi'ldi'. Ag'i'n suwdi'n' qa'ddinen bir qansha biyikte jaylasqan maydanlarg'a suw shi'g'ari'p, jerlerdi abat yetiwge jag'day du'zildi. Diyqanshi'li'qta da'nli yeginler ha'm pali'z yeginleri menen bir qatarda paxtashi'li'q ja'ne bag'shi'li'q maydanlari' da ken'eydi.

*** «Sharqi'pa'lek» – suwg'ari'w quri'lmasi'**

Yegin maydanlari'n suwg'ari'w ha'm qayta islewdegi a'sirler dawami'nda toplang'an ta'jiriybeleri natiyjesinde xali'q diyqanshi'li'qtan mol zu'ra'a't alatug'i'n boldi'.

Qalalarda xali'qti'n' ti'g'i'zlani'wi', wo'nermentshilik, ishki ha'm si'rtqi' sawdani'n' rawajlani'wi' menen awi'l xojali'q wo'nimlerine bolg'an talap ku'sheydi. Na'tiyjede ma'mlekettin' ekonomikali'q turmi'si'nda shiyki zat jetkerip beriwshi awi'llardi'n' abi'rayi' ko'terildi. Bir ta'repten jerge, diyqanshi'li'q maydanlari'na bolg'an qatnas, wolarg'a iyelik yetiw da'stu'rleri a'ste-aqi'ri'n wo'zgere basladi'. Yekinshi ta'repten bolsa, woti'ri'qshi' diyqanlar massasi' menen sharwashi'li'q qa'wimleri arasi'ndag'i' baylani'slar rawajlandi'. Ma'mlekettin' sahra ha'm taw aldi' wa'layatlari'nda ko'shpeli ha'm yari'm ko'shpeli xali'qti'n' woti'ri'qshi' turmi'sqa wo'tiwi ku'sheydi. Soni'n' aqi'betinde diyqanshi'li'q ushi'n jaramli' bolg'an jerlerge mu'ta'jlik barg'an sayi'n artti'. Na'tiyjede partaw ha'm boz jerlerge suw shi'g'ari'p u'lken-u'lken jer maydanlari'n ashi'w isleri jedellesti. Bunday abadanshi'li'q islerin a'melge asi'ri'wda yel-jurtti'n' socialli'q turmi'si'nda u'lken abi'rayg'a iye bolg'an bay qatlamni'n' wa'killeri, awi'l aqsaqallari' ja'ne qa'wim basli'qlari' sarkor-basshi' si'pati'nda belsendili qatnasti'. Partawdan ashi'lg'an jan'a jer maydanlari'ni'n' belgili bir bo'legi baylardi'n' qoli'na wo'tti ha'm atadan balag'a miyras boli'p qalatug'i'n mu'lkke aylandi'. Usi'lay yetip u'lken jer iyeligine tiykarlang'an mal-mu'lik iyeleri qatlami' qa'liplesedi.

## Diyqanlar ha'm wolardi'n' xojali'q turmi'si'

**Sarkorlar** wo'zlerine tiyisli jer maydanlari'n suwg'ari'w tarmaqlari'ni'n' joqarg'i' bo'leginen, a'sirese kanaldi'n' sag'asi'na jaqi'n a'tiraplari'nan alg'an. Usi'nday jol menen wolar suwdan diyqanshi'li'qta yerkin paydalani'w, suwdi' bo'listiriwdi qadag'alawg'a ali'p, awi'l xalqi'ni'n' u'stinen wo'z ta'sirin wo'tkiziw imkaniyati'na iye boladi'. Usi' jol menen wolar miynetkesh xali'qti'n' u'stinen u'stemlik yete baslaydi'. Sol zamanda wolar **diyqanlar** dep atalg'an.



**Mal-mu'likke iye diyqan shan'arag'i'.**

Diyqanlar qalalarda a'jayi'p bezelgen qorg'an ha'm saraylarg'a, sawda ha'm wo'nermentshilik du'kanlari'nan ibarat bolg'an u'lken xojali'qqa da iye yedi. Awi'llarda bolsa, yegislik maydanlari'nan basqa, wolardi'n' ha'wlileri ha'm bekinisli qorg'anlari', sali' digirmanlari' ja'ne majuwazlari' bolg'an. Qul, shori'lardan iba-



**Varaxsha. Arxar (taw yeshkisi) awi'ni'n' ganshtan islengen suwreti**

rat bolg'an ko'plegen xi'zmetkerler diyqanlardi'n' xojali'g'i'nda qi'si'-jazi' jumi's islegen. Bulardan basqa, ha'r bir iri jer iyesinin' 30—40, 50—100 ha'm bazi' waqi'tlari' wonnan arti'q qurallang'an a'skeriy topari' — **shokarlari'** bolg'an.

**Shokarlar** qari'wli' ha'm wo'z xojasi'na sadi'q bolg'an jas wo'spirimlerden tan'lap ali'ng'an. Ayi'ri'm dereklerde ko'rsetiliwine qarag'anda, sol da'wirdin' da'stu'ri boyi'nsha, xojasi' qayti's bolg'an shokarlar ha'tte woni'n' menen birge tiriley ko'miliwi lazi'm bolg'an. Usi'nday sadi'q ha'm jawi'nger shokarlari' menen diyqanlar jawgershilik waqi'tlari'nda dushpang'a qarsi' a'skeriy atlani'slarg'a qatnasatug'i'n yedi. Paraxatshi'li'q waqi'tlari'nda wolar shokarlarg'a su'yenip, awi'ldi'n' azat diyqanlar massasi'ni'n' u'stinen wo'z zuli'mli'g'i'n wo'tkeretug'i'n yedi.

**Awi'l ja'ma'a'tlerinin' bo'liniwi**

Yen' da'slep wo'z qaramag'i'ndag'i' xi'zmetkerlerinin' miynetinen paydalani'p kelgen diyqanlar son'i'n ala tu'rli jollar menen awi'l xalqi' u'stinen hu'kim su're baslag'an ha'm bara-bara wolardi'n' ku'shinen de paydalanatug'i'n bolg'an. Solay yetip, ma'mlekette jerge iyelik yetiw qatnasi'qlari'ni'n' qa'liplesiwi menen awi'l ja'ma'a'tleri ishinde iri jer iyeleri bolg'an diyqanlar menen bir qatarda kediverler qatlami' da payda boladi'. Ma'mlekette jer-suw mu'lkshiliginin' arti'p bari'wi' menen kediverlerdin' sani' ko'beyip, diyqanshi'li'q xojali'g'i'ni'n' tiykarg'i' islep shi'g'ari'wshi' ku'shlerinin' birine aylandi'.

**V a'sirdin' wortalari'**na kelip, yegislik jerlerdin' belgili bir bo'limi jer iyelewshi diyqanlar qol asti'ndag'i' mu'liklerden ibarat bolsa da, biraq wo'nimdarli' aymaqlardag'i' yegislik jerlerdin' belgili bo'legi yele de awi'l ja'ma'a'tlerinin' qaramag'i'nda yedi.

***Yegislik (obikor) — suwg'ari'latug'i'n jer maydani'**

Jer iyeliginin’ payda boli’wi’ aqi’betinde ma’mlekettin’ socialli’q turmi’si’nda keskin wo’zgerisler ju’z berdi. Usi’ wo’zgerisler a’sirese awi’llarda sezilerli boldi’. Awi’l ja’ma’a’tleri jeri bar mu’likke iye **diyqan** ha’m wog’an qarasli’ bolg’an jersiz ha’m yeriksiz **kediver**lerge aji’rali’p bardi’. Awi’l ja’ma’a’tleri jerlerinde jasap jer ha’m suwdan ibarat bolg’an uli’wmali’q mu’likke iye bolg’an yerkin zu’ra’a’t ali’wshi’ qatlam **kashovarz**lar dep atalatug’i’n yedi. Wolardi’n’ belgili bir bo’limi ja’ma’a’t jerlerinen ayri’li’p, kediverlerge aylani’p barg’an. Ayi’ri’m diyqanshi’li’q oazislerindegi ken’ maydan jerlerge iye bolg’an diyqanlar wo’z wa’layatlari’nda ha’tte g’a’rezsiz ha’kim boli’p aladi’.



* **Diyqan (awi’l ha’kimi) – yerte worta a’sirlerde mu’likke iye qatlam**
* **Kashovarz – zu’ra’a’t ali’wshi’ a’piwayi’ qosshi’lar**
* **Kediver – awi’ldi’n’ diyqanlarg’a g’a’rezli bolg’an xalqi’**
* **Shokar – diyqanni’n’ mal-mu’lkin qorg’awshi’, a’skeriy qorg’awshi’**
* **Sali’ digirmani’ – suwdi’n’ ku’shi menen ju’retug’i’n, sali’ aydaytug’i’n quri’lma**
* **Mayjuwaz – wo’simliktin’ tuqi’mi’nan may ali’natug’i’n quri’lma**



**1.** Diyqanshi’li’qta qanday tabi’slar qolg’a kirgizilgen?
**2.** Qanday faktorlar awi’llardi’n’ abi’rayi’n ko’teriwge sebep bolg’an?
**3.** Ne sebepten qurg’aq ha’m boz jerlerdi wo’zlestiriwge za’ru’rlik ku’sheydi?
**4.** Diyqanlar ha’m kediverler qalay qa’liplesti?
**5.** Kashovarzlar kim, wolar haqqi’nda nelerdi bilip aldi’n’i’z?

## 2-§. YERTE WORTA A’SIR MA’MLEKETLERI

**Tayani’sh tu’sinikler:** ***Afrig’iyler; Xioniyler; Kidariyler; Eftallar.***

**Xorezm ma’mleketinin’ du’ziliwi**

Ha’lsiregen Qang’ ma’mleketinen birinshi boli’p Xorezm bo’linip shi’g’adi’. Woni’ jergilikli Afrig’iyler na’siline tiyisli xorezmshahlar basqara baslaydi’. **III a’sir wortalar**i’nda Xorezm ma’mleketinin’ paytaxti’ da’slep ha’zirgi

Qaraqalpaqstanni'n' Yellikqala rayoni'nda jaylasqan a'yyemgi **Topi'raqqala** qala qarabaqanasi'ni'n' worni'nda bolg'an.

Qorg'ani'w jag'i'nan paytaxt wog'ada bekkem quri'lg'an. Qalani'n' bekkem da'rwazaxanasi' bolg'an. Da'rwazani'n' qarsi'si'nda qala worayi'nan kesip wo'tken ko'shenin' yeki ta'repin boylap qalali'lardi'n' turaq jaylari' jaylasqan. Qala worayi'ni'n' joqari'rag'i'nda ibadatxana ji'ynag'i', woni'n' arqabati's mu'yeshindegi bo'liminde bolsa biyikligi 25 metr bolg'an u'sh minarali' xorezmshahlar sarayi' boy tiklegen. Bul da'wirde Xorezmde a'tirapi' bekkem diywallar menen qorshalg'an qalalar, qorg'ani'w bekinisleri bar awi'llar ju'da' ko'p bolg'an.

Bizin' erami'zdi'n' **305-ji'l**i'nda xorezmshah **Afrig'** wo'zinin' turar jayi'n Xorezmnin' a'yyemgi paytaxti' **Kat** qalasi'na ko'shiredi. Kat qayta tiklenip, **Al-Fir** qorg'ani'ni'n' ishinde shah wo'zine taza saray qurdi'radi'. A'yne usi' waqi'ttan baslap Xorezmnin' Afrig'iy patshalari' aldi'n'g'i' ta'repine shah ha'm artqi' ta'repine atli' a'skerdin' su'wreti sa'wlelengen gu'mis ten'gelerdi quyi'p shi'g'ari'p, ma'mlekettin' ishki ha'm si'rtqi' sawda qatnasi'qlari'nda g'a'rezsiz boli'p aldi'.

A'biw Rayxan Beruniydin' jazi'wi'nsha xorezmshahlar atag'i' da'slep si'yawi'shlar dinastiyasi' ta'repinen qabi'l qi'li'ng'an. Beruniy bul haqqi'nda «**Si'yawi'sh ibn Kayxusrawd**i'n' Xorezmge keliwinen... tariyx aldi'. Sol waqi'ttan **Kayxusraw**... tu'rk patshalari' (u'stinen) hu'kimdarli'g'i'n ju'rgizgen yedi» dep jazg'an. Sol zamanda **Kayxusraw, Saksafar Farasman, Xusraw** si'yaqli' hu'kimdarlar «Xorezmshah» atag'i'na yerisken.

*** Xorezmshah – Xorezm ma'mleketi hu'kimdarlari'ni'n' atag'i'. Beruniydin' shi'g'armalari'nda keltirilgen mag'li'wmatlarg'a qarag'anda, aldi'n Xorezmshah atag'i' menen Xorezmdi Kayxusraw basqarg'an. To'mendegi 4 dinastiya: afrig'iyler; mamuniyler; alti'ntashlar; anushteginiyler hu'kimdarlari' «Xorezmshah» atag'i'na iye bolg'an.**

Materialli'q-madeniy dereklerinen belgili boli'wi'nsha **III a'sir**de Xorezm aymag'i'nda ekonomikali'q-siyasiy ta'repten g'a'rezsiz bir neshe suw shi'g'ari'lg'an diyqanshi'li'q oazislerdi basqarg'an mayda ha'kimler payda bolg'an. **Topi'raqqala**dan qoli'nda bu'rkit qondi'ri'lg'an taj kiygen hu'kimdar ha'ykeli yamasa **Anqaqala**g'a jaqi'n jerden bolsa qoli'nda lashi'n tutqan

taj kiygen adam ko'rinisi sali'ng'an tengenin' tabi'li'wi', hu'kimranli'q belgisinen derek beredi. Bul da'wirde Xorezmde suwg'arma diyqanshi'li'q, wo'nermentshilik, sharwashi'li'q ha'm sawda-sati'q, ilim-pa'n, sanaat, tiykari'nan ha'ykelshilik joqari' da'rejede rawajlang'an. **III a'sir**de-aq Qang' ma'mleketinen ajirali'p g'a'rezsizlikke yerisken Xorezm wo'z ara gu'reslerde jen'ip shi'g'adi'. Na'tiyjede **afrig'iyler dinastiyasi'** hu'kimranli'g'i'na tiykar sali'nadi'.

Xorezm xioniyler, kidariyler, eftallar ha'm de Tu'rk qag'anli'g'i' da'wirinde de wo'zinin' siyasiy g'a'rezsizligin saqlap qaladi'. Vizantiyali'q tariyxshi' **Menandr** Xorezm **VI a'sirdin' 60 ji'llar**i'nda Vizantiya ha'm tu'rkler menen diplomatiyali'q baylani'slar ali'p barg'anli'g'i' haqqi'nda ayi'ri'm mag'li'wmatlardi' ko'rsetken.

*** Bu'rkit ha'm lashi'n Xorezmnin' hu'kimdarli'q belgileri bolg'an**

### Xioniyler ma'mleketi

**IV a'sirdin' wortalar**i'nda Worta Aziyag'a Jetisuw ha'm Shi'g'i's Tu'rkstannan ko'shpeli sharwa qa'wimleri **xion** dep atalg'an qa'wimlerdin' hu'jimi baslanadi'.

Xioniyler **353-ji'l**da wo'z hu'kimdari' **Grumbat**ti'n' basshi'li'g'i'nda Sogdi'yanag'a basi'p kiredi. Son'i'n ala wolar Iranda du'zilgen ha'm kem-kem ku'sheyip barati'rg'an Sasaniyler ma'mleketi menen soqli'g'i'sadi'. Da'slepki sawashlarda-aq sasaniyler shahi' **Shapur II** (309–379) xiyoniylerden jen'iledi. Keyinirek wolar arasi'ndag'i' du'zilgen wo'z ara pitim awqam arqali' bekkemlenedi. Wortadag'i' awqamlasli'q ga' buzi'li'p, ga' tiklenip turadi'. Na'tiyjede, **IV a'sirdin' 70-ji'l**lari'nda Worta Aziyada xioniylerdin' hu'kimdarli'g'i' wornati'ldi'. Si'rda'rya boylari'nan baslap A'miwda'rya basseynine shekem sozi'lg'an ken' maydanda xioniylerdin' ku'shli ma'mleketi u'stemlik yetti. Bul ma'mleket 120 ji'ldan aslami'raq waqi't hu'kimdarli'q yetti.

### Kidariyler ma'mleketi

**V a'sirdin' 20-ji'llar**i'nda shi'g'i'stan Si'rda'rya ha'm Aral boylari' arqali' Xorezm ha'm A'miwda'rya basseynine ja'ne bir ko'shpeli sharwa xali'qlari' – **toxarlar** kirip keledi. Toxarlar kushanlardi'n' a'wladlari'nan boli'p, **Kidar** isimli hu'kimdar basshi'li'q yetetug'i'n yedi. Soni'n' ushi'n wolar **kidariyler** degen at penen tilge ali'nadi'. Tez arada kidariyler A'miwda'rya basseynin ja'ne de bati's ha'm qubla Sogdi' jerlerin basi'p ali'p,

xioniyler ma'mleketinin' qubla bo'leginde wo'z hu'kimdarli'g'i'n wornatqan. **Balx** qalasi' bolsa bul jan'a ma'mlekettin' paytaxti'na aynaldi'ri'lg'an.

**V a'sirdin' 30—50-ji'llar**i'nda kidariyler menen sasaniyler arasi'nda kelispewshilik barg'an sayi'n ku'sheyip, wolar bir-birine dushpan boli'p qalg'an. Bul yeki ma'mleket arasi'nda **456-ji'l**i' boli'p wo'tken gezektegi soqli'g'i'si'wlardi'n' birinde sasaniylerden sheshiwshi soqqi' alg'an kidariyler qayti'p wo'zin tiklep alalmaydi'. Buni'n' u'stine tez arada kidariyler arqadan qublag'a qarap ji'li'si'p kiyati'rg'an ja'ne bir ko'shpeli sharwa xalqi' — **eftallar** menen soqli'g'i'sadi'. Na'tiyjede, kidariyler Worta Aziyani' ta'rk yetip, qublag'a — Arqa Hindstang'a qarap sheginedi. Wol jerlerde 75 ji'l hu'kimdarli'q qi'ladi'.

### Eftallar ma'mleketi

Eftallardi'n' da'slepki ata-babalari' Qi'taydi'n' arqa-bati's aymag'i'nda (Xesi) jasag'an tu'rk xun qa'wimleri qurami'nda bolg'an. Wolar III a'sirde Puranni'n' Qubla ha'm Xarkon (Kaspiy) ten'izinin' arqasi'nda to'selgen jaylawlarg'a wornalasi'p basqa tu'rkiy yelatlar menen aralasi'p ketedi. Keyin ala Eftallar ko'beyip, aldi'n xioniylerdi, son'i'nan basqalardi' boysi'ndi'ri'p, ma'mleket du'zgen. V a'sirde wolar Kidariyler ma'mleketin jen'ip ali'p, Xorasanni'n' bir talay bo'legin iyelegen ha'm sasaniyler menen toqnas kelgen.

**V a'sirdin' wortalar**i'nda u'lkemizge kirip kelgen eftallar jazba dereklerde *eftal, xaftal, xaytal* degen atlar menen tilge ali'nadi'. **«Eftal»** degen at yen' da'slep **«xeptal»** tu'rinde V a'sirdegi armiyan dereklerinde ushi'rasadi'. Bul at tiykari'nan **«Eftalon»** dep ju'rgizilgen shah ati'nan ali'ng'an. Woni' **Vaxshunvar** dep te atag'an, wol eftallar atlani'si'na basshi'li'q yetken. Qi'sqa waqi't ishinde **Shag'aniyan, Toxarstan** ha'm **Badaxshan** bag'i'ndi'ri'ladi'. Wolar bir soqqi' menen Sogdi'da da wo'z hu'kimdarli'g'i'n wornatti'. Eftallar ma'mleketi wog'ada ku'sheyedi. Ha'tteki wolar wo'z ara baylani's wornati'w maqsetinde **456-ji'l**i' Qi'tayg'a yelshi jiberedi. Eftallardi'n' kem-kemnen ku'sheyip barati'rg'an basqi'nshi'li'g'i'nan qa'wipsingen sasaniyler wolarg'a qarsi' a'skeriy atlani's jasaydi'. Yeki wortadag'i' sawashlar, a'sirese sasaniyler shahi' **Peruz** hu'kimdarli'q qi'lg'an da'wirde (459—484) ha'wij aladi'. Sasaniyler shahi' eftallarg'a qarsi' u'sh ma'rtebe atlani's jasaydi'. Da'slepki sawashlarda-aq wol jen'iliske ushi'rap, wo'zi tutqi'ng'a tu'sedi. Vizantiya imperatori' **Zenon** ta'repinen jiberilgen qun to'lemi yesabi'nan wol

## ULLI' JIPER JOLI'




tutqi'nli'qtan azat yetiledi. Biraz waqi't wo'tkennen keyin yekinshi ma'rtebe eftallarg'a qarsi' a'skeriy atlani'sqa shi'g'adi'. Yekinshi atlani'si' da sa'tsizlik penen juwmaqlanadi'. Shahti'n' **Kubod** isimli jas uli' eftallar yeline girewge jiberilip, **Peruz** tutqi'nli'qtan azat yetiledi.

**Peruz 484-ji'l**i' eftallarg'a qarsi' u'shinshi ma'rtebe a'skeriy atlani's jasaydi'. Bul saparg'i' uri's sasaniyler shahi'ni'n' qurban boli'wi' menen tamam boladi'. **Mari'** basi'p ali'ni'p, Iranni'n' u'stine ju'da' awi'r sali'q ju'klenedi. **Peruz** miyrasxorlari' **Kubod** (488–531) **Anusherwan** (531–579) hu'kimdarli'q qi'lg'an da'wirlerinde eftallar menen bolg'an qatnasi'qlar bir qansha jumsari'p, paraxatshi'li'q baslang'an. Sasaniyler gu'mis yesabi'nda belgilengen baji' sali'g'i'n u'zliksiz to'lep turadi'. Keyinirek eftallar **Qabul, Panjab, U'ri'mshi', Qarashar, Qotan, Qashg'ar** qalalari'n da wo'z qaramag'i'na kirgizedi.

*** Baji' – qun to'lem, sali'q. Bir ma'mleket ta'repinen yekinshi ma'mleketke to'lenetug'i'n, sonday-aq qala ha'm awi'llardi'n' bazarlari'ndag'i' sawdagerlerden ali'natug'i'n arnawli' to'lem.**

Sol ta'rizde ku'shli suvariy (atli')lardan ibarat armiyag'a iye bolg'an eftallar bir qansha yari'm g'a'rezsiz mu'lk iyelerinin' awqamlari'nan ibarat u'lken ma'mleketti du'zdi. Belgili mu'likler hu'kimdar – **Sha** (Shah)g'a qaram dinastiyalar ta'repinen basqari'lg'an. Ha'tteki wolardi'n' ha'r biri wo'zinin' gu'mis yamasa mi's ten'gesine iye bolg'an.

**V a'sirdin' yekinshi yari'mi'** ha'm **VI a'sirdin' baslar**i'nda Worta Aziya, Shi'g'i's Iran, Arqa Hindstan ha'm Shi'g'i's Tu'rkstan jerlerin birlestirgen, yerte worta a'sirlerdegi jan'a qu'diretli **Eftallar ma'mleketi** du'ziledi.

1. Xorezm ma'mleketi qalay payda bolg'an?
2. Xioniyler qaysi' aymaqtan Worta Aziyag'a basti'ri'p keldi?
3. Ne ushi'n kidariyler Worta Aziyani' ta'rk yeti?
4. Eftallar ha'm wolardi'n' du'zgen ma'mleketi haqqi'nda nelerdi bilesiz?
5. Sasaniyler ha'm eftallar wortasi'ndag'i' qatnasi'qlar haqqi'nda ayti'p berin'.

## 3-§. EFTALLAR DA'WIRINDE SOCIAL-EKONOMIKALI'Q HA'M MA'DENIY TURMI'S

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***Jer iyeligi; Sawda; Pul qatnasi'g'i', Til; Ma'deniy baylani'slar; Ma'mleket tayani'shi'.***

### Xojali'q turmi'si'

Eftallar ma'mleketine birlesken xali'qti'n' etnikali'q qurami' ra'n'ba'ren' bolg'an. Wolardi'n' social-ekonomikali'q turmi'si' bolsa biri-birinen keskin pari'q qi'lg'an. Eftallar kelip shi'g'i'wi'na baylani'sli' ko'shpeli qa'wimlerge jatatug'i'nli'g'i' sebepli sharwashi'li'q penen shug'i'llani'p, jaylawlarda kiyiz wotawlarda jasag'an. Keyinirek, Eftallar basi'p alg'an jerlerinde sawda-satli'q rawajlang'an. Ji'llardi'n' wo'tiwi menen wolar jergilikli xali'q penen aralasi'p ketedi.

**Toxarstan** ha'm **Sogdi'** diyqanshi'li'q penen bag'shi'li'qti'n' rawajlang'an worayi' boli'p yesaplanatug'i'n yedi. Qashqada'rya ha'm Zarafshan alaplari'nda g'a'lleden basqa sali' da jetistiriletug'i'n yedi. Qi'tay dereklerinde ko'rsetiliwinshe, **V–VI a'sirler**de **Shi'g'i's Tu'rkstan** ha'm **Worta Aziya** jerlerinde g'awasha yegiletug'i'n yedi. Woni'n' talshi'g'i'nan appaq ha'm jumsaq gezleme toqi'lg'an. Qi'tay bazarlari'nda bunday gezlemelerge talap ku'shli bolg'an. Sebebi, sol da'wirlerde Qi'tayda yele paxta yegilmeytug'i'n yedi.

Xali’qti’n’ sahralarda jasawshi’ yari’m ko’shpeli bo’legi sharwashi’li’q, a’sirese mayda ha’m iri shaqli’ mallardi’ bag’i’w menen, tu’yeshilik penen, tawli’ ha’m taw aldi’ zonalari’nda bolsa ji’lqi’shi’li’q penen shug’i’llang’an. **Ferg’ana alabi’** hasi’l arg’i’maqlari’ (at) menen dan’qi’ shi’g’i’p turg’an.

### Jer iyelewshilik

Yegislik jerlerdin’ u’lken bo’legi yelege shekem awi’l ja’ma’a’tleri iyeliginde bolsa da, biraq ma’mlekette jer maydanlari’ni’n’ belgili bir bo’legi diyqanlar qoli’nda ha’m ibadatxanalar i’qti’yari’nda bolg’an. Buni’n’ na’tiyjesinde awi’l ja’ma’a’tinin’ *kashovarz* – yerkin qosshi’lari’ belgili da’rejede diyqanlardi’n’ qi’si’mi’na tu’sip, wolardi’n’ qaramag’i’ndag’i’ *kediverlerge* aylang’an.

Jaylawlardi’n’ tiykarg’i’ bo’legi bolsa qa’wim ha’m uri’w ja’ma’a’tlerinin’ ha’m de wolardi’n’ aqsaqallari’ – **xvabulari’** (qa’wim ha’m uri’w ja’ma’a’tleri aqsaqali’) iyeliginde yedi. Ha’zirgi waqi’tta da Tashkent oazisi ha’m Qubla Qazaqstan jerlerinin’ bir bo’legin suw menen ta’miyinlep turg’an **Zog’ari’q** (Zovari’q) ha’m **Bozsuw**, Samarqand wa’layati’ndag’i’ qubla rayonlari’di’n’ tiykarg’i’ suw deregi bolg’an **Darg’am kanali’** V a’sirde qazi’lg’an yen’ iri suwg’ari’w tarmaqlari’nan boli’p yesaplanadi’.

Da’l usi’ da’wirde **Shag’aniyan** (Surxanda’rya), **Samarqand, Buxara, Kesh** (Shahrisabz), **Naxshab** (Qarshi’) ha’m **Tashkent** a’tiraplari’ toli’q wo’zlestirilip, wo’z aldi’na bo’lek diyqanshi’li’q oazisleri qa’liplesedi. Keyin ala bul oazislerde jer iyeleri bolg’an diyqanlardi’n’ siyasiy abi’rayi’ ko’terilip, wolar jetekshilik yetken kishi aymaqlarg’a iye oazis ha’kimlikleri’ payda boladi’.

### Sawda ha’m pul aylani’si’

Si’rtqi’ sawda baji’ puli’nan ma’pdar bolg’an eftallar «Jipek joli’»n wo’z qadag’alawi’ asti’nda uslap turi’wg’a ha’reket qi’lg’an. Qi’tay, Hindstan, Iran ha’m Vizantiya ma’mleketleri menen bolg’an xali’q arali’q sawdada wolar belsendili qatnasatug’i’n yedi. Jipek joli’ sawdasi’nda sasaniy sawdagerleri menen ba’sekileslikte tiykari’nan sogdi’lar da’lda’lshi’li’q rolin woynaytug’i’n yedi.

Xali’q arali’q sawda baylani’slari’ni’n’ rawajlani’wi’ menen ma’mlekette ten’ge pul aylani’si’ ta’rtipke sali’nadi’. Ishki ha’m si’rtqi’ sawda qatnasi’qlari’nda eftallar yen’ da’slep sasaniy hu’kimdarlari’ni’n’ gu’mis ten’gelerinen ken’ paydalanadi’. Bulardan basqa, **Buxara, Paykend, Vardana, Naqshab, Samarqand** ha’m **Xorezm**de jergilikli ha’kimler ta’repinen shi’g’ari’lg’an may-

da ten’geler de ma’mlekettin’ ishki sawdasi’nda ken’ aylani’sta bolg’an. Bul ma’mleket turmi’si’nda jergilikli oazis ha’kimlerinin’ u’lken abi’rayg’a iye bolg’anli’g’i’nan derek beredi.

Eftallar da’wirinde xali’qti’n’ qatlamlani’wi’, yag’ni’y mu’lik ten’sizligi ku’sheyip barg’an. Sol sebepli ma’mleket basqari’wi’nda belgili bir ni’zam ha’m qag’i’ydalar payda bolg’an. Ma’mleket a’skeriy ku’shke tayang’an. Ji’nayat ushi’n ju’da’ qatti’ jazalar belgilengen.

YERTE WORTA A’SİRLERDE WORTA AZİYA



### Turmi'stag'i' wo'zgerisler

Ko'shpeli qa'wimlerdin' diyqanshi'li'q oazisleri a'tiraplari'na kelip wornalasi'wi' menen belgili da'rejede sahra da'stu'rleri ha'm isenimleri menen tu'sinikleri woti'ri'qshi' xali'qti'n' turmi'si'na kirip bardi'. A'sirler boyi' do'retilgen ma'deniy da'stu'rleri ku'shli bolg'an **Toxarstan** ha'm **Shi'g'i's Sogdi'** oazislerinde ko'shpeliler tez arada woti'ri'qshi' turmi'sqa wo'tti. **Samarqand, Buxara, Naqshab** ha'm **Shash** (Tashkent) si'yaqli' diyqanshi'li'q oazislerinde biyik ti'rnaq u'stine quri'lg'an ko'plegen bekinisli saraylar ha'm qorg'anlar boy tikledi. Wolardi'n' ayi'ri'mlari' ha'tteki yeki qabatli' boli'p, joqari'si'na *pandus* (qi'ya ko'teriliwshi jol) arqali' shi'g'atug'i'n bolg'an.

### Til ha'm ma'deniy baylani'slar

Worta Aziya xalqi' ha'r tu'rli tillerde so'yleytug'i'n bolg'an. Sharwashi'li'q penen shug'i'llani'wshi' xali'qlar arasi'nda tu'rkiy til wortali'g'i' hu'kimdarli'q yetken yedi. Woti'ri'qshi' xali'qti'n' bir bo'legi *sogdi'* tilinde, bir bo'legi *tu'rkiy* tilde so'ylesken. Bul da'wirde sogdi' tili xali'q arali'q sawda tili si'pati'nda Jetisuw ha'm Ferg'ana arqali' Shi'g'i's Tu'rkstang'a kirip, Qi'tay aymaqlari'na shekem bari'p jetken. V–VI a'sirlerde *sogdi'*, *xorezm* ha'm *eftal* jazi'wlari' tarqalg'an yedi. *Eftallar xati'* Baqtriya jazi'wi' tiykari'nda payda boladi'. *Eftallar jazi'wi'* tiykari'nan 25 ha'ripten ibarat bolg'an. Xat shepten won'g'a qarap kesesine jazi'lg'an.

Eftallar wot (jali'n) ha'm quyashqa si'yi'ni'wshi' atashparast bolg'an. Worayli'q Aziyadag'i' basqa xali'qlar bolsa budda, xristiyan ha'm zardusht dinlerine si'yi'ng'an. Wolardi'n' son'g'i' a'wladlari' wo'zbek, tu'rkmen ha'm tu'rk yelatlari' qurami'na sin'ip ketken. Ha'zirgi zamang'a shekem tu'rkmen ha'm anatoliyali'q tu'rkler qurami'nda «abdal» atli' etnik topar saqlang'an. Sol ta'rizde tu'rkiy du'nya ken'eyip kamal tapqan ha'm Evroaziyada a'hmiyetli wori'ndi' iyelegen.



**Eftallar hu'kimdari' Mihirakula ten'gesi.**



**Sogdi' qoljazbasi'nan ko'rinis. VIII a'sir.**



**Gu'lal gu'ze. Ko'pirqala. VII–VIII a'sirler.**

Bul da'wirde Qi'tay, Hindstan ha'm Iran menen ekonomikali'q ha'm ma'deniy qatnasi'qlar ken'eyip baradi'. **V a'sir**de worta aziyali' shiyshe sog'i'wshi'lar Qi'tay wo'nermentlerine ren'li shiyshe ha'm shiyshe buyi'mlar sog'i'wdi' u'yretedi. Worta Aziya shiyshesi ren'liligi, ji'lti'raqli'g'i' ha'm ti'ni'qli'g'i' jag'i'nan Vizantiya shiyshesinen joqari' turg'an. Qi'tay imperatorlari' wo'z saraylari'n bezewde Worta Aziyadan ali'p kelingen ren'li shiysheden paydalang'an. Solay yetip, Worta Aziya xalqi'ni'n' ma'deniy da'stu'rleri qon'si' ma'mleketlerdin', atap aytqanda, Hindstan ha'm Iran ko'rkemlik usi'llari' menen aralasi'p, yerte worta a'sirler ma'deniyati'ni'n' qa'liplesiwinde bekkem tiykarg'a aylanadi'.

1. Eftallar da'wirlerinde xali'qti'n' etnik qurami' qanday bolg'an?
2. Eftallar ma'mleketinde xojali'qti'n' qaysi' tarawlari' rawajlang'an?
3. Jer iyeliginde qanday wo'zgerisler ju'z bere basladi'?
4. Eftallar ma'mleketi turmi'si'nda qanday wo'zgerisler ju'z berdi?
5. Sawdada qanday ten'geler aylani'sta bolg'an?
6. Ma'deniy turmi's haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
7. Sol da'wirdegi xali'q qanday tilde so'ylesken, qanday jazi'wlardan paydalang'an?

## 4-§. WORTA AZIYA XALI'QLARI' TU'RK QAG'ANLI'G'I' DA'WIRINDE

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***Tu'rk qag'anli'g'i'; Qag'anli'q basqari'wi'; Eftallar ma'mleketinin' qulawi'; Qag'anli'qti'n' bo'liniwi***

### Qag'anli'qti'n' du'ziliwi

**VI a'sir wortalar**i'nda Altay ha'm Qubla Sibirde jasag'an tu'rkiy qa'wimlerdi birlestirgen jan'a ma'mleket ju'zege keldi. Bul ma'mleket tariyxqa Tu'rk qag'anli'g'i' ati' menen kirgen. Woni'n' tiykari'n sali'wshi' **Bumin** yedi. **552-ji'l**i' Bumin «qag'an» dep ja'riyalandi'.

Altay qag'anli'qti'n' worayi' yetip belgilenedi. Tu'rklerdin' bati'sqa qaray ju'rgizgen atlani'slari'na Istemi basshi'li'q qi'ladi'. Wog'an «***Yabg'u qag'an***» degen ataq beriledi. Tez arada Jetisuw ha'm Shi'g'i's Tu'rkstang'a tutasq'an yellerde jasawshi' tu'rkiy qa'wimler bag'i'ndi'ri'ladi'. **555-ji'l**i'-aq tu'rkler Si'rda'rya ha'm Aral ten'izi boylari'na shekem sozi'lg'an ken' u'lkelerdi iyelep aladi'. Qag'anli'qti'n' shegarasi' Eftallar ma'mleketinin' aymaqlari'na shekem bari'p jetedi.

TU’RKIY SHARWASHI’LI’Q QA’WIMLERININ’ JI’LJI’WI’




**558-ji’li**’ tu’rkler **Jayi’q** (Ural) ha’m **Yedil** (Volga) boylari’n basi’p aladi’. **575–576-ji’llar**da Arqa Kavkazdi’n’ ken’ jerlerin iyelep, Qi’ri’m yari’m atawi’na kirip baradi’. Na’tiyjede eftallar ma’mleketinin’ arqadag’i’ aymaqlari’ qa’wip asti’nda qaldi’. Bunday qolayli’ waqi’ttan paydalang’an sasaniyler Toxarstan ha’m Shag’aniyandi’ eftallardan tarti’p aladi’.

**Eftallar ma'mleketinin' qulawi'**

Tu'rk qag'anli'g'i'ni'n' eftallar menen soqli'g'i'si'wi' ani'q yedi. Bunday qi'yi'n siyasiy awhal qag'anli'qti' Iran, son'i'n ala Vizantiya menen jaqi'nlasti'radi'. Uzaq waqi't eftallardi'n' qi'si'mi'nda jasap kelgen sasaniyler bul ma'mlekettin' toli'g'i' menen joq boli'wi'nan ma'pdar yedi. **Xi'sraw I Anusherwan** (531–579) baslamasi' menen ju'zege kelgen wo'z ara a'skeriy awqam Iran shahi'ni'n' **Istemi**ge ku'yew boli'wi' arqali' ja'ne de bekkemlenedi.

Iran a'skerlerinin' Balxqa hu'jiminin' ja'rdemi menen tu'rkler **563-ji'li'** Eftallar ma'mleketinin' jerlerine basti'ri'p kiredi. **Parak** (Shi'rshi'q) alabi' ha'm woni'n' worayi' Shash qalasi' basi'p ali'nadi'. Si'rda'ryadan wo'tip, Zarafshan alabi'na kirip baradi'. Wolar Samarqand, Kesh ha'm Naqshabti' iyelep, Buxarag'a jaqi'nlasadi'. *Segiz ku'n* dawam yetken qatti' sawashta eftallardi'n' a'skerleri jen'iledi. Solay yetip, qubladan Iran sasaniylerinen, arqadan Tu'rk qag'anli'g'i'nan **563–567-ji'llar**da soqqi'g'a ushi'rag'an Eftallar ma'mleketi birotala joq boladi'. Na'tiyjede jen'ilgen ma'mlekettin' miyrasi' wo'z ara bo'linip, A'miwda'ryani'n' qubla jag'alari'na shekemgi wa'layatlar Iran, woni'n' won' jaqtag'i' jag'alari'n boylap Kaspiy ten'izine shekem sozi'li'p jatqan jerler Tu'rk qag'anli'g'i'ni'n' sorami'na wo'tedi.



**Tu'rkiy balbal, qa'bir tasi' mu'sini.**



**Qus ko'rinisli Shag'aniyan jez ten'gesi.**

Eftallar patshali'g'i' qulag'annan keyin, awhal tu'p tami'ri'nan wo'zgeredi. Wo'z shegarasi'n arqa-shi'g'i's ta'repke qarap ken'eytip alg'an Iran A'miwda'ryadan tap Siriyag'a shekemgi Jipek joli'ni'n' haqi'yqi'y xojayi'ni' boli'p aladi'. Uzaq Shi'g'i'stan Iran shegaralari'na shekemgi ka'rwan joli'ni'n' qadag'alawi'n wo'z qorg'awi' asti'na alg'an tu'rkler bolsa Iran arqali' Vizantiya menen tikkeley sawda yetetug'i'n boldi'.

**Tu'rk qag'anli'g'i'ni'n' basqari'wi'**

Tu'rk qag'anli'g'i' qanshama u'lken bolmasi'n, wol shi'n ma'nisinde woraylasqan ma'mleket yemes yedi. Woni'n' tiykari' tu'rkiy tilde so'yleytug'i'n qa'wimlerdin' awqami'nan ibarat bolg'an. Bul awqamdi' qag'an basqaratug'i'n yedi.

Hu'kimdardi'n' ha'kimiyati' uri'w-qa'wimlerdin' da'stu'rlerine su'yengen a'skeriy-ha'kimshilik basqari'wg'a tiykarlang'an yedi. Ma'mleket ko'shpeli sharwalarg'a ha'm woti'ri'qshi' diyqan massasi'na bo'linetug'i'n yedi. Ko'shpeli sharwalar massasi' **«budun»** yamasa **«qara budun»** degen at penen atalg'an. Budun wo'z gezeginde qa'wimler awqami' birlespesin du'zgen. Won oq budun yamasa yeldin' ha'kimi **«yabg'u»** yamasa **«jabg'u»** ati' menen atalg'an. Yabg'u da'rejesine tek qag'an uri'wi'na ag'ayintuwi'sqan bolg'anlar g'ana ko'teriletug'i'n bolg'an. Won oq yel sa'rdari' bir tuman (yag'ni'y won mi'n') atli' a'skerdi sapqa dizer yedi. Bunday a'skeriy bo'limshenin' tuman basshi'si' **«shad»** dep ayti'latug'i'n bolg'an.

*** Budun — sharwashi'li'q penen shug'i'llani'wshi' xali'q**
*** Qag'an — ulli' hu'kimdar, patsha, imperator**
*** Yabg'u qag'an — qag'an uri'wi'nan bolg'an yeldin' ha'kimi**
*** Shad — won mi'n' a'skerdin' basshi'si'**
*** Yasaq — diyqanlar ha'm sharwashi'li'q penen shug'i'llani'wshi'lardan ali'natug'i'n sali'q**

**VI a'sir**de Shi'rshi'q, Zarafshan, Qashqada'rya ha'm A'miwda'rya basseynlerinde *wonnan aslam oazis ha'kimlikleri* bar yedi. Wolardi'n' ekonomikali'q ha'm siyasiy basqari'wi' jergilikli dinastiya hu'kimdarlari'ni'n' qoli'nda qaldi'ri'li'p, tu'rkler wolardan tek baji' ha'm yasaq wo'ndirip ali'w menen sheklenedi.

**Qag'anli'qti'n' bo'liniwi**

U'lken-u'lken qa'wimler yamasa qa'wimler awqami' worayli'q ha'kimiyatqa boysi'nbawg'a umti'lg'an. Tu'rk qag'anli'g'i' qaramag'i'nda bolg'an aymaqlardag'i' ha'kimler g'a'rezsiz boli'wdi' qa'ler yedi. Bul faktorlar qag'anli'qti'n' bekkem woraylasqan ma'mleketke aylani'wi'na imkaniyat bermegen.

Boysi'ndi'ri'lg'an aymaqlardi' jergilikli ha'kimler arqali' basqari'w ta'rtibi qag'anli'qti' barg'an sayi'n ha'lsiretip barg'an. Buni'n' u'stine Vizantiya, Qi'tay ha'm Iran menen u'zliksiz ba'seki qag'anli'q awhali'n ja'ne de awi'rlasti'rg'an. Na'tiyjede, Tu'rk qag'anli'g'i' **VI a'sirdin' 80-ji'llari'ni'n' aqi'rlari'nda** yekige: **Shi'g'i's tu'rk qag'anli'g'i'** ha'm **Bati's tu'rk qag'anli'g'i'**na bo'linip ketti. Ulli' tu'rk qag'anli'g'i' du'zilgen yel-jurt Alay tawlari'ni'n' shi'g'i'si'nan Uzaq Shi'g'i'sqa shekem bolg'an ay-

maq, yag’ni’y Tu’slik Sibir, Urxun basseyni (Mong’olstan), Arqa Qi’tay Shi’g’i’s qag’anli’q qaramag‘i‘nda bolg’an. Belgili qag’anli’qti’n’ paytaxti’ **Utukan alabi’n** (Mong’olstan) da bolg’an. Alay tawlari’ni’n’ bati‘si‘nda jaylasqan u’lkeler: Jetisuw, Shi’g’i’s Tu’rkstan, Si’rda’rya ha’m A’miwda’rya basseynleri ha’mde wolarg’a tutasqan aymaq Bati’s qag’anli’q ta’repinen basqari’lg’an. Rezidenciyasi’ Jetisuwda jaylasqan. Bati’s qag’anli’q woti’ri’qshi’ oazis ha’m wa’layatlardi’ basqari’wda, bir qatar jergilikli dinastiyalardi’ saqlap qalg’an. A’hmiyetke iye ayi’ri’m u’lkelerde tu’rkiy ha’kimiyatti’ du’ziw maqsetinde qog’anli’qlarg’a tiyisli a’meldarlar saylang’an.

*** Bekkem woraylasqan ma’mleket – bul barli’q aymaqlari’ jalg’i’z hu’kimdar ha’kimiyati’ ta’repinen basqari’li’wshi’ ma’mleket boli’p yesaplanadi’.**

1. Tu’rk qag’anli’g’i’ qashan ha’m qay jerde du’zildi, wog’an kim tiykar saldi’?
2. Ne maqsette Tu’rk qag’anli’g’i’ menen Iran wortasi’nda a’skeriy awqam du’zildi?
3. Tu’rk qag’anli’g’i’ni’n’ Worta Aziyag’a atlani’si’ qanday aqi’betlerge ali’p keldi?
4. Tu’rk qag’anli’g’i’ qalay basqari’lg’an?
5. Tu’rk qag’anli’g’i’ qanday sebeplerge baylani’sli’ bo’linip ketken?

## 5-§. BATI’S TU’RK QAG’ANLI’G’I’

**Tayani’sh tu’sinikler:** ***Bati’s tu’rk qag’anli’g’i’; Yabg’u; Basqari’w ta’rtibi; Socialli’q turmi’s; Abruy ko’terilisi.***

**Qag’anli’q aymaqlari’ ha’m basqari’w**

Bati’s tu’rk qag’anli’g’i’ni’n’ qaramag’i’na Worta Aziya ha’m Shi’g’i’s Tu’rkstanni’n’ bir bo’limi kiretug’i’n yedi. Woni’n’ worayi’ **Jetisuw** yedi. Bati’s qag’anli’q socialli’q, ekonomikali’q ha’m ma’deniy jaqtan Shi’g’i’s qag’anli’qtan pu’tkilley ayi’ri’li’p turatug’i’n yedi. Shi’g’i’s qag’anli’q xalqi’ni’n’ tiykarg’i’ bo’legi sharwashi’li’q penen shug’i’llani’wshi’ ko’shpeliler yedi. Bati’s qag’anli’q xalqi’ni’n’ u’lken bo’legi bolsa woti’ri’qshi’ diyqanshi’li’q, wo’nermentshilik ha’m sawda-satli’q penen shug’i’llanatug’i’n yedi.

**VII a’sirdin’ birinshi shereg**inde Bati’s qag’anli’q wog’ada ku’sheyedi. Woni’n’ shi’g’i’s shegarasi’ Altayg’a, qubladan bolsa Sind (Hind) da’ryasi’ boylari’na shekem bari’p taqaladi’. Qag’an **Tun yabg’u** (618–630) hu’kimdarli’q qi’lg’an da’wirde basqari’w ta’rtipleri reforma qi’li’nadi’.

Wa’layatlardi’n’ ha’kimlerin qag’anli’q ha’kimligi menen tikkeley baylani’sti’ri’w ha’m wolardi’n’ u’stinen qadag’alawdi’ ku’sheytiw maqsetinde jergilikli hu’kimdarlarg’a qag’anli’qti’n’ **«yabg’u»** atag’i’ berileди.

Na’tiyjede wolar qag’anni’n’ nayi’bi’na aylanadi’. Soni’n’ menen birge, Worta Aziya, Shi’g’i’s Tu’rkstan ha’m Toxarstanni’n’ derlik g’a’rezsiz ha’kimliklerinin’ u’stinen siyasiy qadag’alaw ku’sheyttirilip, wolardi’n’ aldi’na qag’anli’qti’n’ wa’killeri – **tudunlar** jiberiledi. Biraq, ishki gu’restin’ aqi’betinde Bati’s tu’rk qag’anli’g’i’ ha’lsirep baradi’.

### Ja’miyetlik turmi’s

Tu’rk qag’anli’g’i’na birlesken xali’qti’n’ turmi’si’ da, xojali’g’i’ da ha’r tu’rli yedi. Ko’shpelilerdin’ tiykarg’i’ ka’sibi sharwashi’li’q bolg’an.

Bati’s tu’rk qag’anli’g’i’na birlesken xali’qti’n’ woti’ri’qshi’ bo’legi ma’deniy ta’repten alda boli’p, qag’anli’qti’n’ ja’miyetlik ha’m ekonomikali’q turmi’si’nda jetekshi bolg’an.

Qag’anli’qta qalalar ha’m awi’llar ko’p bolg’an. Xalqi’ tiykari’nan diyqanshi’li’q, wo’nermentshilik ha’m sawda-satli’q isleri menen shug’i’llang’an. Tu’rk wo’nermentleri soqqan bezeniw zatlari’ ha’m qural-jaraqlardi’n’ ha’r qi’yli’li’g’i’ ha’m wog’ada puqtali’g’i’ menen ayri’qsha ayi’ri’li’p turatug’i’n yedi. **Ferg’ana** ha’m **Sogdi’da** alti’n, mi’s, temir ha’m si’nap, **Elok**ta qorg’asi’n, gu’mis ha’m alti’n qazi’p ali’natug’i’n yedi.

Ishki ha’m si’rtqi’ sawda-satli’q isleri de qala xalqi’ni’n’ tiykarg’i’ ka’siplerinin’ biri yedi. Bul da’wirde a’sirese **Sogdi’** sawdagerlerinin’ qoli’ ba’lent yedi.

**VII a’sirdin’ birinshi yari’mi’**nda Bati’s tu’rk qag’anli’g’i’ menen Qi’tay wortasi’nda ekonomikali’q baylani’slar qi’zi’p ketti. Bul da’wirde Qi’tayg’a tog’i’z ma’rtebe sawda yelshiligi jiberildi. Bir g’ana **627-ji’l**di’n’ wo’zinde **Buxara, Samarqand, I’shti’xan** ha’m **Ustrushana** (Jizzax ha’m Uratepa wa’layatlari’) dan birlesken ju’da’ u’lken sawda ka’rwani’ Qi’tayg’a jetip baradi’.

VI–VII a’sirlerde Worta Aziyada diyqanlar ta’repinen jerlerdi iyelew jag’dayi’ barg’an sayi’n ha’wij ali’p, zuli’mli’q ku’sheyedi.

# TU'RK QAG'ANLI'G'I'





**Afrasiyab. Diywaldag'i' ko'rinis.**

Jer ha'm suwdan ayi'ri'li'p jarli'lani'p barati'rg'an azat diyqanlar – kashovarzlar mu'likke iye diyqanlardi'n' qulli'g'i'na tu'sip, g'a'rezli kediverlerge aylanadi'. Jarli'li'q, ja'bir-zuli'mli'q ha'm diyqanlardi'n' qi'si'mi'na qarsi' xali'q bas ko'teriwge ma'jbu'r boladi'. Usi'nday xali'q ko'terilislerinen biri **585–586-ji'llar**i' Buxarada ju'z beredi. Ko'teriliske qag'an shan'arag'i'nan bolg'an **Abruy** basshi'li'q yetedi. Ko'terilis na'tiyjesinde ja'birlengen mu'likke iye diyqanlar ha'm bay sawdagerler Buxara wa'layati'n ta'rk yetip, Tu'rkstan ha'm Taraz a'tirapi'na bari'p wornalasadi'. Wolar tu'rk qag'ani'na wo'tinish yetip, ko'terilisshilerge qarsi' gu'reste ja'rdem beriwin sorag'an. Tu'rk qag'ani' **Qarashori'n** uli' **Sheri Kishwar** (**Yel Ari'slan**) basshi'li'g'i'nda la'shker jiberedi. Abruy wo'ltirilip, ko'terilis basti'ri'ladi'. Kediver ha'm xi'zmetkerler wo'z xojayi'nlari'–diyqanlarg'a qaytari'p beriledi.



*** 585-586-ji'llari' Buxara Abruy basshi'li'g'i'nda jarli'li'q, ja'bir-zuli'mli'q ha'm diyqanlardi'n' qi'si'mi'na qarsi' ko'terilisler boli'p wo'tedi. Ko'terilis Sheri Kishwar (Yel Ari'slan) basshi'li'g'i'nda basti'ri'ladi'.**

1. Bati's Tu'rk qag'anli'g'i'ni'n basqari'w sistemasi' qanday bolg'an?
2. Shi'g'i's ha'm Bati's tu'rk qag'anli'qlari'ni'n' ayi'rmashi'li'g'i' neden ibarat?
3. Bati's qag'anli'qti'n' ja'miyetlik turmi'si' qanday yedi?
4. Ne sebepten Buxarada xali'q ko'terilisi boldi'?
5. Ko'terilisshilerge qanday shara ko'rildi?

## 6-§. JERGILIKLI HA'KIMLIKLERDIN' DU'ZILIWI

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***Jergilikli ha'kimlikler; Sogdi' ixshidleri; Toxarstan; Ferg'ana; Shash; Elok; Qala arxitekturasi'.***

### Jergilikli ha'kimlikler

V—VII a'sirlerde ma'mleket bir qansha mayda ma'mleketlerge bo'linip ketedi. Wa'layat ha'm woni'n' iri qalalari'nan ibarat **15 ten aslam** g'a'rezsiz ha'kimlikler du'ziledi.

Bul wa'layat ha'kimlikleri da'slep eftallarg'a, son' Tu'rk qag'anli'g'i'na boysi'ndi'ri'lg'an bolsa da, biraq eftallar da, tu'rk qag'anlari' da wolardi'n' ishki turmi'si'na aralaspaydi'. Worayli'q ha'kimiyatqa baji' sali'g'i'n to'lep turi'w arqali' wolar wo'z g'a'rezsizliklerin belgili da'rejede saqlap qaladi'.

### Sogdi'

G'a'rezsiz ha'kimlikler arasi'nda yen' irisi **Sogdi' ixshidleri** oazis hu'kimdari' yedi. Worta a'sir ma'mleketleri birlespesi awqami'nda Sogdi' ixshidleri u'lken siyasiy wori'ng'a iye yedi. Usi' awqamda **Zarafshan** ha'm **Qashqada'rya** alaplari'nda jaylasqan **Samarqand, Buxara, Kesh** oazislerinin' *won bir iri mu'lkleri* birlesken yedi. Wolardi'n' ha'r biri wo'z ha'kimi, a'skeriy shokarlari' ha'm mi's puli' birligine iye. **Samarqand ixshidi** sarayi'nda ata-babalar ruhi' hu'rmetine ibadatxana quri'lg'an yedi. Ha'r ji'li' wonda wo'tkerilgen yeske tu'siriw ma'resiminde wa'layat hu'kimdarlari'ni'n' ha'mmesi qatnasatug'i'n yedi. Sogdi'da xali'q ti'g'i'z jasaytug'i'n yedi. Sogdi'li'lar diyqanshi'li'q ha'm bag'shi'li'q penen shug'i'llani'p, a'sirese ju'zimshilikte wog'ada sheber yedi. Sharwashi'li'qta Sogdi'ni'n' gissar qoylari' menen tulparlari'ni'n' dan'qi' shi'qqan yedi.

Sogdi' qalalari' bul da'wirde wo'nermentshiliktin' worayi'na aylandi'. **718-ji'l**da sawg'a si'pati'nda Samarqandtan jiberilgen dubulg'adan nusqa ali'p, Qi'tay qural sog'i'wshi'lari' armiyani' temir qalpaq (dubulg'a)lar menen ta'miynlegen. Sogdi' tawlari'nan alti'n, jez, ni'sati'r ha'm duzlar qazi'p ali'natug'i'n yedi.

### Toxarstan

Sali'sti'rmali' tu'rde g'a'rezsiz ha'kimliklerdin' bir neshesi **Toxarstanda** jaylasqan yedi. Wolar 27 taw ha'm taw aldi' wa'layati'nan ibarat yedi. Balx qalasi' Toxarstan paytaxti' bolg'an.

Toxarstan da'slep eftallar, son'i'nan Tu'rk qag'anli'g'i' ta'repinen bag'i'ndi'ri'ladi'. Dereklerde jazi'li'wi'na qarag'anda,



**Varaxsha. Diywaldag'i' su'wret.**

Toxarstan xalqi' budda dinine si'yi'ng'an. Toxarstan 25 ha'ripli jazi'wg'a iye bolg'an.

Toxarstan xalqi'ni'n' tiykarg'i' bo'legi woti'ri'qshi' diyqanshi'li'q penen shug'i'llang'an. Toxarstanda a'sirese qural sog'i'wshi'li'q rawajlang'an. Hazirgi Qubla Wo'zbekstan ha'm Ta'jikstan, Arqa Awg'anstandi' wo'z ishine alg'an bul tariyxi'y wa'layat arqada Gissar tawlari' qublada Hindikush, bati'sta Murg'ab ha'm Xerirud woypatli'g'i', shi'g'i'sta Pamir menen shegaralang'an. Toxarstan ati' menen **b. e. shekemgi II asir**de Yunan-Baktriya ma'mleketin qulatqan sharwashi'li'q qa'wimi – *yuechjiler* ati'nan ali'ng'an. Toxarstan Hindstan, Jaqi'n ha'm Uzaq Shi'g'i's ma'mleketleri penen sawda-ma'deniy baylani'slar wornatqan, wo'zinin' mayda ten'geleri ishki sawda qatnasi'nda bolg'an. Toxarstan Worayli'q Aziyada budda ha'm moniy dinlerinin' tarqali'wi' ha'm rawajlani'wi'nda a'hmiyetli rol woynag'an.

**Ferg'ana**

**Ferg'ana** hu'kimdarlari' **«ixshid»** dep atalg'an. Ferg'ana jerleri ju'da' hasi'ldar, xalqi' diyqanshi'li'q penen ku'n keshirip, paxta ha'm sali' yekken. **Kasan, Axsikat** (Xushkat) ha'm **Kubo** (Qubo) si'yaqli' iri worayli'q qalalari'nda wo'nermentshiliktin' tu'rli tarawlari' rawajlani'p, woni'n' wo'nimleri ishki ha'm si'rtqi' bazarlarda ju'da' wo'timli bolg'an. Qon'si' ma'mleketlerge boyaw, ren'li shiyshe buyi'mlari' ha'm da'ri-da'rmaqlar shi'g'ari'lg'an.

Ferg'ana alabi'nda woti'ri'qshi' xali'q penen bir qatarda sharwalar da jasag'an. **Qurama** ha'm **Qaramazar** tawlari'ni'n' janbawi'rlari'nda a'yyemnen ji'lqi'shi'li'q penen shug'i'llang'an. Bul u'lkede wo'sirilip ko'beytilgen tulpar atlardi'n' dan'qi' du'nya ju'zine taralg'an.

## Shash ha'm Elok

**Shi'rshi'q** ha'm **Axangaran** alaplari'nda yeki ha'kimlik bolg'an. Dereklerde wolardan birewi **Shash**, yekinshisi **Elok** mu'lki atlari' menen tilge ali'nadi'. Shashti'n' paytaxti' **Shash** qalasi' boli'p, patshasi'n **«tudun»** dep ataytug'i'n yedi. Elokti'n' paytaxti' **Tunkat**, ha'kimlerin **«diyqan»** dep ataytug'i'n yedi. V a'sirde wolar Eftallar ma'mleketine, VI a'sir aqi'ri'nda bolsa Bati's tu'rk qag'anli'g'i'na bag'i'ndi'ri'ladi'.

VII a'sirdin' da'slepki shereginde Bati's tu'rk qag'anli'g'i' hu'kimdarli'q sarayi'n Shash wa'layati'na ko'shiredi. Hu'kimdar ha'm malika ushi'n **Yabg'ukat** ha'm **Xatunkat** si'yaqli' wo'zine ta'n hu'kimdarli'q saraylari' payda yetildi. *Shash tuduni'* ha'm *Shash tegini* jazi'wlari' tu'sirilgen ten'geler quyi'p shi'g'ari'ladi'. Ten'gelerdin' aldi' betinde hu'kimdar, arqa ta'repinde at yamasa jolbari's yamasa qaplan ko'rinisi, bazi'da dinastiyali'q tamg'a tu'sirilgen. Ayi'ri'm ten'gelerde bolsa ha'tteki hu'kimdarg'a jaqi'n tirg'an malika ko'riniside tu'sirilgen. Bunday qos ko'rinis, gu'mansi'z a'yyemgi tu'rk ma'mleketshiliginde, hu'kimdardi'n' malikasi' – **xvatun** (xotun) wa'zirlik da'rejesine iye boli'p, ma'mleket basqari'wi'nda jedel qatnasqanli'g'i'nan belgi beredi. Sarayda wol qag'annan keyingi wori'ndi' iyelegen.

Bati's tu'rk qag'anli'g'i', sonday-aq woni'n' iri woti'ri'qshi' wa'layatlari'nan yesaplang'an Shash u'lkesi wo'zinin' ten'ge pullari'na iye bolg'an.

Shash ha'm Elok ko'p tarmaqli' xojali'qqa iye boli'p,



**Shash ten'gesi. VII a'sir.**



**Bas yesik asti'nda turg'an pishinler su'wretlengen assuariy (Ostadon). VI—VII a'sirler.**

wonda suwg'ari'p yegiletug'i'n diyqanshi'li'q, sharwashi'li'q, wo'nermentshilik, ka'nshilik ha'm sawda joqari' da'rejede yedi. Shash ha'm Elok tawlari' alti'n, gu'mis, ren'li metallar, temir ha'm ji'lti'rap do'nip turg'an shaqmaq taslarg'a bay yedi.

Ka'rwan joli'ni'n' u'lke arqali' wo'tiwi Shash ha'm Elokta ishki ha'm si'rtqi' sawda-satli'qti'n' ken'eyiwine, qala xalqi'ni'n' ko'beyiwine imkaniyat beredi.

**Basqari'w ha'kimshiligi**

Yerte worta a'sirlerde Worta Aziya ha'kimliklerinde belgili ta'rtipte basqari'w ha'kimshiligi sho'lkemlestirilgen yedi. Basqari'w ha'kimshiliginin' tiykarg'i' wazi'ypasi' puqaralardan baj, sali'q ha'm to'lemlerdi wo'z waqti'nda ji'ynap ali'w, ja'ma'a'tlik islerge wolardi' jumsawdan ibarat bolg'an. Kirisshi'g'i'slar ani'q ha'm ra'wshan hu'jjetlestirilgen. Wolarg'a barmaq basi'li'p, ha'tte mo'r menen tasti'yi'qlani'p qoyi'lg'an.

**Qala arxitekturasi'**

V—VII a'sirlerde Worta Aziyada, bir ta'repten, jerge iyelik yetiw qatnasi'qlari'ni'n' wornati'li'wi' ha'm bekkemlenip bari'wi', yekinshi ta'repten, ko'shpeli sharwalardi'n' toqtawsi'z tu'rde kirip keliwi ja'ne woti'ri'qshi' turmi'sqa wo'tiwi qala ha'm awi'llardi'n' kelbetine ha'm xalqi'ni'n' turmi's ha'm socialli'q jag'dayi'na awi'r ta'sir ko'rsetedi. Wo'nim ali'wshi jerler ken'eyip, diyqanshi'li'q oazislerinin' suw menen ta'miyinleniwi tu'p-tami'ri'nan jaqsi'landi'. Taw aldi' maydanlari'na suw shi'g'ari'li'p, jan'a jerler wo'zlestirildi. Qala xalqi' ti'g'i'zlasti'. Awi'llarda **«ko'shki»**, **«qasi'r»**, **«qorg'an»** ha'm **«qorg'ansha»** degen at penen dan'q ko'tergen bekinisli turaq jaylar boy tikledi.

Bekkem qorg'ani'sli' qasi'r, qorg'an ha'm ko'shkiler tiykari'nan si'rtqi' dushpanlardi'n' hu'jimine qarsi' qorg'ani'w quri'li'si', shokarlar toplanatug'i'n jer, ha'kimshilik woray ja'ne azi'q-awqat ha'm qural-jaraq saqlanatug'i'n qoyma wazi'ypasi'n atqarg'an.

Worta a'sirlerde qalalar u'sh bo'limnen ibarat bolg'an. Wolar «*kuxandiz*», «*shaxristan*», «*rabad*» dep atalg'an. Qalalardi'n' u'sh bo'limi de wo'z aldi'na diywallar menen qorshalg'an. Wolardi'n' bir neshe da'rwazalari' bolg'an. Qala diywallari'n boylap ag'i'p wo'tetug'i'n kanal (qandek) wazi'ypasi'n atqarg'an. Worta a'sirlerde jasag'an arab avtorlari'ni'n' (*Ibn Xavqal* ha'm *Ishtaxriy*) jazi'winsha, bir g'ana Binkat (Tashkent)tin' jigirma yeki da'rwazasi' bolg'an.

* **Kuxandiz (ark) – qalani'n' ha'kim sarayi' jaylasqan bolegi**
* **Rabad – qalani'n' si'rtqi' mavzesi**
* **Ixshid – wa'layat ha'kimi**
* **Shaxristan – qalani'n' ishki bo'legi**

1. Sogdi' ixshidleri haqqi'nda ayti'p berin'.
2. Toxarstan qaysi' aymaqlardi' wo'z ishine alg'an?
3. Ferg'anada bar iri qalalardi' belgilen'?
4. Shi'rshi'q ha'm Axangaran alaplari'nda qaysi' ha'kimlikler bar yedi?
5. Worta Aziya ha'kimliklerinde basqari'w ha'kimshiliginin' tiykarg'i' wazi'ypasi' nelerden ibarat?
6. Worta a'sirlerde qalalar neshe bo'limnen ibarat bolg'an ha'm wolar ne dep atalg'an?

## 7-§. VI–VII A'SIRLERDE MA'DENIY TURMI'S

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***Jazi'w; Diniy isenimler; Ko'rkemwo'ner; Muzi'ka.***

### Jazi'w

Bul da'wirde Sogdi', Xorezm ha'm Toxarstan xali'qlari'ni'n' bo'lek-bo'lek jazi'wlari' boli'p, *sogdi'* ha'm *xorezm* jazi'wlari' a'yyemgi *aramey jazi'wi'* tiykari'nda ju'zege kelgen yedi. *Toxar jazi'wi'* baktrya jazi'wi' tiykari'nda qa'liplesken yedi. Xat, hu'jjet ha'm ayi'ri'm xabarlar si'yaqli' jollamalar tiykari'nan terige, ag'ashqa, gu'lalg'a ja'ne kemnen-kem, jag'daylarda qag'azg'a jazi'latug'i'n yedi. Wo'ytkeni, qag'azdi'n' bahasi' wog'ada joqari' yedi. Ayi'ri'm jazi'wlar bolsa ha'tteki patsha saraylari'ni'n' ha'm ibadatxanalardi'n' diywallari'na da jazi'latug'i'n yedi. Wolardi'n' arasi'nda yelshilik xatlari', xojali'qtag'i' kiris-shi'g'i'slar, yuridikali'q sha'rtnamalar, astronomiyali'q hu'jjetler, tariyxi'y yadnamalar ha'm de diniy isenimler jazi'lg'an siyrek gezlesetug'i'n qol jazba tabi'lmalari' bar. Bizin' zamani'mi'zg'a shekem saqlani'p kelgen Sogdi' jazi'wlari' Panjikent qasi'ndag'i' **Mug'** qorg'ani'nda, Shi'g'i's Tu'rkstandag'i' **Turfan qalasi'** jani'nda, Samarqandti'n' a'yyemgi qarabaqanasi' **Afrasiyab**tan tabi'li'p u'yrenilgen.

Wolarda Sogdi'ni'n' siyasiy tariyxi', huqi'q ha'm ni'zamlari', ekonomikali'q ja'ne diniy isenimleri tuwrali' a'hmiyetli mag'li'wmatlar keltirilgen.



Sogdi' jazi'wi'

Sogdi'da yer balalar bes jasqa tolg'anda, jazi'wg'a ha'm yesapqa u'yretilgen, Wolar 20 jasqa kirgeninde sawda islerin u'yreniw ushi'n basqa ma'mleketlerge jiberiletug'i'n bolg'an.

Sonday-aq, bul da'wirde **tu'rkiy run** (ko'k tu'rk) jazi'wi' da qollani'lg'an. Tu'rklerdin' bul jazi'wi' biri yekinshisine tutasi'p ketetug'i'n 38–40 ha'riplerden ibarat yedi. Wol tas ha'm ag'ashlarg'a woyi'p jazi'w ushi'n wog'ada qolayli' yedi. A'yyemgi *ko'k tu'rk jazi'wlari'* (**Qultegin** ha'm **Bilge qag'an** jazi'wlari') Altay ha'm Shi'g'i's Tu'rkstannan basqa, Jetisuw, Ferg'ana ha'm Zarafshan alaplari'nan tabi'li'p, izertlengen. Wolar qa'bir taslari'ndag'i' qulpi' taslarg'a, gu'lal ha'm metall i'di'slarg'a, ag'ashlarg'a ha'm ten'ge pullarg'a jazi'lg'an.



**Yerte worta a'sirlerde yelimizde sogdi', xorezm, toxar ha'm tu'rkiy run (ko'k tu'rk) jazi'wlari' bar bolg'an.**

### Diniy isenimler

VI–VII a'sirlerde Worta Aziyada *zardushtiy, budda, xristian, moniy* ha'm *kam* (shamaniylik) si'yaqli' bir neshe jergilikli ha'm basqa u'lkelerden kirip kelgen dinler bolg'an. Xali'qti'n' ko'pshiligi zardushtiylik dinine si'yi'ng'an.

Samarqand wa'layati'ni'n' **U'rgu't rayoni'** Sogdi'da g'ana yemes, ba'lki pu'tkil Worta Aziyada *xristianli'q* woraylari'nan yesaplanatug'i'n yedi. Yerte worta a'sirlerde Worta Aziya xali'qlari'ni'n' ideologiyali'q turmi'si'nda *moniy dini* de anag'urli'm teren' tami'r urg'an yedi. Moniy dini ta'liymati' boyi'nsha a'lemnin' baslani'wi' yeki qarama-qarsi' jarati'wshi' – *jaqti'li'q* ha'm *jaqsi'li'q* ja'ne *qaran'g'i' tu'nek* penen *jawi'zli'q*tan ibarat bolg'an. **Ibadat yetiw, woraza tuti'w, sadaqa beriw** moniy dininin' tiregi yesaplang'an.



Quva. Budda ibadatxanasi'nan tabi'lg'an mu'sinnin' bas bo'limi.

Tu'rk qag'anli'g'i'ni'n' sharwa xalqi' a'yyemnen *shamaniylik* dinine si'yi'ni'p kelgen. Bul din jang'a ha'm ruwxlarg'a, ata-babalar ruhlari'na si'yi'ni'w isenimin

ta'rbiyalag'an. A'yyemgi tu'rkler wo'zlerinin' dinin **«kam»** dep atag'an. Sebebi, wolarda **«shaman»** degen so'z bolmag'an. Bul din a'lemdi joqtan bar qi'lg'an *Ko'k ta'n'rine* iseniwshi jalg'i'z qudayli'q din yesaplanadi'. Sharwashi'li'q penen shug'i'llani'wshi' ko'shpeli xali'q Ta'n'irge arnalg'an ma'resimler wo'tkerip, qurbanli'qlar shali'p woti'rg'an. Ma'selen, Ko'k Ta'n'rinin' hu'rmetine qurbanli'q ushi'n qara qasqa atti' bawi'zlag'an.

* **Arkon — dindegi yen' a'hmiyetli wazi'ypa, su'yenish, ha'kimshilik**
* **Kam-shaman — Kok Ta'n'rine si'yi'ni'wshi' jeke qudayli'q dini**

### Ko'rkem wo'ner

Ko'rkem wo'nerdin' **su'wretshilik** ha'm **mu'sinshilik** si'yaqli' bir qatar tarmaqlari' gu'llenip rawajlanadi'. Surxan oazisindegi **Balali'qto'be** ha'm Zarafshan alabi'ndag'i' **Panjikent, Varaxsha** ha'm **Afrasiyab**, Ferg'ana alabi'ndag'i' **Quva** yesteliklerinin' qarabaqanalari'nan tabi'li'p izertlengen yesteliklerden - *diywallardag'i' su'wretler, mu'sinler* ha'm *ganshtan islengen nag'i'slar* sol zamanni'n' joqari' ko'rkem wo'ner shi'g'armalari'nan yesaplanadi'. Diywallardag'i' su'wretler sol zamanni'n' ju'da' quramali' turmi'si', diniy isenimleri ha'm si'rtqi' ma'mleketler menen ali'p bari'lg'an baylani'slari' haqqi'nda so'z yetiwshi derek boladi'.

Mu'sinshilik wo'nerinin' rawajlani'wi'nda a'sirese budda dini ku'shli ta'sir ko'rsetken. Ferg'ana alabi'ndag'i' Quvadan ha'm de Qorg'anto'be jani'ndag'i' A'jiyneto'beden buddani'n' wog'ada u'lken mu'sinleri tabi'li'p izertlendi. **A'jiyneto'beden tabilg'an budda** mu'sininin' biyikligi 12 metrge baradi'. Bul da'wirde ag'ashqa woyi'p nag'i's sali'w ko'rkem wo'neri de joqari' da'rejede rawajlang'an.



**Varaxsha. Ganshtan islengen Qumay qusi'. VI—VII a'sirler.**

Yerte worta a'sirdegi woymashi'li'q wo'nerinin' yen' siyrek gezlesetug'i'n yesteliklerinin' u'lgileri Varaxshadan tabi'lg'an buyi'mlar arqali' izertlendi. Ha'r qi'yli' geometriyali'q figuralar, miywe ag'ashlari' ha'm wo'simliklerdin' woyi'p islengen nag'i'slari', an' awlaw ko'rinisi Buxara hu'kimdarlari'ni'n' Varaxshadag'i' jasaytug'i'n saray diywallari'n bezep turg'an.

**Muzi'ka sanaati'**



**Ayritom. Arfa shertip ati'rg'an qi'z.**

Worta Aziyada *muzi'ka, ayaq woyi'n, qosi'q ayti'w, masqarapazli'q* ha'm *da'rwazli'q* si'yaqli' ko'rkem wo'nerdin' basqa ha'r tu'rli tarawlari' da jetilisken yedi. Bul da'wirde ko'rkem wo'ner tarawi'nda *Buxara qi'zi'qshi'lari', Samarqand nayshi'lari', Tashkenttin' woyi'nshi' jigitleri* ha'm *ayaq woyi'nshi' qi'zlari'* menen dan'qi' shi'qqan yedi.

Shash woyi'nshi' jigitlerinin' atqari'wi'ndag'i' dan'qi' shi'qqan **«Shash ayaq woyi'ni'»** yamasa da'p qag'i'p i'm menen jelkesin gu'jireytip tu'setug'i'n nazli' **«Da'p woyi'ni'»** Qi'tay aqsu'yeklerin tan' qaldi'ri'p, wolardi' hayran qaldi'rg'an yedi. Bir g'ana Buxara qalasi'ni'n' wo'zinde usta wo'nermentler ta'repinen won tu'rdegi muzi'kali'q a'sbaplar sog'i'lg'an.

1. Xali'q qanday jazi'wlardan paydalang'an?
2. Sogdi'da bilimlendiriwge umti'li'w ku'shli bolg'anli'g'i'n nelerde ko'riw mu'mkin?
3. Xali'q qanday dinlerge si'yi'ng'an?
4. Moniy dininin' ta'liymati', woni'n' arkonlari' nelerde wo'z ko'rinisin tapqan?
5. VI–VII a'sirlerdegi su'wretshilik, muzika ha'm mu'sinshilik sanaati' haqqi'nda ayti'p berin'.

**Jeke jumi's.**

Sabaqli'qti'n' tekstinen paydalani'p kesteni tolti'ri'n'.

| Jazi'wlari' | Qaysi' jazi'w tiykari'nda payda bolg'an | Ko'rkem wo'ner tu'rleri | Qaysi' aymaqtan tabi'lg'an |
|---|---|---|---|
| Sogdi' | | | |
| Xorezm | | | |
| Toxar | | | |
| Ko'k tu'rk | | | |



## II B A P

# WORTA AZIYANI'N' ARAB XALIFALI'G'I' TA'REPINEN BASI'P ALI'NI'WI', XALI'Q KO'TERILISLERI (VII–VIII a'sirler)

## 8-§. ISLAM DINI HA'M ARAB XALIFALI'G'I'

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***Islam dini; Xorasan; Mawarawnnaxr; Mawarawnnaxrdi'n' basi'p ali'ni'wi'.***

**Islam dininin' payda boli'wi'**

A'yyemnen Arabstan yari'm atawi'nda arablar tarqalg'an jag'dayda jasadi'. VII a'sirdin' baslari'na kelip Arabstanda jeke isenim tiykari'nda ma'mleketti birlestiriw ha'reketi baslanadi'. Bul ulli' isenim jeke qudayli'qqa tiykarlang'an islam dini yedi.

**Islam — «boysi'ni'w», «si'yi'ni'w», «wo'zin Allag'a bag'i'shlaw» degen ma'nislerdi an'latadi.**

Allani'n' rasuli' (yelshisi) Mekke qalasi'nda du'nyag'a kelgen **Muxammed** (s.a.v. – sallallohu alayhi vasallam) **binni Abdulla** (570–632) bul ha'reketke jol basshi'li'q qi'ladi'. Islamdi' qabi'l yetip, rasulullaxti' qollap-quwatlap woni'n' izine yergenler «*mu'slim*» (musi'lmanlar) dep atalg'an. Wolar insanlardi'n' Quday aldi'nda ten' yekenligin, i'ri'sqi'-nesiybeni ha'mmege Jarati'wshi'ni'n' wo'zi jetkizip beretug'i'nli'g'i'n ja'ne ja'miyettegi a'dalatsi'zli'qlarg'a shek qoyi'w ushi'n haq dinge kiriw kerekligin u'git-na'siyat yetedi. Islam bayrag'i' asti'nda **Mekke** qalasi'nda baslang'an islam dinin u'git-na'siyatlaw **Ma'diynag'a** ko'shedi. **Muxammed** (s.a.v.) **630-ji'l**i' arablardi' jeke ma'mleketke birlestiredi.

**Muxammed** (s.a.v.) du'nyadan wo'tkennen keyin, woni'n' yen' jaqi'n zamanlasi' **A'biw Ba'kir** (632–634), **xalifa** (wori'nbasar) dep dag'azalanadi'. Arab qa'wimlerinin' islam dinin qabi'l yetip, siyasiy jaqtan birden-bir ha'kimiyatqa birlesiwinde, sonday-aq islamni'n' ja'ha'n dinlerinen birine aylani'wi'nda islam qag'i'ydalari', huqi'qi'y ha'm moralli'q wo'lshemlerin wo'z ishine qamti'p alg'an **Qurani' Ka'rim**nin' a'hmiyeti wog'ada ulli' boldi'.

**Mi'sr, Siriya, Palastin, Irak, Iran** si'yaqli' ko'p ma'mleketler bag'i'ndi'ri'li'p, yesap-sansi'z woljalarg'a iye bolg'an Arab xalifali'g'i' a'skeriy atlani'slardi' bizin' yelimizge qaratti'.

**651-ji'li'** arablar sawash ju'rgizbey-aq **Mari'** qalasi'n iyeleydi. Son'i'nan ha'zirgi Awg'anstanni'n' arqa bo'legi, Iranni'n' arqa-shi'g'i's bo'legi ha'm Qubla Tu'rkmenstannan tap A'miwda'ryag'a shekemgi aymaqlar basi'p ali'ndi'. Arablar bul aymaqlardi' **Xorasan** dep atag'an. Woni'n' worayi' **Mari'** qalasi' yedi. Bul wa'layatti' basqari'w ushi'n arnawli' nayi'b tayi'nlani'p, wol Mari'da turatug'i'n yedi. Arablar bul jerge jayg'asi'p alg'annan keyin A'miwda'ryadan arqada jaylasqan bay ma'mleketlerdi basi'p ali'wg'a tayarli'q ko'redi. Bul jerlerdi arablar **Mawarawnnaxr** yamasa «***da'ryani'n' arg'i' ta'repi***» dep atadi'.

**Mawarawnnaxrg'a atlani's**

Arablar Mawarawnnaxrg'a da'slep woni' basi'p ali'w ushi'n yemes, al a'skeriy jaqtan tayarli'q ko'riw ushi'n, jergilikli hu'kimdarlardi' si'nap ko'riw maqsetinde atlani's jasag'an. Mawarawnnaxrg'a da'slepki hu'jimler **654-ji'l**i' **Maymurg** ha'm **667-ji'l**i' **Shag'aniyan**nan baslanadi'.

Dereklerde jazi'li'wi'nsha, bul da'wirde Xorazm arablar ta'repinen yeki ma'rtebe talan-taraj yetilgen.

*Narshaxiy*din' jazi'wi'na qarag'anda, 673-ji'ldi'n' gu'zinde xalifa **Muowiya I** (661–680) pa'rmani' menen **Ubaydulla ibn Ziyad** A'miwda'ryadan keship wo'tip, Buxara wa'layati'na basi'p kiredi. **Paykend** ha'm **Romitandi'** iyelegennen keyin, Buxarani' jen'ip, wo'z paydasi'na pitim du'zip, bir lak (ju'z mi'n') dirham mug'dari'nda baji' wo'ndiredi. Baji'dan basqa arablar to'rt mi'n' tutqi'n, qural-jaraq, kiyim-kenshek, alti'n ha'm gu'mis buyi'mlardan ibarat ko'p woljalar menen Mari'g'a qaytadi'. Jol-jo'nekey arablar **Termiz** qalasi'n da iyeleydi.



**Paykend. Rabat plani' (rejesi). VII a'sir.**

*** Arab xalifali'g'i' — barli'q ha'kimiyat Muxammed (s.a.v.)ti'n' wori'nbasari' (xalifa)ni'n' qoli'nda toplang'an ma'mleket.**

**Mawarawnnaxrdi'n' basi'p ali'nı'wi'**

**VIII a'sirdin' baslar**i'nda arablar Mawarawnnaxrdi' u'zil-kesil basi'p ali'wg'a kirisedi. **704-ji'l**i' **Kuteyba ibn Mu'slim** Xorasang'a nayi'b boli'p tayi'nlanadi'. Kuteyba wo'zinin' a'skeriy atlani'slari'n 705-ji'li' Balx wa'layati'ni'n' a'tiraplari'n basi'p ali'wdan baslaydi'. Tez arada Shag'aniyan ha'kimi uri'ssi'z-aq bag'i'nadi'. **707-ji'l**i' Kuteyba ko'p sanli' la'shkerleri menen **Paykend**ti jawlap aladi'. *50 ku'nlik* qamal na'tiyjesinde Paykendti iyelep qoli'na qural uslawg'a shamasi' keletug'i'n barli'q yer adamlar qi'ri'p taslanadi', qala wayran yetiledi. Son'i'nan Kuteyba a'skerleri Buxara ta'repke atlanadi'. *Narshaxiydin' jaziwi'nsha*, Buxorxudotlar ha'kimiyati'ni'n' aymag'i' 12 iri qorg'an ha'm ayi'ri'm qalalardan ibarat yedi. Bul da'wirde alapta hu'kimdar qag'anni'n' tajli' ko'rinisi asti'nda «*Buxarxudat*» degen jaziw menen shi'g'ari'lg'an gu'mis dirham aylani'sta bolg'an. Ma'mleketti **Tug'shada** (692—724) basqarg'an. Buxarali'lar ha'r ji'li' xalifali'qqa baji' to'lew, u'ylerinin' yari'mi'n arablarg'a bosati'p beriwge ma'jbu'r yedi.

Kuteyba Buxara qalasi'ni'n' worayi'nda jaylasqan zardushtiylardi'n' ibadatxanasi'n jome meshitine aylandi'ri'p, sogdi' tilinde jazi'lg'an shi'g'armalardi' joq yetedi. Jergilikli xali'qti' islam dinine tarti'w ushi'n ha'reket qi'ldi'. Usi' maqsette meshitke kelip ibadat yetiwshiler ushi'n 2 dirhamnan si'yli'q puli'n beriw jolg'a qoyi'ldi'.

**710-ji'l**i' Kuteyba, **Naqshab** ha'm **Kesh**ti basi'p ali'p, Samarqandqa hu'jim jasawg'a tayarli'q ko'redi. Biraq, Xorezmde baslang'an ishki qarama-qarsi'li'qlar aqi'betinde ju'zege kelgen qolay pursattan paydalani'p qali'w ushi'n Kuteybani' Sogdi'g'a atlani'si'n keshiktirip, Xorezmge qarap la'shker tarti'wg'a shaqi'radi'. Xorezm shahi' **Shag'an** inisi **Hurzad** basshi'li'q yetken xali'q ko'terilisinen qorqi'p, **711-ji'l**i' wol Kuteybag'a wo'tinish yetip wonnan ja'rdem soraydi'. Dushpan qoli' menen inisi Hurzad tastalqan yetip qi'yrati'li'p wo'ltirilse de, Xorezmshah bunnan wo'z g'a'rezsizligin joq yetip, arablarg'a baji' to'lewge ma'jbu'r



**Buxarxudatlar dirhami'. VIII a'sir.**

boldi'. Woni'n' a'skeriy ku'shleri bolsa, Kuteybani'n' a'skeriy atlani'slari'nda qatnasi'wg'a ma'jbu'r yetiledi.

Kuteybanin' basi'p aliwi'nan son' **Xorezm** arqa ha'm qubla bo'limlerge aji'rali'p ketken. Woni'n' arqa bo'limi **Gu'rga'nj** (Go'ne U'rgensh) miri, qubla bolegi bolsa **Xorezmshah** ta'repinen basqari'lg'an. Wolardi'n' ha'r yeki bo'liminde xalifali'qqa tikkeley boysi'ni'p, ha'r qaysi'si' wo'z aldi'na xiraj to'legen.

**712-ji'l**i' Kuteyba a'skerleri Samarqandqa qarap jol aladi'. Bul da'wirde ixshid **Tarxun** taxttan tu'sirilip, woni'n' worni'nda **Gurak** (710–737) Sogdi'g'a patsha boli'p ko'terilgen yedi. Gurak arablarg'a qarsi' gu'res ali'p bardi'. Ku'shlerdin' ten' yemesliginin' aqi'betinde Samarqand ta'slim boladi'. Gurak penen Kuteyba wortasi'nda pitim du'zilip, arablarg'a birden 2 mi'n', ji'li'na 200 mi'n' dirham yesabi'nda baji' to'lew, 30 mi'n' adam beriw, qalani'n' ishinde a'sker saqlamaw, ishki qalani' arablarg'a bosati'p beriw, meshit quri'w qusag'an sha'rtlerdi wori'nlawg'a ma'jbu'r yedi. Bulardi'n' yesesine Kuteyba Gurakti' *Samarqand, Kesh* ha'm *Naqshabqa* ha'kim yetip qoyadi'. Solay yetip, wol xalifali'qqa bag'i'ni'shli' boli'p qaladi'.

*** Narshaxiy (899-959) – tariyxshi' ali'm. Buxarani'n' Narshax awi'li'nda tuwi'lg'an. «Buxara tariyxi'» atli' shi'g'armani' jazi'p qaldi'rg'an.**
*** A'mir (arabsha – «a'mir yetiwshi», basli'q, ha'kim) – a'skerbasi', ha'kim, bek. Arab xalifali'g'i'ni'n' da'slepki xalifalari' ha'm ummaviyler da'wirinde wo'z aldi'na armiya komandirleri a'mir dep atali'p, wolar a'dette jen'ip ali'ng'an wa'layatlarg'a nayi'p yetip saylang'an.**
*** Fatx (arabsha) – «iyelew», jen'ip ali'w, basi'p ali'w ma'nisin beredi.**

**Shash ha'm Ferg'anani'n' basi'p ali'ni'wi'**

**713-ji'l**i' Kuteyba a'skerlerinin' bir bo'limi **Shash wa'layati'**na, wo'zi basqarg'an tiykarg'i' ku'sh bolsa **Ferg'ana alabi'na** qarap jol aladi'. Shash oazisi basi'p ali'ni'p, woni'n' bas qalasi' **Madiynat ash-Shash**, ju'da' ko'plegen qorg'anlar ha'm awi'llarg'a wot qoyi'li'p wayran yetiledi. **715-ji'l**di'n' basi'nda Ferg'ana alabi'n iyelep, **Qashqar**g'a shekem kirip baradi'. Ha'mme wa'layatlarg'a arablardan *a'mirler* qoyi'ladi'. Biraq Kuteyba xalifa **Sulaymang**'a qarsi' qozg'alan' ko'tergeninin' aqi'betinde Ferg'anada arab a'skerleri ta'repinen wo'ltiriledi.

1. Islam dininin’ qalay payda bolg’anli’g’i’ haqqi’nda ayti’p berin’.
2. Arablardi’n’ Mawarawnnaxrdi’ basi’p ali’wi’ndag’i’ maqseti ne yedi?
3. Paykend qamali’ ha’m woni’n’ boysi’ndi’ri’li’wi’ haqqi’nda ayti’p berin’?
4. Buxarani’n’ basi’p ali’ni’wi’ ha’m xali’qti’n’ islam dinine kirgiziliwi haqqi’nda nelerdi bilip aldi’n’i’z?
5. Xorezm xalifali’qqa qalay bag’i’ndi’ri’ldi’?

## 9-§. MAWARAWNNAXRDIN’ BASI’P ALI’NI’WI’NI’N’ EKONOMIKALI’Q HA’M RUWXIY AQI’BETLERI

**Tayani’sh tu’sinikler:** ***Jawlap ali’wshi’li’q aqi’betleri; Sali’qlar; Islamg’a shaqi’ri’w.***

**Ekonomikali’q aqi’betler**

Xalifali’q u’lkeni basi’p ali’w bari’si’nda derlik barli’q abadanlasqan diyqanshi’li’q oazislerin ayaq asti’ qi’li’p, ju’da’ ko’p qala ha’m awi’llardi’ wo’rtep wayran yetti. Suw quri’li’slari’ buzi’p taslani’p, yegislik maydanlari’ suwsi’zli’qtan quwrap qaldi’. Jawlap ali’ng’an qala ha’m awi’l xali’qlari’nan alti’n, gu’mis, qi’mbat bahali’ buyi’mlar ha’m ko’plegen qural-jaraqlar tarti’p ali’ndi’. Pitim du’ziwge ma’jbu’r bolg’an **Buxara, Paykend, Sogdi’** hu’kimdarlari’nan u’lken mug’dardag’i’ baji’ ha’m qun to’lemleri wo’ndirip ali’ndi’. Xalifali’q wo’z a’skerlerine mi’n’lag’an jergilikli jigitlerden qosi’p aldi’.

*** Jizi’ya — Islam dinin qabi’l yetpegen xali’qtan ali’natug’i’n jan sali’g’i’**
*** Zakat — mal-mu’liktin’ 1/40 bo’legi ko’leminde ali’natug’i’n sali’q.**
*** Xiraj — wo’nimnin’ 1/3 bo’legi ko’leminde ali’natug’i’n jer sali’g’i’.**
*** U’sir — basqari’w jumi’slari’ ushi’n daramatti’n’ 1/10 ko’lemi yesabi’nda ali’natug’i’n sali’q.**

Basi’p ali’wshi’lar a’skeriy ku’shke su’yenip, xali’qtan ha’r qi’yli’ sali’qlardi’ wo’ndirip, xali’qti’ ha’r tu’rli jumi’slarg’a jumsap woti’rdi’. **Mari’, Paykend, Buxara** ha’m **Samarqand** si’yaqli’ qalalardag’i’ sha’xristandi’ yamasa wondag’i’ u’ylerdin’

ten' yari'mi' arablar ha'm wolar menen birge kelgen ajamlar (iranli'lar)g'a bosati'p beriledi. «*Xiraj*», «*u'sir*», «*zakat*», «*jizi'ya*» si'yaqli' sali'qlar payda boldi'.

**Islamg'a shaqi'ri'w**

Arablar Mawarawnnaxrda wornati'lg'an siyasiy ha'kimiyatti' bekkemlew ha'm turaqli'li'qti' ta'miyinlew ushi'n islam dininin' u'git-na'siyati'n xali'q arasi'na ken'irek tarati'wg'a ayri'qsha a'hmiyet berdi. Sol sebepli wolar Mawarawnnaxr xalqi'ni'n' tiykarg'i' dini yesaplang'an zardushtiylik (atashparasli'q) ha'm basqa dinlerge qarsi' qatti' gu'res ali'p baradi'. Ibadatxanalar wayran yetilip, wolardi'n' worni'na jome meshitler quri'ladi'.

**Xali'qti' islam dinine kirgiziw jollari'**

Islam dinin qabi'l yetip, musi'lman bolg'an jergilikli xali'qti'n' wa'killeri da'slepki ji'llari' xiraj ha'm jiziya sali'qlari'nan azat yetilgen. Islam dinin qabi'l yetiwden bas tartqan adamlardan bolsa jan sali'g'i' – *jizi'ya* wo'ndirip ali'ng'an. Sali'qlardi' wo'z waqti'nda to'lemegen adamlar uslani'p, wolardi'n' moyi'nlari'na «*qari'zdar*» degen taxtayshalar ildirilgen. Bunday ilaj-sharalar, so'zsiz Mawarawnnaxr xalqi'ni'n' arasi'nda islam dininin' tarqali'wi'na ja'rdem beredi. Biraq, sonday bolsa da, islamdi' qabi'l yetken xali'qti'n' ko'pshiligi ati' musi'lman boli'p, uzaq waqi'tlarg'a shekem jasi'ri'n tu'rde wo'z dinlerine ha'm isenimlerine sadi'q boli'p qala bergen.

Xalifali'q ta'repinen Mawarawnnaxrdi'n' basi'p ali'ni'wi'ni'n' aqi'betinde jergilikli xali'qti'n' u'rp-a'deti, dini ha'm isenimi, a'yyemnen rawajlani'p kiyati'rg'an ma'deniyati' ayaq asti' yetildi. Jergilikli sogdi' jazi'wi'nda jazi'lg'an diniy ha'm ag'arti'wshi'li'q bag'dardag'i' kitaplardi', ilimiy shi'g'armalardi' ja'ne qi'mbatli' hu'jjetlerdi ha'm de sa'nemlerdi wotqa jag'i'p joq yetip jiberedi. Quvadag'i' budda ibadatxanasi'na wornati'lg'an ha'r qi'yli' mu'sinlerdin' maydalani'p taslang'anli'g'i', Afrasiyabtag'i' saray diywallari'na sali'ng'an su'wretlerdin', a'sirese adam su'wretlerinin' ko'zlerin woyi'p, moyi'nlari'n qi'li'sh penen si'zi'p taslag'anli'g'i' buni'n' ayqi'n mi'sali' bola aladi'.

1. Jergilikli xali'qti' islam dinine kirgiziwde xalifali'q qanday jollardan paydalandi'?
2. Xalifali'q Mawarawnnaxrda qanday sali'qlar payda yeti?
3. Jawlap ali'wlar jergilikli ma'deniyatqa qanday ta'sir ko'rsetti?
4. Xalifali'qti'n' jawlap ali'wi' qanday aqi'betlerge ali'p keldi?

## 10-§. XALIFALI’QQA QARSI’ XALI’Q HA’REKETLERI

**Tayani’sh tu’sinikler:** ***Xali’q narazi’li’g’i’; Gurak ha’m Divashtish ko’terilisleri; Qarji’ reformalari’; Ummawiyler.***

**Ko’terilislerdin’ sebepleri**

Xalifali’qti’n’ talawshi’li’q siyasati’ jergilikli xali’qti’ barli’q huqi’qlari’nan ayi’rdi’. Ma’deniyatti’n’ ayaq asti’ qi’li’ni’wi’, zuli’mli’qlari’ ha’m de arab tili ha’m jazi’wi’, xalifali’qti’n’ ni’zam ha’m qag’i’ydalari’ni’n’ zorli’q penen yengiziliwi na’tiyjesinde jergilikli xali’q arasi’nda narazi’li’qti’n’ barg’an sayi’n ku’sheyip, ko’terilislerdin’ kelip shi’g’i’wi’na sebep boldi’.

Xalifa **Womar ibn Abdula’ziz** (717–719) qi’yi’n awhaldi’ yesapqa ali’p, bag’i’ndi’ri’lg’an jerge iye xali’qlar menen kelisimge keliw siyasati’n a’melge asi’ri’wg’a ma’jbu’r boldi’. Wol *bunnan bi’lay jan’a jerlerdi basi’p ali’wdi’ toqtati’w* ha’m de *qarji’ reformasi’n wo’tkeriw* haqqi’nda pa’rman berdi.

Bug’an baylani’sli’ musi’lman arablar menen bir qatarda islamdi’ yendi qabi’l yetken xali’qlardan *xiraj* ha’m *jiziya* sali’qlari’n ali’w biykar yetildi. Biraq, Mawarawnnaxr hasi’lzada aqsu’yeklerinin’ ko’pshiligi wo’zlerin haqi’yqi’y musi’lmanlar dep yesaplap, sali’q to’lemeydi. Son’i’n ala xalifali’qti’n’ ha’kimligi ha’mmeden de *jiziya* ali’w haqqi’nda buyri’q beredi. Na’tiyjede Mawarawnnaxrda jalpi’lamay islam dininen shi’g’i’w ha’m yeski dinlerin qaytadan qabi’l yetiw baslanadi’. Buni’n’ aqi’betinde jergilikli mu’lik iyeleri menen xalifali’q wa’killerinin’ arasi’nda qarama-qarsi’li’qlar keskinlesip, pu’tkil ma’mleket boylap xalifali’qqa qarsi’ xali’q ko’terilisi kelip shi’g’adi’.

**Ko’terilislerdin’ baslani’wi’**

Bunday ko’terilislerdin’ biri **720-ji’l**i’ Sogdi’da baslandi’. Ko’teriliske *Sogdi’ ixshidi* **Gurak** ha’m *Panjikent ha’kimi* **Divashtish** basshi’li’q yetedi.

Sogdi’li’larg’a ja’rdem beriw ushi’n **Jetisuw**dan tu’rk la’shkerleri keledi. Sogdi’dag’i’ barli’q ha’kimliklerdin’ xalqi’ ko’teriledi. Ko’terilisshilerdin’ birlesken ku’shleri arablarg’a qatti’ soqqi’ beredi. Tek ayi’ri’m qalalardi’n’ ha’m qorg’anlardi’n’ ishinde qorshawda qalg’an arab basi’p ali’wshi’lari’ ko’p mug’darda sali’q to’lew ha’m ko’zge tu’sken wa’killerin ko’terilisshilerdin’ yerkine girewge beriw menen jan saqlaydi’.

***Reforma – bar bolg'an ta'rtiplerdi wo'zgertiw.**
***Pa'rman – ni'zam ku'shine iye bolg'an buyri'q.**

**721-ji'l**i' **Sayd Xarashiy** Xorasang'a nayi'b boli'p tayi'nlanadi'. Wog'an sogdi'li'lardi'n' ko'terilisin basti'ri'w ha'm wolardi' islam dinine qaytadan yendiriw tapsi'ri'ladi'. **Xojend**te boli'p wo'tken sawashta ko'terilisshiler jen'iledi. Sayd Xarashiy Mawarawnnaxrdi'n' qala ha'm awi'llari'nda jazalaw sharalari'n ku'sheytedi. Biraq, ko'terilisti toli'q basti'ra almaydi'.

**Ko'terilisshiler menen kelisimge keliw**

Mawarawnnaxr xali'qlari'n ti'ni'shlandi'ri'w ha'm arablardi'n' ha'kimiyati'n bekkemlew maqsetinde Xorasan nayi'bi' **Ashros** islam dinin qabi'l yetkenlerden *xiraj* ha'm *jiziya* sali'qlari'n almawg'a qarar qi'ladi'. Bul xali'qti' ti'ni'shlandi'ri'wg'a arnalg'an waqi'tsha ila'j yedi. Aqsu'yek diyqanlardi'n' ko'pshiligi wo'z xi'zmetkerleri ha'm kediverleri menen islamdi' qaytadan qabi'l yetip, arablardi'n' ta'repine wo'tedi.

Xorasanni'n' jan'a nayi'bi' **Nasi'r ibn Sayyar** (738–748) ma'mlekette wo'z abi'rayi'n bekkemlep ali'w maqsetinde *qarji' reformasi'n* wo'tkeredi. Islamdi' jan'adan qabi'l yetken adamlar jiziyadan azat yetildi. Barli'q musi'lmanlar huqi'q jag'i'nan ten'lestiriledi, jer iyesinin' iseniminin' qanday boli'wi'na qaramastan wolardi'n' xiraj sali'g'i'n to'lewi sha'rt qi'li'p qoyi'ladi'.

Joqari' ma'rtebeli arab la'shkerbasi'lari' menen mu'likke iye diyqanlar wortasi'ndag'i' tuwi'sqanli'q baylani'slari' wornati'ladi'. Usi' waqi'tta wo'zi de u'lgi ko'rsetip Buxarxudatti'n' qi'zi'na u'ylenedi. Usi'nday siyasatti'n' na'tiyjesinde, so'zsiz tu'rde arablar menen jergilikli hasi'lzadalardi'n' wortasi'nda belgili da'rejede awqam du'zile baslaydi'. Biraq bul azatli'q joli'nda ali'p bari'li'p ati'rg'an xali'q ha'reketlerin toqtata almaydi'. Mawarawnnaxr xalifali'qtag'i' yen' ti'ni'sh yemes ha'm ko'terilisshiler u'lkelerinin' biri boli'p qala berdi.

**VIII a'sirdin' 40-ji'llari'**nda xalifali'qta taji'-taxt ushi'n gu'res ku'sheyedi. Muxammed payg'ambar (s.a.v.)di'n' a'mekisi Abbasti'n' shawli'g'i' **Muxammed ibn A'li** xalifali'q ushi'n gu'res basladi'. *Ummawiyler* Muxammed (s.a.v.) a'wladlari'n qi'ri'p taslawda ayi'plandi'. Usi'lay yetip, xalifali'qta ummawiyler hu'kimdarli'g'i'n awdari'p taslaw ushi'n keskin ha'reket baslani'p ketti.

1. Xalifali’q basqi’nshi’lari’na qarsi’ ko’terilislerdin’ sebeplerin atap berin’.
2. Sogdi’ ko’terilisi ha’m woni’n’ na’tiyjeleri haqqi’nda ayti’p berin’.
3. Ko’terilisler na’tiyjesinde qanday wo’zgerisler ju’z berdi?
4. Arab xalifali’g’i’nda siyasiy jag’daydi’n’ keskinlesiwine ali’p kelgen faktorlardi’ atap wo’tin’.

## 11-§. ABBASIYLER DA’WIRINDE XORASAN HA’M MAWARAWNNAXR. A’BIW MUSLIM QOZG’ALAN’I’

**Tayani’sh tu’sinikler:** ***Zuli’mli’qti’n’ ku’sheyiwi; A’biw Mu’slimnin’ u’git-na’siyati’; A’biw Mu’slim ko’terilisi; Abbasiyler.***

**Xali’q narazi’li’g’i’nin’ ku’sheyiwi**

Umawiylerge qarsi’ uli’wma narazi’li’q, a’sirese xalifa **Marwan II** (744–750) hu’kimdarli’q qi’lg’an da’wirde wog’ada ku’sheydi. Bug’an xiraj sali’g’i’ mug’dari’n ko’beytip jiberilgenligi ha’m xali’qti’ ma’jbu’riy jumsalg’anli’g’i’ sebep boladi’. Ummawiylerge qarsi’ gu’reske shi’g’i’wg’a shaqi’ri’w ushi’n abbasiyler wa’layatlarg’a ko’plegen u’git-na’siyatshi’lar jiberedi. Sonday u’git-na’siyatshi’lardan birewi kufali’q **A’biw Muslim** yedi.

**746-jil**i’ wol Xorasang’a keldi. Wol Xorasan xalqi’na wo’tinish yetip, payg’ambar a’wladlari’n qollap-quwatlawg’a shaqi’radi’.

**Ko’terilisshilerdin’ toplani’wi’**

Da’slep arab aqsu’yekleri, son’i’n ala jergilikli diyqanlar A’biw Mu’slimdi qollap-quwatlaydi’. Umawiylerge qarsi’ u’gitlewdin’ hawazi’ tez arada Xorasan, Mawarawnnaxr ha’m Toxarstan wa’layatlari’na ken’ tarqaladi’. Tap ma’mleket xalqi’ni’n’ barli’q u’lken-kishi adamlari’ arablarg’a qarsi’ qozg’alg’anday boladi’. A’skerler da’slep A’biw Mu’slimnin’ turatug’i’n jeri **Maxuwan** qalasi’na toplanadi’. A’biw Mu’slimnin’ a’skerlerine kelip qosi’lg’an adamlar dizimge ali’ni’p, wolarg’a da’slep u’sh dirhamnan, al son’i’nan bes dirhamnan miynet haqi’ to’lenedi. Qi’zi’g’i’ sonda, dizimge ali’ng’an adamlardi’n’ basi’m ko’pshiligi ha’r ta’repten kelgen qullardan ibarat yedi. Bul da’wirde de qullar xali’qti’n’ wortasi’ndag’i’ yen’ to’mengi qatlam yesaplani’p, wolar menen bir qatarda turi’w basqa qatlamlardi’n’ wa’killerine ar yesaplanatug’i’nli’g’i’ yesapqa ali’ni’p, A’biw Mu’slim qullar ushi’n **Shawwal** awi’li’nan arnawli’ wori’n sho’lkemlestiredi ha’m wolarg’a **Dawi’t** isimli u’git-na’siyatshi’ni’ basli’q yetip tayi’nlaydi’.

**Ko'terilisshilerdi'n' maqsetleri**

Ko'terilisshilerdin' qatari'nda arab hasi'lzadalari', Mawarawnnaxr ha'm Xorasanni'n' jergilikli mu'likdar diyqanlari', xalifali'q shi'g'i'si'ndag'i' yezilip azap shegip ati'rg'an xali'q, qala wo'nermentshileri ha'm awi'llardi'n' kediverleri ja'ne qullar bar yedi. Bulardi'n' maqsetleri de ha'r qi'yli' yedi. Arab hasi'lzadalari' ha'kimiyatti' abbasiylerge ali'p berip, ma'mlekette wo'zlerinin' abi'rayi'n ko'termekshi yedi. Jergilikli mu'lik iyeleri ma'mlekette siyasiy jaqtan arablar menen ten'lesiwge ha'm ilaji' bolsa ma'mleketti xalifali'qtan bo'lip, woni' g'a'rezsiz basqari'wdi' maqset yetip qoyg'an yedi.

Miynetkesh xali'q ummawiylerdin' zuli'mli'g'i'nan, awi'r sali'qlardan ha'm u'zliksiz boli'p turatug'i'n ma'jbu'riy ko'meklerden, qullar bolsa qulli'q kisenlerinen quti'li'wdi' a'rman yetetug'i'n yedi. Bul jaqsi' u'mitti iske asi'ri'w ushi'n yeziwshilerge qarsi' gu'reske atlani'p, shi'n kewilden bellerin bekkem baylag'an yedi. Ko'terilisshilerdin' barli'g'i' qara kiyim kiyip alg'an yedi. A'weli qara kiyim qayg'i'nin' belgisi, qalaberse, jen'ilmes ku'sh bayrag'i' ha'm de sawashlarda ko'terilisshilerdi a'skerlerden aji'rati'p turatug'i'n belgini an'latadi'.

**Ko'terilistin' baslani'wi'**

**747-ji'li'** A'biw Muslim xali'qti' ummawiylerge qarsi' gu'reske shaqi'rdi'. **748-ji'ldi'n' basi'n**da A'biw Mu'slim Xorasanni'n' paytaxti' Mari' qalasi'n iyeleydi. Xalifa Marwan wo'z qarawi'ndag'i' barli'q a'skeriy ku'shlerdi ko'terilisshilerge qarsi' qoysa da, biraq umawiylerdin' ha'kimiyati'n saqlap qala almaydi'.

**749-ji'l**i' A'biw Mu'slim basqarg'an ko'terilisshiler xalifali'qti'n' worayli'q wa'layatlari'na qarap jol aladi'. Paytaxt qolg'a kirgizilgennen keyin, xalifa **Marwan II** taxttan awdari'ladi'. Woni'n' worni'na abbasiyler shan'arag'i'nan shi'qqan **Abi'l Abbas Saffax** (750—754) xalifali'q taxti'na ko'teriledi. Wori'nlardag'i' umawiyler shan'arag'i'ni'n' wa'killeri ha'm jaqi'nlari' qi'ri'p taslanadi'. Solay yetip, Arab xalifali'g'i'ndag'i' ma'mleket ha'kimiyati' *abbasiyler* qoli'na wo'tedi.

**Abbasiyler da'wirindegi Mawarawnnaxr**

Abbasiylerdin' xalifali'q taxti'na shi'g'i'wi' menen miynetkesh xali'qti'n' awhali'nda hesh qanday jen'illik bolmadi'. A'biw Mu'slimnin' ha'reketi waqti'nda abbasiyler ta'repinen xali'q massasi'na berilgen wa'delerdin' birde-birewi iske aspadi'.

A'biw Mu'slim Bag'datta ma'mleketlik ha'm a'skeriy ku'shlerdin' joqari' lawazi'mi'na tayi'nlanadi'. Biraq, abbasiyler woni'n' xali'q arasi'ndag'i' abi'rayi'ni'n' anag'urli'm arti'p barati'rg'anli'g'i'na tilekles yemes yedi. Yen' son'i'nda A'biw Mu'slim paytaxttan uzaqlasti'ri'li'p, Xorasan ha'm Mawarawnnaxrg'a nayi'b yetip jiberiledi.

Miynetkesh xali'qti'n' wortasi'nda abbasiylerge qarsi' ko'terilis ko'teriw keypi payda boladi'. Bunday ko'terilislerdin' biri **750-ji'l**i' Buxarada boldi'. A'biw Mu'slim jergilikli ku'shlerdin' ja'rdemi menen ko'terilisti zorg'a basti'rdi'.

Mawarawnnaxrdag'i' ishki narazi'li'qlardan paydalani'p, Qi'tay imperatori'ni'n' armiyasi' Tu'rkstang'a basi'p kiredi. A'biw Mu'slim ta'repinen **Ziyad ibn Salix** basshi'li'g'i'nda jiberilgen arab ha'm sogdi', sonday-aq tu'rklerden ibarat a'skeriy ku'sh **751-ji'l**i' Talas alabi'nda Qi'tay armiyasi'na soqqi' berip, wolardi' ma'mleket aymag'i'nan quwi'p shi'g'aradi'.

A'biw Mu'slim sadi'qli'q penen xi'zmet qi'lg'an bolsa da, biraq abbasiy hu'kimdarlari' wog'an isenbeytug'i'n yedi. **755-ji'l**i' quralsi'z ha'm jalg'i'z wo'zi kirip kelgen A'biw Mu'slim xalifani'n' buyri'g'i' menen wo'ltiriledi. A'biw Mu'slimnin' wo'ltiriliwi xalifali'qti'n' shi'g'i'si'nda, a'sirese Xorasan ha'm Mawarawnnaxrda abbasiylerge qarsi' xali'q ha'reketlerinin' ha'wij ali'p ketiwine sebep boladi'.



*** A'biw Mu'slim basshi'li'g'i'ndag'i' ko'terilis 747-749-ji'llari' Xorasan ha'm Mawarawnnaxrda boli'p wo'tti. Ko'terilistin' na'tiyjesinde xalifali'qta umawiyler ha'kimiyattan awdari'li'p, abbasiyler dinastiyasi' ha'kimiyatqa keldi.**



1. Ne ushi'n xalifali'qta umawiylerge qarsi' xali'q narazi'li'g'i' ju'zege keldi?
2. A'biw Mu'slim ko'terilisinde qatnasqan ha'r tu'rli qatlam wa'killerinin' maqsetlerin sali'sti'ri'n'.
3. A'biw Mu'slim ko'terilisinin' na'tiyjeleri haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
4. Abbasiyler ha'kimiyat basi'na kelgennen keyin Mawarawnnaxrda awhal qaysi' ta'repke wo'zgerdi?

## 12-§. «AQ KIYIMLILER» KO'TERILISI

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***«Aq kiyimliler» ko'terilisi; Muqanna; Rofe ibn Lays.***

**«Aq kiyimliler»**

**769–783-ji'llar**da Mawarawnnaxrda wo-g'ada u'lken xali'q ko'terilisi boli'p wo'tken. Ko'terilisshiler aq kiyim kiygeni ushi'n tariyxta wol **«Aq kiyimliler»** ko'terilisi degen at penen belgili boldi'. Bul ha'rekettin' jol basshi'si' **Muqanna** dep atali'p ju'rgen **Hashi'm ibn Ha'kim** atli' wo'nerment bolg'an. Wol Mari' qalasi'ni'n' jani'ndag'i' *Koza awi'li'*nda tuwi'lg'an. Wol basi'na ha'm ju'zine ko'k perde tag'i'p ju'rgen. Soni'n' ushi'n da, woni' «Muqanna» yag'ni'y «Ni'qab bu'rkengen» laqabi' menen atag'an. Muqanna jas waqti'nda *ku'du'nga'rlik* (gezlemelerge pardoz beriwshi) ka'sibi menen shug'i'llangan. Wol sawatli', aqi'lli' ha'm istin' ko'zin biletug'i'n adam bolg'an. Xorasanda *sarxanglik* (kishi la'shkerbasi') ten wa'zirlik da'rejesine shekem ko'terilgen. Wol *Mazdakti'n' ideya*lari'na tiykarlang'an socialli'q ten'lik ha'm yerkin turmi'sqa shaqi'ri'wshi' ta'liymatti' u'git-na'siyat yetken. Muqanna Xorasan a'mirinin' ko'terilisine qatnasi'p, payg'ambarli'qqa dawa qi'lg'ani' ushi'n zindang'a taslang'an, son'i'nan qashi'p Mari'g'a kelgennen keyin, a'tirapi'na wo'zinin' ta'repdarlari'n ji'ynag'an. Basqi'nshi'lardi'n' hu'kimdarli'g'i'na ha'm zuli'mli'g'i'na qarsi' shi'g'i'wg'a shaqi'ri'p, Mawarawnnaxrdi'n' wa'layatlari'na u'git-na'siyatshi'lardi' jibergen. Woni'n' u'gitleri **Naqshab** ha'm **Kesh** qalalari'nda jaqsi' na'tiyje beredi. *«Aq kiyimliler»*din' qatari' barg'an sayi'n ken'eyip baradi'. Wolarg'a tikkeley basshi'li'q qi'li'w maqsetinde Muqanna Sogdi'g'a qarap atlanadi'. Woni' Mari'dan Sogdi'g'a wo'tkermew ushi'n arab ha'kimleri woni'n' izine tu'siwdi ku'sheytedi. A'miwda'ryani'n' jag'alari'n atli' a'skerlerden ibarat ko'p sanli' a'skeriy ku'sh ku'ni-tu'ni u'zliksiz qarawi'llap turadi'.

*** Kudungar – gezlemege pardoz beriwshi.**
*** Sarxang – kishi la'shkerbasi'**
*** Mazdak ibn Hamdodon (470–529-jj.) – Iranni'n' bas ruwxaniyi'. Wol du'nyani'n' barli'q bayli'qlari'n adamlarg'a ten'dey bo'listiriw ta'repdari' bolg'an ha'm woni' zorli'q joli' menen a'melge asi'ri'wdi' jaqlap shi'qti'.**

**Ko'terilistin' baslani'wi'**

Muqanna Mawarawnnaxrg'a qarap jol aladi' ha'm wo'zi jaqi'nlari' menen A'miwda'ryani'n' won' jag'ali'g'i'na wo'tip, Naqshab ha'm Kesh qalalari'na jetip baradi'. Kesh jani'ndag'i' tawdi'n' basi'na sali'ng'an **Som qorg'ani**'n wo'zinin' turatug'i'n jerine aylandi'radi'. Ko'plegen awi'llardi'n' kedi-verleri, qala wo'nermentleri ha'm ayi'ri'm mu'likdar diyqan-lar wog'an kelip qosi'ladi'. Tez arada pu'tkil Qashqada'rya alabi' «Aq kiyimliler» qoli'na wo'tedi. Na'tiyjede «*Aq kiyim-liler*» ha'reketi ken'eyip, u'lken xali'q ko'terilisine aylanadi'. Wol a'sirese Mawarawnnaxrdi'n' worayi' Sogdi'da ha'wij ali'p **Elok** (Axangaran) alabi' ha'm **Shashqa** da wo'zinin' ta'sirin wo'tkeredi. Ko'teriliske tu'rli' qatlamlar qatnasadi'.

**Ko'terilistin' bari'si'**

«Aq kiyimliler»din' ko'terilisine soqqi' beriw ushi'n xalifa Mansur **775-ji'li'** **Jabrayi'l ibn Yaxiya** basshi'li'g'i'ndag'i' u'lken a'skeriy ku'shti Mawarawnnaxrg'a atlandi'radi'. Biraq Jabrayi'l ko'terilisshilerden jen'ilip qaladi'. Wol u'lken shi'g'i'ng'a ushi'rap, zorg'a Samarqandtag'i' arab armiyasi'na kelip qosi'ladi'. Ko'terilisshiler Termizge jaqi'n jerde ja'rdemge kiyati'rg'an arablardi'n' qosi'msha a'skeriy ku'shlerine tosattan hu'jim jasap, wolardi' tas-talqan yetedi. Naqshab ha'm Shag'aniyan oazisleri ko'terilisshilerdin' qoli'na wo'tedi. Ko'terilis **776-ji'l**dan baslap Buxara oazis-inde ku'sheyip ketedi. **Narshax qorg'ani'** ko'terilisshilerdin' qorg'ani'na aylandi'ri'li'p, wonda «Aq kiyimliler»din' u'lken

**769–783-JI'LLARDA «AQ KIYIMLILER» KO'TERILISI**



bo'legi toplang'an yedi. To'rt ay dawam yetken gu'resten son' ko'terilisshiler jen'iliske ushi'raydi'.

Narshaxtag'i' ko'terilis basti'ri'lg'annan keyin arablar tiykarg'i' ku'shti Samarqand ha'm Keshke taslaydi'.

«Aq kiyimliler» ha'm tu'rkiy qa'wimler Samarqandta arablarg'a qarsi' yeki ji'l sawash quradi'. Yen' aqi'ri'nda ko'terilisshiler jen'ilip, Samarqand bag'i'nadi'.

**«Aq kiyimliler»din' jen'iliwi**

Narshax ha'm Samarqandta «Aq kiyimliler» jen'ilgennen keyin, jergilikli mu'likdar diyqanlar arablarg'a ja'rdem bere baslaydi'. Gu'restin' son'g'i' basqi'shi' **Kesh alabi'**nda boli'p wo'tedi. **783-ji'l**da Muqannani'n' Som qorg'ani'ndag'i' turatug'i'n jeri qamalg'a ali'nadi'. Uzaq dawam yetken qamaldan son' uri'stan din'kesi quri'g'an muqannashi'lar bag'i'nadi'. Jawlap ali'wshi'larg'a bag'i'ni'wdi' qa'lemegen Muqanna wo'zin jani'p turg'an tandi'rg'a taslap du'nyadan wo'tedi.

**Ko'terilistin' jen'iliw sebepleri**

«Aq kiyimliler» awi'zbirshilik penen ha'reket yete almag'an. Bul ko'terilistin' jen'iliwinin' tiykarg'i' sebebi boldi'. Yekinshiden, xali'q ha'reketinin' g'alabalasi'p ketiwinen qori'qqan jergilikli mu'lik iyeleri izbe-iz arablar ta'repine wo'tip ketken. U'shinshiden, ko'terilistin' uzaq dawam yetkenligi miynetkeshlerdi haldan taydi'rg'an.

Ko'terilis basti'ri'lg'an bolsa da, basi'p ali'wshi'larg'a qarsi' jergilikli xali'qti'n' ha'reketi u'zil-kesil toqtap qalmadi'. **806-ji'l**i' **Rofe ibn Lays** basshi'li'g'i'nda xalifali'qqa qarsi' ja'ne ko'terilis boladi'. Ko'terilis Samarqandtan baslani'p **Shash, Ferg'ana, Buxara, Naqshab** ha'm **Xorezm** wa'layatlari'na tarqalg'an. Tez arada belgili wa'layatlar xalifali'qti'n' qoli'nan ketedi. Xorasan nayi'bi' **Mamun** diyqanlardan bolg'an *Samanxudat*ti'n' aqli'qlari': **Nux, Axmet ha'm Yaxya**lardan iltimas yetip, wolardan ja'rdem soraydi'. Wolar **Rofe ibn Lays**ti' qolg'a ali'p, woni' xalifag'a ta'slim boli'wg'a ma'jbu'r yetedi. Solay yetip gezektegi xali'q ha'reketi de basti'ri'ladi'.

Jergilikli xali'qlardi'n' basqi'nshi'larg'a qarsi' gu'resleri zaya ketpedi. A'ste-aqi'ri'n xalifali'qti'n' hu'kimdarli'g'i' ha'lsirep bardi'. Bul jag'day Mawarawnnaxr xalqi'ni'n' azatli'qqa yerisiwin tezlestirdi.

1. «Aq kiyimliler» ko'terilisinin' sebeplerin ayti'n'.
2. Ko'terilistin' bari'si' haqqi'nda so'ylep berin'.
3. Ko'terilisshiler ne ushi'n jen'ildi?
4. Muqanna jolbasshi'li'g'i'n bahalan'.



# III B A P

# MAWARAWNNAXRDA G'A'REZSIZ MA'MLEKETLERDIN' DU'ZILIWI

## 13-§. XALIFALI'QTI'N' HA'LSIREWI, G'A'REZSI'Z MA'MLEKETLERDIN' QA'LIPLESE BASLAWI'

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***Qarluqlar; Og'uzlar; Qaraxaniyler; Taxiriyler; Ma'mleket basqari'wi'.***

### Xalifali'qti'n' ha'lsirewi

**VIII a'sirdin' aqi'ri' – IX a'sirdin' baslari'**nda Arab xalifali'g'i' awi'r siyasiy qi'si'li'spag'a ushi'radi'. Bag'i'ndi'ri'lg'an xali'qlardi' bag'i'ni'shli' halda uslap turi'w arablar ushi'n barg'an sayi'n qi'yi'n boli'p qaldi'. Mawarawnnaxr ha'm Xorasan xalqi'ni'n' tez-tez ko'terilis shi'g'ari'p turi'wi', u'zliksiz dawam yetken wo'z ara uri'slar Arab xalifali'g'i'ni'n' ha'kimiyati'n ha'lsiretti. Bul g'a'rezsiz ma'mleketlerdin' payda boli'wi'na ali'p keldi.

Mawarawnnaxrdi'n' arqa ha'm arqa-shi'g'i's aymaqlari'ndag'i' yele xalifali'qqa bag'i'ndi'ri'lmag'an shegaralas jerlerde bir neshshe ma'mleketler payda boldi'. Wolardi'n' biri Qarluqlar ma'mleketi boli'p yesaplanadi'.

### Qarluqlar ma'mleketi

A'yyemgi *Altaydi'n' bati'si'*nda, son'i'n ala *I'rti'sh da'ryasi'ni'n' worta ag'i'si'*nda jasag'an *qarluqlar* a'yyemgi tu'rkiy qa'wimlerden yesaplang'an. **VI–VII a'sirler**de wolar Tu'rk qag'anli'g'i' qurami'na kirgen. **VIII a'sirdin' wortalari'**nda *Jetisuw u'lkesi*nde **qarluqlar ma'mleketi** du'ziledi. Bul ma'mlekettin' paytaxti' *Shuw da'ryasi'nan arqa*raqta jaylasqan **Suyab** qalasi' yedi. Qarluqlar ma'mleketinin' hu'kimdari' «*yabg'u*» yamasa «*jabg'u*» dep ayti'lg'an.



**X a’sirdin’ wortalari’**na barg’anda qarluqlardi’n’ u’lken bo’legi musi’lman bolg’an. Bul da’wirde bir qansha qarluq qalalari’nda jome meshitleri sali’ng’an.

Qarluqlar ma’mleketi arqa ha’m shi’g’i’stan *Yelsuwi’* (I li) *da’ryasi’* alabi’na shekem, ***shi’g’i’l qa’wimi*** jaylawlari’na shekem; bati’stan ***og’uz jurti’*** ha’m *Ferg’ana woypatli’g’i’*; qublada bolsa ***yag’molar*** oazisi ha’m *Shi’g’i’s Tu’rkstan* menen shegeralang’an. Bul jerde paytaxttan basqa **Jwl, Navkat, Karmankat, Yar** si’yaqli’ qalalar ha’m qatar awi’llar boy tiklegen. Xalqi’ *qoyshi’li’q,* taw ji’lg’alari’nin’ boylari’nda bolsa *diyqanshi’li’q* penen shug’i’llang’an. Shi’g’i’s Tu’rkstan ha’m Mawarawnnaxr menen sawda-sati’q ali’p bari’lg’an. Shetke tiykari’nan ju’n ha’m ju’nnen islengen *gilem, shalsha, namat* (palas) si’yaqli’lar ali’p shi’g’i’lg’an.

**X a’sir**de qarluqlar Mawarawnnaxrdi’n’ arqa aymaqlari’n iyelegennen son’, Shash a’tirapi’ ha’m Ferg’ana ja’ne Zarafshan alaplari’na kelip wornalasqan. Keyinirek woti’ri’qshi’ jergilikli xali’qqa aralasi’p ketken.



*** Qarluqlar — tu’rkiy qa’wimlerden biri. Da’slep Altaydi’n’ bati’si’nda, son’i’nan I’rti’sh da’ryasi’ni’n worta ag’i’mi’nda jasag’an.**

*** VIII a’sir wortalari’nda Qarluqlar ma’mleketi Jetisuw u’lkesinde du’zildi. Paytaxti’ Suyob qalasi’ bolg’an.**

## Og’uzlar

Tu’rk qag’anli’g’i’ hu’kimdarli’g’i’ da’wirinde og’uzlar woni’n’ qurami’nda bolg’an. Tu’rk qag’anli’g’i’ i’di’rag’annan keyin, og’uzlardi’n’ u’lken bo’legi *Si’rda’rya basseyni* ha’m *Aral ten’izinin’ boyi’n*da bekkem wornalasti’. Wolar **IX a’sirdin’ aqi’ri’ ha’m X a’sirdin’ basi’**nda **Og’uzlar ma’mleketi**ne tiykar saladi’.

*Si’rda’ryani’n’ to’mengi ag’i’mi’* boyi’ndag’i’ **Jan’akent qalasi’** Og’uzlar ma’mleketinin’ paytaxti’ bolg’an. **X a’sir**den baslap og’uzlar islam dinin qabi’l yetedi’.

**X asirdin’ birinshi shereg**inde Og’uzlar ma’mleketi arqa-shi’g’i’stan ko’terilgen qi’pshaqlar ta’repinen qatti’ soqqi’g’a ushi’rap bo’linip ketedi. Wolar wo’z yelin ta’rk yetip, bir bo’legi bati’sqa, *Arqa Kavkaz* sahralari’na bari’p wornalasadi’. Wolardi’n’ yekinshi bo’legi bolsa da’slep *Mawarawnnaxr*g’a kirip baradi’ ha’m wonnan qubla-bati’sqa qarap ji’li’si’p, jan’a dinastiya — *seljukiyler*din’ basshi’li’g’i’nda Aldi’ng’i’ Aziya ma’mleketlerin basi’p ali’wg’a kirisedi.

*** Og'uzlar – Worta Aziyada jasag'an tu'rkiy qa'wim. IX a'sirdin' aqi'ri' ha'm X a'sirdin' basi'nda Og'uzlar ma'mleketi Si'rda'rya basseyni ja'ne Aral ten'izi boyi'nda du'zildi. Paytaxti' Jan'akent qalasi' bolg'an.**

Bul yeki tu'rkiy ma'mleket tek Mawarawnnaxrg'a g'ana yemes, al pu'tkil Worta Shi'g'i's ha'm Aziya aldi' xalqi'ni'n' siyasiy turmi'si'na ku'shli ta'sir ko'rsetti. Bul ma'mleketlerdin' xalqi' usi' aymaqta jasawshi' xali'qlardi'n' etnikali'q tariyxi'na da ta'sir yetti. Ma'selen: *qarluqlar* wo'zbek ha'm ta'jiklerdin', *og'uzlar* tu'rkmen, a'zerbayjan, qaraqalpaqlardi'n' etnogenezinde a'hmiyetli rol woynadi'.

## Taxiriyler ma'mleketi

**VIII a'sirdin' aqi'ri' – IX a'sirdin' basi'n**da xalifali'qti' la'rzege keltirgen awi'r siyasiy jag'day abbasiylerdi Mawarawnnaxr ha'm Xorasanda ali'p bari'li'p ati'rg'an siyasati'n wo'zgertiwge ma'jbu'r yetti. Jergilikli hasi'lzadalar Mawarawnnaxr ha'm Xorasandi' wo'z basqari'wlari'na wo'tkerip g'ana qoymastan, ba'lki xalifali'qti'n' worayi'nda da ha'kimiyatti' basqari'wda barg'an sayi'n ko'birek rol woynaytug'i'n boli'p qaldi'. Bug'an a'sirese xalifa **Xarun ar-Rashid** (786–809) du'nyadan wo'tkennen keyin woni'n' balalari' **Mamun** menen **A'min** wortasi'ndag'i' **809–813-ji'llar**i' taxt ushi'n bolg'an gu'res u'lken jol ashi'p berdi.

Xalifali'qti'n' worayli'q bo'limindegi arablar A'mindi xalifali'qti'n' taxti'na ko'terdi. Bug'an narazi' bolg'an Mamun inisi A'minge qarsi' gu'res baslaydi'. Xirat wa'layati'ni'n' hasi'lzadalari'nan **Taxir ibn Xuseyn** basshi'li'q yetken Xorasan ha'm Mawarawnnaxrdi'n' mu'likdarlari' wog'an ja'rdem beredi. **813-ji'l**i' wolar Bag'dadqa atlani's jasaydi'. Paytaxtti' qolg'a kirgizip, Mamundi' xalifali'qti'n' taxti'na woti'rg'i'zadi'. Woni'n' yesesine Taxir **821-ji'l**i' *Xorasan* ha'm *Mawarawnnaxr nayi'bi'* yetip saylanadi'. Sonday-aq, Mamun Mawarawnnaxr hasi'lzadalari'ni'n' ja'rdemin umi'tqan joq. *Samanxudad*ti'n' aqli'qlari'n ayi'ri'm qala ha'm wa'layatlarg'a nayi'b qi'li'p saylaydi'. **Nux**qa *Samarqand*, **Axmet**ke *Ferg'ana*, **Yaqiya**g'a *Shash* ha'm *Ustrushana*, **Ilyas**qa bolsa *Xi'rat* tiyisedi. Buni'n' yesesine ag'ali'-inili samaniyler Mawarawnnaxrdi'n' ha'r ji'lg'i' xiraji'nan ju'da' ko'p qa'rejetti taxiriyler arqali' xalifa qaznasi'na jiberip turadi'.

**Taxir** ma'mleketti g'a'rezsiz basqari'w maqsetinde **822-ji'l**i' xutbadan xalifa ati'n shi'g'ari'p taslatadi'.

Bul a'melde Bag'dad penen baylani'sti' u'ziw ha'm wo'zin g'a'rezsiz dep ja'riya yetiw yedi. Biraq, aradan ko'p waqi't wo'tpey-aq wol tosattan qayti's boladi'. Taxirdi'n' ballari' **Talxa** ha'm **Abi'l Abbas Abdulla** a'kesinin' worni'na birinen keyin biri gezek penen nayi'bli'q qi'ladi'. Solay yetip, Xorasan ha'm Mawarawnnaxrdi' basqari'wshi' taxiriyler shan'arag'i'na miyras boli'p qaladi'. Abi'l Abbas Abdullani'n' nayi'bli'g'i' (830–844) da'wirinde paytaxt **Mari'**dan **Nishapur** qalasi'na ko'shiriledi.

Mawarawnnaxr qalalari'nda nayi'bli'q qi'li'p ati'rg'an Samanxudat a'wladlari'ni'n' jergilikli nayi'bli'g'i' taxiriyler ta'repinen ta'n ali'nadi'. Samaniyler bolsa, wo'z gezeginde, taxiriylerge bag'i'ni'shli' halda Mawarawnnaxrdi' basqari'p woti'radi'. Bul so'zsiz, Xorasan ha'm Mawarawnnaxrda bir a'sirden aslami'raq waqi't hu'kim su'rgen xalifali'q hu'kimdarli'g'i'ni'n' tamam bolg'anli'g'i'n bildirer yedi.

**Taxiriyler ha'kimyati'ni'n' joq boli'wi'**

Taxiriyler zamani'nda da miynetkesh xali'qti'n' awhali' wog'ada awi'rli'g'i'nsha qala berdi. Mu'lik iyesi diyqanlardi'n' ja'bir-zuli'mli'g'i'nan, ma'mlekettin' awi'r sali'qlari'nan biyzar bolg'an xali'q ko'teriliske shi'g'adi'. Wolarg'a *«g'aziyler»* de qosi'ladi'. Ko'teriliske saffariyler – ag'ali'-inili **Yaqi'p** ha'm **A'mir ibn Lays**lar basshi'li'q yetedi. **873-ji'l**i' Xorasan paytaxti' **Nishapur**di' iyeleydi. Na'tiyjede *taxiriyler*din' hu'kimdarli'g'i' tamam boli'p, ha'kimiyat *saffariyler* qoli'na wo'tedi.

*** Taxiriyler – Xorasandag'i' Taxiriyler ma'mleketinde hu'kimdarli'q yetken dinastiya (821-873). Negizinde abbasiylerge qarasli' bolg'an. Dinastiyag'a 821-ji'l Taxir ibn Xuseyin tiykar salg'an.**

*** Saffariyler – Saffariyler ma'mleketinde hu'kimdarli'q yetken dinastiya. Saffariylerdin' ati' woni'n' negizin sali'wshi' Yaqi'p ibn Lays as-Saffar ati'nan ali'ng'an. Saffariylerdin' iri hu'kimdari': Yaqi'p ibn Lays (873–879); A'mir ibn Lays (879–900).**

*** Xutba – juma namazda hu'kimdar ati'n ayti'p, woni'n' amanli'g'i' ushi'n duwa woqi'w, maqtaw.**

*** G'oziy – haq din ushi'n gu'resiw.**

1. Qarluqlar ma'mleketi qaysi' aymaqlarda du'zildi?
2. Og'uzlar haqqi'nda ayti'p berin'.
3. Taxiriyler ma'mleketi qalay ju'zege keldi?
4. Xorasanda ha'kimiyatti'n' saffariyler ta'repinen iyeleniwi qalay ju'z bergen?
5. Qarluqlar qon'si' ma'mleketlerge qanday zatlar sawdasi' arqali' baylani's qi'lg'an?

**Jeke jumi's.**

Sabaqli'qti'n' tekstinen paydalani'p kesteni tolti'ri'n'.

| Ma'mlekettin' ati' | Du'zilgen waqti' | Aymag'i' | Paytaxti' |
| --- | --- | --- | --- |
| Qarluqlar ma'mleketi | | | |
| Og'uzlar ma'mleketi | | | |
| Taxiriyler ma'mleketi | | | |

## 14-§. SAMANIYLER

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***Samaniyler hu'kimdarli'g'i'; Ma'mleketti basqari'w sistemasi'; Qorg'ani'w isleri; Diywanlar.***

**Samaniyler hu'ki'mdarli'g'i'**

**IX a'sir**de Mawarawnnaxrdi'n' siyasiy turmi'si'nda da wo'zgerisler ju'z beredi. Yelatqa da'slep **Nux**, son'i'n ala **Axmet** basshi'li'q qi'ladi'. Ha'r biri wo'z hu'kimdarli'g'i' da'wirinde wo'zlerinin' ati'nan mi's ten'gelerdi quyi'p shi'g'aradi'. Axmet qayti's bolg'annan **(865-ji'l)** keyin woni'n' balasi' **Nasi'r** Samarqandti' worayg'a aylandi'radi'. Wol Mawarawnnaxrdi'n' barli'q wa'layatlari'n birlestiriw ha'm woni' Xorasannan aji'rati'p ali'w sharalari'n ko'redi.

**IX a'sirdin' aqi'rg'i' sheregin**de Mawarawnnaxrdi'n' derlik barli'q wa'layatlari' *samaniyler* sorami'na wo'tedi. Nasi'r pu'tkil Mawarawnnaxrdi'n' hu'kimdari'na aylanadi'. Wol gu'mis dirham quyi'p shi'g'aradi'.

Ko'p wo'tpey ag'ali'-inili **Ismayi'l** ha'm **Nasi'r** arasi'nda taji'-taxt ushi'n gu'res baslanadi'. Wonda Ismayi'l jen'ip shi'g'adi'. Ismayi'l Samaniy **888-ji'li'** pu'tkil Mawarawnnaxrdi' wo'z qol asti'na birlestiredi.

**Ismayi'l Samaniy** worta a'sirlerdegi uqi'pli', shaqqan ha'm wog'ada ziyrek ma'mleketlik isker yedi. Wol Mawarawnnaxrdi' birlestirgennen keyin, bekkem ma'mleketti du'ziwge umti'ldi'. Arqa-shi'g'i's aymaqlarg'a atlani's jasadi'. **893-ji'l**i' Taraz qalasi'n jawlap ali'p, sahrali'larg'a qi'yrati'wshi' soqqi' berdi.

Mawarawnnaxr xalqi'ni'n' g'a'rezsizlikke yerisiwi, so'zsiz, Arab xalifali'g'i'na unamas yedi. Arab xalifali'g'i'n bir ta'repten Mawarawnnaxrdan wo'ndirip ali'natug'i'n ko'p bayli'qlardan ayri'li'wi' wog'ada renjitken bolsa, yekinshi ta'repten qorqi'tatug'i'n da yedi. Sol sebepli xalifali'q saffariyler menen samaniylerdi soqli'g'i'sti'ri'wg'a ha'm bul wolardi'n' yekewin de ha'lsiretip, bul bay wa'layatlarda wo'zinin' ta'sirin qayta tiklewge ha'reket qi'ladi'. Xalifa **Mutazid** (892-902) *saffariyler* hu'kimdari' **A'mir ibn Lays**qa Xorasan menen birge Mawarawnnaxrdin' u'stinen de hu'kim ju'rgiziw huqi'qi' berilgeni haqqi'nda pa'rman shi'g'aradi' ha'm woni' **Ismayi'l**g'a qarsi' gij-gijleydi. Na'tiyjede 900-ji'li' wolardi'n' wortasi'nda uri's baslanadi'. Uri's Ismayi'ldi'n' jen'isi menen tamam boladi'. Pu'tkil Xorasan samaniylerdin' qol asti'na wo'tedi. Xalifa ilajsi'zdan Ismayi'lg'a hu'kimdarli'q jarli'g'i'n jiberiwge ma'jbu'r boladi'.



*** Samaniyler ma'mleketi (865-999) – Mawarawnnaxr ha'm Xorasandag'i' worta a'sir ma'mleketi. Buxara oazisinin' iri mu'likli hu'kimdarlari'ni'n' dinastiyasi' ati'. Samaniyler ma'mleketinin' du'ziliwi arab xalifali'g'i'ni'n qulawi' ja'ne Mawarawnnaxr ha'm Xorasandi' basi'p alg'an Samaniylerdin' ma'mleket to'besine shi'g'i'wi' menen baylani'sli'. Samaniyler ma'mleketi du'zilgen waqi'tta Mawarawnnaxr, Xorasan, Arqa ha'm Shi'g'i's Irandi' wo'z ishine alg'an.**

**Ismayi'l Samaniy**

**Ismayi'l Samaniy** pu'tkil Mawarawnnaxr ha'm Xorasandi' wo'zinin' qol asti'na birlestirdi. **Buxara** qalasi' Mawarawnnaxr ha'm Xorasanni'n' paytaxti'na aylandi'.

Samaniyler ma'mleketti basqari'wda yen' da'slep i'qsham basqari'w ha'kimshiligin du'zdi. Wol **amir sarayi'** ha'm **ken'esler** (wa'zirlikler)den ibarat yedi.

**Sarayda** *a'mirdin' turar jayi'*, *ha'remi* ha'm *saray hasi'lzadalari'*, *no'ker* ja'ne *xi'zmetker*lerinin' turatug'i'n jerleri' bola-

tug'i'n yedi. Narshaxiydin' jazi'wi'nsha, Samaniyler basqari'wi' tiykari'nan *wa'zir, mustavfiy, amid ulmu'lik, sohibi shurat* si'yaqli' **won diywan** arqali' basqari'li'p, wolardi'n' ishinde **wa'zir diywani'** bas basqari'w ma'kemesi yesaplang'an. **Nasi'r II** (914–943) da'wirinde Buxarani'n' *Registan* maydani'nda amir sarayi'ni'n' qarsi'si'nda diywanlar ushi'n saray quri'li'p, ma'kemeler mine usi' arnawli' jayg'a wornalasqan yedi. Ma'kemenin' xi'zmetkerleri arab, parsi' tillerin puxtali'q penen iyelep alg'an. Qurandi' ha'm sha'riatti'n' tiykarg'i' qag'i'ydalari'n jaqsi' biletug'i'n, ha'r tu'rli ilimlerden bir qansha xabardar bolg'an sawatli' hasi'lzadalardan tan'lap ali'ng'an.



**Buxara. Ismayıl Samaniy mavzoleyi. X a'sir.**

Mawarawnnaxrdi'n' rawajlani'wi'nda islam dini ruwxani'ylari'ni'n' u'lesi u'lken boldi'. Sol sebepli wolardi'n' abi'rayi' arti'p, paytaxt **Buxara** Shi'g'i'sta islam dininin' yen' abi'rayli' woraylari'ni'n' birine aylandi'. Qalalarda ko'plegen ibadatxanalar, sol yesaptan *jome meshit*, *xonaqoh* ha'm *namaz jaylar* quri'ldi'. Usi' da'wirde Buxara qalasi'nda musi'lman Shi'g'i'si'ndag'i' da'slepki ilim worayi' – **medrese** boy tikledi. Buxarani'n' bul ayyemgi medresesi **X a'sir**de qalani'n gewishshiler ma'ha'llesine jaqi'n jerde quri'lg'an. Wol **Farjak medresesi** dep ataldi.



*** Islam du'nyasi'ndag'i' birinshi medrese X a'sirde Buxarada quri'lg'an Farjak medresesi'.**

Ma'mlekettin' ruwxi'y turmi'si'ni'n' tiykari' yesaplang'an islam ideologiyasi'na bul da'wirde «***ustad***» dep atalg'an din ha'm ilim jol basshi'lari' basshi'li'q yetetug'i'n yedi. Keyin ala bul at «***shayx ul islam***» dep atali'p ja'ne de ulli'landi'. Ustodtan keyin «***xatibler***» turg'an.

Samaniyler meshit, medrese ha'm xonaqohlari'n quri'w ushi'n arnawli' jaylar ha'm wolardi'n' sari'p qa'rejetleri ushi'n u'lken-u'lken mu'likler aji'rati'p berilgen. Islam dinini' rawajlani'wi' Worta Aziya xalqi'ni'n' g'a'rezsiz xali'q boli'p rawajlani'wi'nda a'hmiyetli wori'n tutadi'.

**Qorg'ani'w isleri**

**Ismayi'l Samaniy** jaqsi' qurallang'an *a'skeriy armiya* ha'm *saraydi'n' arnawli' turaqli' a'skerler (sarbazlar) bo'lim*in du'zdi. Jaqsi' ha'm uzaq xi'zmet yetken sarbazlar «*hajib*» lawazi'mi'na ko'terilgen. Hajiblerdin' basli'g'i' «*hajib ul-hujob*» yamasa «*ha'jibi buzruk*» dep ju'rgizilgen. Bunday ataq Samaniyler sarayi'ndag'i' joqari' ataq yesaplanatug'i'n yedi.

*** Amid ul-mulk – ma'mleket hu'jjetleri ha'm yelshilik baylani'slari' wa'ziri.**
*** Wa'zir – diywan basli'g'i', bas wa'i'r.**
*** Mustavfiy – qarji' wa'ziri.**
*** Sahibi shurat – a'skeriy isler wa'ziri.**
*** Ulama – din ali'mlari'.**
*** Haji'b – a'skeriy ataq.**
*** Xanaqoh – biysharalar, jarli'lar bo'lmesi.**

**1.** Samaniyler qalay Arab xalifali'g'i'nan g'a'rezsiz boladi'?
**2.** Ismayi'l Samaniy haqqi'nda bilgenlerin'izdi ayti'p berin'.
**3.** Ne sebepten Mawarawnnaxrdi'n' g'a'rezsizlikke umti'li'wi' Arab xalifali'g'i'na unamag'an?
**4.** Ne ushi'n saffariyler menen samaniylerdin' arasi'nda uri's kelip shi'qti'?
**5.** Samaniylerde basqari'w sistemasi' qanday bolg'an?
**6.** Samaniyler islam dinine qanday itibar berdi?
**7.** Samaniylerde qorg'ani'w isleri qanday jolg'a qoyi'lg'an yedi?

## 15-§. SAMANIYLER DA'WIRINDE SOCIAL-EKONOMIKALI'Q TURMI'S

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***Ekonomikali'q turmi's; Ishki ha'm si'rtqi' sawda; Aqsha qatnasi'g'i'.***

**Awi'l xojali'g'i'**

**IX–X a'sirler**de **Mawarawnnaxr** ha'm **Xorezm** xalqi'ni'n' tiykarg'i' bo'legi *suwg'ari'p yegiletug'i'n diyqanshi'li'q* penen shug'i'llanatug'i'n yedi. Suwg'ari'w tarmaqlari' qurallari'nda suwg'ari'li'p abadanlasti'ri'lg'an wo'nimdarli' oazislerde *g'a'lleshilik, sali'gershilik, paxtashi'li'q, baw-baqsha* ha'm *pali'z yeginlerin* yegiw ha'm bag'shi'li'q joqari' da'rejede rawajlang'an yedi. Oazislerde *paxtashi'li'q* u'lken wori'ndi' iyelegen yedi.

**Bag'shi'li'q ha'm sharwashi'li'q**

Bag'shi'li'q ma'deniyati' ken' rawajlang'an yedi. Mawarawnnaxr ha'm Xorezmde baw-baqsha ha'm pali'z yeginleri mol boli'p, qawi'nlari' wog'ada shireli bolatug'i'n yedi.

Diyqanshi'li'q sali'g'i' – *xiraj*dan qaznag'a tu'setug'i'n tabi's ma'mlekettin' kiris-shi'g'i'si'ni'n' u'lken bo'limin tolti'ri'p woti'rdi'. Soni'n' ushi'n da, samaniyler ma'mlekette diyqanshi'li'q xojali'g'i'n rawajlandi'ri'wg'a u'lken itibar berdi.

**IX–X a'sirler**de **Mawarawnnaxr** ha'm **Xorasanda** sharwashi'li'q joqari' da'rejede bolg'an. Ma'mlekettin' sho'l ha'm taw aldi' jaylawlari'nda wotar-wotar *qoy-yeshkiler*, *ji'lqi'lar* ha'm *tu'yeler* bag'i'lg'an. Awi'llarda a'sirese *qara mallar*di'n' yesap sani' bolmag'an. Sharwashi'li'q ma'mlekettin' xalqi'n sharwa wo'nimleri menen ta'miyinlep g'ana qalmastan, xojali'qti'n' ha'mme tarawlari' ushi'n at-ko'likler jetkerip bergen. A'sirese, ma'mlekettin' a'skeriy armiyasi', atap aytqanda, atli' a'skerlerdi ku'sh-ko'lik penen ta'miyinlew wog'ada u'lken a'hmiyetke iye bolg'an.

**Wo'nermentshilik**

**Mawarawnnaxr** ha'm **Xorezm** qalalari'nda *toqi'mashi'li'q, gu'lalshi'li'q, kepserlewshilik, mi'skerlik, zergerlik, shiyshe sog'i'wshi'li'q* ha'm *ag'ash ustashi'li'g'i'* qusag'an ka'sip wo'nerleri bir qansha rawajlang'an yedi. Na'tiyjede qalalardi'n' uli'wma kelbeti tu'p-tami'ri'nan wo'zgerdi. Wonda u'lken-u'lken joqari' imaratlar, ustaxanalar, meshit, medrese, mavzoley, xonaqoh ha'm *ka'rwan saraylar* boy tikledi. Yendigiden bi'lay qalalar wonnan arti'q da'rwazalari' bar u'lken wo'nermentshilik worayi'na aylandi'.

Qalani'n' do'n'es jerine jaylasqan arkta a'dettegidey patshani'n' turatug'i'n jeri – *patsha sarayi', qazna,* mayda ten'geler sog'i'latug'i'n *zarbxana* ha'm *qamaqxana* bolg'an. Woni'n' worayi'nda *registan maydani', diywanlar, mekeme sarayi'*, sonday-aq a'mirzadalar (a'mirlerdin' a'wladlari'), saraydag'i' ko'rnekli adamlar, ruwxani'ylar, mu'lik iyesi diyqanzadalar ha'm bay- da'wletli sawdagerlerdin' saltanatli' *saraylari'*, qural-jaraq, a'sbap, yer-turman sog'atug'i'n *ustaxanalari'*, *wo'nermentshilik du'kanlari'* ha'm *sawda wori'nlar* jaylasqan.

**Samarqand**ta joqari' sapadag'i' *qag'az* islep shi'g'ari'latug'i'n yedi. **Shash** wo'zinin' *ko'nshilik (teri iyelewshilik) wo'nimleri* ha'm *teriden islengen zatlari'* menen, **Elok** bolsa *gu'mis* ha'm *qorg'asi'n ka'nleri* menen ja'ne *gu'mis ten'ge shi'g'aratug'i'n*



*ten'ge quyatug'i'n sarayi'* menen ati' shi'qqan yedi. **Xorezm**de qayi'q sog'i'wshi'li'q rawajlang'an yedi. Xorezm ha'm Termizde sog'i'lg'an qayi'qlar A'miwda'rya boylap tap Aral ten'izine shekem u'zliksiz zat tasi'p sawdagerlerdin' ju'gin jen'il, uzag'i'n jaqi'n qi'li'p woti'rg'an. Bul da'wirde qalalar menen bir qatarda awi'llar da ma'mlekettin' ekonomikali'q turmi'si'nda u'lken wori'ng'a iye yedi. Buxarani'n' **Zandana awi'li'n**da toqi'lg'an sari' ren'degi bo'z «*zandanashi'*», Samarqandti'n' **Vador awi'li'n**da tayarlang'an gezleme «*vadoriy*» atlari' menen Shi'g'i'sta belgili yedi.

### Ka'nshilik

Mawarawnnaxrdi'n' tawli' zonalari'nda a'yyem zamannan beri dawam yetip kiyati'rg'an ka'nshilik IX–X a'sirlerde wog'ada rawajlang'an yedi. Zarafshan ha'm **Ferg'ana alabi'** tawlari'nan *temir, qorg'asi'n, gu'mis, si'nap, mi's, qalayi', feruza, nashati'r* qazi'p ali'n'an. Ha'tteki Ferg'anadan sol waqi'tlarda-aq *tasko'mir* ha'm *neft* tabi'li'p paydalani'lg'an. Ka'nlerdin' jani'nda rudalardi' yeritip metall ali'wshi' temirshiler ha'm ka'nshi'lerdin' awi'llari' bolg'an. **Elok** wa'layati' *gu'mis* ha'm *qorg'asi'n*lardi' qazi'p ali'wdi'n' iri woraylari'nan biri yedi.

### Ishki ha'm si'rtqi' sawda

IX–X a'sirlerde ma'mlekette ishki ha'm si'rtqi' sawda ken'eydi. A'yyemgi ka'rwan joli' boylap qudi'qlar qazi'li'p, ha'r bir toqtaw worni'nda *rabotlar* sali'nadi'. Ka'rwanlar wo'tetug'i'n qala ha'm awi'llarda *ka'rwansaraylar* quri'ladi'.

Arqa jol arqali' Qubla Sibir ha'm Mong'olstang'a Mawarawnnaxrdi'n' qala ha'm awi'llari'nan bo'z, kiyim-kenshek, yerturman, qi'li'sh, i'di's-a'sbap, zergerlik buyi'mlari', da'ri-darmaq, qurg'ati'lg'an miywe, gu'nji ha'm zi'g'i'r maylari' ha'm basqa da sog'an qusag'an zatlar ali'p bari'lg'an. Sibirden ha'r qi'yli' tu'rdegi qi'mbat bahali' mami'q ju'nli teriler, sharwashi'li'q zatlari' ha'm sharwashi'li'q wo'nimleri ali'p kelingen. Ali'mlardi'n' ayti'wi'nsha, VII–IX a'sirlerde Qi'tay menen bolg'an sawdada *shay, jipek gezlemeler, duz* ha'm *at* tiykarg'i' wori'nda turg'an. Ha'r bir at Qi'tay bazari'nda (tobi' 12,8 metrli) 50 woram jupek gezlemege *ayi'rbaslaw* (barter) qi'li'ng'an. Shaydi'n' bahasi'nda ha'r bir atti'n' bahasi' 56 kg joqari' sortli' shayg'a ten' bolg'an. Bir neshshe «*jin*» (600 g) chayg'a bir bas qoy almasti'ri'lg'an.

**VII–VIII a'sirler**de *shay* tiykarg'i' import wo'nimlerinen birine aylang'an. Qi'taysha «*cha*» yamasa «*ming*» dep atalg'an

jag'i'mli' iyisli *chay wo'simligi* ha'm woni'n' selekciyasi' bul da'wirde Shi'g'i's Tu'rkstan arqali' Tu'rkstan jerine son'i'nan basqa ma'mleketlerge ken' tarqali'p, xali'qti'n' turmi'si'nda ku'ndelikli qollani'li'p sho'ldi qandi'ratug'i'n ishimlikke aylang'an.



**Samaniylerden Abdulmalik ibn Nux ten'gesi. Samarqand. 961–962-jıllar.**

Itil, Xazar ha'm Bulgarlar jerine Mawarawnnaxr ha'm Xorezmnen gu'rish, qurg'aq miyweler, mazali' zatlar, duzlang'an bali'q, paxta, shayi' gezlemeler, mawi'ti', parsha ha'm gilemler ali'p bari'p sati'lg'an. Bulgarlar jerine ha'm Xazardan qi'mbat bahali' mexlar, shamlar, biyik qalpaqlar ali'p kelingen.

## Pul

Ishki bazarlarda «*fals*» dep atalg'an mi's pul, xali'q arali'q sawda-satli'qta bolsa gu'mis ten'ge – *dirhamlar* paydalani'latug'i'n yedi. Mi's pullardi' worayli'q hu'kimet te, sonday-aq dinastiya ag'zalari'nan bolg'an bazi' bir wa'layat ha'kimleri de shi'g'aratug'i'n yedi. Gu'mis ten'geler tek hu'kimet basli'g'i'ni'n' ati'nan **Mari', Samarqand, Buxara** ha'm **Shash**ta ma'mlekettin' ten'ge quyatug'i'n saraylari'nda g'ana quyi'latug'i'n yedi. Samaniyler «*ismailiy*», «*muxammadiy*» atlari' menen ju'rgizilgen bir neshshe gu'mis dirhamlar shi'g'arg'an yedi. Wolardi'n' ishinde «*ismailiy*» ten'gesi joqari' sapali' sap gu'misten quyi'li'p, wol tiykari'nan xali'q arali'q sawda baylani'slari'nda paydalani'lg'an.

1. Samaniyler da'wirinde awi'l xojali'g'i'ni'n' qaysi' tarawlari' rawajlandi'?
2. Wo'nermentshiliktin' qaysi' tu'rleri rawajlang'an?
3. Samaniylerdin' pul birlikleri haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
4. Ka'nshilikte qanday metallar qazi'p ali'ng'an?
5. Ishki ha'm si'rtqi' sawda haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
6. Tu'rkstanda shay qashannan baslap qollani'la baslag'an?

## 16-§. IX–X A'SIRLERDE JER-MU'LIK QATNASI'QLARI'. SAMANIYLER HA'KIMIYATI'NI'N' I'DI'RAWI' G'AZNAWIYLER MA'MLEKETI.

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***Mu'lki sultaniy; Mu'lik jerleri; Mu'lki xos; Samaniyler ha'kimiyati'ni'n' i'di'rawi'.***

**Jer iyeliginin' tu'rleri**

Samaniyler hu'kimdarli'g'i' da'wirinde jer iyeliginin' **«mu'lki sultaniy», «mu'lik jerleri», «waqi'm jerleri», «mu'lki xos»** ha'm **«ja'ma'a't jerleri»** dep atali'wshi' 5 tu'ri bar bolg'an.

Joqari' ma'rtebeli ruwxani'ylar ha'm seyitlerdin' qol asti'ndag'i' jerler **«mu'lki xos»** dep atalg'an. Bunday imkaniyatqa iye bolg'an mu'lik iyeleri ma'mleketke ko'binese hasi'ldi'n' 1/10 yesabi'nda *«u'sir»* sali'g'i'n g'ana to'legen. Hu'kimdar dinastiya ha'm joqarg'i' qatlam wa'killerine ma'mleket aldi'ndag'i' xi'zmetleri ushi'n sawg'a yetilgen jerler – **mu'lki i'qta** jerleri dep atalg'an.

**I'qta mu'lki**

**X a'sir**de iri ha'meldarlardi'n' ma'mleket aldi'ndag'i' xi'zmetleri ushi'n jer ha'm suwdan ibarat u'lken-u'lken mu'likler berile baslaydi'. Bunday mu'lik «i'qta», wog'an iye bolg'an mu'lik iyeleri **«muqta»** yamasa **«i'qtadar»** dep ayti'lg'an. I'qta tu'rinde bolsa ayi'ri'm wa'layat yamasa qalalar ha'm rayonlar sawg'a yetilgen. I'qta yen' da'slep tiykari'nan joqarg'i' qatlamdag'i' hasi'lzadalarg'a: dinastiya ag'zalari'na – a'mirlerdin' a'wladlari'na ha'm iri ha'meldarlarg'a inam yetilgen. I'qta mu'likleri da'slep wo'mirlikke yemes, al belgili mu'ddetke berilip, na'silden-na'silge qaldi'ri'lmag'an. I'qtadarlar sawg'ag'a berilgen aymaqlarda jasawshi' xali'qtan ali'natug'i'n sali'qlardi'n' belgili bo'limin ji'ynap ali'w huqi'qi'na iye bolg'an.

Bulardan basqa, awi'l ja'ma'a'tlerinin' sorami'nda da belgili ko'lemdegi jer maydanlari' saqlani'p, wolar **«ja'ma'a't jerleri»** boli'p yesaplang'an. Wolar tiykari'nan suwg'ari'lmag'an ha'm taw aldi' jerlerinen ibarat yedi.

**Barzikar – qosshi'lar**

IX–X a'sirlerde u'lken jer iyeleri kedi-verlerdi jumsawdan ko're, wo'z jerlerin awi'l ja'ma'a'tinin' jerleri az ag'zalari'na ijarag'a beriwdi abzal ko'rdi. Sol zamanda i'jarashi'lar **«barzikar»** ya'ki «qosshi'lar» dep atalatug'i'n yedi. Barzikar-qosshi'lardi'n' sheriklikke yekken jerlerden alatug'i'n u'lesi ha'r tu'rli yedi. Yeger barzikar wo'zi

tuqi'm tawi'p ha'm wo'zinin' qosi' menen diyqanshi'li'q qi'lsa, woni'n' u'lesi hasi'ldi'n' 1/3, 1/4, yamasa 1/5 mug'dari'nda belgilenetug'i'n yedi. Qos wo'giz ha'm tuqi'mdi' taba almag'an qos aydawshi'lar hasi'ldi'n' 1/10 yamasa 1/12 u'lesine iye bolatug'i'n yedi. Ma'mleketlik sali'qlar (xiraj ha'm u'sir) jer iyesinen de, qos aydawshi'lardan da bo'lek-bo'lek ali'natug'i'n yedi.

**Samaniyler ha'kimiyati'nin' qulawi'**

Samaniylerdin' a'skeriy atlani'slari', hu'kimdar dinastiyani'n' ishki ja'njelleri, jergilikli ha'kimlerdin' wo'zbasi'mshali'q ha'reketleri barg'an sayi'n ha'wij ali'p bardi'. Na'tiyjede ma'mlekette ekonomikali'q shiyelenisiw kelip shi'qqan yedi. Ha'tteki, a'skeriy xi'zmetkerlerge de, soni'n' ishinde a'mirdin' tu'rk gvardiyasi'na da ayli'q to'lew ushi'n qa'rejet taba almay woti'ratug'i'n yedi. Bunday awi'r awhaldan shi'g'i'w ushi'n 942-ji'li' xali'qtan yeki ma'rtebe sali'q wo'ndirilip ali'ng'an. Bunday ta'rtipsizlikler ma'mlekette awhaldi' ja'ne de keskinlestirip, xali'qti'n' ha'r qi'yli' qatlamlari' ha'kimiyatqa qarsi' ko'terilis shi'g'ari'wi'na sebep boladi'.

**MAWARAWNNAXR (X—XI A'SIRLERDE)**



Siyasiy awhal **Nux** (943–954) ha'm woni'n' aqli'g'i' **Nux II** (976–997) hu'kimlik su'rgen da'wirde wog'ada keskin tu's aladi'. 947-ji'li' Nux ibn Nasrdi'n' tuwi'sqani' Ibrayi'm ko'terilis shi'g'aradi'. Saray a'skerleri ha'm Shag'aniyanni'n' iri jer-mu'lik iyesi bolg'an **A'biw A'liy Shag'aniy**di'n' ja'rdemi menen wol Buxara taxti'n iyelep aladi'.

Ko'p waqi't wo'tpey-aq A'biw A'liy Shag'aniy basshi'li'g'i'nda ko'terilis kelip shi'g'adi'. Nux ko'terilisti ku'sh penen basti'ra almaydi'. 952-ji'li' A'biw A'liy Shag'aniydi wol da'slep Shag'aniyang'a, son'i'n ala Xorasang'a ha'kim qi'li'p tayi'nlawg'a ma'jbu'r boladi'. 961-ji'li' Buxara jawi'nger a'skerlerinin' bas ko'teriwi boladi'. Ko'terilisshiler a'mirdin' sarayi'n talaydi' ha'm wog'an wot berip jiberedi. Bunday waqi'yalardi'n' tez-tez qaytalani'p turi'wi', so'zsiz, worayli'q ha'kimiyatti'n' ha'lsirep qalg'anli'g'i'nan derek beretug'i'n yedi.

## G'aznawiyler ma'mleketi

Ma'mlekette ju'z bergen awi'r da'wirde Samaniyler ma'mleketinin' tu'rk hajiblerinen ibarat saray gvardiyasi'ni'n' siyasiy abroyi' ju'da' ku'shli bolg'an. Sebebi a'skeriy ha'm qorg'ani'w jumi'slari' toli'gi' menen wolardi'n' qoli'nda yedi. Tu'rk sarkardalari'ni'n' xi'zmetleri yesabi'na samaniy a'mirleri ayi'ri'm qa'biletli la'shker basi'lardi' **Hajib-ul-hajib** yamasa **Hajib-ul-buzruk** si'yaqli' joqari' a'skeriy a'mellerge saylap, wolarg'a ha'tteki ayi'ri'm wa'layatlardi' basqari'w huqi'qi'n bergen. **962–963-jillar**da G'azna wa'layati'n **Ali'ptegin** nai'b ha'm la'shker a'miri si'pati'nda basqarg'an. Wol G'azna ha'm Qabi'l wa'layatlari'n wo'z betinshe basqari'wg'a umti'li'p, G'aznawiyler ma'mleketine tiykar salg'an. Usi' jas tu'rkiy ma'mlekettin' paytaxti' G'azna qalasi'nda payda bolg'an. G'aznawiylerdin' siyasiy abroyi' **Sobuqtegin** da'wirinde (977–997) arti'p, samaniyler ta'repinen ayti'p wo'tilgen. **Maxmud G'aznawiy** da'wirinde (997–1030) bolsa woni'n' shegarasi' ken'eyip, Shi'g'i'sti'n' yen' qudiretli ma'mleketlerinen birine aylang'an. Ma'mleket shegarasi' bati'sta Ray ha'm I'sfaxan qalalari', Kaspiy ten'izi, arqa-bati'sta Xorezm ha'm Aral ten'izine shekem sozi'lg'an. Shi'g'i'sta bolsa Arqa Hindstanni'n' u'lken bo'legin wo'z ishine alg'an ha'm Qubla Balujstang'a shekem jetken yedi. Samaniyler dinastiyasi' joq bolg'annan keyin, **Maxmud G'aznawiy** Xorasan aymag'i'n, son' Xorezm ma'mleketin (1017) wo'zinin' saltanati'na qosi'p alg'an. Biraq **Masud G'aznawiy** da'wirinde

(1030–1040) ma'mleket wa'layatlari' birinen son' biri qoldan shi'g'ari'li'p i'di'rap ketken. Aqi'betinde **1186-ji'l**i' G'aznawiyler ma'mleketi birotala tamam bolg'an.

### G'aznawiyler ma'mleketinin' basqari'w sistemasi'

G'aznawiyler ma'mleketlik du'zimi ha'm basqari'w sistemalari' a'welden rawajlani'p kiyati'rg'an tu'rkiy ma'mleketlik tiykari'nda quri'lg'an bolsa da, biraq wol wo'zine ta'n qa'siyetine iye yedi. Wa'zirlik sistemasi'nda a'skeriy, yelshilik ha'm arnawli' ma'resimler, qarji' ha'm xabarposhta diywanlar xi'zmet ko'rsetken. Wa'layat hu'kimdari' **wa'liy**, qala ha'kimi **basli'q** dep ayti'lqan. Wa'layat basqari'w isleri **amid**, qalalarda bolsa **kutvol** ta'repinen a'melge asi'ri'lg'an. Ma'mleket qudiretli armiyag'a iye yedi. Bas komandir – ***sipoxsolor***, la'shker basi' – ***solor***, a'skeriy bo'limler bolsa ***sarxan'*** dep atalg'an. Armiyada a'skeriy kemeler (da'rya ha'm ten'iz floti')de payda bolg'an.

### Ilim pa'n ha'm ma'deniyat

G'aznawiyler ma'mleketinde ilim-pa'n ha'm ma'deniyat, a'sirese a'debiyat rawajlang'an. Maxmud G'aznawiy tu'rkiy ana tili menen bir qatarda parsi', arab ha'm paxlaviy tillerin de toli'q bilgen, qosi'q jazg'an. Paytaxt sarayi'nda 400 den arti'q ali'm, shayi'r ha'm ko'rkem wo'ner sheberleri do'retiwshilik penen shug'i'llang'an. **A'biw Rayxan Beruniy, Nasi'r Xusraw, Gardiziy** ha'm **Bayhaqi'y** si'yaqli' ulli' woyshi'llar G'aznada jasag'an. **Beruniy** «*Qanuni Masudiy*», **Bayhaqiy** «*Tarixi masudiy*» miynetlerin sultan Masudqa bag'i'shlag'an. **Abi'l Qasi'm Firdavsiy** belgili «*Shahnama*» da'stani'n Maxmud G'aznawiyge usi'ng'an. G'aznawiyler ma'mleketinde quri'li's ha'm arxitekturag'a da itibar berilgen. G'azna, Balx, Nishapur, Loxur ha'm basqa qalalarda ko'plep medreseler, meshit, xanaqox ha'm saraylar quri'li'p, kitapxanalar iske tu'sken. Bag'-sharbaqlar quri'li'p, paytaxt G'azna qalasi' gu'llep jaynag'an.



1. Jer iyeliginin' qanday tu'rlerin bilip aldi'n'i'z?
2. Barzikorlar ha'm qos aydawshi'lar kimler yedi?
3. Diyqanlardi'n' social awhali' haqqi'nda ayti'p berin'.
4. Samaniyler ma'mleketinin' i'di'rawi'na ali'p kelgen sebeplerdi ayti'p berin'.
5. G'aznawiyler ma'mleketi haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
6. G'azna qalasi'nda do'retiwshilik qi'lg'an ali'mlar kimler?

## 17-§. QARAXANIYLER MA'MLEKETI HA'M MAWARAWNNAXR

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***Qaraxaniyler ma'mleketi; Mawarawnnaxrdi'n' iyeleniwi; Qaraxaniyler ma'mleketinin' bo'linip ketiwi; Ma'mleket basqari'wi'; Qaraxaniyler hu'jimi.***

Aziz woqi'wshi'! Siz **VIII a'sirdin' wortalari'**nda Jetisuw u'lkesinde du'zilgen Qarluqlar ma'mleketin yeslen'. **X a'sirdin' wortalari'**nda Qarluqlar I'ssi' ko'ldin' tu'slik jag'asi' ha'm Kashg'arda jasag'an *yag'ma* qa'wimi ha'mde wo'zlerinen arqashi'g'i'sta jasawshi' *chikil*, shi'g'i'srag'i'ndag'i' payda bolg'an *og'uz* ha'm basqa qa'wimler menen bir awqamg'a birlesti. Bul u'lken aymaqta a'weli **«Xokoniya u'lkesi»** dep atalg'an ma'mleket du'zilgen. Usi' ma'mleket hu'kimdarlari' **«jabg'u»** dep ayti'lg'an atag'i'ni'n' worni'na wo'zlerin **«qaraxan»** yag'ni'y **«ulli'xan»** dep ataydi'. **XI–XII a'sirler**de **Xokoniya** rawaj tawi'p ku'sheygennen keyin, wol **«Qarluq-Qaraxaniyler»** ma'mleketi atag'i'n alg'an. Usi' iri ma'mleket qatar qa'wimler awqami' tiykari'nda du'zilgeni sebepli hu'kimdarlari' ***«ari'slanxan»***, ***«bug'raxan»*** ha'm ***«tamg'ashxan»*** dep atalg'an. Bul u'sh atama joqari' da'rejeli hu'kimdar ma'nisin an'latqan. Ulli'li'q qa'dimde tu'rk xali'qlari'nda ***«qara»*** so'zi menen si'patlang'an. Sol sebepten taxtta woti'rg'an ari'slanxan, bug'raxan ha'm tamg'ashxanlar «qaraxan» dep yesaplang'an. Wolar basqarg'an ma'mleket bolsa tariyxta keyinirek belgi si'pati'nda **«Qaraxaniyler ma'mleketi»** ati' menen abi'rayg'a iye bolg'an.

**Qaraxaniylerdin' Mawarawnnaxrg'a hu'jimi**

**992-ji'li'** **Xarun Bugraxan** basshi'li'g'i'ndag'i' qaraxaniyler Mawarawnnaxrg'a qarap hu'jim baslaydi'. Bul da'wirde samaniyler dinastiyasi' teren' ishki qi'yi'nshi'li'qlar girdabi'na tu'sip qalg'an yedi.

Qaraxaniyler Buxarani' qarsi'li'qsi'z basi'p aladi'. **Nux ibn Mansur** qaraxaniylerge qarsi' gu'resiw ushi'n G'aznadag'i' nayi'bi' – **Sabuqtakindi** ja'rdemge shaqi'radi'. Jigirma mi'n'li'q la'shker menen wol Mawarawnnaxrg'a jetip keledi. Nux penen birlesip, bir neshe sawashlardan son' qaraxaniyler a'skerleri tastalqan yetiledi. Buni'n' worni'na Nux Sabuqtakindi Xorasanni'n' nayi'bi' yetip tayi'nlaydi'. Na'tiyjede G'azna ha'm Xorasanda Sabuqtakin ha'm woni'n' uli' Maxmudti'n' siyasiy hu'kimdarli'g'i' bekkemlenedi.

**996-ji'l**i' qaraxaniyler Mawarawnnaxrg'a qaray ja'ne hu'jim baslaydi'. Usi'nday awi'r sharayatta qi'yanet ju'z beredi. Yag'ni'y Sabuqtakin la'shkerleri Buxarani' iyeleydi. Son'i'n ala wol qaraxaniyler menen so'ylesiwler ju'rgizedi. Na'tiyjede wolar wortasi'nda sha'rtnama du'zilip, wog'an muwapi'q Si'rda'rya basseyini qaraxaniylerdin' qoli'na wo'tedi. Sabuqtekin bolsa A'miwda'ryadan qubladag'i' jerlerge, sol yesaptan Xorasang'a hu'kimdar boli'p aladi'. Samaniylerge Mawarawnnaxrdi'n' worayli'q bo'legi g'ana beriledi. Biraq, ko'p waqi't wo'tpey **999-ji'l**i' Buxarani'n' **Nasi'r Elakxan** bashi'li'g'i'nda qaraxaniyler ta'repinen basi'p ali'ni'wi' menen samaniyler hu'kimdarli'g'i' tamam boldi'.

### Qaraxaniyler ma'mleketinin' yekige bo'liniwi

Qaraxaniyler yendi Xorasandi' da wo'z ma'mleketine qosi'p ali'w ushi'n ha'reket qi'ladi'. Aradan ko'p waqi't wo'tpey qaraxaniyler menen g'aznawiylerdin' wortasi'nda g'ajja-g'aj uri'slar baslanadi'. **1006-ha'm 1008-ji'llar**i' qaraxaniyler Xorasanni'n' u'stine yeki ma'rtebe la'shker tarti'p baradi'. Biraq, **Maxmud G'aznawiy** qaraxaniylerge soqqi' berip, Xorasandi' wo'z ma'mleketinin' sorami'nda saqlap qali'wg'a yerise aladi'.

Bul da'wirde seljukiyler g'aznawiylerge qa'wip sala baslaydi'. Seljukiyler menen qatti' gu'res baslanadi'. Bunnan paydalang'an qaraxaniylerdin' jergilikli hu'kimdari' **Ibrayi'm Buritakin 1038-ji'l**i' A'miwda'rya boyi'ndag'i' wa'layatlari' – **Xuttalon, Vaxsh** ha'm **Shag'aniyan**di' g'aznawiylerden tarti'p aladi'. Aradan ko'p waqi't wo'tpey-aq wol Mawarawnnaxrdi' ha'm Ferg'anani' wo'zine bag'i'ndi'ri'p, g'a'rezsiz siyasat ju'rgize baslaydi'. Na'tiyjede qaraxaniyler yeki g'a'rezsiz ma'mleketke bo'linip ketedi. Birinshisi paytaxti' **Balasag'un**da bolg'an **Shi'g'i's qaraxaniyler**, yekinshisi worayi' **Samarqand**ta bolg'an **Mawarawnnaxrdag'i' Qaraxaniyler ma'mleketi** yedi. Ibrayi'm Buritakin «*bugraxan*» atag'i'n alg'an.

### Ma'mleketti basqari'wi'

Qaraxaniyler ma'mleketti wa'layatlarg'a bo'lip basqaratug'i'n yedi. Wolardi' **elakxan** ha'm **takin** (yamasa tegin)ler dep atag'an. Wa'layat ha'kimleri tek g'ana qaraxaniyler shan'arag'i'ni'n' elakxan atag'i'na miyassar bolg'an ag'zalari'nan saylanatug'i'n yedi. Elakxanlar wo'zlerinin' atlari'nan mayda ten'gelerdi quyi'p shi'g'aratug'i'n ham wa'layatlardi'n' g'a'rezsizligi

ushi’n umti’latug’i’n yedi. Mawarawnnaxrdi’n’ elakxani’ qaraxaniylerdin’ elakxanlari’ni’n’ arasi’nda u’lken abi’rayg’a iye yedi. Wol Samarqandtag’i’ taxtqa woti’rg’an. Wa’layatti’n’ basqari’w ha’kimshiliginde samaniyler da’wirindegidey wa’zirler, iri jer iyeleri, mustavfiyler (finans wa’ziri) xi’zmet qi’latug’i’n yedi. Qalalar bolsa qala ha’kimi, basli’qlar ta’repinen basqari’latug’i’n yedi. Qaraxaniyler ma’mlekette wo’z hu’kimdarli’g’i’n bekkemlewde musi’lman ruwxani’ylari’ menen jaqi’n ha’m dosli’q qatnasi’qlar wornatadi’. Bul da’wirde imamlar, saydlar, shayi’qlar ham sadrlarg’a itibar ku’sheyip, wolardi’n’ abi’rayi’ ha’r qashang’i’dan da ba’lent ko’teriledi.

Qaraxaniy hu’kimdarlari’ bul da’wirde yele woti’ri’qshi’ turmi’sqa wo’tpegen bolsa da, diyqanshi’li’q oazislerin ha’m qalalardi’n’ ma’deniy a’hmiyetin jaqsi’ an’laytug’i’n yedi. Wolar **Balasag’un, Qashg’ar, Taraz, Wo’zgen, Samarqand** ha’m **Buxara** si’yaqli’ qalalardi’ ma’mlekettin’ yamasa wa’layatti’n’ paytaxti’na aylandi’ri’p, qalalar menen baylani’s wornati’wg’a ha’reket qi’latug’i’n yedi.

## Qaraqi’taylar hu’jimi

Siyasiy jaqtan barg’an sayi’n ha’lsirep barati’rg’an Qaraxaniyler ma’mleketi wo’zinin’ da’slepki awhali’nan ayi’ri’li’p, seljukiylerdin’ qi’si’mi’na ushi’radi’ ha’m wog’an g’a’rezli boli’p qaldi’. **XII a’sirdin’ 30-ji’llari’ni’n’ aqi’ri’**na kelgende Qaraxaniyler ma’mleketi shi’g’i’stan kelgen jan’a jawlap ali’wshi’lar – ko’shpeli **qaraqi’taylar**di’n’ (mong’ollarg’a ta’n qa’wim) hu’jimine duwshar boldi’.

**Go’rxan** Balasag’un qalasi’n Qaraqi’taylar ma’mleketinin’ paytaxti’na aylandi’rg’an.

Jetisuwg’a jaylasi’p alg’an qaraqi’taylar tez arada Si’rda’ryani’n’ wortan’g’i’ ag’i’si’na qarsi’ a’skeriy atlani’si’n baslaydi’. Wolardi’n’ jawi’nger la’shkerleri da’slep Shash ha’m Ferg’anag’a, son’i’n ala Zarafshan ha’m Qashqada’rya wa’layatlari’na basi’p kiredi. **1137-ji’li**’ wolar **Xojend** qalasi’ni’n’ jani’nda qaraxaniylerdi’n’ elakxani’ **Maxmud**qa qatti’ soqqi’ beredi. Wo’z ara kelisim du’zilip, qaraxaniylerden ko’p mug’dardag’i’ to’lem alg’annan keyin, wolar wo’z jurtlari’na qayti’p ketedi. Biraq kelisim uzaqqa sozi’lmaydi’. Aradan to’rt ji’l wo’tkennen keyin wolar ja’ne Mawarawnnaxrg’a atlani’s jasaydi’. **1141-ji’li**’ boli’p wo’tken uri’sta qaraqi’taylar jen’edi. Na’tiyjede Qaraxaniyler ma’mleketi joq boladi’.

1. Qaraxaniyler ma'mleketi qalay du'zildi?
2. Qaraxaniylerdin' Mawarawnnaxrg'a hu'jimi haqqi'nda ayti'p berin'.
3. Qaraxaniyler ma'mleketinin' yekige bo'liniwi qalay ju'z berdi?
4. Qaraxaniylerdegi ma'mleketti basqari'w qalay du'zilgen yedi?
5. Qaraqi'taylardi'n' hu'jimi qaysi' wa'layatlardan baslandi'?

## 18-§. XI–XII A'SIRLERDE SOCIAL-EKONOMIKALI'Q TURMI'S

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***«Diyqan» atamasi'ni'n' jan'a mazmuni'***

**Awi'l xojali'g'i'ndag'i' awhal**

XI a'sirde Mawarawnnaxrg'a kirip kelgen ko'shpeli sharwalar diyqanshi'li'q maydanlari'n basqi'lap, ayaq asti' qi'ladi'. Wotlaq jerlerge ha'm jaylawlarg'a aylandi'ri'lg'an yegislik jerler qaraxaniyler shan'arag'i'ni'n' tayani'shi' yesaplang'an qa'wimlerdin' tiykarg'i' mu'lkine aylandi'ri'ladi'.

Jergilikli mu'likke iye diyqanlar menen ko'shpeli sharwalardi'n' wortasi'nda qarama-qarsi'li'q ku'sheyip, diyqanlarg'a qarsi' gu'res keskin tu's aladi'. Qaraxaniylerdin' qi'si'mi'ni'n' aqi'betinde mu'likke iye diyqanlar jan saqlaw maqsetinde wo'z jerlerin taslap ketiwge ma'jbu'r boladi'.



**Buxara. Minorai Kalon. XII a'sir.**

Qaraxaniyler hu'kimdarli'g'i' da'wirinde jergilikli mu'likke iye diyqanlar jer-suw mu'liklerinen ja'ne ma'mlekette tutqan siyasiy abi'rayi'nan ayri'li'p, ja'miyet turmi'si'nda wo'zinin' aldi'n'gi' worni' ha'm a'hmiyetin pu'tkilley joq qi'ladi'.

**I'qta jerlerinin' ken'eyiwi**

XI a'sirden baslap jerden paydalani'wda *i'qta tartibati'* ju'da' ken' jayi'ladi'. Qaraxaniyler ta'repinen hu'kimdar dinastiya wa'killerinen basqa, joqari' da'rejeli a'skeriyler, ma'mleketlik ha'kimshilik xi'zmetkerlerine ha'm jergilikli hasi'lzadalarg'a ja'ne u'lken-u'lken jer maydanlari' i'qta tu'rinde sawg'a yetiledi. I'qta ta'rtibi qaraxaniyler ushi'n bag'i'ndi'ri'lg'an ma'mleketlerdin'

xali'qlari'nan tiyisli sali'qlardi' wo'ndiriw basqari'wdi'n' yen' qolayli' tu'ri boli'p yesaplang'an.

Solay yetip, **XI—XII a'sirler**de Mawarawnnaxrda ha'm Xorasanda **i'qta** jerleri ken'eyip, mu'likshiliktin' tiykarg'i' tu'rlerinin' birine aylanadi'.

Bul da'wirge kelip musi'lman ruwxani'ylari'na bolg'an itibardi'n' ku'sheyiwi ha'm ma'mlekettegi wolardi'n' siyasiy ta'sirinin' barg'an sayi'n arti'p bari'wi' menen waqi'm (vaqf) jerler de bir qansha ko'beyedi.



*** XI—XII a'sirlerde «diyqan» degen tu'sinik wo'zinin' «awi'l ha'kimi» dep an'lati'wshi' ma'nisin jog'altti'.**

Bul da'wirde barzikarlar yerte worta a'sirlerdegi kediverlerge qarag'anda azat yesaplang'an bolsa da, biraq wolardi'n' moyni'na ma'mleket ta'repinen tu'rli sali'qlar ha'm ha'r qi'yli' minnetlemeler ju'klengen yedi. Suwg'ari'w tarmaqlari', ton'i'rtqalar, jollar ha'm qorg'anlardi' quri'w ha'm wolardi' won'law islerinde wolardi'n' qatnasi'wi' sha'rt yedi.

### Qalalar, sawda h'am wo'nermentshilik ma'helleleri

XI—XII a'sirlerde qalalar ken'eyedi, xalqi'ni'n' sani' ko'beyip, wolar ja'ne de ti'g'i'zlasadi'. **Samarqand, Buxara, Termiz, Wo'zgen, Tashkent** si'yaqli' qalalar ishki ha'm si'rtqi' sawda ushi'n ha'r qi'yli' wo'nermentshilik wo'nimlerin islep shi'g'aratug'i'n ja'ne mayda ten'gelerdin' ja'rdemi menen ali'p bari'latug'i'n bazar sawdasi'ni'n' worayi'na aylanadi'. Qalalardi'n' worayi'nda da'bdebeli saraylar, meshit, medrese, minara ha'm monshalar usag'an ko'plegen monumental imaratlar boy tikleydi. XI—XII a'sirdin' si'rlang'an jalti'rati'lg'an ha'm bo'rttirip nag'i'slang'an gu'lal i'di'slari' ha'm tabaqlari', ren'li shiyshe buyi'mlari', nag'i'slang'an mi's i'di'slari' wo'zinin' ha'r qi'yli'li'g'i' ha'm joqari' da'rejedegi ko'rkemligi menen aji'rali'p turadi'.

Wo'nermentshiliktin' rawajlani'wi' ja'ne ishki ha'm si'rtqi' sawdani'n' ken'eyiwi menen bazar sawdasi'nda pulg'a talap artadi'. Na'tiyjede gu'mis ha'm mi'stan ko'plegen qara baqi'r (mayda) ha'm ten'geler quyi'li'p shi'g'ari'ladi'. Sol waqi'tlari' **Balasag'un, Taraz, Wo'zgen, Tashkent, Samarqand, Buxara** ha'm basqa qalalarda pul islep shi'g'aratug'i'n ten'ge quyatug'i'n ten'ge saraylari' bolg'an.

1. «Diyqan» degen tu'sinik ne ushi'n wo'zinin' aldi'n'g'i' ma'nisin joyi'tti'?
2. Jer iyeligi haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
3. I'qta ta'rtibi haqqi'nda ayti'p berin'.
4. XI–XII a'sirlerdegi tovar, pul qatnasi'qlari' qanday yedi?

## 19-§. XOREZM MA'MLEKETI HA'M WONI'N' RAWAJLANI'WI'

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***G'a'rezsizlik ushi'n gu'res; Xorezmshahlar ma'mleketi; Ishki qarama-qarsi'li'qlar***

**Xorezmshahlar ma'mleketi** IX–X as'rlerde **taxiriy, saffariy** ha'm **samaniyler** qol asti'nda bolg'an. **X a'sir aqi'rlar**i'nda Xorezm ekonomikali'q jaqtan ja'ne tez rawajlana baslag'an. Xa'sirdin' aqi'ri'nda VIII a'sir baslari'nda u'sh qalani'n' sani' woti'z yekige jetken. X–XI a'sirlerde Xorezm regioni'ndag'i' iri sawda woraylari'nan birine aylang'an. Xorezm sawdagerleri, sharwalar (ha'zirgi Tu'rkmenstan ha'm Qazaqstan) ja'ne I'til (Volga) boyi'ndag'i' **Xazar** ha'm **Bulg'ar patshali'qlari'**, sonday-aq Shi'g'i's Yevropani'n' **slavyan xalqi'** menen sawda-sati'q ali'p barg'an. Sawda baylani'slari'ni'n' ken'eyiwinde a'sirese **Gu'rgenish** (U'rgenish) u'lken rol woynag'an. Woni'n' ha'kimi **«Gu'rgenish miri»** ati' menen ulli'lang'an.

**995-ji'l**i' Gu'rgenish miri **Mamun ibn Muxammed** Kat qalasi'n basi'p ali'p, Xorezmnin' yeki bo'legin birlestirdi ha'm Xorezmshah atag'i'na yeristi. Solay yetip afrig'i'ylar dinastiyasi' joq boli'p, mamuniyler hu'kimdarli'g'i' baslandi'. Go'ne **U'rgenish** Xorezmshahlar ma'mleketinin' paytaxti'na aylandi'. Qi'sqa waqi't ishinde mamuniyler Xorezmshahlar ma'mleketin social, siyasiy, ekonomikali'q ha'm ma'deniy ta'repten rawajlandi'rdi'. Ma'mleket *wa'layat, qala* ha'm *awi'llar*g'a ajrati'lip basqari'ldi'.

Xorezmshah ma'mlekettin joqari' ha'm pu'tkilley ha'kimi yesaplanatug'i'n yedi. Gu'rgenishte shah sarayi' worayli'q basqarma – diywanxana du'zildi. Woni'n' ishinde zu'ra'a't, sawda-sati'q, qarji', sali'q, qala ha'm awi'llarda ti'ni'shli'qti' saqlaw ushi'n a'skeriy jumi'slar menen shug'i'llanatug'i'n mekemeler islep turg'an. Ma'mlekettin' yen' joqari' lawazi'mlari'nan biri wa'zirlik – *xojayi buzruk* atag'i'na iye bolg'an. Wol diywanxana jumi'slari'na juwapker bolg'an. A'skeriy atlani'slar waqti'nda hu'kimdar ati'nan ma'mleketti basqarg'an.

Mamuniyler da'wirinde Xorezmde ilim-pa'n ha'm ma'deniyat rawajlani'p, Mamun akademiyasi — **«Dorul hikma ha'm bilimlendiriw»** («Bilimdarli'q ha'm bilimlendiriw u'yi») du'ziledi. Bul jerde ulli' ali'mlar izertlewler ali'p barg'an, wo'zlerinin' jan'ali'q ha'm miynetleri menen Xorezmshahlar ma'mleketinin' abi'rayi'n joqari' da'rejege ko'tergen. Biraq, bul ma'deniy joqari'law uzaq dawam yetpegen.

### G'a'rezsizlik ushi'n gu'res

**1017-ji'l**i' Maxmud G'aznawiy ta'repinen basi'p ali'ni'p, wo'z g'a'rezsizliginen ayi'ri'lg'an Xorezm, aradan ko'p waqi't wo'tpey (1040) Seljukiyler ma'mleketine qarasli' boli'p qaladi'. Seljukiylerdin' hu'kimdari' **Ma'likshah** wo'z xi'zmetkerlerinen **Anushtakindi** Xorezmge nayi'b yetip sayladi'. Anushtakin du'nyadan wo'tkennen son' Xorezmde woni'n' miyrasxori' **Qutbiddin Muxammed (1097—1127)** nayi'bli'q qi'ladi'. Wol «xorezmshah» atag'i'n tiklep, bunday jan'g'i'rg'an at penen ulli'lansa da, Seljukiyler ma'mleketinin' sadi'q nayi'bi' boli'p qala bergen yedi. Xorezmnin' g'a'rezsizligi Qutbiddin Muxammedtin' balasi' **Atsi'z** (1127—1156) ati' menen baylani'sli'.

Yen' da'slep Atsi'z tu'rkmen ha'm qi'pshaqlardi' wo'zine boysi'ndi'radi'. Xorezm menen ekonomikali'q jaqtan baylani'sli' bolg'an Si'rda'ryani'n yetekleri ha'm Man'g'i'shlaq yari'm atawi'n iyeleydi. Atsi'z Kaspiy ten'izi boylari'nan Si'rda'ryani'n worta ag'i'mi'na shekem bolg'an jerlerde Xorezmshahlar ma'mleketinin' tiykarin saladi'.

### Xorezmshahlar ma'mleketinin' du'ziliwi

Atsi'zdi'n' siyasati'n woni'n' miyrasxorlari' **Yelari'slan (1156—1172), Sultanshah Maxmud (1172)** ha'm **Takash (1172—1200)** dawam yettiredi. XII a'sirdin' yekinshi yari'mi'nda Mawarawnnaxr ha'm Xorasanda siyasiy awhal ja'ne de keskinlesedi. **1153-ji'l**i' **Sultan Sanjarg'a** qarsi' ko'shpeli og'uzlar bas ko'teredi. Buni'n' aqi'betinde Seljukiyler ma'mleketi keskin soqqi'g'a ushi'rap, bo'leklenip ketedi.

Yen' da'slep wonnan **Kishi Aziya** ha'm **Kerman** bo'linip ketedi. Son'i'n ala Parsi', A'zerbayjan ha'm Xorasan wa'layatlari' wo'z g'a'rezsizligin aladi'. Bunday siyasiy awhalda, so'zsiz Xorezmnin' hu'kimdarli'q shegaralari' ken'eytilip, woni'n' g'a'rezsizligi ja'ne de bekkemlenedi. Xorezm ma'mleketi, a'sirese Atsi'zdi'n' aqli'g'i' Takash da'wirinde ju'da' ken'eyedi. **1187—1193-ji'llar**i' wol **Nishapur, Ray** ha'm **Mari'** qalalari'n basi'p aladi'. **1194-ji'l**i' bolsa seljukiylerdin' sultani' **Tog'rul**g'a qatti' soqqi' berip, Irandi' Xorezmge boysi'ndi'radi'.



## XOREZMSHAHLAR MA'MLEKETI






### Ma'mleket aymag'i'ni'n' ken'eyiwi

Takashtan keyin woni'n' balasi' **Alawitdin Muxammed**te **(1200–1220)** Xorezm ma'mleketin ken'eytiw siyasati'n dawam yettiredi. **1206-ji'l**dan baslap Mawarawnnaxrdi' qaraqi'taylarg'a g'a'rezlikten azat yetiwge kirisildi. **1210-ji'l**da Talas alabi'nda qaraqi'taylar jen'iliske ushi'radi'. Jetisuwg'a shekemgi jerler Xorezmshahlar ma'mleketi qaramag'i'na ali'ndi'.

**XIII a'sirdin' basi'n**da Xorezm ju'da' ken' maydandi' iyelegen ulli' ma'mleketke aylang'an yedi. Woni'n' arqa-bati's ha'm bati's shegarasi' Aral ha'm Kaspiy ten'izinin' jag'alari'nan baslap tu'slik-bati'sta Irakqa shekem bari'p jetken yedi. Qubla-shi'g'i's aymaqlari' G'azna wa'layati'nan, arqa-shi'g'i's shegarasi' bolsa, Jetisuw ha'm Deshti Qi'pshaqtan wo'tip ketetug'i'n yedi.

Shi'g'i'stag'i' bul u'lken ma'mlekettin' paytaxti' Go'ne **U'rgenish** qalasi' yedi. Muxammed Xorezmshah **«Iskandari soniy»** dep ulli'lang'an (Xorezmshah sarayi'nda 27 hu'kimdar ha'm wolardi'n' wa'killeri barqulla bag'i'ni'shli' halda bolg'an.

### Ishki qarama-qarsi'li'qlar

Ma'mleket Qaraqi'taylardi'n' zuli'mli'g'i'nan quti'lg'an bolsa da, miynetkesh xali'qti'n' awhali' jen'illespedi. Kerisinshe, xorezmshahlardi'n' a'skeriy atlani'slari', sali'q siyasati'ndag'i' ta'rtipsizlikler, a'mir ha'm ha'kimshilik xi'zmetkerlerinin' ja'birzuli'mli'qlari' ma'mleket puqaralari'ni'n' materialli'q awhali'n wog'ada awi'rlasti'rdi', xali'q xojali'g'i'n ja'ne de ha'lsiretti. Bul, so'zsiz, qala ha'm awi'l xalqi'ni'n' xorezmshahlarg'a qarsi' narazi'li'qlari'n ku'sheytip jiberdi. Na'tiyjede, **1210-ji'l**i' Woti'rar xalqi', **1212-ji'l**i' bolsa, samarqandli'qlar ko'teriliske shi'g'adi'. Muxammed Xorezmshah ko'terilisti reyimsizlik penen basti'radi'.

Wa'layat hu'kimdarlari'ni'n' ko'terilisleri, xali'qti'n' ko'plegen qatlamlari'ni'n' narazi'li'g'i', a'skerler arasi'nda ha'm sarayda jasi'ri'n til biriktiriwlerdin' ha'wij ali'wi' ma'mlekettin' turaqsi'zli'q jag'dayi'n ani'q ko'rseter yedi. Soni'n' ushi'n da, bul ma'mleket ko'p jasamadi'.

1. Xorezmnin' g'a'rezsizlik ushi'n gu'resleri ha'm woni'n' hu'kimdari' Atsi'z haqqi'nda ayti'p berin'.
2. Xorezmshahlar ma'mleketini'n' payda boli'wi' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
3. Ne ushi'n Xorezmshah «Iskandari soniy» dep ulli'lang'an?
4. Xorezmshahlar ma'mleketi ne ushi'n ha'lsirep qaldi'?

## 20-§. WORTA AZIYALI' WOYSHI'LLAR. ILIM-PA'NNIN' RAWAJLANI'WI'

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***«Bayt ul-hikma»; Ulli' ali'mlar; Arab tilinin' a'hmiyeti; Ha'dis; Kalam ilimi; Fiqh.***

### «Bayi't ul-hikma»

IX—XII a'sirlerde Mawarawnnaxr ha'm Xorasanda ju'z bergen siyasiy, social-ekonomikali'q wo'zgerisleri ma'mlekettin' ma'deniy turmi'si'na da ku'shli ta'sir yetti.

Mawarawnnaxr arablar ta'repinen basi'p ali'ng'annan keyin, qolg'a kiritken basqa ma'mleketlerdin' qatari'nda, bul u'lkede de tek islam dini g'ana yemes, al arab tili ha'm woni'n' imla-jazi'wi' da yengizildi. Sebebi, arab tili xalifali'qti'n' ma'mleketlik tili ha'm ilim tili boli'p ta yesaplanatug'i'n yedi. Sol yesaptan arab tilinin' worni' ha'm a'hmiyeti arti'p, woni' wo'zlestiriwge bolg'an umti'li'wshi'li'q ku'sheydi.

Arab tilin ha'm jazi'wi'n jaqsi'raq wo'zlestirip alg'an bilimliler payda boldi'. Bag'dad qalasi' Shi'g'i'sti'n' iri ilim ha'm ma'deniyat worayi' yedi. IX a'sirde bul qalada **«Bayt ul-hikma»** du'zilgen yedi. «Bayt ul-hikma»da u'lken kitapxana, Bag'dad ha'm Damashqta astronomiyali'q baqlaw ali'p bari'latug'i'n observatoriyalar bar yedi. Bul bilim beriw worayi'nda toplang'an ilim izlewshilerdin' izertlewleri menen bir qatarda a'yyemgi grek ha'm hind ali'mlari'ni'n' ilimiy miyraslari'n u'yreniw ha'm wolardi'n' shi'g'armalari'n arab tiline awdari'w menen shug'i'llanatug'i'n yedi. **Al-Xorezmiy, Axmet al-Ferg'aniy, Axmet al-Marvaziy, al-Abbaz Jawxariy ha'm Yahi'ya bin, A'biw Mansur** si'yaqli' Mawarawnnaxr ja'ne Xorasanli' ali'mlar shi'g'armalar do'retip, worta a'sirlerdegi ilim ha'm pa'nnin' rawajlani'wi'na u'lken u'les qosqan yedi.

### Muxammed ibn Musa Al-Xorezmiy

**Muxammed ibn Musa al-Xorezmiy** (783—850-ji'llarda jasap do'retiwshilik jumi'slar islegen) a'yyemgi Xorezm jerinde tuwi'li'p yer jetedi. Da'slepki sawat ashi'wdi' ha'm ha'r tu'rli tarawdag'i' bilimlerdi wol wo'z Ana-Watani' Xorezm ha'm Mawarawnnaxr qalalari'ndag'i' ko'plegen ustazlardan u'yrenip aladi'. Son'i'n ala wol xalifa Mamun zamani'nda (813—833) «Bayt ul-hikma»da basli'q si'pati'nda xi'zmet ko'rsetedi. Wol wo'z zamani'ni'n' ko'rnekli matematigi, astronomi' ha'm geografi' si'pati'nda ilimge u'lken u'les qosti'. Xorezmiy 20 dan aslam ilimiy shi'g'armalar jazdi'. Wolardan tek 10 shi'g'armasi'



Al-Xorezmiy.

g'ana bizge shekem jetip kelgen. Matematikag'a tiyisli miynetleri: **«Al-jabr val-muqobala»; «Hind yesabi' haqqi'nda»**; geografiyag'a tiyisli kitaplari' **«Kitob surat ul-arz»,** («Jer su'wreti»); astronomiyag'a tiyisli miynetleri «*Zij*» ha'm «*Usturlob penen islesiw haqqi'ndag'i' kitap*»; tariyxqa tiyisli shi'g'armalari' «*Kitob at-tariyx*», «*Evreylerdin' kalendari'* ha'm *bayramlari'n ani'qlaw haqqi'nda traktat*» atlari' menen atalg'an.

Ha'tte «*algebra*» atamasi' usi' kitapti'n' «*al-jabr*» dep ju'rgizilgen qi'sqasha ati'ni'n' da'l ko'rinisi yedi. Xorezmiydin' ati' bolsa matematika pa'ninde «*algoritm*» atamasi' tu'rinde wo'z ko'rinisin tapti'. Woni'n' «*Al-jabr*» shi'g'armasi' a'sirler dawami'nda a'wladlardi'n' qoli'nda jer wo'lshewde, jap-kanal qazi'wda, quri'li'sta, miyrasti' bo'listiriwde ha'm basqa da ha'r tu'rli yesaplawlar ha'm wo'lshew jumi'slari'nda xi'zmet yetti. Xorezmiydin' bul traktati' XII a'sirde-aq Ispaniyada lati'n tiline awdari'ladi' ha'm qayta islenedi. Xorezmiydin' arifmetikali'q traktati' hind sanlari'na tiykarlang'an wonli'q yesaplaw sistemasi'ni'n' Yevropada, qalaberse pu'tkil du'nyada tarqali'wi'nda u'lken a'hmiyetke iye boldi'. Solay yetip, watanlasi'mi'z Xorezmiy Al-jabrdi' g'a'rezsiz pa'n da'rejesine ko'terip, algebra pa'nine tiykar saldi' ha'm tariyxta wo'zinen wo'shpes iz qaldi'rdi'.

### Axmet al-Ferg'aniy

«Bayt ul-hikma»da xi'zmet ko'rsetken ali'mlardan ja'ne biri ulli' astronom, matematik ha'm geograf *Abi'l Abbas Axmet ibn Muxammed ibn Kasir al-Ferg'aniy* (797-865-ji'llarda jasap miynet yetken). Wol Ferg'ana alabi'ndag'i' Quva qalasi'nda tuwi'lg'anli'g'i' ushi'n Shi'g'i'sta *Al-Ferg'aniy*, Yevropada bolsa *Alfraganus* laqabi' menen dan'qi' shi'qqan. Wol astronomiya, matematika ha'm geografiya pa'nleri menen shug'i'llandi'. Bir qatar ilimiy ha'm a'meliy shi'g'armalar jazi'p qaldi'rdi'. Damashqtag'i' observatoriyada aspan denelerinin' ha'reketin ha'm worni'n ani'qlaw, jan'asha zij (astronomiyali'q tablica) do'retiw islerine basshi'li'q qi'ldi'. **832—833-ji'llar**i' Siriyani'n' arqasi'ndag'i' Si'njar sahrasi'nda ha'm ar-Raqqa arali'g'i'nda jer meridiani'ni'n' bir da'rejesinin' uzi'nli'g'i'n wo'lshewde qatnasti'.

**861-ji'l**i' Al-Ferg'aniy basshi'li'g'i'nda Nil da'ryasi'ni'n' jag'asi'na quri'lg'an a'yyemgi gidrometr — da'rya ag'i'si'ni'n' qa'ddin belgileytug'i'n **«Miqyas an-Nil»** quri'li'si' qayta tiklendi.

Bizin' da'wirimizge shekem Axmet Ferg'aniydi'n' segiz shi'g'armasi' saqlang'an boli'p, wolardi'n' arasi'nda «*Aspan ha'reketleri ha'm uli'wma astrologiya ilimi*» kitabi' da bar. Bul kitap XII a'sirde-aq lati'n ha'm yevrey tillerine awdari'li'p, tek g'ana musi'lman Shi'g'i'si'nda yemes, al Yevropa ma'mleketlerindegi astronomiya iliminin' rawajlani'wi'n baslap berdi. Yevropada belgili bolg'an ali'mni'n ati' XVI-a'sirde Woydag'i' kraterlerden birine berilgen.




**Axmet al-Ferg'aniy ha'ykeli. Ferg'ana qalasi'.**

G'a'rezsizlik ji'llari'nda Axmet al-Ferg'aniydin' bahali' ilimiy miyrasi' xalqi'mi'zg'a qaytari'ldi'. **1998-ji'l oktyabr**de ali'm Axmet al-Ferg'aniydin' tuwi'lg'ani'ni'n' 1200 ji'lli'g'i' belgilendi. Ferg'ana qalasi'nda Al-Ferg'aniy ati' menen bag' jarati'ldi' ha'm ulli' ali'mg'a mu'sin wornati'ldi'.

## Imam al-Buxariy

Du'nyali'q ilim ali'mlari' menen bir qatarda bul da'wirde islam ta'liymati'ni'n' rawajlani'wi' joli'nda mawarawnnaxrli' a'wliye ulamalardi'n' da xi'zmeti u'lken boldi'. Bul bag'darda a'sirese **Muxammed ibn Ismayi'l al-Buxariy** (810-870-ji'llarda jasap ilim do'retken) ha'm woni'n' zamanlasi' ja'ne sha'kirti **A'biw Iysa Muxammed at-Termiziy** (824-894-ji'llar)lerdin' u'lesi wog'ada ulli' boldi'.

**Imam al-Buxariy** islam ta'liymati'na tiyisli jigirmadan aslam shi'g'arma jazdi'. Woni'n' bir g'ana «*Al-jome as sahix*» shi'g'armasi'na 7275 ha'dis kirgizilgen.

**1998-ji'l**di'n' **oktyabr**inde ulli' ulama Imam al-Buxariydin' tuwi'lg'ani'na 1225 ji'l bolg'anli'g'i' ken' tu'rde belgilendi. Samarqandti'n' qasi'ndag'i' **Xartang** awi'li'nda «*Imam al-Buxariy yestelik kompleksi*» quri'ldi'. 4 tomli'q «*Al-Jomi as-sahix*» kitabi' yen' da'slep wo'zbek tilinde basi'li'p, kitap woqi'wshi'larg'a usi'ni'ldi'.



**Samarqandtag'i' Imam al-Buxariy yesteligi.**

*** Ha'dis (arabsha an'i'z, naqi'l) – Islam dininde Qurannan keyingi ulli' derek, Muxammed payg'ambar (s.a.v.)ni'n' do'retiwshiligi ha'm ko'rsetpeleri haqqi'nda toplang'an mag'li'wmatlardi'n' ji'yi'ndi'si'.**

## A'biw Mansur al-Moturidiy

Kalam iliminin' rawajlani'wi'na u'lken u'les qosqan ulli' ulama **A'biw Mansur al-Moturidiy** (870–944) Samarqandti'n qasi'ndag'i' Moturid awi'li'nda tuwi'ldi'. Al-Moturidiy islam ta'rbiyasi' qag'i'ydalari', ruwxi'y-ag'arti'wshi'li'qti' jetilistiriw si'rlari'nan ta'lim beriwge qarati'lg'an bir qatar shi'g'armalar jazg'an. Wolardan «*Kitob at-Tavhid*» («Allani'n' birligi») ha'm «*Ta'vilot ahl as-sunna*» («Sunniylik da'stu'rlerine sholi'w») atli' shi'g'armasi' g'ana saqlani'p qalg'an. Wolarda diniy ta'liymat islam u'rp-a'detleri insanni'n' kamal tabi'wi'nda, du'nya qarasi'ni'n' qa'liplesiwindegi a'hmiyeti so'z yetilgen. Al-Moturidiy 944-ji'li' Samarqandta du'nyadan wo'tken.



**A'biw Mansur al-Moturidiy yesteligi. Samarqand.**

G'a'rezsizlik sharapati' menen diniy u'rp-a'detlerimiz qayta tiklenip ati'rg'an Watani'mi'zda **2000-ji'li' noyabr**de Imam al-Moturidiydin' tuwi'lg'ani'ni'n' 1130 ji'lli'g'i' belgilendi. Samarqandta al-Moturidiy hu'rmetine bag'i'shlang'an yestelik kompleksi quri'ldi', shi'g'armalari' wo'zbek tilinde basi'p shi'g'ari'ldi'.

**Islam du'nyasi'nda «Musi'lmanlardi'n' isenimin du'zetiwshi» degen ulli' ataqqa iye boli'wi', bul insannin' u'lken aqi'lli'li'g'i'nan, bilimliliginen ha'm shi'damli'li'g'i'nan derek beredi.**

**Islam Karimov. «Joqari' ma'na'wiyat – jen'ilmes ku'sh»**

1. «Bayt ul-hikma» haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
2. Axmet al-Ferg'aniy ha'm Xorezmiydin'matematika iliminde tutqan worni' nelerden ibarat?
3. Imam al-Buxariy ha'm A'biw Mansur al-Maturidiylerdin' ilimiy miyrasi'ni'n' a'hmiyeti haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?

## 21-§. MAWARAWNNAXR HA'M XOREZMNIN' MA'DENIY TURMI'SI'NDA JAN'A DA'WIR (IX–XIII A'SI'R BASLARI')

**Ma'deniy ha'm ruwxi'y woyani'w**

IX a'sirdin' yekinshi yari'mi'nda xalifali'qti'n' hu'kimdarli'g'i' tamam boli'p, Samaniyler basqari'wi'ni'n' du'ziliwi menen ma'deniy turmi'sti'n' rawajlani'wi' ushi'n ken' jol ashi'ladi'. Mawarawnnaxrdi'n' ma'deniy turmi'si'nda woyani'w da'wiri baslandi'.

**Buxara, Samarqand, U'rgenish, Mari', Balx, Nishapur** si'yaqli' worayli'q qalalarda kitapxanalar, kitap du'kanlari' quri'lg'an. Mawarawnnaxr ha'm Xorezm du'nya ilimi ha'm ma'deniyati'ni'n' rawajlani'wi'na u'lken u'les qosqan ulli' dani'shpanlardi' wo'z bawi'ri'nda ta'rbiyalap ka'malg'a keltirdi.

**1004-ji'l** qa'liplesken **«Darul hikma ha'm ag'arti'wshi'li'q»** («Bilimdanli'q ha'm ag'arti'wshi'li'q u'yi») – «Mamun akademiyasi'»ni'n' tiykari'n A'biw Nasr ibn Irak (X a'sir –1034), **Abi'lxayr ibn Hammar** (991–1048), **A'biw Saxl Masixiy** (970–1011), **A'biw Rayxan Beruniy** (973–1048), **A'biw Ali ibn Sina** (980–1037) ha'm basqalar du'zgen.

**1017-ji'li'** Maxmud G'aznawiy Xorezmge basti'ri'p kirgen. «Darul hikma ha'm ag'arti'wshi'li'q»ti'n' xi'zmeti tamamlang'an, ali'mlardi'n' ko'pshiligi G'azna qalasi'na ma'jbu'riy ali'p ketilgen.

**1997-ji'l, 11-noyabr**de Wo'zbekstan Respublikasi' Prezidentinin' «Xorezm Mamun akademiyasi'n qaytadan sho'lkemlestiriw haqqi'nda»g'i' pa'rmani' shi'qti'. **2006-ji'l gu'z**de Respublikami'zda «Xorezm Mamun akademiyasi'»ni'n' 1000 ji'lli'g'i' belgilendi.

**A'biw Nasi'r Farabiy**

**A'biw Nasi'r Farabiy 873-ji'li'** Ari's da'ryasi'ni'n' Si'rda'ryag'a quyar jerinde jaylasqan Farab qalasi'nda tuwi'lg'an. Wol da'slep tuwi'lg'an qalasi'nda, son'i'n ala Samarqand, Buxara ha'm Bag'dadta bilim alg'an. Wo'mirinin' aqi'rlari'nda Xalab ha'm Damashq qalalari'nda jasag'an. Farabiy *ma'tematika, kosmografiya, medecina, muzi'ka, logika, filosofiya, til ilimi, ta'rbiya ilimi* ha'm *a'debiyat* tarawlari'nda do'retiwshilik qi'lg'an.


A'biw Nasi'r Farabiy.

Wol 160 tan aslam shi'g'arma jazi'p, worta a'sirlerdegi ilim ha'm ma'deniyatqa

u'lken u'les qosti'. Wolardi'n' arasi'nda «Aristoteldin' «*Metafizika*» *shi'g'armasi'na sholi'w*», «*Muzi'ka kitabi'*», «*Baxi't-saodatqa yerisiw haqqi'nda*», «*Janli' ta'biyat ag'zalari' haqqi'nda*», «*Pidayi' adamlar qalasi'*» ha'm basqa da ko'p g'ana shi'g'armalari' u'lken a'hmiyetke iye bolg'an. Farabiy Shi'g'i'sta Arastudan (Aristotel) keyingi iri woyshi'l–«*Muallimus-soniy*» ati' menen dan'qi'n shi'g'ardi'.

**A'biw A'liy ibn Sina**

**A'biw A'liy ibn Sina** 980-ji'li' Buxarag'a jaqi'n **Afshana** awi'li'nda jergilikli ha'meldarlardi'n' shan'arag'i'nda du'nyag'a keldi. Mektepti pitkergennen keyin, ustazi' A'biw Abdulladan logika, filosofiya, matematika ha'm sha'riat ni'zamlari' haqqi'ndag'i' (teoligiya) ilimlerdi u'yrenedi. Won atli' jasi'nan baslap ha'r qi'yli' ilimler boyi'nsha Shi'g'i's ha'm Bati's ali'mlari'ni'n' ilimiy shi'g'armalari'n wo'z betinshe u'yrenedi. A'sirese, wol medecina iliminin' a'yyemgi jetik ulamalari' **Gippokrat** ha'm **Galen** ja'ne worta a'sir Shi'g'i'si'ni'n' ulli' ha'kimi ha'm woyshi'li' **A'biw Ba'kir ar-Raziy** (865–925)din' shi'g'armalari'n puqtali'q penen u'yrenedi.



A'biw A'liy ibn Sina.

Ibn Sina won jeti jasi'nda-aq itibarli' woyshi'l ha'm ali'm boli'p jetisedi. Wol a'mir Nux ibn Mansurdi' yemlep ta'wir qi'lg'annan keyin, samaniylerdin' saray kitapxanasi'nan paydalani'wg'a ruxsat aladi'. Ibn Sina ta'g'dir hu'kimi menen Gurgensh (Go'ne U'rgensh)tegi Xorezm Mamun akademiyasi' ali'mlari' qatari'nan wori'n aladi'. Wol **1037-ji'li'** qayti's bolg'an ha'm **Xamadan**da jerlendi.

**Ibn Sina** 450 den arti'q, atap aytqanda medicinag'a baylani'sli' 43 shi'g'arma jazg'an. Woni'n' 5 tomli'q «*Al-qonun fit-tib*» («Medicina ni'zamlari'») atli' miynetinde keselliklerdin' kelip shi'g'i'w sebepleri ha'm derekleri, diagnostika, yemlew usi'llari', da'rilik wo'simlikler ha'm da'ri-darmaqlardi'n' qa'siyetleri, nawqasti'n' awqatti' tan'law ta'rtibi, insan salamatli'g'i' ushi'n dene ta'rbiyasi'ni'n' a'hmiyeti si'yaqli' kesellikti yemlewdin' ko'p g'ana a'hmiyetli ma'selelerine ayri'qsha itibar berilgen. Woni'n' «*Al-qonun fit-tib*» shi'g'armasi' XII a'sirde-aq lati'n tiline awdari'li'p, **XVII a'sirge** shekem Yevropa medecinasi'nda tiykarg'i' qollanba si'pati'nda paydalani'lg'an.



*** A’biw A’liy ibn Sina Shi’g’i’sta «Shayx ur-rais», Bati’sta bolsa «Avisenna» atlari’ menen dan’qqa yeristi.**

### A’biw Rayxan Beruniy

**A’biw Rayxan Beruniy** (973–1048) Xorezmnin’ Kat qalasi’nda tuwi’li’p, U’rgenishte bilim alg’an. Xorezmshah **Abi’l Abbas Mamun II** sarayi’nda toplang’an ali’mlar menen birgelikte Mamun akademiyasi’nda ilim do’retken. Xorezm Maxmud G’aznawiy ta’repinen basi’p ali’ng’annan son’, Beruniy menen birge basqa ali’mlar G’azna qalasi’na ali’p ketiledi ha’m wo’mirinin’ aqi’ri’na shekem sol jerde do’retiwshilik qi’ladi’. Beruniy **1048-ji’li’ G’aznada** du’nyadan wo’tken.



A’biw Rayxan Beruniy

Beruniydin’ astronomiya, geografiya, matematika ha’m tariyx pa’nleri boyi’nsha 160 tan aslam shi’g’armalari’ bizge shekem jetip kelgen. Woni’n’ «*A’yyemgi xali’qlardan qalg’an yestelikler*», «*Hindstan*», «*Mineralogiya*», «*Geodeziya*» usag’an u’lken shi’g’armalari’ mine usi’lar qatari’nan. Wol wo’zinin’ astronomiyag’a baylani’sli’ miynetlerinde Kopernikten bes a’sir buri’n Jerdin’ Quyash a’tirapi’nda aylani’wi’ haqqi’ndag’i’ pikirdi worta a’sirlerde birinshi boli’p alg’a qoydi’. Beruniy jerdin’ domalaq formada yekenligin da’lillep berdi. Wol 1029 juldi’zdi’n’ koordinatalari’ ha’m juldi’z shamalari’ ko’rsetilgen juldi’zlar kestesin ja’ne du’nyani’n’ geografiyali’q kartasi’n du’zgen. Beruniydin’ ilimiy ha’m filosofiyali’q u’lken miyrasi’ so’zsiz ja’ha’n ilimi ha’m ma’deniyati’ g’a’ziynesine qosi’lg’an u’lken u’les boldi’.

Qaraqalpaqstanda qala, Wo’zbekstan Respublikasi’ Ilimler Akademiyasi’ni’n’ Shi’g’i’stani’w instituti’, Tashkent Ma’mleketlik Texnika universiteti Beruniy ati’na qoyi’lg’an. Beruniy ati’ndag’i’ Wo’zbekstan Respublikasi’ Ma’mleketlik si’yli’g’i’ tasti’yi’qlang’an.

### Maxmud az-Zamaxshariy

**A’bi’lqasi’m Maxmud az-Zamaxshariy 1075-ji’li’** Xorezmnin’ Zamaxshar degen awi’li’nda du’nyag’a kelgen. Ilimge bolg’an umti’li’wshi’li’q woni’ Buxara, Mari’, Nishapur,

I'sfaxan, Sham, Bag'dad, Xi'rat ha'm Mekkede wo'mir su'rip, arab tili ha'm a'debiyati'n, diniy ilimlerin, xattotlik (suli'w jazi'w) wo'nerin, arab maqallari', u'rp-a'detlerin teren' u'yreniwge sebep boldi'. Wol aymaq geografiyasi'na tiyisli mag'li'wmatlardi' toplaydi'.

Maxmud Zamaxshariy ha'r qi'yli' ilimlerge tiyisli 50 den aslam shi'g'armalar jazi'p qaldi'rdi'. A'sirese, woni'n' arab tilinin' fonetikasi' ha'm morfologiyasi'na arnap jazi'lg'an «*Al-Mufassal*», Qurani' ka'rimnin' tu'sindirme tallawi'na tiyisli «*Al-Kashshof*» shi'g'armasi' musi'lman a'leminde ayri'qsha belgili. Zamaxshariy «*Arablardi'n' ha'm arab yemeslerdin' ustazi'*», «*Xorezm maqtani'shi'*» degen dan'qli' ataqlar menen ulli'lang'an. Kairdag'i' du'nyag'a dan'qi' ketken Al-Azhar diniy woqi''w worni'ni'n' studentleri ha'zir de «Al-Kashshof» tiykari'nda Qurani' ka'rimdi u'yrenedi.

### Burxaniddin al-Marg'inoniy

Dan'qi' shi'qqan faqi'h (huqi'q izertlewshi) **Burxaniddin al-Marg'iloniy** 1123-ji'li' Rishtonda (Ferg'ana woypatli'g'i') du'nyag'a kelgen. Al-Marg'iloniydin' yen' bahali' shi'g'armasi' to'rt tomli'q «*Hidoya*» shi'g'armasi' boli'p yesaplanadi'. «*Hidoya*» islam huqi'q tani'wshi'li'g'i' boyi'nsha toli'q pitken shi'g'arma boli'p, bir neshshe a'sirler dawami'nda musi'lman ma'mleketlerindegi huqi'q izertlewshiler ushi'n teoriyali'q ha'm a'meliy qollanba wazi'ypasi'n atqari'p kelgen. Kitap bir qansha tillerge awdari'lg'an. Ha'zirgi ku'nde a'hmiyetli derek si'pati'nda paydalani'li'p kelmekte.

2000-ji'li' al-Marg'iloniydin' 910 ji'lli'g'i' belgilendi.

### Tu'rkiy jazba a'debiyat

Bul da'wirde Mawarawnnaxr ha'm Shi'g'i's Tu'rkstanda tu'rkiy xali'qlardi'n' a'yyemnen dawam yetip kiyati'rg'an awi'zeki a'debiyati' menen bir qatarda, jazba a'debiyat ju'zege keledi. Qatar iri shi'g'armalar jazi'ldi'. Wolardan yen' siyrek nusqalari' Yusu'p Xas Hajibtin' (XI a'sir) «*Qutadg'u bilig*», **Maxmud Qashqariy**din' «*Devonu lug'atit-turk*», **Axmet Yugnakiy**din', «*Hibat ul haqoyiq*», **Axmet Yassawiy**din' «*Hikmat*» si'yaqli' miynetleri.

Bul da'wirdi'n' tu'rkiy a'debiy tili, yeski wo'zbek ha'm uyg'i'r tillerinin' payda boli'wi'nda da a'hmiyetli basqi'sh boldi'.

1. Ne ushi'n IX–XII a'sirlerde yelimizde ilim-pa'n joqari' da'rejede rawajlandi'?
2. «Yekinshi mug'allim» – Farabiy do'retiwshiligi haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
3. Ibn Sinani'n' ja'ha'n iliminde tutqan worni'na baha berin'.
4. Beruniy ha'm Zamaxshariy do'retiwshiligin ayti'p beri'n'.

## 22-§. ARXITEKTURA, KO'RKEM-WO'NER, MUZI'KA HA'M DINIY ISENIMLER

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***Arxitektura; Ko'rkem-wo'ner; Din; Sufizm; Tariqat (diniy joldi' jetilistiriw); Ideologiya.***

### Arxitektura ha'm ko'rkem-wo'ner

Worta a'sir ja'miyetinin' socialli'q-siyasiy du'zimi ha'm islam dini ideologiyasi' ma'deniy turmi'sti'n' bul tarawi'na da ku'shli ta'sir qi'ldi'. **Samarqand, Buxara, U'rgenish, Termiz, Wo'zgen** ha'm **Mari'** si'yaqli' qalalarda bul da'wirlerde ko'plegen saraylar, meshit, medrese, minara, mavzoley, tim ha'm ka'rwansaraylar quri'ladi'. Buxara qalasi'ndag'i' *Ismayi'l Samaniy* mavzoleyi, *Namazgoh* meshiti, Minarai Kalon ha'm Vabkent ja'ne *Jarqorg'an minaralari'* ha'm ko'p g'ana basqa da quri'li'slar usi' da'wirdin' arxitekturasi'ni'n' u'lgileri boli'p yesaplanadi'. Bul yestelikler wo'zine ta'n arxitekturasi'ni'n' rawajlang'anli'g'i'nan derek beredi.

Bul da'wirde joni'lg'an tas, pisken gerbish ha'm suwg'a shi'damli' quri'li's aralaspalari'nan ha'r qi'yli' suw quri'li'slari': suw saqlag'i'shlar – bo'getler, nawalar, ko'pirler, suw saqlaytug'i'n quri'li'slar (sardobalar) ha'm keriz (jer asti' suwg'ari'w kanali')ler quri'ladi'. Bunday quri'li'slardi'n' wo'lshemleri ma'tematikali'q ko'z qarastan wog'ada puqta islengen. Ma'selen, **X a'sir**degi Nurata taw dizbeklerindegi Pa'staw ji'rasi'n tosqi'nlap quri'lg'an **Xanba'ndi** atli' suw saqlag'i'shi'na 1,5 mln metr kub suw toplang'an. Bo'get granit tasi' ha'm suwg'a shi'damli' quri'li's aralaspasi'nan quri'lg'an. Bul suw saqlag'i'shti' quri'wda suwdi'n' vertikal ha'm gorizontal basi'm ku'shleri



**X a'sir suw saqlag'i'shi'ni'n' bo'geti Xanba'ndi**

ja'ne bul jerlerde tez-tez boli'p turatug'i'n jer silkiniwlerdin' ku'shlerin de yesapqa alg'an yedi. Bul, so'zsiz, **XVII a'sir**degi belgili francuz fizigi **Blez Paskal** ta'repinen ashi'lg'an suwdi'n' basi'm ku'shi haqqi'ndag'i' ni'zamni'n' payda boli'wi'nan derlik 7 a'sir buri'n mawarawnnaxrli' injenerlerge ma'lim yekenligin tasti'yi'qlaydi'.

**X a'sir**den baslap quri'li's islerinde karkasli' imaratlar ken' tarqaladi'. *Jekke karkasli'* ha'm *qoskarkasli'* quri'li'slardi'n' tirek bo'renelerinen baslap, bag'analari' menen qaptaldag'i' bo'reneleri ha'm u'stine kesesine sali'ng'an bo'renelerine shekem ag'ashlardi' bir-birine kiygiziw usi'li'nda quri'li'p, karkaslar arasi' qam gerbish yamasa i'laydan uri'p shi'g'i'lg'an. Bunday du'zilistegi imaratlar quri'w ha'zirgi ku'nge shekem saqlani'p kelmekte. **Afrasiyab, Varaxsha, Buxara** ha'm **Paykend** qalalari'ni'n' qarabaqanalari'nan qazi'p ashi'lg'an turaq jaylardi'n' qaldi'qlari'nan belgili boli'wi'na qarag'anda, X–XI a'sirlerde de **paqsa** ha'm **qam gerbish**ten quri'lg'an imaratlar qala arxitekturasi'nda tiykarg'i' wori'ndi' iyelegen.

### Nag'i's', woymashi'li'q ha'm kalligrafiya

IX–XII a'sirdin' baslari'nda arxitektura menen bir qatarda nag'i's sali'wshi'li'q ha'm woymashi'li'q wo'neri de bir qansha rawajlang'an. Imaratti'n' portali', yesigi ha'm diywaldi'n' ayi'ri'm bo'lekleri ha'r tu'rli mazmundag'i' jazi'wlar menen qaplanar yedi.

Bul da'wirde kalligrafiya (suli'w jazi'w) xali'q ko'rkem-wo'nerinin' a'hmiyetli ha'm ken' tarqalg'an tarawlari'ni'n' biri yedi. Yele kitap basi'p shi'g'ari'w woylap tabi'lmag'anli'g'i' sebepli, qol jazba kitaplardan nusqalar tek qoldan ko'shirilip jazi'li'wi'na baylani'sli' kalligrafiya wo'neri bir qansha rawajlandi'. Tu'rli usi'lda taza jazi'w menen jazi'lg'an kalligrafiyali'q u'lgiler arxitekturali'q nag'i'slarda da turmi'sti' sa'wlelendiriwshi mazmun ha'm estetikali'q zawi'q beriwshi bezew si'pati'nda paydalani'ladi'.

### Muzi'ka wo'neri

IX–XIII a'sirdin' baslari'nda muzi'ka wo'neri de wog'ada rawajlang'an yedi. Bayramlar, toylar, xali'q seyilleri ha'm basqa da ma'resimler so'zsiz, sa'z-sa'wbetsiz ja'ne qosi'qsi'z wo'tpeytug'i'n yedi. Bul da'wirdegi sazendeler arfa, tanbur, g'obi'z, rubab, nay, si'rnay, karnay, qosnay ha'm qonun (citrag'a qusag'an tarli' saz a'sbapi') si'yaqli' wog'ada ha'r qi'yli' bolg'an tarli', uri'p ha'm u'plep shertiletug'i'n muzi'kali'q a'sbaplardan ken' paydalang'an.

Xali'q sazlari'ni'n' tiykari'nda son'i'n ala ta'jik ha'm wo'zbek xali'qlari'ni'n' klassik namasi' «*Shashmaqom*» ushi'n ti'rnaq bolg'an «*Rost*», «*Xusravoniy*», «*Boda*», «*Ushshoq*», «*Zerafkanda*», «*Buzruk*», «*Sipohon*», «*Navo*», «*Basta*», «*Tarona*» si'yaqli' jan'a-jan'a namalar do'retilgen. Muzi'ka wo'neri so'zsiz poeziya ha'm muzi'kani' izertlewshi ilim menen aji'ralmas baylani'sqan jag'dayda rawajlanadi'.

### Din

Din IX–XIII a'sirlerdin' ruwxi'y turmi'si'nda islam dini a'hmiyetli wori'n iyeleydi. Bul da'wirde musi'lman Shi'g'i'si'nda ken' tarqali'p, du'nya ju'zi dini da'rejesine shekem ko'terilgen islam dini xali'q turmi'si'nda belgili wori'n iyeleydi. Mawarawnnaxr xalqi' islam dinin qabi'l yetip, sha'riat huqi'qlari'n wori'nlawg'a, arab tilin ha'm jazi'wi'n u'yreniwge kiristi. Worayli'q qalalarda bir qatar meshit ha'm medreseler boy tikledi.

**XII a'sir**de bolsa Buxarani'n' Da'rwaza Mansur ma'ha'llesinde ha'tteki ni'zam menen shug'i'llani'wshi'lar ushi'n arnawli' «*Faqixlar medresesi*» quri'lg'an. Bunday joqari' woqi'w worni' tiykari'nan islam dini ta'liymati'ni'n' tiykarg'i' derekleri: Qurani' ka'rim, Ha'disi sharif ha'm arab tilin jetik u'yrenip biliwge u'lken itibar berilgen. Sha'riat huqi'qlari'n ha'r ta'repleme teren' u'yretiwde «*Tafsir*»–Qurani' ka'rimnin' tu'sindirmeleri ju'da' bay ha'm qi'mbatli' derek boli'p yesaplang'an. Fiqh pa'ni (islam huqi'q tani'w) a'dep-ikramli'li'q ha'm sha'riat huqi'qlari' boyi'nsha jetik mag'li'wmat beredi.

Islam dini ta'liymati'ni'n' rawajlani'wi'nda ha'm woni' u'gitna'siyatlawdi'n' ken'eyiwinde, a'sirese Buxara qalasi' worayg'a aylandi'. Buxara medreselerinen ju'da' ko'p huqi'q bilimi boyi'nsha jetik ali'mlar, qazi'lar, imamlar jetilisip shi'g'adi'. Sol sebepli **Buxara IX a'sir**den baslap «*Qubbat ul-islam*» – «*Islam dininin' gu'mbezi*» ati' menen dan'qi'n shi'g'ardi'.

### Sufizm

Sufizm worta a'sirlerdegi musi'lman Shi'g'i'si'nda ken' tarqaladi'. Bul ta'liymat da'slep VIII a'sirdin' wortalari'nda Irakta ju'zege kelgen.

Sufizm ta'liymati'ni'n' tiykari'nda insanni'n' xi'zmeti ha'm woni'n' jetilisiwi jatadi'. Mawarawnnaxrdi'n' tu'rli u'lkelerinde sufizmnin' ha'r qi'yli' tu'rdegi tariqatlari' payda boladi'. Tu'rkstanda **XII a'sir**de *Yassawiya*, **XII a'sirdin' aqi'ri'nda** Xorezmde *Kubrawiya*, **XIV a'sir**de Buxarada *Naqshbandiya* ha'm basqalar ju'zege keledi.

Mawarawnnaxrda ken’ jayi’lg’an sufizm – *Yassawiya tariqati’* boli’p, wog’an *Axmet Yassawiy* tiykar saladi’. Tariqatti’n’ tiykarlari’ Yasawiydin’ belgili «*Hikmat*» shi’g’armasi’nda bayan yetiledi. Axmet Yassawiydin’ pikiri boyi’nsha, *sha’riatsi’z tariqat, tariqatsi’z ag’arti’wshi’li’q, ag’arti’wshi’li’qsi’z haqi’yqat* bola almaydi’. Wolardi’n’ ha’r biri yekinshisin toli’qti’radi’ ha’m jetilistiredi’. Yassawiy tariqati’ni’n’ tiykari’nda jetilisip bo’lekleniw ha’m bul du’nyani’ ta’rk yetiw arqali’ jetisiw ideyasi’ alg’a qoyi’ladi’. Wog’an tek wo’tkinshi du’nyani’n’ ra’ha’tinen ha’m abadanshi’li’g’i’nan waz keship, bo’leklenip qudayg’a bas iyip ha’m qulshi’li’q yetiw joli’nda miynet yetip, mashaqatli’ miynet yete alg’an adam g’ana jetip baradi’. Qullasi’, Yassawiy tariqati’nda mashaqatli’ miynet ha’m azap shegip sha’riat joli’nda boli’wi’ ja’ne bul du’nyani’ ta’rk yetiw ideyasi’ u’git-na’siyat yetilse de, insan ulli’ shaxs da’rejesinde ko’teriledi. Insanni’n’ ha’r qanday mal du’nyadan ha’m da’wletten joqari’ turi’wi’ atap ko’rsetiledi.

Sufizm ta’liymati’ni’n’ ulli’ shaxslari’ni’n’ ja’ne biri **Na’jmitdin Kubra** (1145–1221) yedi. Wol Xorezmde «*Kubrawiya*» tariqati’na tiykar saladi’.

Yassawiy tariqati’nan woni’n’ parqi’, Kubrawiya tariqati’ du’nyani’ ta’rk yetiwdi biykar yetedi. Jetilisiw joli’nda ali’p bari’latug’i’n mashaqatli’ miynettin’ bari’si’nda bul du’nyani’n’ barli’q jaqsi’li’qlari’nan, ha’zliklerinen paydalani’wg’a mu’mkin bolg’an ideyasi’n alg’a ilgeriletedi. Kubrawiya tariqati’nda xali’qqa ha’m Watang’a bolg’an muhabbat wog’ada ku’shli boli’p, ha’r qanday awi’r payi’tlarda da miynetkeshler massasi’ menen birge boli’wg’a, Watandi’ qorg’awg’a ja’ne woni’n’ g’a’rezsizligi ushi’n gu’reske shaqi’radi’.

* **Sufizm – musi’lmanlardi’ hadalli’qqa, pa’klikke, insan qa’dir-qi’mbati’n jerge urmawg’a shaqi’ri’wshi’, ha’r kimdi wo’zinin’ hadal miyneti menen jasawg’a, basqalardi’n’ ku’shinen paydalanbasli’qqa shaqi’ri’wshi’ ta’liymat.**
* **Tariqat – sufizm qag’i’ydalari’na boysi’ni’p jasaw, yag’ni’y, jetik insan da’rejesine yerisiwdi ko’rsetiwshi jol.**

Sufizm XIV a’sirge kelip naqshbandiya tariqati’da tag’i’ da rawajlani’wg’a yerisedi. Wog’an **Baxawatdin Naqshband** tiykar

saladi'. Wol **1318-ji'li'** Buxarani'n' qasi'ndag'i' **Qasri' Hinduwan** awi'li'nda gezlemelerge nag'i's sali'wshi' wo'nerment shan'arag'i'nda du'nyag'a keledi. Jasli'g'i'nda woqi''w ha'm bilim ali'w menen bir qatarda parsha gezlemelerge gu'l sali'wdi' puqtali'q penen u'yrenip, ata ka'sibi bolg'an gezlemege gu'l sali'w wo'nerin iyelegen.

**Xoja Baxawatdin** «*Hayatnama*» ha'm «*Da'lil al-oshiqin*» atli' shi'g'armalar jazi'p, wo'zinin' tariqati'n payda yetedi. Naqshbandiya tariqati' Mawarawnnaxr, Xorasan ha'm Xorezmde ken' tarqaladi'. Naqshbandiya tariqati' insanlardi' hadal ha'm pa'k boli'wg'a, wo'z miyneti menen ku'n ko'riwge mu'ta'jlerge qayi'r tiygizip, sadaqa beriwge, haq niyetke ha'm kishipeyil boli'wg'a shaqi'radi'. Woni'n' «*Dil ba yoru dast ba kor*» («kewlin' Allada bolsi'n da, qoli'n' miynet penen ba'nt bolsi'n») degen hikmeti Naqshbandiya tariqati'nin' turmi'sli'q ma'nisin sa'wlelendiredi. Wol bul du'nyani' ta'rk yetiwdi biykar yetip, miynet su'yiwshilikke, a'dillikke ha'm bilimlilikti u'git-na'siyat yetedi. Naqshbandiya ta'liymati'ni'n' rawajlani'wi'na keyingi a'sirlerde **A'liysher Nawayi', A'bdiraxman Ja'miy, Xoja Axror** si'yaqli' ulli' woyshi'l ali'mlar u'lken u'les qosadi'.

G'a'rezsizlik sharapati' menen **Axmet Yassawiy, Baxawatdin Naqshband, Najmitdin Kubra** si'yaqli' babalari'mi'zdi'n' a'ziz atlari' tiklendi, jasag'an jerleri abadanlasti'ri'ldi'. Shi'g'armalari' basi'p shi'g'ari'li'p, wolardi'n' bahali' ruwxi'y miyraslari'nan ha'zirgi a'wladlar paydalanbaqta. Islam ta'lim-ta'rbiyasi' tiykari'nda ata-babalari'mi'z kamal tawi'p, wo'zinen wo'mirlik wo'shpes tariyxi'y iz qaldi'rdi'.



**1.** Arxitekturadag'i' jetiskenlikler haqqi'nda ayti'p berin'.
**2.** Muzi'ka wo'nerindegi ma'deniy miyras haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
**3.** Ruwxi'y turmi'sta islam dininin' a'hmiyeti nede dep woylaysi'z?
**4.** Sufizm qanday ta'liymat, woni' qanday wortali'q keltirip shi'g'ardi'?
**5.** Yassawiya tariqati'ni'n' tiykari'nda qanday ko'zqaras u'stinlik yetedi?
**6.** Kubrawiya tariqati'ndag'i' watandi' su'yiwshilik ideyalari'n ta'riyiplep berin'.
**7.** Naqshbandiya tariqati' insanlardi' nege shaqi'radi'?

## 23-§. ETNIKALI'Q PROCESSLER HA'M WO'ZBEK XALQI'NI'N' QA'LIPLESIWI

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***Etnikali'q process; Wo'zbek xalqi'.***

**Etnikali'q process**

Ja'ha'ndegi basqa xali'qlar si'yaqli' wo'zbek xalqi'ni'n' qa'liplesiwi de uzaq ji'llar dawami'nda ju'z bergen etnikali'q processler na'tiyjesi.

Wo'zbekler wo'z aldi'na etnikali'q birlik (yelat) boli'p, Worta Aziyani'n' worayli'q wa'layatlari' – Mawarawnnaxr, Xorezm, Jetisuw, Shi'g'i's Tu'rkstanni'n' az g'ana bati's aymaqlari'nda qa'liplesken. Wo'zbek xalqi'ni'n' tiykari'n ha'zirgi Wo'zbekstan aymag'i'nda a'yyemnen woti'ri'qshi', suwg'ari'li'p yegiletug'i'n diyqanshi'li'q, wo'nermentshilik penen shug'i'llani'p kelgen jergilikli *sogdi'lar, baxtarli'ler, xorezmliler, ferg'anali'lar*, *shashli'qlar,* yari'm sharwashi'li'q *kangli'lar*, ko'shpeli *sak-massaget* si'yaqli' etnikali'q toparlar du'zgen. Sonday-aq, Qubla Sibir, Altay, Jetisuw, Shi'g'i's Tu'rkstan ja'ne Volga ha'm Ural da'ryasi' boylari'nan ha'r tu'rli da'wirlerde Mawarawnnaxrg'a kirip kelgen etnikali'q toparlar wo'zbek xalqi' etnogenezinde qatnasadi'. Joqari'da atlari' keltirilgen etnoslar, tiykari'nan tu'rkiy ha'm shi'g'i's iran tillerinde so'ylesken.

*** Etnikali'q process – kelip shi'g'i'wi' bir-birine jaqi'n bolg'an ha'r tu'rli qa'wim ha'm yelatlardi'n' a'sirler dawami'nda qosi'li'p bari'wi'**

A'miwda'rya ha'm Si'rda'rya arali'g'i'nda joqari'da atlari' atalg'an qa'wim ha'm yelatlardi'n' etnikali'q jaqtan da'slepki aralasi'w procesi na'tiyjesinde woti'ri'qshi' turmi'sqa iykemlesken tu'rkiy aymaqli'q maydan, wo'zbek xalqi'na ta'n antropologiyali'q tip (ko'rinis) qa'liplesedi.

B. e. sh. III a'sirde Si'rda'ryani'n' worta ag'i'si'nda du'zilgen Qang' ma'mleketi da'wirinde tu'rkiyziban etnoslar u'stemlik yetip, wo'zine ta'n uyg'i'nlasqan ma'deniyat qa'liplesedi. Arxeologiyali'q miynetlerde bul ma'deniyat **«Qawi'nshi' ma'deniyati'»** ati'n alg'an. Antropolog ali'mlardi'n' izertlewinshe, mine usi' da'wirge kelip, Worta Aziyani'n' alap ha'm oazislerinde jasawshi' xali'qti'n' si'rtqi' ko'rinislerinde ha'zirgi wo'zbek ha'm oazis ta'jiklerine ta'n antropologiyali'q ko'rinisi toli'q qa'liplesedi.

Wo'zbekler etnogenezinde qatnasqan na'wbettegi etnik toparlar – *kushanlar* ha'm de IV-V a'sirlerde Worta Aziyani'n' worayli'q wa'layatlari'na kirip kelgen *xiyaniyler, kidariyler* ha'm *eftallar* boli'p tabi'ladi'.

Sonday-aq, wo'zbekler etnogenezine Tu'rk qag'anli'g'i' da'wirinde Worta Aziyani'n' worayli'q aymaqlari' ha'm Xorezmge kelip woti'ri'qshi' bolg'an tu'rkiy qa'wimler jedel ta'sir ko'rsetedi. Tu'rkiy yelatlar ha'm jergilikli woti'ri'qshi' xali'q arasi'ndag'i' etnikali'q ma'deniy qatnasi'qlardi'n' rawaji' na'tiyjesinde tu'rkiy qatlam ma'deniy jetiskenliklerinin' jergilikli ma'deniy-xojali'q da'stu'rleri menen jedel aralasi'wi' ju'z berdi. VII a'sirden baslap, u'lkemiz «Tu'rkstan» ati' menen atala baslag'an.



*** Wo'zbek xalqi'ni'n' tiykari'n sogdi'lar, baxtarli'lar, xorezmliler, ferg'anali'lar, shashli'qlar ha'm sakmassagetler du'zgen.**

*** B. e. sh. III a'sirde «Qawi'nshi' ma'deniyati'» ha'm Worta Aziyani'n' antropologiyali'q ko'rinisi toli'q qa'liplesedi.**

*** Tu'rkstan – turkiy xali'q wornalasqan u'lke**

**Wo'zbek xalqi'ni'n' qa'liplesiwi**

VIII a'sirden arab ha'm ajam (iran) xali'qlari'ni'n' Worta Aziyag'a kirip keliwi aymaqtag'i' etnikali'q proceslerge u'lken ta'sir yetpegen bolsa da bul da'wirde Mawarawnnaxrdag'i' woti'ri'qshi' ja'ne yari'm woti'ri'qshi' tu'rkiyziban xali'q, sogdi'lar ha'm Xorezminin' tiykarg'i' xalqi' wo'z aymaqlari'nda qali'p, arablardi'n' hu'kimdarli'g'i'ni'n' asti'nda jalg'i'z islam si'yi'ni'wshi'li'q birligi qa'liplesti.

IX a'sirde Mawarawnnaxr aymag'i'nda pu'tin tu'rkiy etnik qatlam, janli' tu'rkiy til wortali'g'i' ju'zege kele basladi' ha'm wo'z na'wbetinde sogdi'lar ja'ne basqa jergilikli etnoslarda da tu'rkiylesiw procesi jedellesken. Bul da'wirde Mawarawnnaxr ha'm Xorezmde tu'rkiy etnik qatlam ku'shli etnik tiykarg'a iye boli'p, bul qatlam tiykari'ni'n' basi'm ko'pshiligin turaqli' woti'ri'qshi' tu'rkiy etnoslar qurag'an.

Qaraxaniyler da'wirinde Mawarawnnaxr ha'm Xorezmde siyasiy ha'kimiyat tu'rkiy dinastiyalarg'a wo'tiwi mu'nasibeti

menen ju'z bergen etnikali'q processler wo'zbek xalqi'ni'n' qa'liplesiwinde juwmaqlawshi' basqi'sh boldi'. A'sirese, usi' da'wirde wo'zbek xalqi'na ta'n faktorlar qa'liplesken. Bul da'wirde wo'zbeklerdin' uli'wma yelatli'q tili payda boldi'.

Solay yetip, a'sirler dawami'nda elimizde ju'z bergen qurama-li' siyasiy jag'dayda, u'zliksiz dawam yetken etnikali'q pro-cessler na'tiyjesinde IX–XII a'sirlerde wo'zbek xalqi' qa'liplesti. Woni'n' tiykarg'i' tami'ri'n yelimizde jasap kelgen woti'ri'qshi' zu'ra'a'tshi ha'm ta'jiriybeli sharwashi' hasli' usi' jerli xali'q du'zdi. Bunday yeki tu'rli turmi's ta'rizindegi xali'q a'yyemnen yeki tilde: *sogdi'* ha'm *tu'rk* tillerinde so'ylesken. Usi' wo'zine ta'n yeki tu'rkim tiller tiykari'nda «*sogdi' jazi'wi'*» ha'm «*tu'rk run bitik*»leri imlasi' ju'zege kelgen. Gu'mansi'z, a'sirler dawami'nda ken'eyip barg'an wo'z ara ekonomikali'q ha'm ma'deniy baylani'slardi'n' uyg'i'nlasi'wi' na'tiyjesinde wo'zbek ha'm qatar tuwi'sqan yelatlardi'n' ata-babalari'ni'n' birigiwine ali'p kelgen. Yele jazi'w ju'zege kelmesten aldi'n baslang'an bunday u'lken etnogenetik process izleri elimizdin' jer atlari'ni'n' ma'nisinde wo'z ta'riypin tapqan.



*** IX–XII a'sirlerde wo'zbek xalqi' qa'liplesti. Woni'n' tiykarg'i' tami'ri'n u'lkemizde jasap kelgen woti'ri'qshi' hasli' zu'ra'a'tshil ha'm sharwashi'li'q penen shug'i'llani'wshi' tu'p jerli xali'q quraydi.**

***Mawarawnnaxrda jaylasqan xali'q a'yyemnen yeki tilde: *sogdi'* ha'm *tu'rk* tillerinde so'ylesken.**



1. U'lkemizde ju'z bergen etnikali'q processler haqqi'nda ayti'n'.
2. Wo'zbek xalqi' qalay qa'liplesti?
3. Wo'zbek xalqi'ni'n' a'wladlari' kimler yekenin bilip aldi'n'i'z ba?
4. Wo'zbek ha'm Wo'zbekstan atlari' qanday ma'nisti an'lati'wi' haqqi'nda woylap ko'rin'.



# IV B A P

# WATANI'MI'Z XALI'QLARI'NI'N' SHI'N'G'I'SXAN BASI'P ALI'WI' HA'M ZULI'MLI'G'I'NA QARSI' AZATLI'Q GU'RESI

## 24-§. XOREZMSHAHLAR SALTANATI' MENEN MONG'OLLAR MA'MLEKETI WORTASI'NDAG'I' QATNASI'QLAR

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***Mong'ol qa'wimleri; Jeke ma'mleketke birlesiw; Xorezmshahlar ma'mleketinin' dag'dari'sqa ushi'rawi'.***

### Mong'ollar ma'mleketi

XI a'sirde mong'ol qa'wimleri turmi'si'nda yele uri'w-aymaqshi'li'q qatnasi'qlari' wog'ada ku'shli yedi. Wolar tiykari'nan ko'shpeli sharwashi'li'q, an'shi'li'q ha'm wo'z ara zat almasi'w sawdasi' menen shug'i'llanatug'i'n yedi. Bul da'wirde uri'w ha'm qa'wimlerinin' wortasi'nda wo'z ara gu'res ha'wij ali'p barati'rg'an yedi. Mong'ol uri'w basli'qlari'ni'n' arasi'nan ishki gu'reslerde **Temushin** (1155–1227) jen'ip shi'g'adi'. **1206-ji'l**i' Onon da'ryasi'ni'n' boyi'nda shaqi'ri'lg'an mong'ol uri'w ha'm qa'wim basli'qlari'ni'n' quri'ltayi'nda Temushin ulli' xan (qaan) dep dag'azalandi', wog'an **«Shi'n'g'i's»** laqabi' beriledi ha'm Mong'ollar ma'mleketine tiykar sali'nadi'.



**Shi'n'g'i'sxan**

Shi'n'g'i'sxan ko'p sanli' jaqsi' qurallang'an, intizamli' ha'm birlesken armiya ja'ne 10 mi'n' tu'rk azamatlari'nan ibarat kezik (keshik) – ta'n saqshi'lar bo'limin du'zip, basi'p ali'wshi'li'q uri'slari'n ali'p bari'wg'a kirisedi.

**Qon'si' ma'mleket-lerdin' basi'p ali'ni'wi'**

**1206-ji'l**i' yen' da'slep naymanlar bag'i'ndi'ri'ldi'. **1207—1208-ji'llar**i' Yenisey basseyini, son'i'n ala Jetisuw wa'layati'ni'n' arqa bo'legi jawlap ali'ndi' ha'm uyg'urlar bas iyip bag'i'ndi'.

**1211—1215-ji'llar**i' Shi'n'g'i'sxan bir neshe ma'rtebe Qi'tayg'a hu'jim jasap, Arqa Qi'taydi'n' worayi' **Czindi** (Pekin) qalasi'n basi'p ali'p, Czin dina'stiyasi'n taxttan qulatti'. Arqa Qi'tay jerleri Mong'ol ma'mleketine qosi'p ali'ndi'. Shi'n'g'i'sxan Qi'taydan ko'p woljalar, shori'lar menen bir qatarda uri's qurallari'n sog'atug'i'n ha'm wolardi' paydalani'wdi' biletug'i'n sheber wo'nermentlerdi de Mong'olstang'a ali'p ketedi. Usi'nday jol menen wol wo'z armiyasi'n zamani'ni'n' yen' jaqsi' a'skeriy qural-jaraqlari' menen ta'miyinleydi.

Shi'n'g'i'sxan **1218—1219-ji'llar**i' Shi'g'i's Tu'rkstan ha'm Jetisuw wa'layatlari'n derlik shi'g'i'nsi'z qolg'a kirgizip, bul jerdegi Kushluk ma'mleketin joq yetti. Solay yetip, Gobi sahrasi'ni'n' shi'g'i's shegarasi'nan tap Ta'n'ritaw (Tyanshan) dizbeginin' bati's yeteklerine shekemgi wa'layatlar Mong'ollar ma'mleketine birlestirilgen yedi. Yendigiden bi'lay Mong'ollar ma'mleketinin' bati's aymaqlari' Sultan Muxammed Xorezmshah saltanati'ni'n' shegarasi'na tikkeley tutasi'p ketken yedi.

**Wo'z ara yelshilik baylani'slari'**

Shi'n'g'i'sxan ha'm Xorezmshah wortasi'nda bir-birinin' ku'sh-qu'diretin bilip ali'wg'a ha'm wol haqqi'nda mag'li'wmatlar toplawg'a ha'reket qi'li'nadi'. Yeki wortada ha'tteki yelshilik baylani'slari' da wornati'ladi'.

Yen' da'slep, **1216-ji'l**i' Shi'n'g'i'sxanni'n' qabi'llawi'na Xorezmshah **Baxawatdin Raziy** basshi'li'g'i'ndag'i' wo'z yelshilerin jiberedi. Yelshilerdi Shi'n'g'i'sxan u'lken izzet penen qabi'l qi'ladi'. Ha'tteki, yelshilerden wol Sultan Muxammedti Bati'sti'n' sahi'bqi'rani' (Bati's ma'mleketleri jerlerinin' sultani'), wo'zin bolsa Shi'g'i'sti'n' patshasi' dep yesaplawi'n Xorezmshahqa jetkeriwin soraydi'. Shi'n'g'i'sxan qi'mbat bahali' sawg'alar ha'm zatlar arti'lg'an u'lken ka'rwan menen wo'z yelshilerin Xorezmge jiberedi. Yelshilerge xorezmli sawdager **Maxmud Yalawosh** basshi' yetip tayi'nlanadi'. Shi'n'g'i'sxanni'n' yelshilerin Sultan Muxammed **1218-ji'ldi'n' ba'ha'r**inde Buxara qalasi'nda qabi'l qi'ladi'. Yelshiler Shi'n'g'i'sxan Sultan Muxammedti qu'diretli patsha dep tani'p ha'm woni' wo'zinin' yen' hu'rmetli balalari' qatari'nda ko'riwi ja'ne woni'n' menen dosli'q sha'rtnama du'ziwge razi'

yekenligin aytadi’. Yen’ hu’rmetli balalari’ qatari’nda ko’riw «hu’rmeti», so’zsiz, Shi’g’i’s ma’kkarli’g’i’nda «Shi’n’g’i’sxanni’n’ Xorezmshahti’ wo’zine bag’i’ni’shli’ qi’li’p ali’w niyeti bar» degen ma’nini an’latatug’i’n yedi. Wo’zin Iskender soniy (Yekinshi Iskender) dep yesaplap ju’rgen patshag’a bunday «keleshek» sira’ jaqpas yedi. Xorezmshah Maxmudti’ tu’nde qupi’ya tu’rde wo’zinin’ qasi’na shaqi’rti’p aladi’. Yelshige xorezmli bolg’ani’ ushi’n Shi’n’g’i’sxang’a yemes, al Xorezmshahqa xi’zmet qi’li’wdi’, Shi’n’g’i’sxan haqqi’ndag’i’ barli’q haqi’yqatti’ ayti’wdi’, keyin ala xan sarayi’ndag’i’ Xorezmshahti’n’ jansi’zi’ boli’p qali’wdi’ talap qi’ladi’. Shi’n’g’i’sxan wo’z yelshilerinin’ isinin’ na’tiyjelerinen qanaatlanadi’. Sebebi, Maxmud Yalawosh bolsa Xorezm ma’mleketi ha’m woni’n’ patshasi’ haqqi’nda Shi’n’g’i’sxang’a, mong’ollar haqqi’ndag’i’ Xorezmshahqa aytqan mag’li’wmatlari’na qarag’anda anag’urli’m ko’p xabar toplap qaytqan yedi.

**Qatnasi’qlardi’n’ keskinlesiwi**

Shi’n’g’i’sxan Sultan Muxammedke wo’zinin’ minnetdarshi’li’g’i’n bildiriw ha’m yeki ulli’ qon’si’ ma’mleketler wortasi’nda sha’rtnama du’ziw ushi’n **1218-ji’l**di’n’ wo’zinde-aq Xorezmge ju’da’ u’lken sawda ha’m yelshiler ka’rwani’n atlandi’radi’. Ka’rwan ko’p mug’dardag’i’ alti’n, gu’mis buyi’mlari’, qi’tay jipek gezlemeleri, suwsar ha’m qundi’zlardi’n’ mami’q terileri ja’ne basqa da ha’r qi’yli’ qi’mbat bahali’ zatlar ju’klengen 500 tu’yeden ha’m de 450 musi’lman sawdagerlerinen ibarat yedi. Bul u’lken sawda ka’rwani’ ma’mleket paytaxti’ U’rgenish qalasi’na qarap barati’rg’an yedi. Biraq ka’rwan jolda shegara qala Woti’rarda uslap qali’nadi’. Qalani’n’ nayi’bi’ **G’oirxan** (I’nalshi’q) ta’repinen ka’rwan talani’p, sawdagerlerdin’ ha’mmesi qi’ri’p taslanadi’. Tek bir tu’yekesh wo’limnen quti’li’p qaladi’. Wol Shi’n’g’i’sxanni’n’ sarayi’na zorg’a jetip bari’p, ka’rwanni’n’ jan tu’rshigerlik ta’g’diri haqqi’nda xabar beredi.

Shi’n’g’i’sxan Xorezm ha’meldarlari’nan boli’p yesaplang’an Woti’rar nayi’bi’ni’n’ qi’yanetinen wog’ada g’a’zeplenedi. Biraq wo’z g’a’zebin basi’p, **Ibn Kafraj Bugrani’** yeki isenimli baqlawshi’ xi’zmetkerler menen birge Xorezmshahti’n’ qabi’llawi’na yelshi yetip jiberedi. Shi’n’g’i’sxan Sultan Muxammedten ayi’pkerlerdi’ jazalawdi’ ha’m I’nalshi’qti’ uslap, woni’n’ wo’z i’qti’yari’na beriwin talap yetedi. Xorezmshah Shi’n’g’i’sxanni’n’ talabi’na juwap retinde yelshini wo’ltiriwdi ha’m woni’n’ menen birge kelgen yeki baqlawshi’ xi’zmetkerlerdin’ saqal-murtlari’n qi’ri’p, masqara qi’li’p qaytari’p jiberiwdi buyi’radi’. Bul





**Xorezmliklerdi'n' mong'ollarg'a qarsi' gu'resi.**

waqi'yalar yeki yen' u'lken ma'mleketler wortasi'ndag'i' sawda baylani'slari'ni'n' ha'm yelshilik qatnasi'qlari'ni'n' birotala u'zilgenligin bildiretug'i'n yedi. Xorezmshah sho'lkemlestirgen bul waqi'ya ha'r yeki ulli' ma'mleketlerdin' wortasi'nda uri'sti'n baslani'wi'na sebep boldi'.

**Xorezmshahlar ma'mleketinin' dag'dari'sqa ushi'rawi'**

XIII a'sirdin' baslari'nda Xorezmshahlar saltanati' armiyasi'ni'n' uli'wma sani' Shi'n'g'i'sxanni'n' a'skeriy ku'shine qarag'anda bir qansha ko'birek yedi. Xorezmshah ha'kimiyati' siyasiy, a'sirese adminstrativlik basqari'w ta'repinen bekkem bolmag'an. Sebebi, ha'meldarlar ma'mleket qi'si'lshan'li'q awhalg'a tu'sip qalg'an payi'tlarda wo'z wazi'ypalari'n taslap ketetug'i'n, patshag'a bag'i'nbay, wo'z betinshe bilgenlerin qi'latug'i'n yedi. Ha'tte ayi'ri'm wa'layatlardi'n' ha'kimleri Xorezmshahqa ati'na g'ana bag'i'ni'p, is ju'zinde derlik g'a'rezsiz yedi. Buni'n' u'stine Sultanni'n' joqarg'i' ma'kani'nda ku'shli ja'njel hu'kim su'rip turg'an yedi. A'sirese, **Turkan xatun**, yag'ni'y «tu'rkler anasi'» ati' menen dan'qi' shi'qqan Sultan Muxammedtin' anasi' armiyani'n' joqarg'i' sa'rkardalari' boli'p yesaplang'an qi'pshaq aqsu'yekleri menen uri'w-qa'wimleslik baylani'slari' arqali' bekkem baylani'sqan yedi. Wol wo'z qa'wimleslerinin' ma'pleri ushi'n sarayda ko'terilgen barli'q til biriktiriwlerge basshi'li'q qi'latug'i'n, h'atte, wolarda shahqa qarsi' dushpanshi'li'q ruwxi'n keltirip shi'g'arg'an yedi.

Ishki kelispewshilikler, wo'zbasi'mshali'q ha'm puqaralardi'n' narazi'li'g'i' ku'sheyip, ma'mlekettin' siyasiy turmi'si' dag'dari'sqa ushi'ray baslag'an yedi. Bunday ju'da' qa'wipli jag'daydi' joq qi'li'w maqsetinde **Sultan Muxammed** wo'z hu'kimdarli'g'i' aqi'ri'nda «*Ma'mleket ken'esi*»n usi'nadi'. Ken'eske 6 bilimli wa'killer shaqi'ri'ladi'. Wonda yen' mashaqatli' ma'seleler ko'rilip, qarar qabi'l qi'li'nsa da, biraq wol a'melde jaqsi' na'tiyje bermeydi. Sonday jag'dayda wol jawi'nger mong'ol qa'wimlerinin' Shi'ng'i'sxan basshi'li'g'i'ndag'i' basqi'nshi'li'g'i'na duwshar boldi'.



1. Mong'ollar ma'mleketi qalay payda boldi'?
2. Shi'n'g'i'sxan qaysi' qon'si' ma'mleketlerdi basi'p aldi'?
3. Shi'n'g'i'sxan ha'm Xorezmshahti'n' yelshilik baylani'slari'ni'n' tiykarg'i' maqsetleri ne yedi?
4. Shi'n'g'i'sxan ha'm Xorezmshah baylani'slari' ne ushi'n keskinlesti?
5. Qanday sebepler Xorezmshahlar ma'mleketin siyasiy dag'dari'sqa ali'p keldi?

## 25-§. SHI’N’G’I’SXANNI’N’ BASQI’NSHI’LI’G’I’

**Tayani’sh tu’sinikler:** ***Qorg’ani’w rejesi; Woti’rar qamali’; Buxaradag’i’ qayg’i’li’ waqi’ya; Temur Ma’lik ma’rtligi.***

**Xorezmshahti’n’ qorg’ani’w rejesi**

Shi’n’g’i’sxan Mawarawnnaxr atlani’si’na u’lken a’hmiyet berip, puqta tayarli’q ko’rgen yedi. Yele a’skeriy atlani’s baslanbastan buri’n-aq, wol wo’z dushpani’ni’n’ ku’sh-qu’direti ha’m uri’sqa tayarli’g’i’ haqqi’nda sawdagerler arqali’ toplag’an mag’li’wmatlardi’ di’qqat penen u’yrengen. Shi’n’g’i’sxan Xorezmshahlar ma’mleketinin’ ishki awhali’nan toli’q xabardar yedi.

Xorezmshah penen sa’rkardalar arasi’ndag’i’ wori’n alg’an ala-awi’zli’qlar a’wel bastan-aq bunday u’stinlikten paydalani’wg’a imkaniyat bermedi. Uri’sti’n’ baslani’wi’ waqti’nda bolg’an a’skeriy ken’este wolar wortasi’ndag’i’ ala-awi’zli’q ayri’qsha belgili boldi’. Ken’este dushpang’a soqqi’ beriwdin’ birden-bir rejesin bir awi’zdan belgilep ali’wdi’n’ worni’na pikirler bo’linip ketti. Sultan u’lken a’rmiyani’ bir wori’ng’a toplawdan qorqatug’i’n yedi. Sultanni’n na’zerinde bir jerge toplang’an armiya woni’ taxttan awdari’p taslawi’ mu’mkin yedi. Soni’n’ ushi’n da, a’skeriy ken’este sultan wo’z a’skerlerin ha’r tu’rli qalalarg’a wo’z aldi’na bo’lip jaylasti’ri’wg’a, uri’sta qorg’ani’w taktikasi’n qollani’wg’a qarar yetedi. Mine usi’lay yetip ma’mleket u’lken qa’wipke duwshar boldi’.

**Woti’rar qamali’**

**1219-ji’ldi’n’ gu’z**inde Shi’n’g’i’sxan Xorezmshahqa qarsi’ atlani’s basladi’. Woni’n’ barli’q a’skerlerinin’ sani’ 200 mi’n’g’a jaqi’n yedi. Shi’n’g’i’sxan a’skerleri Si’rda’rya boyi’nda jaylasqan **Woti’rar** qalasi’ni’n’ u’stine a’skeriy ju’ris basladi’. Shi’n’g’i’sxan qalani’n’ qasi’na kelip, Mawarawnnaxrdi’ qi’sqa waqi’t ishinde jawlap ali’w ushi’n barli’q a’skeriy ku’shlerin to’rt bo’limge bo’ldi. Woni’n’ bir bo’limin balalari’ **Shi’g’atay** ha’m **Woqtay**lardi’n’ basshi’li’g’i’nda **Woti’rar**di’ qamal qi’li’p turi’w ushi’n qaldi’rdi’. Yekinshi bo’limge **Joji’** basshi’li’q yetip, wol Si’rda’ryani’n’ to’mengi ag’i’si’na qarap jiberildi. Wog’an **Si’g’naq, Wo’zgen, Jend, Jan’akent** qalalari’n basi’p ali’wdi’ buyi’rdi’. Bes mi’n’ adamli’q u’shinshi armiya **Alaqnuyon** ha’m **Sukatu Shorbiy** sa’rkardali’g’i’nda Si’rda’ryani’n’ worta jag’ali’g’i’n boylap, woni’n’ joqarg’i’ ag’i’si’nda jaylasqan **Binokat** ha’m **Xojend** qalalari’na qarap jiberildi. Shi’n’g’i’sxanni’n’ wo’zi tiykarg’i’ ku’shleri menen **Buxara**g’a qarap a’skeriy atlani’s yetti.

Woti'rar bekkem qorg'anlari' bar shegaradag'i' qala yedi. Qorg'an naibi' G'oyi'rxan (Inolshi'q) basshi'li'g'i'nda qalada 20 mi'n suvoriy bar yedi. Qamal waqti'nda wog'an ja'rdem ushi'n **Qarasha Xojib** basshi'li'g'i'nda ja'ne 10 mi'n'li'q armiya kelip qosi'lg'an yedi. Juvayniydin' mag'li'wmati'na qarag'anda bul ku'shten ti'sqari' Sultan Muxammed **«La'shkeri berun»**

**WORTA AZIYADA MONG'OLLAR HU'KIMDARLI'G'I' (XII–XIV A'SIRLER)**



dep atalg'an 50 mi'n' a'sker jibergen. Na'tiyjede Woti'rar qalasi'nda dushpang'a qarsi' ku'shli bir qorg'aw quwati' du'zilgen yedi. Sonday bolsa da, sol da'wir ji'lnamashi'lardi'n' naqi'li'na qarag'anda mong'ollar qalani' qamalg'a ali'w menen qorg'awshi'lardi' albi'ratqan yedi. Qamaldi'n' birinshi ku'nlerinde-aq qala ha'kimiyati'ni'n' wa'kili **Badruddin A'mid**, **Safi'y Aqra Xa'jib** basshi'li'g'i'nda sultan ta'repinen wo'ltirilgen Woti'rar qazi'si'ni'n' a'wladlari' mong'ollar ta'repine wo'tip ketedi.

Dereklerge qarag'anda, Woti'rar qamali' **5 ay** dawam yetken. Mong'ollar qalag'a ag'i'p kiretug'i'n salmalardi' ko'mip taslag'an, katapulta (tas atatug'i'n qurallardan) qalag'a qarata tas, neft penen tolti'ri'lg'an gu'zesheler (piliklerin jandi'ri'p) i'laqti'rg'an, qorg'an a'tirapi' shaq, shatlar ha'm topi'raq penen tolti'ri'lg'an, qorg'an diywallari' asti'nan jol (tunel) qazi'lg'an, terekler kesi'p birlestiriwshi shatlar jasalg'an ha'm diywalg'a tiklengen.

Woti'rar qamali' da'wirinde tek qamaldag'i'lar yemes, mong'ollar da u'lken ziyan ko'rgen. Qamaldag'i'lardi'n' sani' azayi'p azi'q-awqat jetispewshiligi ku'sheygen. Woti'rar qorg'ani'si'ni'n' yen' awi'r payi'ti'nda **Qarasha Xojib** wo'zinin' armiyasi' menen qala da'rwazasi'na shi'g'i'p, mong'ollarg'a ta'slim bolg'an. Biraq xiyanet yetiwshilerdi mong'ollar da keshirmegen. Wolar **Qorasha Xa'jib** ha'm woni'n' a'skerlerin wo'ltirgen.

Usi' bari'sta woti'rarli'qlar qalani' qorg'ap woni' bes ay dawami'nda wo'z qollari'nda uslap turadi'. A'sirese **G'ayi'rxan** wo'zin Shi'ng'i'sxan sawdagerleri ha'm ka'rwan basilardin' wo'ltiriliwinde ayi'pker dep sezip, aqi'rg'i' demine shekem dushpang'a qarsi' gu'resedi. Woni'n' a'skerleri yeliw-yeliwden boli'p qaladan si'rtqa shi'g'ar ha'm basqi'nshi'lar menen bolg'an sawashta qi'yrap qalar yedi. Shi'g'atay armiyasi' qala diywallari'n tesip ishkerige japi'ri'li'p kirgen, xalqi'n shahristannan quwi'p shi'g'arg'an ha'm qalani' talag'an.

**G'ayi'rxan** basshi'li'g'i'ndag'i' qorg'awshi'lardi'n' bir bo'legi Woti'rar arkine jaylasi'p ali'p, qorg'awdi' ja'ne bir ayg'a shekem dawam yettiredi. Shi'g'atayzadalar qanday bolmasi'n, G'ayi'rxandi' qolg'a tu'siriwdi maqset yetip qoyadi'. Aqi'betinde wol qorshawg'a ali'ni'p, tutqi'ng'a ali'nadi'. Wol Samarqandqa ali'p bari'li'p, qi'ynap wo'ltiriledi.

### Buxaradag'i' qayg'i'li' waqi'ya

**1220-ji'ldi'n' fevral**i'nda Shi'n'g'i'sxan Buxarag'a jetip baradi'. Biraq, Buxara dushpan ku'shin qaytari'wg'a tayar yemes yedi. Buxarali'lar dushpang'a ta'slim boli'wdan wo'zge sharalari' qalmaydi'. Buxara qazi'si' **Badritdin Qazi'xan** wo'z aqsaqallari' menen Shi'n'g'i'sxanni'n' aldi'na miyrim-sha'pa'a't sorap shi'g'adi'.

**1220-ji'ldi'n' 16-fevral**i'nda mong'ollar Buxarani' iyeleydi. Mawarawnnaxrdi'n' a'yyemgi woraylari'nan yesaplang'an Buxara talan-taraj yetildi. Yesapsi'z g'a'ziyneler talanadi', a'sirlik qoljazba shi'g'armalar, sharapatli' kitaplar ji'rti'li'p, gu'zgi japi'raqlarday shashi'ladi'. Ilim ha'm ag'arti'wshi'li'qti'n' iyeleri bolg'an ulamalar ha'm shayi'qlar abi'rayli' mong'ol jawi'ngerlerine xi'zmetker qi'li'ni'p, geyde porqanlari'na (baqsi'lari'na) masqaralap ku'liw ushi'n beriledi. Shi'n'g'i'sxanni'n' buyri'g'i' menen Buxara wo'rtep jiberiledi.

### Samarqand sawashi'

Shi'n'g'i'sxan Samarqandqa qarap jol aladi' ha'm **1220-ji'ldi'n' mart ayi'**nda Mawarawnnaxrdi'n' yen' ataqli' ha'm iri qalasi'na jaqi'nlasadi'. Shi'n'g'i'sxan qalani'n' si'rti'nda jaylasqan Ko'ksarayda turi'p qalani' qamal qi'li'w isine basshi'li'q yetedi. Qala bosag'asi'nda u'sh ku'n qatti' sawashlar dawam yetedi.

Qamaldi'n' u'shinshi ku'ni qorg'ani'wshi'lar qamaldi' jari'p shi'g'i'p mong'ollarg'a hu'jim qi'ladi'. Mong'ollar wolardi' qi'ri'p taslaydi'. Qamaldi'n' besinshi ku'ni qala ta'slim boladi'. Mong'ollar Samarqandti'n' bas suw quri'li'si' – **Qorg'asi'n** nawani' suwdi'n' quyi'li'w worni' buzi'p taslap, qalani' suwsi'z qaldi'radi'. Namazjay da'rwazasi'nan basti'ri'p kirip, barli'q bekinislerdi wayran qi'ladi'. Shahristannan xali'qti' quwi'p shi'g'aradi' ha'm Samarqand talanadi'.

Ma'mlekettin' sultani' Muxammed Xorezmshah 30 mi'n'li'q mong'ol armiyasi'ni'n' qi'si'mi'nan zorg'a quti'li'p, Irang'a qashadi'. Son'i'n ala Kaspiy ten'izinin' tu'sligindegi Ashura atawi'na bari'p jaylasadi'. Qorqi'wg'a tu'sken, wo'z ku'shlerine bolg'an isenimdi pu'tkilley joq yetken Xorezmshah balasi' **Jalalatdin Mangiberdi**ni taxt miyrasxori' yetip saylap, wo'zi atawda xor-zar boli'p, g'a'riplik halda kesellenip du'nyadan wo'tedi.

### Si'rda'rya boylari'ndag'i' sawashlar

Bul da'wirde mong'ollardi'n' Joji' basshi'li'q yetken a'skeriy bo'limi de Si'rda'rya boylari'nda jen'is penen ha'reket yetip ati'rg'an yedi. Da'slep wol xalqi' ti'g'i'z jaylasqan

ha’m bay sawda qalasi’ Si’g’naqqa hu’jim baslaydi’. Si’g’naq xalqi’ jeti ku’n dawami’nda qalani’ qaharmanli’q penen qorg’ap turadi’. Segizinshi ku’ni qala mong’ollarg’a ma’jbu’riy tu’rde bag’i’nadi’. Basqi’nshi’lar qalani’ talap, xalqi’n yen’ son’g’i’ adami’na shekem qi’ri’p taslaydi’.

**1220-ji’ldi’n’ aprel**inde basqi’nshi’lar **Jand**ti’ iyelep, woni’ talaydi’. Xalqi’ni’n’ qurallang’an bo’legi wo’ltirilip, qala wayran yetiledi. Mong’ollar bes mi’n’li’q a’skerden ibarat kishkene bir armiyasi’ menen Sayxun (Si’rda’rya) da’ryasi’ni’n’ boyi’nda jaylasqan **Banokat**qa (Shaxruxiya) qarap atlanadi’. Qala to’rt ku’nlik qorg’ani’wdan son’ ta’slim boladi’.

**Temur Ma’lik ma’rtligi**

**Xojent** qalasi’ Sirda’ryani’n’ yekige ayi’ri’lg’an jerinde jaylasqan yedi. Woni’n’ ta’biyg’i’y jaylasi’wi’ ja’ne qala ha’kimi **Temur Ma’lik**tin’ qaharmanli’g’i’ menen xojentlikler mong’ollarg’a ku’tilmegen qarsi’li’qlardi’ ko’rsetedi. Biraq, ku’shlerdin’ ten’ bolmag’anli’g’i’ sebepli Temur Ma’lik qalani’ taslap shi’g’i’p, mi’n’ adamli’q la’shkeri menen qala jani’ndag’i’ da’ryani’n’ wortasi’ndag’i’ atawlardi’n’ birewine jaylasi’p aladi’. Temur Ma’lik, dushpanni’n’ wog’i’ tesip wo’tpewi, wot jandi’ri’p jibermewi ushi’n u’sti kiyiz benen qaplang’an, sirkeli i’lay menen si’bap shi’g’i’lg’an 12 qayi’q soqti’radi’. Bunday u’sti jabi’q qayi’qlar menen jag’ag’a qa’wipsiz ju’zip bari’p, qayi’qti’n’ qaptali’ndag’i’ qaldi’ri’lg’an arnawli’ tesiklerden dushpandi’ woqqa tutatug’i’n yedi.

Temur Ma’lik usi’nday usi’l menen qayi’qlarda qorg’ani’w sawashlari’n ali’p baradi’. Biraq ku’shtin’ kemligi ushi’n bar azi’q-awqat ha’m qural-jaraqlari’n 70 kemege ju’kletip, tu’nde shamlardi’n’ jaqti’si’ menen Si’rda’ryani’n’ to’mengi ag’i’si’n boylap ju’zip ketedi.

Usi’nday usi’l menen Temur Ma’liktin’ armiyasi’ u’zliksiz sawash ju’rgizip, barli’q qi’yi’nshi’li’qlardi’ jen’ip, Jand qalasi’na jetip baradi’. Barshi’nli’kent ha’m Jand qalalari’na jaqi’n jerlerde da’ryani’n’ yeki jag’asi’nda dushpan joli’n tosi’p turg’an bolsa da, biraq ma’rt xojentliler jag’ag’a shi’g’i’p mong’ollar menen son’g’i’ sawashqa kirisedi. Biraz waqi’t wo’tkennen keyin, wol Xorezmde toplang’an armiya ha’m xali’q la’shkerlerine basshi’li’q yetedi. Joji’g’a qarsi’ tabi’sli’ sawashlar ju’rgizip, ha’tte wonnan Sayxun da’ryasi’ni’n’ to’mengi ag’i’si’ndag’i’ Jan’akent qalasi’n qaytari’p ta aladi’.

Shi’n’g’i’sxan **1220-ji’l**di’n’ jazi’nda Naqshab (Qarshi’)qa basi’p kiredi ha’m woni’ iyeleydi. Usi’ ji’ldi’n’ gu’zinde bolsa



**Termiz**ge a'skerleri menen atlanadi'. Termiz qamaldi'n' won birinshi ku'ni qatti' hu'jim menen ali'ni'p, qala qarabaqanag'a aylanadi'.

Si'rda'rya (Sayxun) basseyni, Zarafshan ha'm Qashqada'rya alaplari', A'miwda'rya (Jayxun)ni'n' wortan'g'i' ag'i'si'ni'n' won' jag'ali'g'i'ndag'i' wa'layatlar basi'p ali'ng'annan keyin, Shi'n'g'i'sxan tiykarg'i' ku'shti Xorezmshahlar ma'mleketinin' worayli'q bo'legi – Xorezmge atlandi'radi'.

1. Shi'n'g'i'sxanni'n' hu'jimi qashan ha'm qay jerden baslandi'?
2. Xorezmshah ne ushi'n qorg'ani'w rejesin maqul tapti'? Wol qanday reje edi?
3. Woti'rar qalay qorg'aldi'?
4. Buxara qayg'i'li' waqi'yasi' haqqi'nda ayti'p berin'.
5. Samarqand sawashi' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
6. Temur Ma'lik qanday ma'rtlik ko'rsetti?

## 26-§. XOREZMSHAHLAR MA'MLEKETININ' QULAWI'

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***«Ya Watan, ya sharapatli' wo'li'm»; Ma'ngiberdinin' ma'rtligi; Basi'p ali'wshi'li'q aqi'betleri.***

### U'rgensh qamali'

**1221-ji'ldi'n' bas**lari'nda Shi'n'g'i'sxan a'skerlerinin' U'rgenshke atlani'si' baslandi'. Jan'a g'ana Xorezm ma'mleketinin' Sultani' dep ja'riyalang'an Jalalatdin Ma'ngiberdi U'rgenshke jetip kelip, dushpannan qorg'aniwg'a kirisken bolsa da, biraq **Turkan Xatun** Jalalatdin ha'kimiyati'n ta'n almadi'. Buni'n arasi'nda Jand nayi'bi' qashqi'n **Qutli'g'xan** basshi'li'g'i'ndag'i' qi'pshaq la'shkerbasi'lari' ta'repinen sho'lkemlestirilgen til biriktiriwden xabar tapqan Sultan Jalalatdin Temur Ma'lik penen birge Xorasang'a ketiwge ma'jbu'r boladi'. Sebebi, bunday awhalda paytaxtqa qarap basi'p kiyati'rg'an jawi'z dushpang'a qarsi' U'rgenshti qorg'aw isin sira' da sho'lkemlestiriw mu'mkin yemes yedi. Tez waqi't ishinde shahzadalar **Wo'zlekshah** ha'm **Aqshahlar** da U'rgenshti ta'rk yetip, qashi'p ketedi. Paytaxtti'n' ta'g'diri wog'ada qorqaq ha'm ha'melparaz a'mir **Xumartakinnin'** qoli'nda qaladi'.

**1221-ji'ldi'n' qi'si'n**da 50 mi'n' adamli'q mong'ol a'skerleri hu'jim baslap, U'rgenshti qamal qi'ladi'. U'rgenshliler

dushpanni'n' a'skeriy ku'shi ha'm qorg'anlardi' tesetug'i'n qurallari'ni'n' basi'mli'g'i'na qaramay wo'z tuwg'an qalasi'n qorg'awg'a kirisedi. Paytaxt ishinde ali'p bari'lg'an ko'she sawashlari'nda wo'z zamani'ni'n' ulli' ali'mi', ulama Shayi'q Na'jima'tdin Kubra ati' menen dan'qi' shi'qqan 76 jasli' Axmet ibn Womar Xiwaqiy wo'zinin' dos-sha'kirtleri ha'm yesap-sansi'z izine yergenleri menen qatnasadi'. Na'jima'tdin Kubrani'n' wo'tinish penen «*Ya Watan, ya sharapatli' wo'lim*» dep aytqan shaqi'ri'g'i'n basshi'li'qqa alg'an ha'r bir ma'ha'lle, ko'she, awi'l-aymaq, meshit-medreseler ha'm ha'r bir shan'araq sawash maydani'na aylanadi'. Uzaq dawam yetken ko'she sawashlari'nda mi'n'lag'an mong'ol a'skerleri wo'z jani' menen xoshlasadi'. Mong'ollar tap usi' waqi'tqa shekem Mawarawnnaxrdi'n' hesh bir qalasi'nda usi'nshama qurban bermegen yedi. Bul qanli' gu'res dereklerde atap ko'rsetiliwine qarag'anda jeti ay dawam yetken.

Shi'n'g'i'sxan Na'jima'tdin Kubrag'a wo'z aqsu'yekleri, barli'q yar-doslari' menen qalani'n' si'rti'na shi'g'i'p, jan saqlawi'n usi'ni's yetedi. Biraq, shayi'q Shi'n'g'i'sxanni'n' usi'ni'si'n qabi'l yetpegen. Aqi'betinde san jag'i'nan ten' bolmag'an dushpan menen ali'p bari'lg'an qatti' sawashta awi'r jaralang'an Na'jima'tdin Kubra wo'liminin' aldi'nda tuw tutqan mong'ol atli' a'skerine wo'zin taslap, qaharmanlarsha sheyit boladi'. Ilajsi'zli'qtan haldan ketip bag'i'ng'an U'rgenish basqi'nshi'lar ta'repinen talan-taraj yetiledi. Qalani'n' bas tarnawi' buzi'p jiberiledi. U'rgenishti suw basi'p, wol wayran boladi'.

### Jalalatdin Ma'ngiberdinin' ma'rtligi

Mawarawnnaxrdi'n' tiykarg'i' qalalari' iyelengennen son', mong'ol jawi'ngerlerinin' basqi'nshi'li'q atlani'si' A'miwda'ryani'n' qublasi'ndag'i' iri sawda ha'm ma'deniyat woraylari'nan yesaplang'an **Balx, Xi'rat, Mari'** ha'm **G'azna** si'yaqli' qalalarg'a qarati'ladi'. Biraq, bul wa'layatta wolar Jalalatdin Ma'ngiberdinin' qatti' qarsi'li'g'i'na ushi'raydi'. Bul u'lkede wol ku'shli la'shker toplaydi'.

Jalalatdin Ma'ngiberdi ko'p ji'llar buri'n **G'azna, Bomiyon** ha'm Hindstan aymaqlari'na shekem bolg'an jerlerge ha'kim yetip saylang'an yedi. Sol sebepten wol G'aznag'a qarap baradi'. Jolda wog'an Xorasan nayi'plari' wo'z a'skerleri menen kelip qosi'ladi'. Sultan Jalalatdin **Ni'sa, Kandagar** qalalari'ni'n' qasi'nda mong'ol a'skerlerine qatti' soqqi'lar berip, G'aznag'a

jetip keledi. Woni'n' a'skerlerinin' qatari'na jan'adan ku'shler qosi'ladi'. Jalalatdin **Valiyon qala**si'n qorshawda uslap turg'an mong'ol a'skerlerine qarsi' hu'jim yetip, wolardi' tas-talqan yetedi. Bul Jalalatdinnin' dushpan u'stinen yerisken da'slepki u'lken jen'isi yedi.



**Jalalatdin Ma'ngiberdi.**

Shi'n'g'i'sxan Jalalatdin Ma'ngiberdige qarsi' **Shiki Xutuxi** nuyondi' 45 mi'n'li'q a'sker menen jiberedi. G'aznag'a jaqi'n jerdegi **Parwan** sahrasi'ndag'i' sawashta Jalalatdin jen'iske yerisedi. Biraq jen'isten son' qolg'a kirgizilgen woljalardi' bo'listiriwde Jalalatdinnin' a'skerbasi'lari' arasi'nda wo'z ara kelispewshilik baslanadi'. Aqi'betinde la'shkerbasi'lardan **Sayfutdin Ag'raq, Ag'zam Ma'lik** ha'm **Muzaffar Ma'lik**ler armiyadan ajrali'p ketedi. Bul waqi'yadan son' Jalalatdinnin' a'skeriy ku'shi bir qansha a'zzilep qaladi'.

Pursattan paydalang'an Shi'n'g'i'sxan G'aznag'a qarap a'skeriy ju'ris baslaydi' ha'm aji'rali'p shi'qqanlardi' tastalqan yetedi. Jalalatdin ku'shler ten' bolmag'an awhalda sawashlar quri'p, **Sind** (Hind) da'ryasi'ni'n' jag'alari'na jaqi'nlasi'p baradi'. Da'rya boyi'nda **1221-ji'ldi'n' 25-noyabr**inde yeki armiya wortasi'nda qatti' sawash boladi'. Jalalatdin Shi'n'g'i'sxan armiyasi'ni'n' aldi'n'g'i'lari'n jen'di. Mong'ollardi'n' qupi'yada jasi'ri'ni'p turg'an 10 mi'n' adamnan ibarat saylandi' a'skeri sawashti' juwmaqlaydi'. Jalalatdin bas iyip bag'i'ni'wdi' qa'lemey atta Sind da'ryasi'na sekirip, arg'i' jag'asi'na ju'zip wo'tedi. Woni'n' menen birge woni'n' to'rt mi'n' jawi'nger a'skerleri de da'ryadan wo'tip aladi'. Ha'zirgi waqi'tta da bul da'ryani'n' bir ta'repi «*At sekiriw*», yekinshi ta'repi «*Sho'l Jalaliy*» dep ataladi'. Jalalatdinnin' ma'rtligine qayi'l qalg'an Shi'n'g'i'sxan woni' quwi'w pikirinen qaytadi'. Ha'tteki, wol balalari'na qarap: «Atani'n' haqi'yqi'y perzenti usi'nday boli'wi' lazi'm» degen yeken.

Jalalatdin ja'ne won bir ji'l dawami'nda ga' Iran, ga' Azerbayjan aymaqlari'nda mong'ollarg'a qarsi' gu'resti dawam yettiredi.



**«Jalalatdin Ma'ngiberdi» ordeni.**

Solay yetip, ulli' sa'rkarda Jalalatdin Ma'ngiberdini ha'm woni'n' jawi'nger ku'shin du'zgen pidayi' doslari' dushpang'a qarsi' ji'llar dawami'nda qaharmanli'q penen gu'res ju'rgizgen bolsa da, biraq ana jurti'ni'n' azatli'g'i'n saqlap qali'wdi'n' ilaji'n qi'la almaydi'. Yen' son'g'i' Xorezmshahti'n' hu'kimdarli'g'i' **1231-ji'l**i' tamam boladi'. Shi'g'i'stag'i' bul u'lken ma'mleket birotala tamam boladi'.

Watan azatli'g'i' joli'nda jan pida' yetken ulli' babalari'mi'z Jalalatdin Ma'ngiberdinin' tuwi'lg'ani'ni'n' 800 ji'lli'g'i' g'a'rezsiz Wo'zbekstanda **1999-ji'l**da ken' belgilendi. Xorezmde wog'an ha'ykel wornati'ldi', u'lken ko'she ha'm maydanlarg'a woni'n' ati' qoyi'ldi', videofilm, piessa ha'm da'stanlar jarati'ldi'. **2000-ji'l 30-avgust**ta «Jalalatdin Ma'ngiberdi» ordeni tasti'yi'qlandi'.

## Mong'ollardi'n' jawlap ali'wi'ni'n' aqi'beti

Mong'ollardi'n' jawlap ali'wi'ni'n' aqi'betinde Mawarawnnaxr ha'm Xorezmnin' jaynap-jasnap turg'an abadan diyqanshi'li'q wa'layatlari' qi'yrati'lg'an yedi. Xalqi' ti'g'i'z ha'm ko'rkem qalalar, a'sirese **Buxara, Samarqand, Urgensh, Mari', Binokat, Xojend** ha'm basqa da qalalar qarabaqanalarg'a aylandi'ri'ldi'. Mari' oazisinin' suwg'ari'w tarmaqlari'ni'n' bas ton'i'rtqa bo'geti – ati' shi'qqan **Sultanband** buzi'p taslandi'.

Samarqandli'lar wo'z tuwg'an qalasi'n ta'rk yetip shi'g'i'p ketti. Mari' xalqi' bolsa, suwsi'zli'qtan quri'p barati'rg'an awi'llari'n taslap, basqa jerlerge bari'p jaylasti'. U'rgenish suwg'a aldi'ri'li'p, toli'g'i' menen wayran yetildi. Xorezm ha'm Mawarawnnaxrdi'n' diyqanshi'li'q penen shug'i'llani'wshi' xalqi'ni'n' sani' keskin azayi'p ketiwinin' aqi'betinde yegislik jerlerdin' maydanlari' a'dewir qi'sqari'p, diyqanshi'li'q qulawg'a qarap bet aldi'.

Sheber wo'nermentler jen'impazlardi'n' watani'n abat yetiw ushi'n ma'jbu'riy tu'rde Mong'olstang'a jiberildi. Pu'tkil Shi'g'i'sta dan'qi' jayi'lg'an qural-jaraq sog'i'w, a'jayi'p jipek gezlemeler toqi''w, nag'i'sli' shiyshelerdi sog'i'w wo'nermentshiligi joq yetildi.

A'sirler dawami'nda Tu'rkstan arqali' wo'tken belgili Jipek joli' mong'ollar basqi'nshi'li'g'i' da'wirinde pu'tkilley

ha'reketsiz qaldi'. Bul da'wirde ilim ha'm ag'arti'wshi'li'qqa u'lken zi'yan tiydi.

1. U'rgenishtin' qorg'aniwi' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
2. Na'jima'tdin Kubrani'n' «Ya watan, ya sharapatli' wo'lim» shaqi'ri'g'i'ni'n' ma'nisin tu'sindirin'.
3. Jalalatdindi qanday ku'sh ma'rtlikke shaqi'rg'an yedi?
4. Sind da'ryasi'ni'n' boyi'ndag'i' sawash haqqi'nda ayti'p berin'.

## 27-§. SHA'G'ATAY ULI'SI'NI'N' DU'ZILIWI

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***Uli's; Shag'atay uli'si'; Sali'q tu'rleri; Maxmud Tarabiy ko'terilisi.***

### U'lkelerdin' bo'listiriliwi

Jawlap ali'ng'an u'lke ha'm wa'layatlardi' Shi'n'g'i'sxan yele wo'zi tiri waqti'nda-aq to'rt balasi'na bo'listirip berdi. Solardan, *Shi'g'i's Tu'rkstan, Jetisuw* ha'm *Mawarawnnaxrg'a* **Shag'atay** iye boldi'. Solay yetip, mong'ollar basi'p ali'ng'an wa'layatlardi' uli'slarg'a bo'listiriw tiykari'nda basqari'wg'a kiristi.

Shi'n'g'i'sxan du'nyadan wo'tkennen keyin (1227) **Woqtay** mong'ollar ma'mleketinin' ulli' qag'ani' boli'p saylandi'. Uli'slardi'n' hu'kimdarlari' bolsa «xan» dep ayti'latug'i'n yedi. Ulli' qag'anni'n' turatug'i'n worni' Qaraquri'm qalasi'nda boli'p, sol jerde turi'p xanlardi'n' is-ha'reketin qatan' tu'rde baqlap woti'ratug'i'n yedi.

Shi'n'g'i'sxan wo'lgennen keyin de mong'ollardi'n' Bati's ta'repke atlani'si' dawam yetti. **1236—1240-ji'llar**i' Rossiya basi'p ali'ni'p, **Alti'n Worda ma'mleketi** du'zildi. **1256-ji'l**i' Iran toli'q basi'p ali'ni'p, **Xulakiylar ma'mleketi** ju'zege keledi. **1258-ji'l**i' **Xuloku** *abbasiyler dinastiyasi'na* juwmaq beredi. Mong'ollar Aziya ha'm Yevropani'n' u'lken bo'liminde wo'z hu'kimdarli'g'i'n wornata alg'an bolsa da, jeke woraylasqan woray du'ze almaydi'. Uli's xanlari' ulli' qag'ang'a ati' ushi'n boysi'nsa da, is ju'zinde wo'z bilgenlerin isler yedi.

### Shag'atay uli'si'

**XIII a'sirdin' 20-jillar**i'nda Shag'atay sorami'na berilgen Mawarawnnaxr, Jetisuw ha'm Shi'g'i's Tu'rkstanda **Shag'atay uli'si'** du'zildi. Shag'atayxanni'n' uli'si'n basqaratug'i'n

wordasi' Yelsuwi' (Ili) da'ryasi'n, boyi'nda yedi. Wa'layatlar ha'm wo'nermentshilik qalarari'n basqari'wda Shag'atay wo'zine boysi'ndi'ri'lg'an xali'qlardi'n' joqari' qatlam wa'killeri xi'zmetinen paydalanadi'.

Mawarawnnaxrdi' tikkeley basqari'w isleri yele Mawarawnnaxr basi'p ali'nbastan buri'n-aq Shi'n'g'i'sxanni'n' qasi'nda xi'zmet qi'lg'an xorezmli sawdager **Maxmud Yalawosh**qa beriledi. Wol **Xojend** qalasi'n wo'zine turatug'i'n jay yetip belgileydi ha'm usi' jerde turi'p, Mawarawnnaxrdi' basqara baslaydi'. A'skeriy ha'kimiyat, xali'qti' dizimnen wo'tkeriw, sali'q ji'ynaw isleri *qala ha'kimi (dorug'ashi')* ha'm *tamg'ashi'* dep atali'wshi' mong'ol a'meldarlari' qoli'nda bolatug'i'n yedi. Mong'ol basqaqlari' (jergilikli ha'kimleri) i'qti'yari'ndag'i' ko'p sanli' a'skerler Maxmud qaramag'i'na boysi'ndi'ri'lg'an yedi. Usi'larg'a su'yenip Maxmud Yalawash mong'ol qag'anlari' talabi'n wori'nlap, wo'zinin' sheksiz hu'kimdarli'g'i'n a'melge asi'ratug'i'n yedi.

### Sali'q tu'rleri

Shag'atay xanlari' worayli'q ha'kimiyat g'a'ziynesi ushi'n wo'z aldi'na ha'r tu'rli sali'qlar sali'p, zorli'q penen wo'ndirip alatug'i'n yedi.

Zu'ra'a'tshilerden ali'natug'i'n jer sali'g'i' bul da'wirde **«kalon»** dep atalatug'i'n yedi. Sharwashi'li'q penen shug'i'llani'wshi'larg'a bolsa **«qapshur»** sali'g'i' sali'ng'an. Ma'mleket g'a'ziynesi ushi'n **«shulen»** ati' menen atalg'an azi'q awqat sali'g'i' da wo'ndirilgen. «Shulun» ha'r bir padadan yeki jasar qoy, qi'mi'z ushi'n ha'r mi'n' attan bir biye yesabi'nda ali'ng'an.

Wo'nermentler ha'm sawdagerlerden **«targ'u»** sali'g'i' wo'ndirilgen. Targ'u islep shi'g'ari'lg'an wo'nim yaki sati'lg'an zatti'n' woti'zdan bir bo'limi mug'dari'nda wo'ndirilgen. Bulardan ti'sqari', ayri'qsha *duz sali'g'i', ju'n* ha'm *gu'mis sali'g'i'* sali'ng'an.

Sali'qlar jergilikli ha'meldarlar ta'repinen **barot** (ijara) ta'rtibinde aldi'nnan birden to'lep jiberiler yedi, son' wolar xali'qtan ji'ynap ali'natug'i'n yedi. Xali'qtan ji'ynap ali'w waqti'nda so'zsiz ra'smiylestirilgen mug'dardan zi'yat wo'ndiriletug'i'n yedi.

Zorli'q, ja'bir-zuli'mli'qti'n' wog'ada ku'sheyiwi, ha'r qi'yli' ma'jbu'riy to'lemler ha'm ji'yi'mlardi'n' ha'dden ti's ko'pligi mong'ollarg'a bolg'an narazi'li'qti' asi'ri'p, basi'p ali'wshi'lardi'n' yeziwshiligine qarsi' xali'qti'n' bas ko'teriwine ali'p keldi. Usi'nday ko'terilislerdin' biri Buxara oazisindegi Tarab awi'li'nda kelip shi'qqan xali'q ko'terilisi boldi'.

*** Shag'atay uli'si' – imperiya bo'listirilgende woni'n' Shi'n'g'i'sxanni'n' balasi' Shag'atayg'a tiygen bo'legi. Keyin ala wol Shag'atay ma'mleketine aylang'an.**
*** Qapshur – sharwa mallari' bas sani'ni'n' 2,5% mug'dari'na ali'ng'an sali'q.**
*** Kalon – wo'nimnin' 1/10 bo'legi ko'leminde ali'ng'an sali'q.**

### Maxmud Tarabiy ko'terilisi

**1238-ji'l**i' Buxarani'n' **Tarab** awi'li'nda basqi'nshi'lar ha'm jergilikli mu'lik iyelerinin' zuli'mli'g'i'na qarsi' ko'terilis baslandi'. Ko'teriliske tarabli' ga'lbir sog'i'wshi' wo'nerment Maxmud basshi'li'q yetedi. Tariyxta wol **Maxmud Tarabiy** ati' menen dan'qi' shi'g'adi'.

Tarabiydin' jaqi'n dos-joldaslari'nan **Shamsitdin Maxbubiy** ha'm Buxara xalqi' ko'terilisshilerge qosi'li'p qollari'na qural aladi'. Wo'zlerinin' qa'dirdan qalasi'n ha'm awi'llari'n mong'ollardan ha'm wolardi'n' tabaqlas xi'zmetkerleri – jergilikli ha'meldarlardan azat yetiwge atlang'an adamlardan ju'da' u'lken la'shker toplanadi'. Maxmud Tarabiy wo'z ta'repdarlari' menen Buxarag'a kirip alg'annan keyin, qala ishindegi *Robiya sarayi'n* wo'zlerine bekinis yetip aladi'. Bul jerge Buxarani'n' sadrlari'n, bay da'wletli aqsu'yeklerin, iri jer iyelerin shaqi'rtadi'. Wol wo'zinin' Buxara ha'm woni'n' a'tirapi'ndag'i' wa'layatlardi'n' xalifasi', yag'ni'y hu'kimdari' dep ra'smiy tu'rde dag'aza qi'li'wg'a wolardi' ma'jbu'r yetedi. Sonnan keyin Shamsitdin Maxbubiy sadr dep dag'aza qi'li'nadi'. Maxmud Tarabiy Buxarada wo'zinin' hu'kimdarli'g'i'n wornatqannan keyin, mong'ol ta'repdarlari' bolg'an jergilikli ha'meldarlar Buxaradan qashi'p ketedi.

Qashqi'n ha'meldarlar ha'm mong'ollar nayi'b **Maxmud Yalawosh** ja'rdeminde Karmana jani'na ku'sh toplap, Buxarag'a qarap ju'ris baslaydi'. Yeki wortada qatti' sawash baslanadi'. Mong'ollar jen'ilip, Karmanag'a qarap qasha baslaydi'. Sawashta ko'terilisshilerdin' jol basshi'si' Maxmud Tarabiy ha'm Shamsitdin Maxbubiyler de sheyit boladi'. Ko'terilisshiler wolardi'n' worni'na Tarabiydin' inileri **Muxammed** ha'm **A'liy**di jol basshi' yetip sayladi'. Aradan bir ha'pte wo'tpey, wolarg'a qarsi' mong'ollardi'n' jan'a armiyasi' hu'jim yetedi. Sawashta

ko'terilisshiler tas-talqan yetilip, Tarabiydin' yeki inisi de qurban boladi'. Mong'ollar Buxarani' ja'ne basi'p ali'p, wol jerde buri'ng'i' ta'rtiplerin qaytadan wornatadi'.

Shag'atay sali'qlardi' ta'rtipke sali'w reformasi'nda, **1238-ji'li**' Maxmud Yalawashti' nayi'pli'qtan shetletiwge ma'jbu'r boladi'. Woni'n' balasi' **Masudbek** nayi'b yetip saylanadi'. Ulli' qag'an **Woqtay** Maxmud Yalawshti' *Pekin* qalasi'na ha'kim yetip saylaydi'.

**1.** Shi'n'g'i'sxan basi'p ali'ng'an u'lkelerdi qalay bo'listirdi?
**2.** Shag'atay uli'si' qashan ha'm qay jerde du'zildi?
**3.** Mong'ollar qanday sali'q tu'rlerin yengizdi?
**4.** Maxmud Tarabiy ko'terilisi qashan ha'm qalay baslandi'?
**5.** Qanday sebepler Tarabiy ko'terilisinin' jen'iliwine ali'p keldi?

## 28-§. SOCIAL-EKONOMIKALI'Q HA'M MA'DENIY TURMI'STI'N' JANLANI'WI'

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***Pul reformasi'; Jer iyeligi; Shag'atay uli'si'ni'n' bo'liniwi; Ma'deniy turmi's.***

**Ulli' qag'an pa'rmani'**

XIII a'sir wortalari'nda Shag'atay uli'si'ni'n' mong'ol a'meldarlari' a'tirapi'nda woti'ri'qshi'li'qqa ko'shiw, qala turmi'si'na jaqi'nlasi'w, jergilikli woti'ri'qshi' xali'qti'n' bay ma'deniyati'nan paydalani'w bari'si' ku'sheyedi. Mong'olstanni'n' ulli' qag'ani' **Munqa** sali'q ha'm ma'jbu'riy ko'mek jumi'slari'n ta'rtipke sali'w haqqi'nda arnawli' pa'rman – *jarli'q* shi'g'aradi'. Yomlar baylap poshta xi'zmeti ushi'n aji'rati'lg'an atlar sani' belgilenip, xali'qtan arti'qsha at talap yetiw qadag'an yetiledi. Sonday-aq, yelshilerge qoli'nda tikkeley tapsi'rmalari' bolmasa qala ha'm awi'llarg'a kirmewi ja'ne xali'qtan wolar ushi'n belgilenetug'i'n arti'qsha wot-jem ha'm de azi'q-awqat almawi' uqti'ri'lg'an. Usi'lay yetip xali'q wo'zbasi'mshali'q penen ji'ynap ali'natug'i'n yesapsi'z to'lemlerden azat boladi'.

*** Yomlar – jol ba'ndirgileri'. Xabarshi'lar, jolawshi'lar at almasti'ratug'i'n wori'n. Yomda barqulla atlar ji'lawg'a tayar turg'an.**

**Masudbektin' pul reformasi'**

Mawarawnnaxrda a'ste-aqi'ri'nli'q penen bolsa da, qala turmi'si' atap aytqanda wo'nermentshilik ha'm sawda qatnasi'qlari' janlana baslaydi'. Qalalardi'n' ishki turmi'si', a'sirese tovar ha'm pul qatnasi'qlari'ni'n' tikleniwinde **Masudbek** ta'repinen **1271-ji'l**i' a'melge asi'ri'lg'an pul reformasi' u'lken a'hmiyetke iye boladi'. Wol Mawarawnnaxrdi'n' 16 qala ha'm wa'layatlari'nda, soni'n' ishinde **Samarqand, Buxara, Taraz, Woti'rar, Xojend** ha'm basqa qalalarda bir qi'yli' salmaqtag'i' ha'm joqari' bahadag'i' sap gu'mis ten'geler quyi'p shi'g'ari'li'p, ma'mlekette wolardi' aylani'sqa tu'sirdi.

**Kebekxan ha'm woni'n' reformalari'**

XIV a'sirdin' birinshi yari'mi'nda Shag'atay uli'si'nda mong'ollardi'n' woti'ri'qshi'li'qqa wo'tiw ha'reketi ku'sheyip, wolardi'n' socialli'q turmi'si'nda aytarli'qtay wo'zgerisler ju'z bere baslaydi'. Mawarawnnaxrday ma'deniy u'lke menen bekkem baylani's wornati'wg'a ha'm woti'ri'qshi' turmi's keshiriwge umti'lg'an Shag'atay xanlari'ni'n' biri **Kebek** (1318–1326) yedi. Wol ha'kimiyatti' tikkeley wo'z qoli'na ali'p, Qashqada'rya oazisindegi a'yyemgi Nasaf qalasi'ni'n' jani'nan wo'zine saray qurdi'radi'. Saray mong'ol tilinde «*Qarshi'*» dep ayti'ladi'. Kebekxan wo'z jasaw worni'n mong'ol hu'kimdarlari' arasi'nda birinshi boli'p Mawarawnnaxrg'a ko'shiredi. Usi' sarayda turi'p wol ma'mleketti basqaradi'. Keyin ala bul saray a'tirapi'nda jan'a imaratlar boy tikleydi ha'm yeski **Nasaf** qalasi' menen qosi'li'p ketedi. Sonnan keyin bul qala **Qarshi'** dep atala baslaydi'.

Kebek ma'mleketti basqari'wdi'n' du'zilisin ha'm woni'n' ekonomikali'q turmi'si'n ta'rtipke sali'w maqsetinde administrativlik ha'm pul reformasi'n wo'tkeredi. Ma'mlekette birden-bir pul yengiziledi. Irandag'i' Xulokiyler ma'mleketi ha'm Alti'n Worda xanli'g'i'ni'n' gu'mis ten'gelerinin' u'lgisinde yeki tu'rli pul: awi'rli'g'i' 8 grammli'q u'lken gu'mis ten'ge ha'm 1 grammli'q kishi ten'ge quyi'p shi'g'ari'lg'an. U'lken ten'ge «*dinar*», kishisi «*dirxam*» dep atalg'an. «*Kepaki*» dep atalg'an bul ten'geler Samarqand ha'm Buxarada quyi'p shi'g'ari'li'p aylani'sqa shi'g'ari'lg'an.

**Ekonomikali'q turmi'sti'n' janlani'wi'**

Mong'ollardi'n' jawlap alg'an da'wirinde wayran bolg'an wo'nermentshilik, sawda-sati'q ha'm diyqanshi'li'q a'steaqi'ri'n tiklene baslaydi'. Wo'nermentshiliktin' ha'm ishkisi'rtqi' sawdani'n' janlani'wi', so'zsiz tu'rde qarabaqana boli'p

qalg'an qalalardi'n' qayta tikleniwine sebep boladi'. Yele ko'p g'ana qala ha'm wa'layatlar qi'yrati'lg'an ham yari'm qi'yrag'an halda jatqan bolsa da, **U'rgenish** ha'm **Buxara** qalalari' qayta tiklenedi. A'yyemgi Samarqand wayran bolg'an hali'nda qali'p, wog'an jaqi'n jerde jan'a qala boy tikleydi. Qalalarda ha'r qi'yli' ma'mleketlik, ja'ma'a'tlik ha'm bilimlendiriw imaratlari' quri'ldi'. Qala bazarlari' ko'beydi.

**Jer iyeligi**

Mong'ollardi'n' hu'kimdarli'g'i' da'wirinde Worta Aziyada jerge iyelik yetiwdin' *mulki devon*, *mulki injuxon, mu'ki vaqf* ha'm mulk dep atali'wshi' to'rt tu'ri bar yedi.

*** Mulki devon – ma'mleketlik jerler**
*** Mulki inju – hu'kimdar ha'm nayi'plarg'a qarasli' jerler**
*** Mulk – jeke menshik jerler**
*** Mulki vaqf – meshit ha'm medrese jerleri.**

Mu'liklerdin' u'lken bo'legi a'skeriy ha'meldarlarg'a ma'mleket aldi'ndag'i' xi'zmetleri ushi'n sawg'a yetilgen jerler boli'p, wolar suyurg'al jerleri dep atalatug'i'n yedi. Bunday jerlerge iye bolg'an jer iyeleri – *suyurg'al iyeleri* barli'q sali'q ha'm to'lemlerden azat yetiletug'i'n yedi. Suyurg'al jerleri a'wladtan-a'wladqa miyras si'pati'nda wo'tetug'i'n yedi.

Mong'ol hu'kimdarlari' ha'm mu'lik iyeleri arasi'nda basi'p ali'ng'an jerlerge yeki tu'rli ko'zqaras bar yedi. Ayri'mlari' jergilikli aqsu'yekler, sawdegerler menen jaqi'nlasi'w, wo'nermentshilikti, diyqanshi'li'qti' rawajlandi'ri'w, islam dinin qabi'l yetiw ta'repdarlari' yedi. Basqalari' bolsa woti'ri'qshi' ha'm qala turmi'si'na qarsi' boli'p, qalalardi' buzi'p taslaw, bag' ha'm yegislik jerlerdi wotlaq jerlerge aylandi'ri'wdi' qa'ler yedi.

A'ste-aqi'ri'n Shag'atay uli'si'ni'n' bir qatar xanlari' wo'zinin' uri'w-qa'wimleri menen Mawarannaxrg'a ko'ship kelip jergilikli xali'q penen qosi'li'p woti'ri'qshi' boldi'. Jetisuwda jasap ati'rg'an mong'ollar Mawarawnnaxrg'a ko'ship kelgenlerdi «*qaraunas*» (qospaq), Mawarawnnaxrda jasap ati'rg'an mong'ollar bolsa wolardi' «*jete*» (qaraqshi', talawshi') dep atay basladi'. Bul a'melde bir-birinin' kewline tiyip mazaqlaw yedi. Wolardi'n' wortasi'nda kelispewshilik, jek ko'riwshilik ku'sheyip bardi'. Na'tiyjede Shag'atay uli'si' XIV a'sirdin' 40-ji'llari'nda yekige bo'linip ketti.

Shag'atay uli'si'ni'n' Shi'g'i's Tu'rkstan ha'm Jetisuw bo'limi Mong'olstan dep atala baslandi'. 1348-ji'li' Shag'atay na'slinen bolg'an **Tug'luq Temur** Mong'olstan xani' boli'p ko'terildi. Uli'sti'n' bati's bo'limi — Mawarawnnaxr g'a'rezsiz basqari'latug'i'n boldi'.

### Ma'deniy turmi's

Ilim, a'debiyat, bilimlendiriw ha'm ma'deniyatti'n' ayi'ri'm tarawlari' da tiklene baslaydi'. Atap aytqanda, qala quri'li'si' menen baylani'sli' bolg'an quri'li's ha'm arxitektura jolg'a qoyi'ldi'. Si'rlap bezewshilik, ganshtan woyi'p nag'i'slar sali'w, kisen sog'i'wshi'li'q, arxitekturali'q gerbish woymashi'li'g'i' ha'm arxitekturali'q kalligrafiya a'sirler boyi' dawam yetken da'stu'r ha'm ta'jiriybelerdin' tiykari'nda tiklenip, ha'tte bir qansha rawajlani'wg'a da yerisedi. Quri'li'sshi'-arxitektorlardi'n' qoli' menen quri'lg'an ko'rkem imaratlar menen quri'li'slar: meshit, medrese, xonaqoh, mavzoley, minara ha'm saraylar boy tikleydi. Wolardi'n' ayi'ri'mlari' bizin' da'wirimizge shekem saqlani'p qalg'an. Buxara qalasi'ndag'i' Sayfutdin Buxarziy, Bayanquli'xan mavzoleyleri, Samarqandtag'i' dan'qi' jayi'lg'an Shaxizinda arxitekturali'q ansamblinin' tiykarg'i' bo'legi bolg'an Qusam ibn Abbaz mavzoleyinin' zi'yaratxanasi', Go'ne U'rgenishtegi biyikligi 62 metrli ulli' minara, Na'jima'tdin Kubra ha'm To'rebekxani'm mavzoleyleri usi'lar topari'nan yesaplanadi'.

XIII a'sirdin' wortalari'nda Buxarada **«Masudiya»** ha'm **«Xoniya»** atlari' menen dan'qi' shi'qqan yeki medrese quri'ladi'. Wolardi'n' ha'r birinde mi'n' adamg'a shekem ilim-bilimge qushtar bolg'an xali'q bilim alg'an.

XIII a'sirdin' yekinshi yari'mi' ha'm XIV a'sir baslari'nda parsi'-ta'jik poeziyasi'ni'n' iri wa'killerinen yesaplang'an **Jalalatdin Rumiy, Saadiy Sheraziy, A'mir Xi'sraw Dexlawiy** si'yaqli' iri tulg'alar jasag'an ha'm shi'g'armalar do'retken.

Jalalatdin Rumiy (1207—1273) ulli' sufizm shayi'ri' boli'p, 36 mi'n' ba'ytten ibarat «*Masnawiyi ma'nawiy*» atli' shi'g'armani' do'retken. Bul shi'g'armasi'nda wol sufizm filosofiyasi'ni'n' tiykarlari'n analizleydi.

Bul da'wirdin' ko'rnekli woyshi'l jazi'wshi'lari'ni'n' ja'ne biri **Saadiy Sheraziy** (1219—1293) boldi'. Wol wo'zinin' «*Gu'listan*» ha'm «*Bostan*» atli' shi'g'armalari'ndag'i' teren' mazmung'a iye g'a'zelleri menen shig'i's a'debiyati'ni'n' rawajlani'wi'nda wo'shpes iz qaldi'rg'an. Wol wo'z shi'g'armalari'nda ana jerge

bolg'an muhabbat, adamgershilik ideyalari'n sheberlik penen bayan yetedi.

Wo'z da'wirinin' ulli' jazi'wshi'lari'nan **A'mir Xi'sraw Dexlawiy** (1253–1325) Ni'zamiy Ganjawiyden son' «Xamsa» da'stani'n jazg'an shayi'r ham saz muzi'kasi'n jetik bilgen woyshi'llardan yedi. Wol «*Zafarlar kaliti*» (Jen'isler gilti), «Falakning to'qqiz gumbazi» (Ta'g'dirdin' tog'i'z gu'mbezi) si'yaqli' shi'g'armalardi'n' do'retiwshisi.

XIII a'sirdin' yekinshi yarmi'nan baslap ji'lnama jazi'wshi'li'q rawajlanadi'. Bul da'wirde **Juzjaniy**din' «*Tabaqoti Nosiriy*», («Nasi'r tu'rkimleri»), **Juwayniy**din' «*Tarixi jahonkushoy*» («Ja'ha'ndi jawlap ali'wshi'ni'n' tariyxi'»), **Rashidutdin Fayzulla**ni'n' «*Jome at-tavorix*» («Tariyxlar toplami'») si'yaqli' qi'mbatli' tariyxi'y shi'g'armalari' jazi'ladi'. Bul shi'g'armalar sol da'wirdin' tariyxi', a'sirese mong'ollardi'n' yeziwshiligin u'yreniwde birinshi da'rejeli derek boli'p yesaplanadi'.

Bul da'wirde tu'rkiy tildegi adebiyat rawajlana baslaydi'. Keyin ala wol «*Shag'atay tili*» ha'm «*Shag'atay a'debiyati'*» degen atqa iye boladi'.

1. Munqa qag'an ma'mlekette ishki jag'daydi' jumsarti'w ushi'n qanday sharalar ko'rgen?
2. Masudbektin' pul reformasi' qanday na'tiyje berdi?
3. Kebekxanni'n' reformalari' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
4. Shag'atay uli'si'ni'n' bo'liniw sebebi nede?
5. Ekonomikali'q turmi'sta qanday wo'zgerisler ju'z berdi?
6. Mong'ollar da'wirindegi jer iyeliginin' qanday tu'rleri bar yedi?



## V B A P

# AMIR TEMUR HA'M TEMURIYLER MA'MLEKETI

## 29-§. A'MIR TEMURDI'N' SIYASIY GU'RES MAYDANI'NA KIRIP KELIWI

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***Siyasiy pi'ti'ran'qi'li'q; Siyasiy gu'res maydani'; Ma'mleket g'a'rezsizligi ushi'n gu'res; Sarbadarlar.***

**Siyasiy pi'ti'ran'qi'li'q**

XIV a'sirdin' 50–60-ji'llari'nda Mawarawnnaxr 10 g'a jaqi'n g'a'rezsiz bekliklerge bo'linip ketken. Samarqand wa'layati'nda **A'mir Bayan Sulduz**, Keshte **A'mir Haji' Barlas**, Xojendte **A'mir Bayazid Jalayi'r**, Balxta **Uljaytu Sulduz**, Xisori' Shadman shegarasi'nda **A'mir Xuseyn** ha'm **A'mir Yasavuriy**ler wo'zlerin *mutlaq* (*ma'n'gilik*) *ha'kim* dep ja'riyalaydi'.

Buni'n' u'stine Shi'g'i's Tu'rkstan ha'm Jetisuwda du'zilgen Mong'olstan xanlari' bir neshe ma'rtebe Mawarawnnaxrg'a qaray atlani's jasap, woni' talag'an. Mong'olstan a'mirlerinin' wayranshi'li'qqa ali'p kelgen talawshi'li'q atlani'slari'na, yeziwshiligine ha'm zuli'mli'g'i'na qarsi' xali'q ha'reketi baslanadi'.

Mine usi'nday wo'z ara ishki uri'slar qi'zg'an, mong'ollardi'n' zuli'mli'g'i'na qarsi' miynetkesh xali'q ha'reketleri baslang'an bir da'wirde, ma'mlekette jan'a siyasiy ku'sh jetilispekte yedi.

**A'mir Temurdi'n' jasli'q da'wiri**

A'mir Temur Kesh wa'layati'ndag'i' Xoja i'lg'ar (Yakkabag' rayoni')da **1336-ji'l 9-aprel** ku'ni du'nyag'a kelgen. Woni'n' toli'q ati' **A'mir Temur ibn A'mir Tarag'ay ibn A'mir Barqul**. A'mir Temurdi'n' anasi' **Takina xatun** Kesh yelinin' abi'rayli' biykeleri'nen yesaplang'an. Woni'n' a'kesi A'mir Tarag'ay bar-



**Sahi'pqi'ran A'mir Temur.**

las uri'wi'ni'n' aqsaqallari'nan boli'p, ata-babalari' Kesh ha'm Nasaf wa'layati'nda wo'z mu'lklerine iye bolg'an ha'm bul jurtta ha'kimlik qi'lg'an.

A'mir Temurdi'n' jasli'g'i' ana jurti' Keshte wo'tken. Jeti jasqa tolg'anda a'kesi woni' woqi''wg'a beredi. Shayx **Shamsitdin Kulal** Temurbektin' piri bolg'an. Wol jaslayi'nan-aq shabandozli'qqa ha'm an'shi'li'qqa i'shqi'paz boli'p, sari'jaydan ni'shanag'a woq ati'wdi', at shawi'p tu'rli shi'ni'g'i'wlardi' ha'm a'skeriy woyi'nlar menen shug'i'llani'wdi' jaqti'ratug'i'n yedi. Usi' arali'qta A'mir Temur tulparlardi' tan'lap aji'rata alatug'i'n sheber shabandoz ha'm da'wju'rek bahadi'r si'pati'nda yer jetedi. Woni'n' a'tirapi'na balali'qtag'i' doslari' ha'm mekteplesleri toplani'p, birgelikte shi'ni'g'i'wlar isleytug'i'n, jari'slarg'a qatnasi'p, aste-aqi'rin no'ker bo'lisip, a'skeriy toparg'a birlesip baslag'an yedi. Bul topardi'n' arasi'nda *Abbas Bahadi'r, Jaxanshaxbek, Kimori I'naq, Sulaymanshaxbek, Sayfitdinbek* ha'm basqalar bolg'an. Keyin ala wolar A'mir Temur menen birge sap tarti'p, woni'n' armiyasi'nda la'shker basi' da'rejesine shekem ko'terilgen.

Wo'zinin' da'slepki a'skeriy ha'reketin A'mir Temur qol asti'ndag'i' no'kerleri menen ayi'ri'm wa'layat a'mirlerine xi'zmet yetiwden baslag'an. Wolardi'n' wo'z ara gu'reslerinde qatnasi'p, ma'rtlik ko'rsetken ha'm sawashlarda shi'ni'qqan. A'skeriy sheberlik ha'm joqari' da'rejedegi ken'peyillilik A'mir Temurdi'n' dan'qi'n asi'ri'p, woni'n' ati' pu'tkil Qashqada'rya alabi', atap aytqanda Kesh wa'layati'na jayi'lg'an. A'kesi A'mir Temurdi' da'slep (1352) **A'mir Joku Barlos**ti'n' qi'zi' **Turmi's Og'a**g'a u'ylendiredi. 1355-ji'li' A'mir Temur Qazag'anni'n' aqli'g'i', **A'mir Xuseyn**nin' qari'ndasi' **Uljay Turkan Og'a**ni' wo'z nekesine aladi'. Keyingi nekesi sebepli A'mir Temur menen Balx ha'kimi **A'mir Xuseyin** wortasi'nda awqam ju'zege keledi.

**A'mir Temurdi'n' siyasiy gu'res maydani'na kirip keliwi**

**XIV a'sirdin' 50-ji'llari'ni'n' aqi'ri'**nda Mawarawnnaxrdag'i' a'mirlerdin' wo'z ara gu'resi ku'sheyip, ma'mlekette siyasiy pi'ti'ran'qi'li'q ha'wijge shi'g'adi'. Mong'olstan xanlari' Mawarawnnaxrdag'i' awi'r siyasiy awhaldan

paydalani'p, bul u'lkede wo'z ha'kimiyati'n wornati'wg'a ha'reket yetedi. **Tug'luq Temur** 1360–1361 ji'llari' Mawarawnnaxrg'a izli-izinen yeki ma'rtebe basi'p kiredi. Mawarawnnaxr bekleri birlese almay, xali'qti' wo'z hali'na taslap ketedi. A'mir Temurdi'n' a'mekisi – Kesh wa'layati'ni'n' hu'kimdari' **A'mir Haji' Barlos** Xorasan ta'repke qashadi'. 24 jasar **A'mir Temur** basqasha jol tutadi'.

Temur wo'z mu'lkin mong'ollar basqi'nshi'li'g'i'nan qorg'aw ushi'n ko'p woylap, Tug'li'q Temurdi'n' aldi'na bariwg'a qarar qi'ladi'. Na'tiyjede Tug'li'q Temurdi'n' jarli'g'i' menen Kesh wa'layati'ni'n' dorug'asi' yetip saylanadi'.

*** Darug'a – mong'olsha «baqlawshi'», «qala basli'g'i'» degen ma'nisti beredi. Mong'ollar ma'mleketinde jergilikli ha'kimler qabi'llawi'ndag'i' ulli' qoon wa'kili, naibi'. Darug'ag'a to'mendegi wazi'ypalar ju'klengen: xali'qti' yesapqa ali'w; jergilikli xali'qtan armiya toplaw; pochta baylani'slari'n jolg'a qoyi'w; sali'qlar ji'ynaw; toplang'an sali'q to'lemlerin ulli' qoon sarayi'na jetkeriw.**

Usi'lay yetip A'mir Temur siyasiy gu'res maydani'na kirip keldi. Keyinirek, wo'zinin' bul ha'reketin Temirbek xali'qti' mong'ollar ta'repinen talan-taraj yetiwden qorg'awdi'n' bir joli' – puxta woylang'an reje 100 mi'n' adamli'q armiyadan ku'shli dep ta'riyipledi.

**Tug'li'q Temur**di'n' balasi' **Ilyasxoja**ni' Mawarawnnaxrdi'n' hu'kimdari' yetip, Mong'olstang'a qayti'p ketedi. Ilyasxoja menen A'mir Temurdi'n' kelisimi bolmadi'. Sol sebepli Mawarawnnaxrdi'n' yen' abi'rayli' a'mirlerinin' biri, Balx ha'kimi Xuseyn menen awqam du'zip, mong'ollarg'a qarsi' gu'res ali'p baradi'. **1363-ji'l**i' A'miwda'ryani'n' shep jag'ali'g'i'ndag'i' **Qundi'z** qalasi' qasi'nda dushpan u'stinen jen'iske yerisedi. Keyingi yeki ji'l dawami'nda awqamlaslar Ilyasxoja basshi'li'g'i'ndag'i' jeta (qaraqshi') a'skerleri menen bir neshe ma'rtebe uri's ju'rgizedi. Yen' son'i'nda **1364-ji'l**di'n' aqi'ri'nda wolar mong'ollardi' Mawarawnnaxrdan quwi'p shi'g'aradi'.

Biraq, Mawarawnnaxrdi' qoldan shi'g'ari'wdi' qa'lemegen Ilyasxoja **1365-ji'ldi'n' ba'ha'r**inde ja'ne Mawarawnnaxrg'a atlani'si'n baslaydi'. Yeki wortadag'i' sawash **1365-ji'l 22-may** ku'ni Tashkent penen Shi'naz wortasi'ndag'i' Shi'rshi'q

da'ryasi'ni'n' boyi'nda boli'p wo'tedi. Tariyxta wol «*I'layli' sawash*» ati' menen belgili bolg'an. Wo'ytkeni, sol ku'ni ku'shli no'ser jawi'n quyi'p, sawash maydani' batpaqli'qqa aylang'an, ha'tte atlar i'layg'a bati'p qalg'an.

Sawashta A'mir Temurdi'n' a'skeri jen'isli ha'reket yetip, dushpan armiyasi'ni'n' won' qanati'na ku'shli soqqi' berip ati'rg'an bir waqi'tta, Xuseyin wo'z a'skerlerin dushpani'ni'n' shep qanati'nda qaldi'rmay, sawash maydani'n ta'rk yetedi. A'mir Temur sheginiwge ma'jbu'r boladi'.

Bul jen'isten keyin **Ilyasxoja** hesh qanday qarsi'li'qqa ushi'ramay, Xojend ha'm Jizzax qalalari'n iyelep, Samarqandqa qarap atlani's baslaydi'. Samarqandta quralli' armiya bolmasa da, xali'q qalani' qorg'awdi' wo'z qoli'na aladi'. Uzaq dawam yetken mong'ollardi'n' hu'kimdarli'g'i'na qarsi' ko'terilgen bul xali'q ha'reketi tariyxta *Sarbadarlar ha'reketi* degen at penen belgili boladi'.

**Samarqand sarbadarlari'**

Sarbadarlar ha'reketi XIV a'sirdin' 60-ji'llari'nda Mawarawnnaxrda mong'ol xanlari'ni'n' hu'jimi na'tiyjesinde ju'zege keldi. Samarqand sarbadarlari'na mudarris (bilimge qushtar) **Ma'wlenzada Samarqandiy**, wo'nerment **A'biw Ba'kir Kalaviy** ha'm qala ma'ha'llelerinin' birinin' aqsaqali', sheber mergen **Xurdaki Buxariy**ler basshi'li'q yetetug'i'n yedi. Sarbadarlar mong'ollarg'a Samarqand qalasi'nda ku'shli soqqi' berdi. Buni'n' u'stine wolardi'n' atlari'ni'n' arasi'nda awi'ri'w tarqali'p, atlari' qi'ri'li'p wo'le basladi'. Sharasi'z qalg'an Ilyasxoja da'slep Samarqand, keyin bolsa pu'tkil Mawarawnnaxrdi' taslap shi'g'i'p ketiwge ma'jbu'r boladi'.

Sarbadarlar ameldarlar mal-mu'lkinin' bir bo'legin konfiskaciyalap jarli'larg'a bo'listirip bergen. Bul bolsa hu'kimdar qatlamlardi'n' keskin narazi'li'g'i'na sebep bolg'an.



*** Sharafatdin A'liy Yazdiy «Zafarnama» kitabi'nda: «Ya Allah! Kambag'aldi' bay adamg'a aylandi'rdi'n'», — dep jazadi'.**

Sarbadarlar basshi'li'g'i'ndag'i' samarqandli'lardi'n' mong'ollar xani' Ilyasxoja u'stinen yerisken jen'isi ha'm qaladag'i' turaqsi'zli'q haqqi'ndag'i' xabar A'mir Temur menen A'mir Xuseyinge de bari'p jetti. **1366-ji'ldi'n' ba'ha'r**inde wolar Samarqandqa jol aladi' ha'm qala jani'ndag'i' *Konigil jerine* ke-

lip toqtaydi'. Bekler sarbadarlardi'n' jetekshileri menen so'ylesiw ali'p bardi'. Ushi'rasi'wdi'n' birinshi ku'ninde wolarg'a hu'rmet ko'rsetedi. Biraq yerten'ine **A'biw Ba'kir Kalaviy** menen **Xurdakiy Buxariy**ler A'mir Xuseyinnin' buyri'g'i' menen darg'a asi'ladi'. Bunnan kesh xabar tapqan A'mir Temur **Ma'wlenzada**nin' wo'mirin A'mir Xusaynnan sorap aladi' ha'm woni' wo'limnen qutqari'p qaladi'. Usi'nday jol menen sarbadarlar basli'qsi'z qaldi'ri'li'p, ha'reket basti'ri'ladi'. Mawarawnnaxrda A'mir Xuseyinnin' hu'kimdarli'g'i' wornati'ladi'. Biraq ko'p waqi't wo'tpey Xuseyin menen A'mir Temur arasi'ndag'i' qatnasi'q kes-kinlesip, ashi'qtan-ashi'q ja'njelge aylanadi'. **1366–1370-ji'llar** dawami'nda wolardi'n' wortasi'nda wo'z ara soqli'g'i'si'wlar da boladi'.

1. Ne sebepten Mawarawnnaxrda siyasiy tarqali'w ku'-sheydi?
2. A'mir Temurdi'n' jasli'g'i' haqqi'nda nelerdi bilesiz?
3. A'mir Temur qanday jag'dayda siyasiy gu'res maydani'na kirip keldi?
4. «I'layli' sawash» haqqi'nda ayti'p berin'.
5. Sarbadarlar kimler. Wolar kimlerge qarsi' gu'resken?
6. A'mir Temur haqqi'nda qanday kitaplar woqi'di'n'i'z?

## 30-§. A'MIR TEMUR – WORAYLASQAN MA'MLEKET TIYKARI'N SALI'WSHI'

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***A'mir Temur hu'kimdarli'g'i'ni'n' baslani'wi'; Joqari' ha'kimiyat belgisi; Woraylasqan ma'mleket; Mawarawnnaxr ha'm Xorasanni'n' birlestiriliwi.***

**A'mir Temurdi'n' ha'kimiyat basi'na keliwi**

XIV a'sirdin' 60-ji'llari'nda Mawarawn-naxrda hu'kim su'rgen awi'r siyasiy ha'm ekonomikali'q jag'day ma'mleketti birlestirip, ku'shli bir ma'mleket du'-ziwdi talap yetetug'i'n yedi. A'mir Temur wo'z zamani'ni'n' bunday talabi'n basqa a'mirlerge qarag'anda jaqsi'raq tu'siner yedi. Soni'n' ushi'n da, wol woraylasqan ma'mleket du'ziwge kiristi. Bunday maqsetti a'melge asi'ri'wda wol ruwxani'ylar, a'skeriy adamlar, sawdagerler ha'm qala wo'nermentleri topari'na su'yenedi. A'mir Temur bul u'lken maqsetti ju'zege shi'g'ari'w isin da'slep ishki dushpanlarg'a qarsi' gu'resten baslaydi'.

**1370-ji'ldi'n' ba'ha'r**inde A'mir Temur barli'q a'skerleri menen ku'shli qarsi'las – Balx hu'kimdari' A'mir Xuseyinge qarsi' jolg'a shi'g'adi'. Armiya Termiz jani'ndag'i' *Biya awi'li'na* jetkende woni'n' qabi'llawi'na belgili ulamalardan Sayyid Baraka keledi. **Sayyid Baraka** A'mir Temurdin' xi'zmetlerin qollap-quwatlap, wog'an joqari' ha'kimiyat belgisi tabl (dawri'q) penen bayraq sawg'a yetip, woni'n' ulli' keleshegin boljaw yetedi. So'zsiz bul waqi'ya siyasiy a'hmiyetke iye yedi. Sebebi, wol saltanatli'q simvoli' yedi. A'mir Temur a'skerleri Balxqa jetip barg'ansha, jol-jo'nekey wog'an jan'adan-jan'a ku'shler kelip qosi'ladi'. Bul waqi'tqa kelip, A'mir Xuseyinni'n' ko'pshilik a'mirleri woni' ta'rk yetedi. Sawashta A'mir Xuseyin a'skerleri jen'iledi, yeki ku'nlik qamaldan son' **1370-ji'ldi'n' 10-aprel**inde Balx qalasi' A'mir Temurg'a ta'slim boladi'. A'mir Xuseyin wo'ltiriledi.

**1370-ji'ldi'n' 11-aprel**inde Shag'atay uli'si'ni'n' bek ha'm a'mirleri, wa'layat ha'm rayonlardi'n' hasi'lzadalari', A'mir Temurdi'n' jasli'qtan birge bolg'an qurallas doslari', sonday-aq A'mir Temurdi'n' piri Sayyid Baraka qatnasi'wi'nda quri'ltay wo'tkeriledi. Quri'ltayda A'mir Temurdi'n' hu'kimdarli'g'i' ra'smiy tu'rde ta'n ali'ni'p, wol *Mawarawnnaxrdi'n' a'miri* dep ja'ryalanadi'.

**Woraylasqan ma'mlekettin' du'ziliwi**

A'mir Temur ma'mleketti siyasiy ha'm ekonomikali'q jaqtan bekkemlewge kiristi. Wol **1370-ji'l iyul** ayi'nda, Samarqandta quri'ltay shaqi'rdi'. Quri'ltayda Shibirg'an ha'kimi a'mir **Zinda Shashm**nan basqa Mawarawnnaxrdi'n' barli'q a'mirleri ha'm qa'wim basli'qlari' toplandi'. Yeki da'rya arali'g'i'nda jasawshi' tu'rk-mong'ol qa'wim basli'qlari', barli'q a'mirler A'mir Temur ha'kimiyati'n ta'n aldi'. Samarqand ma'mlekettin' paytaxti' dep dag'azalandi'. Samarqandta bekkem diywallar, qorg'anlar ha'm de saraylar quri'ladi'. A'mir Temur ma'mlekette ni'zam ha'm ta'rtip islerin yengizedi. Arnawli' armiya du'zilip, wog'an u'lken qolayli'qlar beredi. A'mir Temur iri a'skeriy bo'limlerdin' basli'qlari' yetip **Ardasher Qawshi'n, Joku Barlos, Iskender Alam Shayx, Usman Abbas, Sayfitdin Barloslar**di' sayladi'. Ta'jiriybeli a'skerler sipoxsolorlikke saylandi'. 1370-ji'lda Shibirg'an boysi'ndi'ri'ldi'. Zinda Shashm A'mir Temur xizmetine wo'tti.

A'mir Temur shi'g'i's aymaqlardi' mong'ollar ta'sirinen azat yetiw ushi'n Shi'g'i's Tu'rkstan ta'repke bir neshe ma'rtebe atlani's yetip, Mong'olstan xanlari'na soqqi' berip, *Ferg'ana alabi'*

aymaqlari'n, *Woti'rar, Yassi* (Tu'rkstan) ha'm *Sayram*di' wo'z qaramag'i'na aldi'. *Xisar Badaxshan, Qundi'z* usag'an wa'layat a'mirleri de A'mir Temur ha'kimiyati'n ta'n ali'p, wog'an boysi'ndi'. **1381-ji'l**i' *Xirat, Seiston, Mazandaran* iyelendi. Sonnan keyin *Saraxs, Jom, Qavsiya, Sabzavar* qalalari' da sawashsi'z A'mir Temurg'a boysi'ndi' ha'm woni'n' qaramag'i'na wo'tti. Usi'lay yetip, pu'tkil Mawarawnnaxr ha'm Xorasan birlestirildi.

A'mir Temur saltanati' menen *Alti'n Worda xanli'g'i'* arasi'nda bul da'wirge kelip g'a'rezsiz boli'p alg'an *Xorezm ma'mleketi* du'zilgen yedi. A'yyemnen ekonomikali'q ha'm ma'deniy jaqtan Mawarawnnaxr menen tikkeley baylani'sli' bolg'an Xorezm mong'ollar da'wirinde yeki bo'limge aji'rali'p, worayi' U'rgenish qalasi' bolg'an Arqa Xorezm Alti'n Wordag'a, worayi' Kat qorg'ani' bolg'an Qubla Xorezm bolsa Shag'atay uli'si'na boysi'ndi'ri'lg'an. **XIV a'sirdin' 60-ji'llari' aqi'ri'nda** Alti'n Wordada ju'z bergen ko'terilisler waqti'nda Qon'i'rat suwpi'lari' Arqa Xorezmde jan'a dinastiyani'n' g'a'rezsiz hu'kimdarli'g'i'n tiklep aladi'. Son' Kat ha'm Xiywa qalalari'n jawlap ali'p, Arqa Xorezm menen Qubla Xorezm jerlerin birlestiredi. A'mir Temur bolsa pu'tkil Xorezmdi Shag'atay uli'si'ni'n' aji'ralmas bo'legi dep yesaplaytug'i'n yedi. Soni'n' ushi'n wol Xorezmdi wo'z ma'mleketine qosi'p ali'w siyasati'n tutti'.

A'mir Temur **1372-ji'l**dan baslap Xorezmge bes ma'rtebe a'skeriy atlani's yetti, Xorezm **1388-ji'l**i' u'zil-kesil boysi'ndi'ri'ldi'.

Solay yetip, A'mir Temur Mawarawnnaxr, Xorasan ha'm Xorezmdi birlestirip, u'lken woraylasqan ma'mleket du'zdi. Bul u'lken aymaqta jasawshi' xali'qlardi'n' birlesiwi wolardi'n' ta'g'dirinde unamli' a'hmiyetke iye boldi'.



1. A'mir Temur menen A'mir Xuseyin arasi'ndag'i' kelispewshilik qalay juwmaqlandi'?
2. 1370-ji'l 11-aprelde wo'tkerilgen quri'ltaydi'n' tariyxi'y a'hmiyeti nelerden ibarat?
3. Samarqand qalasi'n qaytadan quri'wda A'mir Temurdi'n' xi'zmeti haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
4. Mawarawnnaxrdi'n' shi'g'i's aymaqlari' qanday jol menen birlestirildi?
5. Xorezm atlani'slari' ha'm woni'n' na'tiyjesi haqqi'nda ayti'p berin'.
6. Bul da'wirde A'mir Temurdi'n' tariyxi'y xi'zmeti neden ibarat boldi'?

## 31-§. A’MIR TEMURDI’N’ A’SKERIY ATLANI’SLARI’

**Tayani’sh tu’sinikler:** ***Alti’n Wordag’a qarsi’ gu’res; Ankara sawashi’; A’mir Temurdi’n’ Yevropa xali’qlari’ aldi’ndag’i’ xi’zmeti.***

### Ma’mleket qa’wipsizligi joli’nda

Amir Temur saltanati’na qa’wip sali’p turi’wshi’ ku’shler yele toqtamag’an yedi. Bir ta’repten, Mong’ol xanlari’ Shag’atay uli’si’n birlestiriwge umti’li’p ti’ni’shli’q bermes yedi. Yekinshi ta’repten, **Alti’n Worda** ha’m **Aq Wordag’a** bo’linip ketken Joji’ uli’si’ni’n’ xanlari’ da arqa aymaqlar ja’ne Xorezm ta’repten qa’wip sali’p turatug’i’n yedi.

Biraq, bul da’wirde A’mir Temur ma’mleketi ushi’n yen’ ku’shli qa’wip Aq Worda ha’m Alti’n Wordalar ta’repinen yedi. Aldi’n A’mir Temur Alti’n Wordag’a soqqi’ berip, woni’ ku’shsizlendiriwge ha’reket yetedi. Biraq, wol Joji’ uli’si’n wo’z ma’mleketine qosi’p ali’w niyetinde yemes yedi. A’mir Temur Alti’n Wordani’n’ Mawarawnnaxrg’a tutasqan shi’g’i’s bo’limin wo’zinin’ ta’siri asti’na ali’w ja’ne woni’n’ paytaxti’ **Saray Berke** arqali’ wo’tetug’i’n ka’rwan joli’n Mawarawnnaxr ta’repke buri’p jiberiwdi go’zleydi.

A’mir Temur wo’z maqsetin a’melge asi’ri’w ushi’n Joji’ uli’si’ndag’i’ wo’z ara ishki gu’resten shaqqanli’q penen paydalandi’. Alti’n Wordada taji’-taxt ushi’n ayawsi’z gu’res baslang’an yedi. Bunday sharayatta barli’q shi’n’g’i’siylar ha’r jaqqa qashi’p jan saqlag’an. Wolardi’n’ biri **Toqtami’s** Aq Wordadan qashi’p Samarqandqa keledi. A’mir Temur wog’an izzet-hu’rmet ko’rsetedi, aqi’ri’nda, wol A’mir Temur ja’rdeminde Alti’n Worda taxti’n iyeleydi.

### A’mir Temur ha’m Toqtami’s

Keyinirek Toqtami’s satqi’nli’q joli’na kiredi. Wol A’mir Temurg’a qarsi’ ashi’qtan-ashi’q gu’reske wo’tedi. Na’tiyjede A’mir Temur Toqtami’sqa qarsi’ u’sh ma’rte atlani’s jasawg’a ma’jbu’r boladi’.

Son’g’i’ ku’shli sawash **1395-ji’ldi’n’ 15-aprel**inde Arqa Kavkazda **Tarak** (Terek) da’ryasi’ni’n’ boyi’nda ju’z berdi. Ku’shli uri’s u’sh ku’n dawam yetti. Bul sapari’ A’mir Temur a’skerleri dushpang’a qarsi’ attan tu’sip, woni’ woq jay menen ati’w usi’li’n qollandi’. Woq ha’m qi’li’sh soqqi’si’na shi’day almag’an Toqtami’s a’skerlerinin’ dizilgen qatari’ buzi’li’p, artq’a

sheginedi ha'm tarqali'p ketti. Toqtami'sxan sanawli' a'skerleri menen qashi'p shen'gelzarg'a kirdi ha'm an'li'p kiyati'rg'an qarsi'laslari'nan jasi'ri'ndi'. Rossiya tariyxshi'lari' B.D. Grekov ha'm A.Yu. Yakubovskiylerdin' ayti'wi'na qarag'anda A'mir Temurdi'n' Toqtami's u'stinen yerisken jen'isi tek g'ana Worta Aziya ushi'n yemes, ba'lki pu'tkil shi'g'i's Yevropa, sonday-aq Rus knyazliklerinin' birlesiwleri ushi'n da u'lken a'hmiyetke iye bolg'an.

### Iran, Irak, Sham ha'm Hindstang'a atlani's

A'mir Temur wo'z saltanati'ni'n' qubla shegaralari'n bekkemlew ha'm ken'eytiw maqsetinde Iran, A'zerbayjan, Irak, Sham (Siriya)g'a u'sh ma'rte atlani's jasaydi'. Bul atlani'slar tariyxta *u'sh ji'lli'q, bes ji'lli'q* ha'm *jeti ji'lli'q uri'slar* dep atalg'an. **U'sh ji'lli'q** (1386—1388) a'skeriy atlani'slar na'tiyjesinde Iran (Parsi'), Qubla A'zerbayjan, Irakti'n' arqa bo'limi, Gruziya ha'm Armeniyadag'i' (Van ko'li a'tirapi'ndag'i') jerler iyelenedi. A'mir Temur wo'z i'qti'yari' menen ta'slim boli'p, mali' aman to'legen qalalarg'a tiymegen, a'skerlerin bunday qalag'a kirgizbegen.

Irandag'i' muzaffariylar, jalayi'rlar dinastiyasi' wa'killerinin' ayi'rmashi'li'q ha'reketleri, Mazandaran, Qubla Iranda ko'terilgen ko'terilisler A'mir Temurdi'n' Irang'a ja'ne atlani's yetiwine ali'p keldi. Bul **bes ji'lli'q** (1392—1396) uri's dawami'nda Bati's Iran, Iraktag'i' Ajam ha'm Kavkaz jerleri iyelenedi. **1398—1399-ji'llar**da Hindstang'a atlani's qi'ladi' ha'm Dehlidi iyeleydi.

**1399—1404-ji'llar**i' Iran, aldi'ng'i' Aziya ha'm Kishi Aziyalarg'a bir neshshe atlani's qi'ldi'. Bul atlani's tariyxqa **jeti ji'lli'q uri's** ati' menen kirgen.

Ken' ko'lemli a'skeriy atlani'slar na'tiyjesinde Sahi'pqi'ran A'mir Temur saltanati'ni'n' shegarasi' Osmanli' tu'rkler ma'mleketi shegarasi'na bari'p taqaldi'. A'mir Temur Osmanli' tu'rkler sultani' **Bayazid Ji'ldi'ri'm** menen baylani'sti' jaqsi'law ta'repdari' bolg'an. Kelispewshiliklerdi diplomatiyali'q jol menen sheshiw maqsetinde yeki ta'rep arasi'nda to'rt ma'rtebe xat ali'si'w baslawshi'si' bolg'an. Sultan Bayazid bolsa ha'r sapari' qaysarli'q, menmenlik yetkeni, ha'tte A'mir Temurdi'n' ati'na namaqul so'zlerdi de jazg'anli'g'i' tariyxi'y dereklerde jazi'lg'an. Bayazid qaraqoyi'nli'lar, muzaffariyler, jalayi'riylerdin' A'mir Temurg'a qarsi' ha'reketlerin qollap quwatlag'an. Solar sebepli bul yeki ma'mleket arasi'nda soqli'g'i'si'w boli'wi' so'zsiz boli'p qaldi'.



### Ankara sawashi'

A'mir Temur menen Sultan Bayazid a'skerleri arasi'ndag'i' sheshiwshi uri's **1402-ji'li' 20-iyul**da Ankarag'a jaqi'n jer Shubuqda boladi'. Bul sawash tariyxta «*Ankara sawashi'*» dep ataladi'. U'sh ku'n dawam yetken bul uri'sta ha'r yeki ta'repten ha'mmesi boli'p 360 mi'n', atap aytqanda Sahi'pqi'ran A'mir Temurdi'n' shama menen 200 mi'n', osmanli'lar sultani'ni'n' 160 mi'n' a'skeri qatnasadi'. Sawash bolg'an jerdin' qolayli' jerine jaylasqan armiyani'n' worayli'q bo'limine A'mir Temurdi'n' wo'zi basshi'li'q yetedi. Uzaq dawam yetken ayawsi'z sawashta Saqi'pqi'ran ku'shleri tu'rk armiyasi'n tas-talqan yetedi. Sultan Bayazid tutqi'ng'a ali'nadi'. Woni'n' menen birge balasi' Musa Shalabiy de tutqi'ng'a tu'sedi. A'mir Temur rimli a'skerlerdi quwi'p bari'p Bursa ha'm Worta ten'izdin' shi'g'i's jag'ali'g'i'nda jaylasqan *Izmir* qalasi'n basi'p aladi' ha'm salibshilerdin' (krestlilerdin') Jaqi'n Shi'g'i'stag'i' aqi'rg'i' turatug'i'n jerin de saplasti'radi'. A'mir Temurg'a *Mi'sr* da wo'zinin' bag'i'ni'shli' yekenligin bildiredi. *Vizantiya* ha'm basqa xristian a'leminen Bayazidke beriletug'i'n baji'lar yendi A'mir Temurg'a to'lenetug'i'n boldi'.

Bayazid u'stinen yerisilgen jen'is penen A'mir Temurdi' Franciya koroli **Karl VI** (1380–1422), Angliya koroli **Genrix IV** (1399–1413) ja'ne Kastiliya ha'm Leon koroli **Genrix III** (1390–1407) qutli'qlap, wog'an wo'zinin' jaqsi' tileklerin jollaydi'. Sebebi, sahi'pqi'ran jan'a woyani'p ati'rg'an Yevropag'a u'lken qa'wip sali'p turg'an Osmanli' tu'rkler ma'mleketine soqqi' berip, pu'tkil Yevropani'n' qutqari'wshi'si'na aylang'an yedi.

Kishi Aziyadan Samarqandqa qaytqan A'mir Temur **1404-ji'ldi'n' 27-noyabr**inde 200 mi'n' a'sker menen Samarqandtan Qi'tay sapari'na shi'qti'. Biraq Qi'tayg'a atlani'sti' A'mir Temurdi'n' tosattan qayti's boli'p qali'wi' **(1405-ji'l 18-fevral)** sebepli a'melge aspay qaldi'.

### A'mir Temurdi'n' Watani'mi'z ham ja'ha'n tariyxi'nda tutqan worni'

A'mir Temur 35 ji'l dawami'nda ma'mleketti basqardi'. Hindstan ha'm Qi'taydan Qara ten'izge shekem ha'm Aral ten'izinen Parsi' qolti'g'i'na shekem bolg'an ju'da' u'lken aymaqti worap alg'an u'lken saltanatti' payda yetti. Bunnan ti'sqari', Kishi Aziya, Siriya, Mi'sr ha'm To'mengi Volga, Don boylari', Balxash ko'li ha'm Yelsuwi' da'ryasi', Arqa Hindstang'a shekem bolg'an ma'mleketlerdi wo'zine boysi'ndi'rdi'. Wol tek g'ana Mawarawn-

# A'MIR TEMUR MA'MLEKETI KARTASI'



naxr ja'ne Tu'rkstandi' abat qi'lmastan, ba'lki boysi'ndi'ri'lg'an ma'mleketlerdin' qalalari'n da qaytadan qurdi'. **Bag'dad, Da'rbent** ha'm **Baylakan** qalalari' mine usi'lar qatari'nan. Ka'rwan jollari'nda bekinisli qarawi'lxanalar, qorg'anlar, ko'pirler, qalalarda meshit ha'm medreseler ja'ne bag'i'-bostanlar tiklendi. Yen' a'hmiyetlisi Iran, A'zerbayjan ha'm Iraktag'i' tarqali'w ha'm biybastali'qqa shek qoyi'p, Shi'g'i's penen Bati'sti' baylani'sti'ri'wshi' a'yyemgi ka'rwan jollari'n tikledi. Buni'n' menen tek g'ana Mawarawnnaxr, ba'lki Uzaq ha'm Jaqi'n Shi'g'i's ma'mleketlerdin' ekonomikali'q ja'ne ma'deniy rawajlani'wi'na, xali'qlar ha'm ma'mleketlerdi bir-biri menen jaqi'nlasti'ri'wg'a u'lken u'les qosti'. A'mir Temur Yevropani'n' Franciya, Angliya ja'be Kastiliya si'yaqli' u'lken korollikleri menen tikkeley sawda ha'm diplomatiyali'q qatnasi'qlar wornatti'.

Siyasiy tarqali'w tamamlani'p, woraylasqan ma'mlekettin' du'ziliwi u'lken unamli' na'tiyjelerge ali'p keldi. Ma'mleket islep shi'g'ari'w ku'shlerin ha'm mong'ollardi'n' bir yari'm a'sirlik hu'kimdarli'g'i' na'tiyjesinde dag'dari'sqa ushi'rag'an ekonomikani' tiklew ushi'n qolay sharayat ju'zege keldi. A'yne sol waqi'tta xojali'qti'n' tiykari' bolg'an suwg'arma diyqanshi'li'qta belgili ilgerilewler ju'z berdi. Jan'adan-jan'a kanallar qazi'li'p, suwg'armali' diyqanshi'li'q maydanlari' ken'eydi. Wo'nermentshilik, ishki ha'm si'rtqi' sawda rawajlandi', ilim ja'ne ma'deniyat rawajlani'p qalalar abadanlasti' ha'm ti'g'i'zlasti'.

A'mir Temur belgili ma'mleketlik isker, sheber sa'rkarda si'pati'nda Wo'zbekstanda ma'mleketshiliktin' rawajlani'wi'nda belgili wori'n tutadi'. Tariyxi'y dereklerde A'mir Temur Sahi'pqi'ran ati' menen bir qatarda «*Sahibi ja'ha'n*» ha'm de «*Sahibi adl*» – «*A'dillik sahi'bi*» atlari' menen ulli'lanadi'. Xali'q arali'q UNESKO sho'lkeminin' baslamasi' menen 1996 ji'li' A'mir Temurdi'n' tuwi'lg'an ku'ni ken' tu'rde belgilendi ha'm sol ji'li' «A'mir Temur ji'li'» dep ja'riyalandi'.

1. A'mir Temur ma'mleket qa'wipsizligi joli'nda qanday ilajlar ko'rdi?
2. A'mir Temur ne sebepten Alti'n Wordag'a qarsi' atlani's yetti?
3. A'mir Temurdi'n' u'sh, bes, jeti ji'lli'q uri'slari' na'tiyjeleri haqqi'nda ayti'p berin'.
4. Ankara sawashi' qashan boldi' ha'm qanday juwmaqlandi'?
5. A'mir Temurdi'n' Sultan Bayazid u'stinen yerisken jen'isi Yevropa turmi'si'nda qanday rol woynaydi'?

## 32-§. A’MIR TEMUR SALTANATI’NI’N’ HA’KIMSHILIK HA’M A’SKERIY DU’ZILISI

**Tayani’sh tu’sinikler:** ***Saltanat basqari’wi’; Suyurg’al jerler; A’rmiya du’zilisi; «Temur tuzukleri».***

### Saltanat basqari’wi’

Sahi’pqi’ran A’mir Temur wo’z zamani’ni’n’ talap, mu’ta’jliklerinen kelip shi’g’i’p ma’mleket basqari’wi’n jetilistirdi, wog’an jan’asha ruwx ha’m mazmun berdi. Ma’mlekettin’ quramli’q du’zilisi a’skeriy-siyasiy ta’rtiplerge tiykarlang’an bolsa da, ja’miyet rawajlani’wi’, barli’q ja’miyetshilik qatlamlardi’n’ ma’plerin ta’miyinlew na’zerde tuti’lg’an yedi.

A’mir Temur saltanati’nda ma’mleket basqari’wi’ yeki basqari’wdan: saray ha’m wa’zirlikten (diywan) ibarat bolg’an. Saraydi’ Joqari’ hu’kimdardi’n’ wo’zi basqarg’an. Atqari’wshi’ ha’kimiyat – diywandi’ diywanbegi (bas wa’zir) basqarg’an. Diywanda a’skeriy wa’zir, mu’likshilik ha’m sali’q jumi’slari’ wa’ziri, finans (qarji’) wa’ziri is ju’rgizgen. Bulardan ti’sqari’, shegaralas ha’m bag’i’ni’shli’ ma’mleketlerdin’ basqari’wi’ menen shug’i’llani’wshi’ ja’ne u’sh wa’zir boli’p, wolar diywanbegige yesap berip turg’an.

Worayli’q ha’kimiyat sistemasi’nda *shayxulislam, qazi’kalan, sadri azam, dadxah, jasawi’l, muxassil, taboshi, muxtasib* ha’m basqa da a’meldarlar xi’zmet yetken.

### Suyurg’al jerler

Sarayda *bas ha’jip, g’a’ziyneshi, xansalar, qusshi’, bakawi’l, xatkerler, tasqa woyi’p jazi’wshi’lar, ta’wipler, sazendeler, da’stu’rxanshi’lar* xi’zmette bolg’an.

A’mir Temur u’lken saltanat qaramag’i’ndag’i’ u’lkelerdi ballari’, aqli’qlari’ ha’m xi’zmet ko’rsetken a’mirlerge suyurg’al tu’rinde inam yetip, wolar arqali’ basqaradi’. Mawarawnnaxrdan ti’sqari’ wo’z qaramag’i’ndag’i’ barli’q wa’layat ha’m ma’mleketlerdi A’mir Temur wo’liminen biraz aldi’n balalari’ ha’m aqli’qlari’ arasi’nda bilay bo’listiredi: A’zerbayjan, Bati’s Iran, Irak, Armeniya, Gruziyani’ – **Mi’rza Womar ibn Miranshah**qa, Parsi’ni’ – **Pirmuxammed ibn Womar Shayx**qa, Xorasan, Mazandaran, Ray ha’m Seystandi’ – **Shaxrux Mi’rza**g’a, Sultan Maxmud G’aznawiy mu’lkin Kabul ha’m Kandagardan Arqa Hindstang’a shekem Sind da’ryasi’ni’n’ basseyni menen birge – **Pirmuxammed Ja’ha’ngir**ge, Tashkent, Sayram, Woti’rar ha’m

Ashparadan baslap Qi'tay shegarasi'na shekem – **Ulug'bek**ke, Ferg'ana, Tarazdan baslap Xutang'a shekem, yag'ni'y Shi'g'i's Tu'rkstanni'n' qubla-bati'si'n **Ibrayi'm Sultan**g'a berdi.

*** Xansalar – da'stu'rxanshi'. Hu'kimdar aldi'nda awqat tarti'w jumi'slari'n basqariwshi'.**
*** Bakawi'l – hu'kimdarg'a ha'm la'shkerge awqat tayarlaw u'stinen baqlap turi'wshi' a'skeriy a'mel iyesi. La'shkerge ayli'q ha'm azi'q-awqat bo'listiriw de bakawi'llarg'a ju'kletilgen.**
*** Xatqa tu'siriwchiler – xan ha'm jergilikli ha'kimlerdin' barli'q jazi'w jumi'slari'n ali'p bari'wshi' a'meldar.**

Uli'slar worayli'q hu'kimetke boysi'nsa da, biraq wolar belgili g'a'rezsizlikke iye yedi. Uli's hu'kimdarlari'ni'n' wo'z aldi'na ma'mleket diywanxanasi', armiyasi' bar yedi. Wolardi'n' worayli'q hu'kimetke bag'i'ni'wi' xirajdi'n' bir bo'limin Samarqandqa jiberip turi'w ha'm joqari' hu'kimdar a'skeriy atlani'slari'nda wo'z armiyasi' menen qatnasi'w yamasa talap yetilgen a'skerdi jiberip turi'wdan ibarat yedi.

### A'rmiya du'zilisi

A'mir Temur ma'mleket g'arezsizligi ha'm qorg'ani'w joli'ndag'i' ishki ha'm si'rtqi' siyasati'nda tiykari'nan armiyag'a su'yenetug'i'n yedi. Soni'n' ushi'n wol a'sker basli'qlari'n tan'law ha'm wolardi' ta'rbiyalaw, a'skeriy bo'limler ha'm wolardi'n' jaylasi'w ta'rtibi, no'ker ha'm shabarmanlardi'n' qurallani'wi' ja'ne ishki ta'rtip ma'selelerine ju'da' u'lken a'hmiyet beretug'i'n yedi.

A'mir Temur a'skerleri wonli'q a'skeriy birikpeler tiykari'nda du'zilgen a'skeriy bo'limlerden ibarat yedi. La'shker **tuman** – won mi'n'li'q, **hazora** – mi'n'li'q, xushun – ju'zlik ha'm **ayl** – wonli'q birikpelerine bo'lingen. A'mir Temur won mi'n'li'q a'skerdi basqari'w ushi'n **tuman ag'asi'**, mi'n'li'q bo'limler ushi'n mirixazora, ju'zlikler ushi'n **xushunbasshi'** ha'm wonli'qlar ushi'n bolsa **aylbasi'** usag'an a'skeriy da'rejelerdi tasti'yi'qlaydi'. Wolardi'n' huqi'qlari', ayli'q is haqi'si', da'rejesine say ra'wishte belgilep beriledi. Sawashlarda ma'rtlik ko'rsetip, jen'iske yerisken a'mir ushi'n si'yli'qlar da belgilep qoyi'lg'an. Qanday da bir armiyani' jen'gen, qanday da bir ma'mleket ha'm wa'layatti' jen'gen a'mirge bahadi'rli'q ma'rtebesi, ma'mleket ken'eslerine biyma'lel qatnasi'w huqi'qi' ja'ne qanday da bir shegarani'n' nayi'pli'g'i' menen si'yli'qlang'an.

A'skeriy bo'limlerdi wa'layatlardan toplaw menen *tavoshi'* da'rejesindegi a'meldarlar shug'i'llanatug'i'n yedi.

### Uri'sqa kirisiw usi'li'

A'skeriy atlani's waqti'nda aldi'nda xabarshi'lar, wolar arasi'nan *jasawi'l* bo'limi, wonnan keyinirekte *man'lay* – avangard bo'limi baratug'i'n yedi. Man'lay menen armiyani'n' tiykarg'i' bo'limleri arali'g'i'nda bolsa komandirdin' turar worni' ha'm woni'n' a'tirapi'nda rezerv bo'limler jaylasqan boli'p, wol «*izofa*» dep ayti'lg'an.

A'mir Temur armiyasi'ni'n' tiykarg'i' jawi'nger bo'limleri *woray*, won' – burang'ar ha'm sol qanati' bolsa– *juwang'ar* qanatlari'nan ibarat bolg'an. Ha'r bir qanatti'n' aldi'nda birewden qosi'msha qori'qshi' man'lay–*avangard*i', qaptal ta'repte bolsa birewden qori'qshi' a'skeriy qosi'mshalar – *kanbullar* bolatug'i'n yedi. Usi'lay yetip armiya jeti bo'lim – *qollar dan* ibarat yedi. **Sharapatdin A'liy Yazdiy** armiyani' jeti qolg'a – bo'limge bo'lip jaylasti'ri'w ta'rtibin birinshi boli'p A'mir Temur woylap tapqan yedi dep jazadi'. Bul qollar sawashta yerkin ha'reket yetip, tek g'ana armiya komandirine boysi'ng'an. A'mir Temur uri'si'wdi'n' jan'asha a'skeriy usi'llari'n qollag'an.

### «Temur tuzukleri»

A'mir Temur tiri waqti'nda-aq woni'n' a'skeriy wo'neri ha'm ma'mleket basqari'w usi'li'na bag'i'shlang'an arnawli' shi'g'arma jarati'li'p, wol **«Temur tuzukleri»** atamasi' menen dan'q shi'g'arg'an. Wonda ma'mleketti basqari'wda kimlerge tayani'w, taji'-taxt iyelerinin' tuti'mi' ha'm wazi'ypalari', wa'zir ha'm armiya basli'qlari'n saylaw ta'rtipleri belgilep berilgen. A'mir Temurdi'n' «... *ma'mleket jumi'slari'ni'n' tog'i'z u'lesin ken'es, ilaj ha'm ji'yi'li's, qalg'an bir u'lesin qi'li'sh penen a'melge asi'rdi'm*», «*Ku'sh – a'dillikte*» degen so'zleri, woni'n' ma'mleketti sana-sezim ha'm a'dillik penen basqarg'anli'g'i'nan derek beredi.

Solay yetip, Sahi'pqi'ran A'mir Temur ma'mleketti basqari'w ha'm a'skeriy tarawda wo'zine ta'n usi'l jarati'p, sol tiykarda du'zgen ma'mleketi menen du'nyani' lal qaldi'rg'an.



**1.** A'mir Temur saltanati' qalay basqari'lg'an?
**2.** Ha'kimiyatta qanday lawazi'mdag'i' a'meldarlar xi'zmet yetken?
**3.** A'mir Temur ma'mleketindegi uli'slar haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
**4.** Suyurg'al jerler kimlerge, ne ushi'n berilgen?
**5.** A'mir Temur armiyasi' qanday ta'rtipte du'zilgen?
**6.** A'mir Temur qanday usi'lda uri'sqa kirgen?
**7.** «Temur tuzukleri»nde neler bayan yetilgen?

## 33-§. MA'MLEKET ABADANSHI'LI'G'I' JOLI'NDA

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***Aqsaray; Ko'ksaray; Ko'ktas; A'mir Temur bag'lari'; Ishki ha'm si'rtqi' sawda***.

**Qala abadanshi'li'g'i'**

A'mir Temur wo'z ma'mleketinin' dan'qabi'rayi' ushi'n woni'n' worayli'q bo'limi bolg'an Mawarawnnaxrdi'n', a'sirese paytaxti' Samarqandti'n' abadanshi'li'g'i'na ayri'qsha itibar beredi. Woni'n' ha'r bir jen'isli waqi'yani', su'yikli ha'diyseni za'wlim arxitekturali'q yesteliklerdi quri'w menen belgilew a'deti bolg'an. Usi' maqsette Hindstannan ali'p kelingen ju'zge jaqi'n sheber gerbish wo'riwshiler, Sheroz, Isfaxan ha'm Damaskti'n' belgili usta wo'nermentleri qatari'nda jergilikli ustalar ma'mlekette go'zzal imaratlar qurdi'. A'mir Temur **Tabriz**de meshit, **Shiraz**da saray, **Bag'dat**ta medirese, **Tu'rkstan**da belgili Axmet Yassaviy qa'birinin' u'stine mavzoley qurdi'rdi'.

A'mir Temur Shaxrisabzda a'kesi ha'm balasi' Ja'ha'ngirdin' qa'birinin' u'stine mavzoley qurdi'rdi', u'lken jome meshit saldi'rdi'. Shaxrisabzda du'nyag'a dan'qi' ketken belgili Aqsaray boy tikledi. Aqsaraydi'n' si'rlang'an ra'n'ba'-ren' gerbishler menen wo'rilgen bas yesigi gu'lli nag'i'slardi'n' arasi'nda «*Yeger bizin' ku'sh ha'm qu'diretimizge isenbesen' bizin' imaratlari'mi'zg'a qaran'*» degen shaqi'ri'q jazi'lg'an. Tu'rkstan qalasi'nda Axmet Yassaviy mavzoleyin quri'wda da usi'nday maqset na'zerde tuti'lg'an.

**Samarqand ma'mleket paytaxti'**

Mong'ollardi'n' basqi'nshi'li'g'i' dawami'nda pu'tkilley wayran yetilgen Samarqand qalasi' A'mir Temur da'wirinde wo'zinin' a'yyemgi worni'nan bir qansha tu'slik ta'repte bastan ayaq qayta quri'ladi'. Qala do'geregi **Oxanin, Shayxzada, Sharsuw, Korizgox, Suzangaran** ha'm **Feruza** degen atlar menen atali'wshi' alti' da'rwazalari' bekkem jan'a qorg'an diywal menen qorshap shi'g'i'ldi'. Qala arkinde A'mir Temurdi'n' turatug'i'n jayi' Ko'ksaray ha'm Bostansaraylar quri'ldi'. Ko'ksaray to'rt qabatqa bo'linip, gu'mbezler ha'm diywallari' ko'k ren'degi si'rlang'an juqa gerbishler, nag'i's woyi'lg'an ja'ne gu'l woyi'lg'an nag'i'sli' taxtaysha menen qaplang'ani' ushi'n wol sonday at penen abi'ray tabadi'. **Ko'ksaray**da xanlardi' patshali'q taxti'na woti'rg'i'zi'w ma'resimi waqti'nda wolardi' aq kiyiz u'stine ali'p woti'rg'i'zatug'i'n tastan taxt gu'rsi – **Ko'ktas** qoyi'lg'an yedi.

Bulardan ti'sqari', arkta ma'mleket diywanxanasi', qural-jaraqlar sog'i'latug'i'n ustaxana ha'm qural-jaraqlar qoymasi', ten'geler sog'i'latug'i'n zarbxana, qamaqxana si'yaqli' imaratlar jaylasqan yedi.

Samarqandta saraylar, meshitler, medreseler, mavzoleyler quri'ladi'. Qala si'rti'nda bolsa bag'i'-bostanlar yegiledi. 1404-ji'li' Samarqandta bolg'an Ispaniya yelshisi Klavixo A'mir Temurdi'n' ali'p bari'p ati'rg'an quri'wshi'li'q islerinen hayran qalg'an yedi. Mine usi' da'wirde Shaxizinda arxitekturali'q yestelikleri ji'yi'ndi'si'ndag'i' bazi'-bir a'jayi'p mavzoleyler, ha'zirgi waqi'tta Bibixani'm ati' menen belgili bolg'an jome meshiti ha'm basqalar quri'ladi'.

Bul da'wirde Samarqandta jan'a, ko'rkem ha'm za'wlim imaratlardan ti'sqari' ha'r tu'rli ka'siptegi wo'nermentler ma'kani' boy tikledi. A'mir Temur bul wo'nermentler ushi'n barli'q sharayatlardi' jarati'p bergen yedi.

### A'mir Temur bag'lari'

A'mir Temur Samarqand a'tirapi'nda ko'plegen go'zzal bag'lar jaratti'. Sheber arxitektor, ta'jiriybeli qa'nigeli bilim iyelerinin' aqi'l ha'm tapqi'rli'g'i', miyneti ha'm uqi'pli'li'g'i' menen quri'lg'an **Bag'i' Dilkusho, Bag'i' Shi'nar, Bag'i' Bixisht, Bag'i' Ba'lent, Da'wletabad, Bag'i' Naw, Bag'i' Shamal, Bag'i' Jahannama, Bag'i' Maydan** usag'an sharbaqlar ha'm wolardag'i' go'zzal saraylar sol da'wir bag'shi'li'q wo'nerinin' u'lgisi boli'p yesaplanadi'. Du'zilisine qaray bag'lar yeki tu'rge bo'lingen. Birinshi tu'rdegi bag'lar ha'r ta'repi shama menen 1 km arali'qqa sozi'lg'an to'rt mu'yesh formadag'i' sharbaqlar. Yekinshi tu'rdegisi, ta'biyg'i'y terekzar ha'm shen'gelzarli'qlardan ibarat awlaq jerler. Bunday awlaq jerler hu'kimdar shikar (aw)g'a shi'g'i'w ushi'n mo'lsherlengen.

Qalani'n' shi'g'i's ta'repinde **Bag'i' Dilkusho** jaylasqan. Woni'n' si'rtqi' ha'wlisinde da'bdebeli saray boli'p, wonda qurallang'an a'skerler turg'an, ishki ha'wlide bolsa tuwlar menen bezelgen alti' pil mu'sinleri qatar dizilgen. U'shinshi ha'wli A'mir Temurdi'n' miymanlardi' qabi'l yetetug'i'n alti'n taxtli' turar jayi' bolg'an. A'mir Temur Klavixani' mine usi' bag'da qabi'l yetken. Qalg'an bag'lar da wo'zine ta'n a'jayi'p usi'lda quri'lg'an yedi.

### Ishki ha'm si'rtqi' sawda

Bul da'wirde Mawarawnnaxrdi'n' diyqanshi'li'q oazislerinde, tiykari'nan Zarafshan alabi'nda wong'a jaqi'n suw-



g'ari'w tarmaqlari' quri'li'p, diyqanshi'li'q maydanlari' ken'eytiledi. Jan'adan-jan'a awi'llar payda boldi'. A'mir Temur wo'zinin' ma'mleketi paytaxti' Samarqand a'tirapi'nda boy tiklegen bir qansha jan'a awi'llardi' Shi'g'i'sti'n' belgili qalalari' **Damashq** (Damask), **Mi'sr** (Kair), **Bag'dad, Sultaniya** ha'm **Sheraz** atlari' menen atadi'. Sebebi, Samarqand u'lkenligi, go'zzalli'g'i' ha'm de a'tirapi'ni'n' abadanshi'li'g'i' ta'repinen du'nyadag'i' yen' u'lken qalalardan da u'stin turi'wi' za'ru'r yedi.

Si'rtqi' sawda da Samarqand u'lken wori'n tutqan. Samarqandta tu'rli ma'mleketlerden, tiykari'nan Xorasannan metallar, Hind ha'm Sindten yaqut, almaz, Qi'taydan atlas, shay, mu'shk (iyisli zatlar) ha'm basqa zatlar, basqa ma'mleketlerden alti'n ja'ne gu'mis ali'p kelinetug'i'n yedi. Klavixo Qi'tay paytaxti' Xanbali'qtan 800 tu'yeli sawda ka'rwani' kelgenligin wo'z ku'ndeligine jazg'an.

Bul da'wirde A'mir Temur ha'm woni'n' jergilikli nayi'blari' Qi'tay ha'm Hindstannan Worta Aziya arqali' Jaqi'n Shi'g'i's ha'm Yevropa ma'mleketlerine baratug'i'n xali'q arali'q sawda joli' – Ulli' jipek joli'nda sawda ka'rwanlari'ni'n' qatnawi'ni'n' qa'wipsizligin ta'miyinlew boyi'nsha za'ru'r ilajlar ko'rilgen. Shi'g'i's ha'm Bati's arasi'nda sawda-satli'q ha'm yelshilik baylani'slari' ken'eydi. Bul bolsa A'mir Temur ma'mleketinin' si'rtqi' ekonomikali'q ha'm yelshilik baylani'slari'ni'n' turaqli'li'g'i'na ali'p keldi.



**Samarqandtag'i' Go'ri A'mir maqbarasi'.**

1. A’mir Temur qanday arxitekturali’q imaratlar qurdi’rdi’?
2. «Yeger bizin’ ku’sh ha’m qu’diretimizge isenbesen’, bizin’ imaratlari’mi’zg’a qara» degen jazi’w qay jerde jazi’lg’an?
3. Samarqandta quri’lg’an imaratlardan qaysi’lari’ g’a’rezsizlik ji’llari’nda qayta islendi?
4. Qanday faktorlar wo’nermentshiliktin’ rawajlani’wi’na unamli’ ta’sir yetti?
5. A’mir Temur qurg’an bag’lar haqqi’nda ayti’p berin’.
6. Ne ushi’n A’mir Temur Samarqand a’tirapi’ndag’i’ awi’llardi’n’ ati’n Shi’g’i’sti’n’ belgili qalalari’ni’n’ ati’ menen atadi’?

## 34-§. BATI’S YEVROPA MA’MLEKETLERI MENEN BAYLANI’SLAR

**Tayani’sh tu’sinikler:** ***Yevropani’n’ A’mir Temur menen jaqi’nlasi’wi’; Diplomatiyali’q baylani’slari’; Yelshilerdin’ keliwi.***

**Xali’q arali’q siyasiy jag’day**

Sahi’pqi’ran A’mir Temur ja’ha’n siyasiy turmi’si’na da ta’sir ko’rsetti. Bul da’wirde, bir ta’repten, sultan Bayazidtin’ Balkan yari’m atawi’ ma’mleketlerine sali’sti’rg’anda qi’si’mi’ ku’sheyip, pu’tkil Yevropag’a qa’wip sali’p ati’rg’an yedi. Yekinshi ta’repten, Bayazidtin’ wo’zi Bati’sqa qarap ku’shli ha’reket penen ji’li’si’p barati’rg’an qa’wipli qarsi’las – A’mir Temurdi’n’ ku’shli qi’si’mi’na duwshar bolg’an. Bunday siyasiy jag’dayda Bayazidke qarsi’ ku’shlerdin’ belgili da’rejede birlesiwi ta’biyiy yedi.

Da’slep Bayazidten jen’ilip, wo’z jeri ha’m mu’liklerinen ayri’lg’an Kishi Aziya ma’mleketlerinin’ hu’kimdarlari’ A’mir Temurdan ja’rdem sorap, woni’n’ Qarabaqtag’i’ la’shker turatug’i’n jerine (lager) bari’p toqtaydi’. Ha’tte Vizantiya ha’m Galatadag’i’ Genuya ha’kiminin’ nayi’bi’, Franciya koroli ha’m Sultaniya qalasi’ni’n’ katolik missioneri ja’rdem sorap A’mir Temurg’a mu’ra’ja’t yetedi. Buni’n’ worni’na wolar a’skeriy atlani’s waqti’nda wog’an ja’rdem beriw ja’ne Konstantinopol ha’m Perani’n’ Bayazidke to’lep kelgen baji’ni’ bunnan bi’lay A’mir Temurg’a to’lewge wa’de yetedi. Bunday usi’ni’s so’zsiz A’mir Temurg’a maqul tu’sedi. Sebebi, Turkiyani’n’ ten’iz jag’alari’ndag’i’ tayani’shi’nan aji’rati’w ushi’n wog’an ten’izden ja’rdem za’ru’r yedi. Solay yetip, XIV a’sirdin’ aqi’ri’ ha’m XV a’sir baslari’nda Sultan Bayazidke soqqi’ beriw ushi’n qo-

lay siyasiy jag'day ju'zege keledi. Bul jag'daydan A'mir Temur ustali'q penen paydalanadi'.

**Ma'mleketler arali'q jazi'si'wlar**

Bul da'wirde A'mir Temur Bayazid penen wo'z ara diplomatiyali'q jazi'si'wlar ali'p bari'w menen bir qatarda, bolajaq soqli'g'i'si'wda Trapezund ha'm Konstantinopoldin' a'skeriy kemelerinen paydalani'wg'a ha'reket yetedi. Usi' maqsette wol Genuya ha'm Veneciyag'a sawg'a-sa'lemler ja'ne xatlar menen yelshiler jiberedi.

Wo'z ara ja'rdem ma'selesinde A'mir Temur Konstantinopol nayi'bi' Ioann VII Paleolog penen de jazi'si'wlar ali'p baradi'. A'mir Temurdi'n' **1402-ji'l, 15-may** ku'ni **Ioann VII Paleolog** ati'na jollag'an xati'ni'n' mazmuni'na qarag'anda, Konstantinopol nayi'bi' ha'm Genuyani'n' Peradag'i' ha'kimi Bayazidke qarsi' gu'reste A'mir Temurg'a xizmet yetiw menen ja'rdem beriw minnetlemesin wo'z moyni'na aladi'. Buni Ispaniya yelshisi **Klavixo** da wo'z ku'ndelik da'pterinde atap wo'tedi.

Bul da'wirde A'mir Temur Franciya koroli **Karl VI**, Angliya koroli **Genrix IV**, Kastiliya ha'm Leon koroli **Genrix III de Transtamara**lar menen diplomatiyali'q baylani'slar wornati'p, jazi'si'wlar ali'p baradi'. Franciya puqaralari' yesaplang'an genuyali'lardi'n' jer ha'm mu'liklerin, a'sirese Galatadag'i' koloniyalari'n qorg'aw ushi'n Karl VI wo'z na'wbetinde A'mir Temurdan ja'rdem ku'shler ja'ne woni'n' menen diplomatiyali'q baylani'slar wornati'wg'a umti'lar yedi. A'mir Temur ha'm Karl VI jazi'si'wlari'nda jazi'li'wi'nsha, Sahi'pqi'ran koroldi qatti' qollap-quwatlaydi'. Ankara jani'nda tu'rklerdin' 160 mi'n' adamli'q armiyasi' u'stinen yerisken ulli' jen'isten son' A'mir Temurdi'n' Bati's Yevropa ma'mleketleri menen bolg'an baylani'slari'ni'n' mazmuni' tu'p tami'ri'nan wo'zgeredi. Yendilikte A'mir Temur wolar menen dosli'q qatnasi'qlardi' bekkemlew ha'm wo'z ara sawda-sati'q baylani'slari'n jolg'a qoyi'w usag'an ma'selelerge a'hmiyet beredi.

**Yelshilik baylani'slari'**

A'mir Temur 1402-ji'l jazda Franciya ha'm Angliyag'a arnawli' yelshiler arqali' Karl VI ha'm Genrix IV atlari'na xatlar jollaydi'. Yelshiler Parijge **1403-ji'l** may ayi'nda jetip baradi'. Yelshiler yeki ma'mlekettin' sawdagerleri ushi'n yerkin sawda qatnasi'qlari'n ali'p bari'wi'n ta'miyinlew ha'm yeger korol ja'ne gercoglar razi' bolsa, bul yerkin sawdani' tiyisli pitim yamasa sha'rtnama menen bekkemlewdi usi'ni's yetken. Soni'n' ushi'n da, Sahi'pqi'ran **A'mir Temur**

Franciya koroli **Karl VI** g'a jollag'an xati'nda bul haqqi'nda to'mendegilerdi wo'z aldi'na atap wo'tedi: «*Bunnan keyin sizin' (adamlari'n'i'z) bizin' jerlerimizge ha'm bizin' (adamlari'mi'z) sizin' u'lken'izde wo'tken ata-babalari'mi'z da'wirindegidey, bari'p-kelip tursa, sizin' ha'm bizin' ati'mi'zdi' ha'mme jerde alg'i'slap tursa, ma'mleketimiz sawdagerleri ushi'n payda keltirse, quwani'shli' bolar yedik. Soni' da ayti'w kerek, yendi bizin' yelimizde sawdagerlerin'izdin' qa'wipsizligi ta'miyinlenedi*».

Franciya koroli Karl VI 1403-ji'l 15-iyunda A'mir Temurg'a jollag'an juwap xati'nda ma'lim boli'wi'nsha, A'mir Temurdi'n' usi'ni'slari' Franciya ta'repinen quwani'shli' qabi'l yetilgen.

Mine usi' da'wirde A'mir Temurdi'n' Angliya koroli **Genrix IV** penen ali'p barg'an diplomatiyali'q qatnasi'qlari'nda bati's wa'layatlar ha'kimi Miranshah belsendili qatnasti'. Bati's Iran, Irak, Azerbayjan ha'm Armeniyani' wo'z ishine alg'an mu'likler ha'kimi Miranshah A'mir Temurdi'n' qartayi'p qalg'an da'wirinde Bati's Yevropa hu'kimdarlari'ni'n' di'qqat-itibari'n wo'zine qaratadi'. Bul da'wirde wol Yevropa ma'mleketleri menen wo'z ara sawda baylani'slari'n janlandi'ri'w maqsetinde xristian ruwxani'ylerine tileklesligin bildirip, sawdagerlerdin' qa'wipsizligin ta'miyinlew bari'si'nda ilajlardi' a'melge asi'radi'. Sol sebepli bati'sta Miranshah tez arada «*katolik dininin' g'amxorshi'si*» si'pati'nda abi'rayg'a iye boldi'.

Kastiliya (Ispaniya) koroli **Genrix III** Shi'g'i's penen ju'da' qi'zi'g'i'p qalg'an yedi. **1402-ji'ldi'n' ba'ha'rinde** da'slep Ispaniya yelshileri A'mir Temurdi'n' Kishi Aziyadag'i' jasaw worni'na jiberiledi. Yelshilerge A'mir Temur menen Bayazidtin' ku'sh-qu'direti, bayli'g'i' ha'm armiyasi'ni'n' sani'n biliw ja'ne wolardi'n' qol asti'nda jasap ati'rg'an xali'qlardi'n' u'rp-a'detleri, dini ha'm ni'zamlari' haqqi'nda ani'q mag'li'wmatlar toplaw tapsi'ri'ladi'. Shi'g'i's ha'm Bati's ma'mleketlerinin' yelshileri qatari'nda Ispaniya yelshileri de A'mir Temur ta'repinen qabi'l yetilip, korol ati'na jazi'lg'an arnawli' xat ha'm sawg'alar menen qaytari'ladi'. Wolarg'a qosi'p A'mir Temur **Muxammedqazi'** isimli wo'z wa'kilin Ispaniyag'a yelshi yetip jiberedi. Genrix III 1403-ji'lda A'mir Temurdi'n' aldi'na yekinshi ma'rte arnawli' yelshiler jiberedi. Wog'an Klavixo basli'q yetip tayi'nlanadi'. **1403-ji'l 21-may**da Ispaniyadan ketken yelshiler Samarqandqa keledi. Ispaniya yelshileri Samarqandta A'mir Temur ta'repinen saltanatli' qabi'l yetilip, wolarg'a u'lken itibar ha'm jaqsi' hu'rmet ko'rsetiledi.

**Klavixo** basshi'li'g'i'ndag'i' Ispaniya yelshileri **1404-ji'l-di'n' sentyabr-noyabr** aylari'nda Samarqandta boladi'. A'mir Temurdi'n' Qi'tayg'a qaray atlani'si'ni'n' mu'na'sibeti menen basqa ko'plegen ma'mleketlerdin' yelshileri menen bir qatarda Ispaniya yelshileri de **1404-ji'ldi'n' 21-noyabr**inde Samarqandtan jo'netip jiberiledi. Klavixo Ispaniyag'a 1406-ji'ldi'n' mart ayi'nda qayti'p baradi'. Klavixoni'n' sapari' dawami'nda alg'an ta'sirleri «*Ulli' Temur tariyxi'*» ha'm «*Temur turar jayi'*», «*Samarqandqa sayaxat ku'ndeligi*» atamasi'nda ispan tilinde bir neshe ma'rte basi'li'p shi'g'ari'ladi'.

1. XV a'sir baslari'ndag'i' xali'q arali'q siyasiy jag'day qalay yedi?
2. Yevropa hu'kimdarlari' ne ushi'n A'mir Temur menen diplomatiyali'q baylani'slar wornati'wg'a ha'reket yetedi?
3. Franciya koroli Karl VI menen jazi'si'wlar haqqi'nda ayti'p berin'.
4. Ne ushi'n Miranshah bati'sqa «katolik dininin' g'am-xorshi'si» degen si'pat penen belgili boldi'?

## 35-§. A'MIR TEMUR MIYRASXORLARI' ARASI'NDA TAXT USHI'N GU'RES HA'M WONI'N' AQI'BETLERI

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***Qarsi'las ta'rep; Saltanat taxti' ushi'n gu'res; Shaxrux hu'kimdarli'g'i'ni'n' wornati'li'wi'.***

### Taxt ushi'n gu'res

Sahi'pqi'ran 1405-ji'l 18-fevral ku'ni Qi'tay ta'repine atlani's waqti'nda, qaqaman qi'sta, Woti'rar qalasi'nda du'nyadan wo'tedi. A'mir Temur qayti's bolg'annan son', woni'n' bir neshe won ji'llar dawami'ndag'i' is-ha'reketleri na'tiyjesinde du'zilgen iri saltanat tarqala basladi'. Buni'n' tiykarg'i' sebebi saltanat qaramag'i'na ali'ng'an yeller sonsha da'rejede ha'r tu'rli, uzaq arali'qqa sozi'lg'an boli'p, wolardi' jeke bir woraydan turi'p basqari'w qi'yi'n yedi. Buni'n' u'stine wolardag'i' qarsi'las ta'reptegi ku'shler aji'rali'p shi'g'i'w ushi'n qolayli' payi't ku'ter yedi.

Saltanatti'n' bo'lekleniwine A'mir Temur miyrasxorlari' arasi'nda taji'-taxt ushi'n uzaq ji'llar dawam yetken wo'z ara kelispewshilik ha'm uri'slar sebep boldi'.

A'mir Temur wo'liminin' aldi'nan taxt miyrasxori' ye-tip aqli'g'i' **Pirmuxammed**ti (Kabul, Kandagar, ha'm Hindstan wa'layatlari'ni'n' hu'kimdari') tayi'nlag'an yedi. Pirmuxammed-

ti taxtqa woti’rg’i’zi’w ta’repdarlari’ ku’shli bolsa da, biraq Miranshaxti’n’ balasi’ **Xalil Sultan Mi’rza** wo’zbasi’mshali’q penen **1405-ji’ldi’n’ 18-mart** ku’ni Samarqandti’ iyelep, wo’zin Mawarawnnaxrdi’n’ joqari’ hu’kimdari’ dep dag’azalaydi’. Pirmuxammedtin’ joli’n tosi’p, woni’n’ rejelerin buzi’w niyetinde ha’tte wol A’miwda’ryani’n’ won’ ta’repindegi jerlerdi de wo’z ha’kimiyati’na qosi’p aladi’.

Xalil Sultan babasi’nan qalg’an g’a’ziynelerdin’ arqasi’nda Sahi’pqi’ranni’n’ abi’rayli’ adamlari’ ha’m aqsu’yeklerdin’ belgili bir bo’limin wo’z qaramag’i’na awdari’p Mawarawnnaxr taxti’n iyelep alg’an bolsa da, biraq ko’p waqi’t wo’tpey wol A’mir Temurdi’n’ sadi’q a’mirleri, wa’layat nayi’plari’ ha’m shahzadalardi’n’ ku’shli narazi’li’g’i’ ha’m bas ko’teriwine dus keledi. Birinshi boli’p, Tu’rkstan ha’m de Ferg’anani’n’ ha’kimi a’mir **Xudaydat** penen **Shayx Nuritdin** Xalil Sultang’a qarsi’ ko’terilis ko’teredi. Ha’tte Xalil Sultanni’n’ inisi **Sultan Xuseyin Mi’rza** A’miwda’ryani’n’ shep jag’asi’ wa’layatlari’nda wo’z ha’kimiyati’n wornati’w niyetinde ag’asi’na qarsi’ bas ko’teredi. Wo’z na’wbetinde A’mir Temur taxti’ni’n’ ni’zamli’ miyrasxori’ Pirmuxammed A’miwda’ryadan keship wo’tip, Xalil Sultang’a qarsi’ Nasafqa qaray atlani’sqa shi’g’adi’. Mawarawnnaxrda baslang’an dinastiya gu’resleri usi’lay ha’wij ali’p ketedi.

Aqi’bette Xorasanda Shaxrux, Balx, G’azna ha’m Kandagarda **Pirmuxammed**, Bati’s Iran ha’m A’zerbayjanda Miranshahti’n’ balalari’ **Womarshayx Mi’rza** menen **A’biw Ba’kir Mi’rza**lar ha’kimi toli’q boli’p aladi’. Si’rdaryadan arqada jaylasqan wa’layatlar: Tu’rkstan, Sabron, Woti’rar, Sayram a’mir **Berdibek**tin’ qaramag’i’nda qaladi’. Worato’be menen Ferg’anani’ a’mir **Xudaydad Husayniy** iyelep aladi’. Xorezmdi bolsa Alti’n Wordani’n’ abi’rayli’ a’mirlerinen Yedige basi’p aladi’. **Pirmuxammed 1407-ji’l 22-fevral**da wa’ziri Pir A’liy Taz basshi’li’g’i’ndag’i’ til biriktiriwshilerdin’ qoli’nda wo’ledi. 1408-ji’l 22-aprel ku’ni Qaraquyi’nli’ tu’rkmenlerdin’ qa’wim basshi’si’ **Qara Yusu’p** penen bolg’an uri’sta Miranshah qaza boladi’. A’zerbayjan ha’m Irak Temuriyler qoli’nan ketedi.

1409-ji’li’ ba’ha’rde Mawarawnnaxrda jag’day ja’ne de keskinlesedi. A’mir Xudaydad Worato’be ha’m Shaxruxiya qalasi’n an’sat g’ana qolg’a kirgizip, Samarqand ta’repke atlani’s jasaydi’. **Sheraz** qasi’ndag’i’ Zarafshan da’ryasi’ni’n’ boyi’nda ju’z bergen sawashta **Xalil Sultan** a’skerleri jen’iliske ushi’raydi’, wo’zi bolsa tutqi’ng’a ali’nadi’.



**Shaxrux ha'kimiyati'ni'n' wornati'li'wi'**

Usi' da'wirde Xorasandag'i' a'mirler ko'terilisin basti'ri'wg'a u'lgergen Shaxrux yendilikte barli'q itibari'n Mawarawnnaxrg'a qaratadi'. Sebebi, wol ata jurti'ndag'i' ha'diyselerge nemqurayli' qaray almas yedi. **1409-ji'l 25-aprel**de wol A'miwda'ryadan wo'tip, Samarqandqa qaray atlani's jasaydi'. Bes ji'l dawam yetken wo'z ara gu'res ha'm ko'terilisler xali'qti'n' qatan' narazi'li'g'i'na sebep bolg'an yedi. Temuriyzadalar ha'm a'mirler wortasi'ndag'i' gu'reske juwmaq jasaw maqsetinde Shaxrux baslag'an ha'reket ma'mleket puqaralari'ni'n' ko'plegen qatlamlari' ta'repinen quwatlandi'. Sol sebepli Mawarawnnaxrdag'i' wo'zbasi'mshali'qlarg'a shek qoyi'li'p, Mawarawnnaxr ha'm Xorasanda wo'z hu'kimdarli'g'i'n wornatadi' ja'ne ma'mlekette ti'ni'shli'q ha'm abadanshi'li'q wornati'wg'a muwapi'q boladi'.

Shaxruxti'n' uzaq hu'kimdarli'g'i' da'wirinde A'mir Temur saltanati'ni'n' tiykarg'i' bo'limi woni'n' qol asti'nda saqlani'p qalsa da, biraq bul u'lken ma'mleket yeki ma'mleketke bo'lingen yedi. Wolardan biri A'miwda'ryadan tu'slikte jaylasqan Shaxrux basshi'li'g'i'ndag'i' ma'mleket boli'p, woni'n' worayi' Xi'rat qalasi' yedi. Yekinshisi bolsa, A'miwda'ryadan arqada Mawarawnnaxr ha'm Tu'rkstan aymag'i'nda Uli'g'bek basshi'li'g'i'ndag'i' ma'mleket boli'p, Samarqand woni'n' paytaxti' yedi.

1. A'mir Temur saltanati'ni'n' tarqali'w sebepleri nede?
2. Shahzadalar arasi'ndag'i' ishki gu'res qanday aqi'betlerge ali'p keldi?
3. Siz Xalil Sultanni'n' ha'reketin qalay bahalaysi'z?
4. Shaxrux Mi'rza qashan Samarqandqa atlani's jasadi', ne ushi'n woni' xali'q quwatladi'?
5. Woylap ko'rin', yeldin' tarqali'wi' usi' yel puqaralari'ni'n' turmi'si'na qanday ta'sir yetedi? Yeldi aman ha'm pu'tin saqlaw ushi'n neler islew kerek?

## 36-§. ULI'G'BEK ILIMIY-AG'ARTI'WSHI'LI'Q MA'MLEKET ISKERI

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***U'li'g'bektin' siyasiy maydang'a shi'g'i'wi'; Uli'g'bektin' ishki ha'm si'rtqi' siyasati'; Uli'g'bek qayg'i'li' waqi'yasi'.***

**Uli'g'bek — Mawarawnnaxr hu'kimdari'**

**1409-ji'li' Shaxrux** Samarqandtan Xi'ratqa qayti'w aldi'nda won bes jasli' **Mi'rza Uli'g'bek**ti Mawarawnnaxr ha'm Tu'rkstang'a ha'kim yetip tayi'nlaydi'. Uli'g'bek (1394—1449) Ma-

warawnnaxr menen Tu'rkstanni'n' ha'kimi dep dag'azalansa da, tiykari'nda woni'n' ha'kimiyati' da'slep tek g'ana Samarqand, Buxara ha'm Nasaf wa'layatlari' menen g'ana sheklener yedi. Sebebi, Shaxrux ta'repinen Ferg'anadan tap Uzgenge shekem – **Amirak Axmet**ke, Xisar Shadmandi' **Muxammed Ja'ha'ngir** i'qti'yari'na berilgen yedi. Tu'rkstan **Shayx Nuratdin**nin' qaramag'i'nda yedi. Sol waqi'tta wol Uli'g'bekti de, Shaxruxti' da ta'n almaytug'i'n yedi. Soni'n' ushi'n da, ma'mleket ti'ni'sh yemes yedi.



**Mi'rza Uli'g'bek**

Shayx Nuratdin Tu'rkstan menen qanaatlanbaydi'. **1410-ji'li**' wol Muxammed Ja'ha'ngir, Jan'a ha'm Sayram wa'layatlari'ni'n' ha'kimi A'mir Abdulxali'q ja'ne aq wordali' xanzadalardan **Shi'n'g'i's ug'lan**lar menen awqam du'zip, temuriylerge qarsi' ko'terilis ko'teredi. 1410-ji'l 20-aprelde Samarqandti'n qasi'ndag'i' **Qi'zi'lrawat jerinde** ko'terilisshi awqamlaslar menen **Mi'rza Uli'g'bek** armiyasi' wortasi'nda sawash boladi'. Sawashta Uli'g'bek jen'iliske ushi'rap, Kalifke qaray sheginedi. Shaxrux Samarqandqa jetip kelip, Shayx Nuratdin ko'terilisin basti'radi'. 1412-ji'ldan baslap Mawarawnnaxr ha'm Tu'rkstandi' toli'q basqari'w 18 jasar Uli'g'bektin' qoli'na wo'tedi.

Uli'g'bek 1414-ji'li' Ferg'ana ha'm Qashqardi' iyeleydi.

**1413-ji'li**' Shaxrux ta'repinen Xorezm Alti'n Worda xanlari'ni'n' qaramag'i'nan qaytari'p ali'ng'annan son', Uli'g'bek ma'mleketinin' bati's ha'm tu'slik shegaralari'ni'n' qa'wipsizligi turaqlasqan bolsa da, biraq woni'n' arqa-bati's ha'm arqa shi'g'i's ta'repleri yele qa'weterli yedi. Sol sebepli Uli'g'bek Deshti Qi'pshaqta baslang'an wo'z ara kelispewshilikke ja'ne Mong'olstanda ha'wij alg'an ishki gu'reslerge qatan' itibar beriwge ha'm aralasi'wg'a ma'jbu'r boladi'.

Uli'g'bek a'kesinin' razi'li'g'i' menen **1425-ji'l**di'n' yerte ba'ha'rinde Mong'olstang'a atlani's jasaydi'. I'ssi' ko'l jani'nda ju'z bergen soqli'g'i'si'wda Uli'g'bek mong'ollar u'stinen jen'iske yerisedi ha'm jergilikli qarsi' ku'shlerdi jen'ip, ma'mlekettin' shi'g'i's shegaralari'n bekkemleydi. Qolg'a kirgizilgen woljalar arasi'nda yeki bo'lek nefrit tasi' da bar yedi. Keyinirek bul nefritten A'mir Temur mavzoleyi ushi'n qa'bir tasi' soqti'ri'ladi'.

Mong'olstanda bolg'an bul uri'sta Uli'g'bek yerisken bul jen'istin' belgisi retinde Jizzax jani'nda Ji'lan wo'tti ji'rasi'nda

hijriy yesap penen **828-ji'li'** (1425)Uli'g'bek ta'repinen jartasqa woyi'p jazi'lg'an wo'zine ta'n «Zafarnama» ha'zirgi ku'nge shekem saqlang'an.

Deshti Qi'pshaqqa qarsi' ju'rgizilgen atlani'sta Uli'g'bektin' awmeti kelmeydi. A'kesi Shaxruxti'n' ko'p a'sker menen jetip keliwi g'ana Uli'g'bekti qa'wipten saqlap qalg'an.

### Taxt ushi'n gu'res

Shaxrux **1447-ji'l 12-mart** ku'ni aqli'g'i' Sultan Muxammed ko'terilisin basti'ri'w waqti'nda Rey walayati'nda worni'na miyrasxor belgiliwge u'lgermey du'nyadan wo'tedi. Shaxruxti'n' wo'liwi menen-aq Xorasan ha'm Mawarawnnaxrda temuriy shaxzadalar wortasi'nda taji'-taxt ushi'n gu'res ja'ne ha'wij ali'p, ma'mleket turaqsi'zli'q ha'm teren' socialli'q-siyasiy qi'yi'nshi'li'qlarg'a duwshar boladi'. A'dette taxtqa Shaxruxti'n' tun'g'i'sh balasi' Uli'g'bek woti'ri'wi' kerek yedi. Biraq taxtti' Baysung'urdi'n' balasi' **Alauddawla** iyeleydi. Taji'-taxt ushi'n gu'res ja'ne baslanadi'.

Wo'zbasi'msha shahzadalar Uli'g'bekke qarsi' ha'reket baslaydi' ha'm **1447-ji'l**di'n' ba'ha'rinde **Alauddawla** Uli'g'bektin' u'lken balasi' **Abdulatip**tin' armiyasi'n tas-talqan yetip, tutqi'ng'a aladi'. Uli'g'bek Alauddawla menen pitim du'ziwge ma'jbu'r boladi'. Wog'an baylani'sli' Abdulatip azat yetiledi, Uli'g'bek bolsa Xi'rat ha'm Xorasang'a bolg'an dawasi'nan waz keshedi. Biraq ko'p wo'tpey pitim buzi'ladi'. **1448-ji'l**di'n' ba'ha'rinde Uli'g'bek ha'm Abdulatiptin' 90 mi'n' adamli'q birlesken armiyasi' **Xi'ratqa** atlani's jasaydi'. Tarnob jani'nda bolg'an sawashta Alauddawlani'n' armiyasi' tas-talqan yetilip, Xi'rat qolg'a kirgiziledi. Uli'g'bek Xorasanda Abdulatipti qaldi'ri'p, wo'zi Samarqandqa qaytadi'. Sebebi, Mawarawnnaxrda Uli'g'bekke qarsi' ko'terilis baslang'an yedi.

Abdulatip, babasi' Shaxruxti'n' Xi'rattag'i' taxti'na woti'ri'wg'a miyassar bolsa da, biraq wonda a'kesine bolg'an qa'ha'r (dushpanli'q) payda boladi'. Jen'is haqqi'nda do'gerek a'tirapqa jiberilgen fath (jawlap alg'anli'q haqqi'nda xabar)namalarda Abdulatiptin' ati' inisi Abdula'zizden keyin tilge ali'ng'ani', I'xtiyaritdin qorg'ani'ndag'i' g'a'ziyne Uli'g'bek ta'repinen ali'p qoyi'lg'ani' asa ketken ha'melparaz ja'ne mal-du'nyag'a wo'sh Abdulatip ushi'n sebep boladi'. Wol a'kesinin' dushpanlari' menen jasi'ri'n ta'rizde til biriktirip, tez de Uli'g'bekke qarsi' ha'reket baslaydi'. Abdulatip Xi'ratqa bari'-jog'i' won bes ku'n ha'kimlik qi'ladi'. **A'bilqasi'm Babur** a'skerlerinin' qalag'a jaqi'nlasi'p kiyati'rg'ani'nan xabar tawi'p, qalani' sawashsi'z bosati'p, Mawarawnnaxr ta'repke qa-

shadi’. Uli’g’bektin’ pa’rmani’ menen Balxqa nayi’b boli’p saylang’annan son’, wa’layatta *«tamg’a»* sali’g’i’n biykar yetip, sawdagerlerdi wo’z ta’repine awdi’ri’p aladi’. A’kesinen narazi’ bolg’an a’mirlerdi a’tirapi’na toplaydi’. Ha’tte Abi’lqasi’m Babur menen baylani’si’p, woni’n’ menen birlesirip Uli’g’bekke qarsi’ gu’reske shi’g’adi’. Solay yetip, Abdulatip wo’z a’kesine qarsi’ ashi’qtan-ashi’q dushpanli’q joli’na wo’tedi.

### Uli’g’bek qayg’i’li’ waqi’yasi’

Ma’mlekettin’ pu’tinligin saqlap qali’w ushi’n Uli’g’bekte wo’zinin’ ko’terilisshi ha’m ma’kkar balasi’na qarsi’ atlani’s yetiwden basqa ilaji’ qalmaydi’. Biraq ma’mlekette siyasiy jag’day keskinlesip, Uli’g’bektin’ jag’dayi’n ja’ne de qi’yi’nlasti’radi’.

Uli’g’bek Xi’rattan Samarqandqa qaytarda aldi’ng’i’ ta’repten Deshti Qi’pshaq ko’shpelilerdin’ hu’jimine duwshar boladi’. A’bilqayi’rxan basshi’li’g’i’ndag’i’ ko’shpeliler sol waqi’tta Tashkent, Shaxruxiya, Samarqand ha’m Buxara a’tirapi’ndag’i’ awi’llardi’ talap, patsha ja’ne iri ha’meldarlardi’n’ qala a’tirapi’ndag’i’ sharbaqlari’n ha’m saraylari’n wayran yetedi. Yeki ta’repten kelgen dushpanlar menen bolg’an soqli’g’i’si’wlar na’tiyjesinde Uli’g’bektin’ a’skerleri qatti’ jaradar boli’p, ha’lsirep qaladi’. Sol waqi’tta Samarqandta waqi’tsha nayi’b yetip qaldi’ri’lg’an Uli’g’bektin’ kishi balasi’ Abdula’zizge qarsi’ Samarqand a’mirlerinin’ narazi’li’g’i’ ku’sheyip, Uli’g’bek woni’ saplasti’ri’wg’a ma’jbu’r boladi’.

A’kesinin’ qi’yi’n awhalda qalg’ani’n baqlap turg’an Abdulatip qolay pursattan paydalani’p, bas ko’teredi ha’m A’miwda’ryadan keship wo’tip, Termiz, Shaxrisabz ja’ne Xuzardi’ an’sat g’ana basi’p aladi’. Son’ Samarqandqa qaray jol aladi’. **1449-ji’l oktyabr**de *Damask awi’li’* jani’nda qatti’ sawash boladi’ ha’m bul sawashta Uli’g’bek jen’iledi, Samarqand a’miri **Miranshah Qawshin** qala da’rwazalari’n bekitip Uli’g’bekti ishke kirgizbeydi. Wol Shaxruxiyag’a da kire almaydi’ ha’m Abdulatipke ta’slim boli’wg’a ma’jbu’r boladi’. Qala qazi’si’ **Shamsitdin Muxammed Miskin**nin’ qarsi’li’g’i’na qaramastan, Abdulatip ilim bo’liminin’ dushpani’ bolg’an ulamalardi’n’ jasi’ri’n sheshimin shi’g’ari’p, a’kesinin’ wo’ltiriliwin uyi’mlasti’radi’. **1449-ji’l** Mi’rza Uli’g’bek 55 jasi’nda qayg’i’li’ wo’lim tabadi’.

Solay yetip, Uli’g’bek Mawarawnnaxrdi’ qi’ri’q ji’l basqardi’. Bul da’wirde ma’mlekettin’ siyasiy turmi’si’nda keskin gu’restin’ dawam yetkenligine qaramay, ma’mleketti bekkemlewge, ma’mleket birligin saqlap qali’wg’a ha’m ma’deniy turmi’sti’ jaqsi’lawg’a, rawajlandi’ri’wg’a ha’reket yetti.

1. Uli’g’bektin’ Mawarawnnaxr hu’kimdari’ boli’wi’ qalay ju’z berdi?
2. Uli’g’bek ne ushi’n ha’m qay jerlerge a’skeriy atlani’slar qi’ldi’?
3. Shaxrux wo’liminen keyin qanday waqi’yalar ju’z berdi?
4. Uli’g’bektin’ qayg’i’li’ ta’g’diri haqqi’nda ayti’p berin’.
5. Uli’g’bek 40 ji’lli’q hu’kimdarli’q yetken waqti’nda ma’mleketti basqari’wda nelerge itibar berdi?
6. Padarkush Abdulatip haqqi’nda sizde qanday ko’zqaras payda boldi’?

## 37-§. TEMURIYLER SALTANATI’NI’N’ DAG’DARI’SQA JU’Z TUTI’WI’

**Tayani’sh tu’sinikler:** ***Siyasiy turaqsi’zli’q; Saltanat tarqali’wi’ni’n’ baslani’wi’; Xorasandag’i’ jag’day.***

### Siyasiy turaqsi’zli’q

Uli’g’bek wo’ltirilip, aradan bir neshe ku’n wo’tkennen son’, **Abdulatip** taxt dawagerlerinen quti’li’w maqsetinde wo’z inisi **Abdula’zizdi** ja’ne atasi’na sadi’q bolg’an a’mirlerdi wo’ltirip, temuriylerdin’ Mawarawnnaxrdag’i’ taji’-taxti’n toli’q iyelep aladi’. Ma’mleket puqaralari’ ta’repinen «*padarku’sh*» («a’kesin wo’ltirgen») dep g’arg’i’s alg’an Abdulatip ha’m woni’n’ ta’repdarlari’ taxtta uzaq waqi’t woti’ra almadi’. Aradan alti’ yari’m ay wo’ter-wo’tpes Abdulatipke qarsi’ sarayda jasi’ri’n til biriktirilip, wol wo’ltiriledi. Woni’n’ gellesi denesinen juda yetilip, Registan maydani’nda Uli’g’bek medresesinin’ bas yesigine asi’p qoyi’ladi’.

Qarama-qarsi’ ku’shler Samarqandta Shaxruxti’n’ aqli’g’i’ **Mi’rza Abdullani’**, Buxarada Miranshahti’n’ aqli’g’i’ **A’biw Said**ti hu’kimdar yetip ko’teredi. Na’tiyjede wolar arasi’nda ha’kimiyat ushi’n ja’ne gu’res baslanadi’.

Mawarawnnaxr ha’m Xorasanda u’zliksiz dawam yetip turg’an wo’z ara gu’resler Deshti Qi’pshaqtag’i’ hu’kimdarlar ushi’n ju’da’ qolay keledi. **1451-ji’li’ A’blqayi’rxan** u’lken armiya menen **A’biw Said** ja’rdemi ha’m qatnasi’wi’nda Tashkent, Shinaz ja’ne Jizzax arqali’ Samarqandqa Mi’rza Abdullag’a qarsi’ atlani’s yetedi. Sheraz awi’li’ qasi’nda Bulung’ur kanali’ni’n’ boyi’nda sawash boladi’. Wo’z ara soqli’g’i’si’wda Mi’rza Abdulla jen’iledi ha’m sawashta qurban boladi’. Solay yetip, A’bilqayi’rxanni’n’ ja’rdeminde A’biw Said Samarqandti’ iyelep, Mawarawnnaxrg’a ha’kim boli’p aladi’.

Xorasan bul da'wirde Shaxruxti'n' aqli'g'i' A'bilqasi'm Babur qaramag'i'nda yedi. Xorasanda siyasiy tarqali'w ju'da' ha'wij ali'p ketedi. Temuriyler da'wirinin' tariyxshi'lari'ni'n' jazi'wi'nsha, bul da'wirde Xorasan won bir bo'lekke bo'linip ketedi. Wolardi'n' arasi'nda uri's talaslar toqtawsi'z dawam yeter yedi. **1457-ji'li' A'bilqasi'm Babur** wo'lgennen son', jag'day ja'ne de qi'yi'nlasadi'. Xorasanda da, Xi'ratta da ha'kimiyatqa dawa yetiwshiler ko'p bolsa da, biraq wolardi'n' birewide ma'mleketti basqara ali'w ku'shine iye yemes yedi. Bunday qolayli' jag'daydan paydalang'an A'biw Said 1457-ji'li' Xi'rat taxti'n iyeleydi ha'm saltanatti'n' ha'r yeki bo'legin birlestiriwge muwapi'q boladi'. Biraq wa'layat ha'kimlerinin' g'a'rezsiz hu'kimdarli'qqa umti'li'wlari'na, tarqali'wg'a shek qoya almaydi'. A'sirese, woni' A'bilqasi'm Babur wo'liminen keyin Xorezmdi iyelep alg'an Womarshayx Mi'rza a'wladi' Sultan Xuseyinnin' ko'terilisleri ha'mmeden ko'birek ta'shwishlendiredi.

**1469-ji'l**di'n' yerte ba'ha'rinde A'biw Said A'zerbayjan, Bati's Iran ha'm Irakqa shekem bolg'an wa'layatlardi' iyelep turg'an tu'rkmenlerge qarsi' sawashta qurban boladi'. A'kesinin' wo'liminen son', A'biw Saydtin' miyrasxorlari' Sultan Xuseyin menen soqli'g'i'si'wg'a ju'rek yete almay, Mawarawnnaxrg'a qaytadi'. **1469-ji'l 24-martta Sultan Xuseyin** Xorasanni'n' ha'kimi si'pati'nda da'bdebe menen Xi'ratqa kirip keledi. Na'tiyjede Temuriyler saltanati' ja'ne yeki g'a'rezsiz bo'limge: Sultan Xuseyin hu'kimdarli'g'i'ndag'i' Xorasan ha'm A'biw Said uli' **Sultan Axmet** hu'kimdarli'g'i'ndag'i' Mawarawnnaxrg'a bo'linip ketedi.

**Pi'ti'ran'qi'li'q**

Mawarawnnaxrda A'biw Saidtin' balalari': da'slep **Sultan Axmet** (1469–1494), keyin **Sultan Maxmud** (1494–1495) ha'm keyinirek Maxmudti'n' balasi' **Sultan A'liy** (1498–1500) g'a'rezsiz ha'kimlik yetedi. Biraq Mawarawnnaxrda tarqali'w ja'ne de ha'wij aladi'. Bul waqi'tta Mawarawnnaxr wo'z ara kelispey ati'rg'an temuriy shahzadalar basshi'li'q yetip turg'an ko'plegen wa'layatlarg'a bo'linip ketken yedi. Ma'mleket, yel-jurt basi'na u'lken ta'shwishler tu'sken waqi'tlarda din ulamalari'nan biri **Xoja Ubaydulla Axrar** mu'siybetlerdi joq yetiw joli'nda bir neshe ma'rte belsendilik ko'rsetken yedi. **1454-ji'l**i' Xi'rat ha'kimi A'bilqasi'm Babur Mawarawnnaxrg'a basti'ri'p kirip, Samarqandti' qorshawg'a alg'ani'nda Xoja Ubaydulla Axrar daw-ja'njelge qatan' aralasi'p, qarsi'laslardi' jarasti'rdi'.

**Sultan Xuseyin ha'm A'liysher Nawayi'**

Sultan Xuseyin Bayqara A'miwda'ryani'n' tu'sligindegi jerlerge hu'kimdar boli'p, wol wo'z qaramag'i'nda Xorasan, Xorezm ja'ne Shi'g'i's ha'm Arqa Iran wa'layatlari'n birlestirgen yedi. Wol 40 ji'l hu'kim su'rgen temuriylerdin' son'g'i' iri hu'kimdari' boli'p, woni'n' da'wirinde shahzada ha'm a'mirlerdin' wo'zbasi'mshali'g'i'na qaramay, ma'mlekettin' xojali'q ja'ne ma'deniy turmi'si'n jaqsi'ladi'. Xorasanni'n' abadanlasi'wi'nda, rawajlani'wi'nda wo'z zamani'ni'n' isbilermen ha'm dana hu'kimdari' Sultan Xuseyin menen bir qatarda ulli' a'debiyatshi' ja'ne ma'mleketlik isker A'liysher Nawayi'ni'n' da xi'zmeti u'lken boldi'.

**A'liysher Nawayi' 1441-ji'li**' Xi'ratta du'nyag'a kelgen. Woni'n' ata-babasi' temuriyler sarayi'nda xi'zmet yetken. Sultan Xuseyin menen A'liysher bir mektepte woqi'g'an. Wolar balali'q waqti'nda-aq Xorasan hu'kimdari' A'bilqasi'm Babur xi'zmetinde bolg'an. Woni'n' wo'liminen keyin 12 ji'l dawami'nda basqa-basqa qalalarda jasag'an. Xuseyin bul da'wirde da'slep Xorezmde, son' Xorasanni'n' Obivard, Nisa, Mashxad ha'm basqa wa'layatlari'nda gezip ju'rip, ku'sh toplap A'biw Saidqa qarsi' ko'terilis ko'teredi. A'liysher Nawayi' bul ji'llarda, Mashxad ha'm Xi'ratta woqi'ydi'. Usi' waqi'tlarda-aq wol shayi'rli'q uqi'bi' sebepli u'lken ataq alg'an yedi. Jasli'qtan Sultan Xuseyin menen jaqi'n bolg'an A'liysher wo'zine A'biw Saidte dushpanli'q bari'n sezip qalg'an son', Samarqandqa bari'p, belgili waqi't wol jerde jasawg'a ma'jbu'r boladi'. Samarqandta wol ilim ha'm qosi'qlar jazi'w menen ba'nt boladi'. Bul jerde wol belgili ali'm, filosofiya, logika, huqi'q, arab tili, a'debiyat ha'm poeziyani'n' wo'tkir bilimdani' **Fayzulla Abulays Samarqandiy**den sabaqlar aladi'. **1469-ji'li**' Sultan Xuseyin Xi'ratti' iyelegennen son', Nawayi'ni' wo'zinin' qasi'na shaqi'ri'p aladi'. A'liysherdi wol da'slep *xatker* lawazi'mi'na, keyinirek bolsa *wa'zir* yetip tayi'nlaydi'.

Sultan Xuseyin hu'kimdarli'g'i' da'wirinde A'liysher Nawayi' ma'mlekette woraylasqan saltanat ju'zege keliwi, wa'layatlardi'n' abadanlasti'ri'wi', awi'llarda diyqanshi'li'q, qalalarda wo'nermentshilik ha'm sawdani'n' ken'eyip rawajlani'wi' joli'nda xi'zmet ko'rsetti. A'liysher Nawayi' a'debiyat, ko'rkem-wo'ner ha'm ilim-bilimlendiriwdin' rawajlani'wi', xali'qti'n' ti'ni'sh ha'm paraxatshi'li'qta jasaw ta'repdari' yedi.

Biraq Sultan Xuseyin ma'mleketi A'liysher ku'tkendey boli'p shi'qpaydi'. Suyurg'al ta'rtibine tiykarlang'an bul ma'mlekette,

bir ta'repten, wa'layat hu'kimdarlari', ha'tte taji'-taxt miyrasxorlari' **Badiuzzaman** ha'm **Muzaffar Xuseyin Mi'rza** ko'terilisleri ju'z berdi. Yekinshi ta'repten, zuli'mli'q aqi'betinde Xi'rat ha'm woni'n' wa'layatlari'nda xali'q ko'terilisleri ko'terildi. U'shinshiden, wo'z ma'plerin go'zlegen saraydi'n' ashko'z ha'meldarlari' til biriktiriw ha'm jawi'zli'qlardi' ha'wij aldi'ri'p, woni'n' batpag'i'na Sultan Xuseyindi de bati'radi'. Bunday awhal, so'zsiz, bas wa'zirlik wazi'ypasi'nda turg'an dana Nawayi'ni'n' saraydan, ha'tte paytaxttan uzaqlasi'wi'na ali'p keledi.

Solay yetip, XV a'sirdin' yekinshi yari'mi'ndag'i' turaqsi'z siyasiy jag'day sebepli Temuriyler saltanati' dag'dari'sqa bet buradi'.



1. Padarku'sh (a'kesin wo'ltirgen) Abdulatiptin' ta'g'diri ne menen tamam boldi'?
2. Sultan A'biw Said qanday jol menen Mawarawnnaxrda ha'kimiyatti' iyeleydi?
3. Xorasandag'i' jag'day qanday yedi?
4. Sultan A'biw Said Xi'rat taxti'n qashan, qanday iyeleydi, qaysi' sawashta qurban boladi'?
5. Mawarawnnaxr ti'ni'shli'g'i' joli'nda Xoja Ubaydulla Axrardi'n' xizmeti nede?
6. Sultan Xuseyin Bayqara ha'm A'liysher Nawayi' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?

## 38-§. DIYQANSHI'LI'Q, JER IYELIGI QATNASI'QLARI'

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***Ekonomikali'q turmi's; Jer iyeligi; Sali'q tu'rleri.***

**Diyqanshi'li'q ha'm sharwashi'li'q**

Ma'mlekette tez-tez ju'z berip turatug'i'n wo'z ara ishki uri'slarg'a qaramastan, XV a'sirde de Mawarawnnaxr ha'm Xorasan awi'llari'nda bir qansha abadanshi'li'q isleri a'melge asi'ri'ldi'. Jeke qa'nigeliklerdin' jan'a jerlerdi ashi'w, kanallar qazi'p, bag' ko'teriw ha'm qarawsi'z qalg'an taslandi' jerlerdi suwg'ari'p, abadanlasti'ri'w si'yaqli' miynetleri qollap quwatlanadi'. Ha'tte bunday qa'nigeler bir-yeki ji'l dawami'nda ha'mme sali'q ha'm to'lewlerden azat yetiledi.

U'lken suwg'ari'w quri'lmalari' quri'li'p, diyqanshi'li'q wa'layatlari'ni'n' suw menen ta'miyinleniwi tu'p-tami'ri'nan jaqsi'lanadi'. Yen' u'lken suwg'ari'w islerinen biri Samarqand

oazisindegi Zarafshan da’ryasi’nan sag’a alg’an Darg’am kanali’nan shi’g’ari’lg’an a’yyemgi **Angor kanali’** tiklendi. Bul kanal arqali’ suwi’ az Qashqada’rya oazisine qosi’msha suw shi’g’ari’ladi’.

Uli’g’bek hu’kimdarli’q yetken da’wirde Buxara oazisinin’ qubla-shi’g’i’s shegarasi’na tiyip turg’an Samanjuq sahrasi’na suw shi’g’ari’li’p jan’a jerler wo’zlestiriledi. Murg’ab da’ryasi’ni’n’ bas bo’geti – **Sultanband**tin’ Shaxrux ta’repinen tikleniwi ha’m suwg’ari’w tarmaqlari’ni’n’ i’lay-uyi’qlardan tazalani’wi’ sebepli Mari’ qalasi’ ha’m Murg’ab oazisinin’ suw menen ta’miyinleniwi tu’p-tami’ri’nan jaqsi’landi’. Sultan Xuseyin Mi’rza hu’kimdarli’q qi’lg’an da’wirde bolsa woni’n’ baslamasi’ menen Marvirudtan jan’a kanal qazi’li’p, u’lken jer maydani’ suwg’ari’li’p abadanlasti’ri’ladi’.

A’liysher Nawayi’ni’n’ baslamasi’ menen Tus wa’layati’ni’n’ joqarg’i’ bo’liminde **Turuqband** suw saqlag’i’shi’ quri’ladi’. Won farsax (60-70 km) uzi’nli’qta arnawli’ kanal qazdi’ri’li’p, Turaqband suw saqlag’i’shi’nda ji’ynalg’an suw Mashxadke ali’p kelinedi. Na’tiyjede Mashxad suw menen ta’miyinlenip, qala a’tirapi’ndag’i’ jerlerge suw shi’g’ari’ladi’ ha’m abadanlasti’ri’ladi’.

Xojali’qti’n’ ekonomikali’q turmi’si’nda tiykari’nan jaylaw sharwashi’li’g’i’: *ji’lqi’shi’li’q, tu’yeshilik* ja’ne *qaramalshi’li’q* a’hmiyetli wori’n tutqan.

XV a’sir dawami’nda Mawarawnnaxr ha’m Xorasanda aldi’n’g’i’day jer ha’m mu’likshiliktin’ tiykari’nan to’rt tu’rdegi «*mu’lki diywaniy*» – ma’mleket jerleri, «*mu’lik*» – jeke menshik jerler, «*mu’lki waqi’m*» – medreseler ha’m meshitler qaramag’i’ndag’i’ jerler ja’ne yen’ son’g’i’si’ «*ja’ma’a’t jerleri*» bolg’an. Suwg’ari’latug’i’n jerlerinin’ yen’ u’lken bo’limi ma’mleket mu’lki yesaplang’an. Bul jerlerge aldi’n’g’i’day ma’mleket hu’kimdari’ sultan yaki a’mirler iyelik yeter yedi.

Temuriyler da’wirinde ma’mleket jerlerin «*suyurg’al*» ta’rizde inam yetiw ken’ tarqaladi’. Suyurg’al iyeleri bag’i’ndi’ri’wshi’li’g’i’n ku’sheytiw maqsetinde worayli’q ha’kimiyat bazi’da wolardi’n’ qaramag’i’ndag’i’ jer maydanlari’n qi’sqarti’rar yaki wolardi’n’ huqi’qlari’n sheklep, boysi’nbag’an ta’g’dirde suyurg’al huqi’qi’nan ayri’latug’i’n yedi ha’m basqa shaxsqa beriletug’i’n yedi.

Bul da’wirde bas hu’kimdar ta’repinen iri mu’lik iyelerine jaqsi’ xi’zmeti ushi’n *tarxanli’q jarli’g’i’n* beriw ken’ tarqaladi’.

Tarxanli'q jarli'g'i'n alg'an mu'lik iyeleri barli'q sali'q, to'lem ha'm minnetlemelerden azat yetilgen. Tarxanli'q jarli'g'i' a'dette a'mirler, bekler, saray a'meldarlari', saidler ha'm basqa joqari' qatlam wa'killerine berilgen. Bunday jarli'qti' alg'an mu'lik iyesi ati'na «tarxan» so'zi qosi'li'p ayti'lg'an.

XV a'sirde de aldi'n'g'i' da'wirlerdegidey ju'da' ko'p jer ha'm suw meshit, medrese, xanagoh (si'yi'ni'w worni'), mavzoley ha'm mazarlarg'a biriktirilip, bunday jerler «*mu'lki waqi'm*» dep atalg'an. A'dette, jer ha'm suwdan ti'sqari' ko'plegen du'kan, ka'rxana, digirman, juwaz, bazar jaylar, ka'rwansaraylar da waqi'm yetilip, wolardan tu'sken da'ramat meshit, medrese, ta'wipler u'yi ha'm xanaqohlardi'n' qayta isleniwi, u'skeneleniwi, diniy woqi''w worni'ni'n' g'amxorshi'si'na, woqi'ti'wshi'larg'a, ta'wip ha'm talabalarg'a beriletug'i'n napaqalar ja'ne la'n'garxana (mu'sa'pirxana) ha'm yemlewxanalardi'n' ku'ndelikli qa'rejetleri ushi'n jumsalg'an.

**Sali'q tu'rleri**

Suwg'ari'li'p yegiletug'i'n diyqanshi'li'q jerlerinen ali'natug'i'n tiykarg'i' sali'q **«xiraj»** dep atalg'an. Xiraj wo'nim yaki pul tu'rinde to'lengen. Wol wo'nimge ha'm jerdin' wo'nimdarli'g'i'na qaray belgilengen. Soni'n' ushi'n da'rya ha'm bulaq suwlari' menen suwg'ari'latug'i'n yegislik jerlerden xiraj wo'niminin' u'shten bir bo'limi (33 %) mug'dari'nda ali'ng'an la'lmikor (suwg'ari'lmay yegiletug'i'n) jerlerden wo'nimnin' alti'dan biri, yag'ni'y 16,5% ten segizden bir, yag'ni'y 12,5% mug'dari'nda sali'q wo'ndirilgen.

Mu'lik iyelerinin' bir bo'liminen **«ushr»**, yag'ni'y wo'nimnin' wonnan bir bo'legi (10%) mug'dari'nda sali'q ali'ng'an. Bunday jerler a'dette wo'z zamani'ni'n' ilim-pa'ni, bilimlendiriw ha'm ruwxi'y turmi'si'nda belgili abi'rayg'a iye bolg'an ulamalar ha'm mashayi'xlar qaramag'i'nda bolg'an. Sharwa mallari'nan qi'ri'qtan bir, yag'ni'y 2,5% mug'dari'nda zakat ali'ng'an.



**Begor — ja'rdem. XV a'si'r.**

Tiykarg'i' sali'qlardan ti'sqari' miynetkesh xali'q begar (ko'mek) islerinde de qatnasqan. Begarda qatnasqan ha'r bir adam islew ushi'n kerekli a'sbap-u'skene ha'm jeterli azi'q-awqatlardi' wo'zleri menen ali'p keliwi kerek bolg'an.

*** Begar — jergilikli xali'qqa ju'kletilgen saray, ja'ma'a't jaylari', qorg'ani'w ha'm suwg'ari'w quri'lmalari'n ja'ne jol quri'li's jumi'slari'nda uli'wma xali'qli'q islep beriw ma'jbu'riyati', muqa'ddes uli'wmali'q ko'mek**

1. Temuriyler da'wirinde diyqanshi'li'q qanday da'rejede rawajlang'an yedi?
2. Suwg'ari'w quri'lmalari'ni'n' ko'plep quri'li'wi'na mi'sallar keltirin'.
3. Jer iyeliginin' tu'rleri haqqi'nda nelerdi bilesiz?
4. Temuriyler da'wirinde qanday sali'q tu'rleri bolg'an?
5. «Tarxan'» jarli'g'i' haqqi'nda ayti'p berin'.

## 39-§. WO'NERMENTSHILIK HA'M SAWDA BAYLANI'SLARI'

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***Wo'nermentshilik tu'rleri. Ishki ha'm si'rtqi' sawda. Pul qatnasi'g'i'.***

**Wo'nermentshilik**

Mawarawnnaxrdi'n' **Samarqand, Buxara, Tashkent, Shaxruxiya, Termiz, Shaxrisabz, Qarshi'** ha'm basqa ko'plegen qalalari' wo'nermentshilik worayi'na aylanadi'. Qalalarda wo'nermentshilik aymaqlari'ni'n' sani' arti'p, ka'sip-wo'ner menen baylani'sli' bolg'an jan'adan-jan'a gu'zarlar, ko'sheler, sawda wori'nlari', u'sti basti'ri'lg'an bazarlar ha'm toqi' (u'sti gu'mbez bazarlar)lar payda boladi'. Ko'plegen qalalarda zergerlik, mu'sinshilik, iyne sog'i'wshi'li'q, sawi't sog'i'wshi'li'q, tas joni'wshi'li'q, shiyshe sog'i'wshi'li'q, teri iylewshilik usag'an wo'nermentshilik awi'l-aymaqlari' bolg'an.

Qalalarda jip, jipek, ju'n ha'm kenep talshi'g'i'nan ha'r tu'rdegi ren'li gu'lli ha'm ju'da' qali'n' gezlemeler toqi'p shi'g'ari'lar yedi.

XV a'sirde temir buyi'm, qural-jaraq ha'm a'sbap-u'skeneler jasaw joqari' da'rejege ko'teriledi. Metall buyi'm jasawshi'lardi'n' ko'pshiligi u'y-ruwzi'ger buyi'mlari', qural-jaraqlar ha'm a'sbap-u'skeneler sog'i'wshi' temirshilerden ibarat yedi. Wolardi'n'

arasi'nda shege sog'i'wshi'lar, tag'ashi'lar, si'm temir islewshiler, pi'shaq sog'i'wshi'lar usag'an ha'r tu'rli buyi'mlar sog'i'wshi' ustalar bolg'an.

Qalalarda, tiykari'nan Samarqand ha'm Xi'ratta zergerlik rawajlanadi'. Qala zergerleri arasi'nda alti'n, gu'mis ha'm jez aralaspalari'nan ha'r tu'rli tag'i'nshaqlar ja'ne qi'mbat bahali' buyi'mlar jasaytug'i'n, wolarg'a na'ziklik penen juqa ko'rkem shi'ray beriwshi sheber ustalar sani' ko'beydi. A'dette nag'i'sli' ko'rkem buyi'mlar bayli'qti' bildiriwshi zatlar boli'p yesaplani'p, wolar tek mu'lik iyesi qatlamlari'na g'ana ta'n yedi.

### Quri'li's, ag'ash woymashi'li'g'i'

Worta a'sir wo'nermentshiliginde gu'lalshi'li'q yen' rawajlang'an ko'p tarmaqli' tarawg'a aylanadi'. Wol keste sog'i'wshi'li'q, gu'ze ha'm kishi gu'zeler sog'i'wshi'li'q ja'ne tandi'r sog'i'wshi'li'q usag'an bir neshe tarmaqlarg'a bo'linedi. Bul da'wirde tas joni'w, wog'an shi'ray berip, woyma nag'i'slar ha'm suli'w jazi'wlar jazi'w wo'neri jetilisedi. Samarqandta Bibixani'm jome meshitinde Qurandi' qoyi'w ushi'n wornati'lg'an u'lken tas lavh (tu'bek), Go'ri A'mirdegi nefrit qa'bir tasi', Shaxizinda (Shayxi'zinda) ha'm basqa jerlerdegi saxnalarg'a woyi'lg'an nag'i'slar si'zi'lg'an, woyi'p jazi'lg'an ayatlar, marsiyalar ha'm tariyxi'y sa'neler jazi'p qoyi'lg'an.

Bul da'wirde ma'mlekettin' u'lken qalalari', tiykari'nan Samarqand ha'm Xi'ratta quri'li's isleri ken' ha'wij ali'p quri'li'sshi'lardi'n' roli asi'p ketedi. Gerbish wo'rip, imarat qa'ddin ko'teriwshiler «*banno*» dep, bas yesik-arka ja'ne gu'mbezlerge gu'lli tag'a ha'm girixlar qaplap imaratqa bezew beriwshiler «ustaz» dep atalg'an.

XV a'sirde shiyshe islep shi'g'ari'wshi'li'q ta bir qansha rawajlang'an. Samarqandta shiyshesazlar ma'ha'llesi bolg'an. Bul da'wirde ag'ash sogi'wshi'lar rawajlang'an. Sheber ag'ash ustalari' ag'ash woymashi'li'g'i' menen shug'i'llang'an. Wolar nag'i'sli' yesikler, pa'njereler, bag'analar, nag'i'sli' da'rwazalar, xantaxtalar, gu'rsiler ha'm basqa da ko'plegen buyi'mlar islegen. Go'ri A'mir ha'm Shaxizindani'n' ayatlar jazi'lg'an nag'i'sli' yesikleri XV a'sir xali'q ustalari'ni'n' ag'ash woymashi'li'g'i' wo'nerindegi yen' siyrek gezlesetug'i'n u'lgilerinen yesaplanadi'.

Samarqand wo'nermentshiliginde a'sirese qag'az islep shi'g'ari'w ayri'qsha wori'n tutadi'. Samarqand qag'azi' worta a'sir Shi'g'i's kalligrafiyasi'nda belgili boli'p, woni'n' belgili bir bo'legi shet u'lkelerge shi'g'ari'lg'an.



Bul da'wirde wo'nermentshiliktin' terini qayta islew, sherim islew, ma'sishilik, posti'n tigiwshilik, malaqay tigiwshilik, gewish tigiwshilik, yetikshilik tarawlari' da rawajlang'an.

Samarqand bazari'nda shi'rmayi', sedana payvand, zargaran nani', osiyoiy nani' si'yaqli' mazali' nanlari', ziravor (iyisli sho'p)lar, parfyumeriya tovarlari' sati'lar yedi.

### Sawda baylani'slari'

XV a'sirde Temuriyler uzaq ha'm jaqi'n wortadag'i' bir qatar qon'si' ma'mleketler: Qi'tay, Hindstan, Tibet, Iran, Rossiya, Volga boyi' ha'm Sibir menen turaqli' tu'rde sawda-satli'q yetetug'i'n yedi. **Qi'tay**dan tiykari'nan *jipek, shayi' gezlemeler,* atap aytqanda *atlas* ha'm *parshalar, shay, parfor, yaqut, ga'whar* ja'ne *mushk;* **Hindstan**nan *na'zik aq ren'degi jip gezlemeler, nil* (boyawlar), *xosh iyisli sho'pler*; **Iran**nan *bo'z, hinji, du'rler*; **Rossiya, Tatarstan** ha'm **Sibir**den *qi'mbat bahali' moyna, teri* ja'ne *mum* ali'p kelinetug'i'n yedi. Yevropa ma'mleketlerinen Samarqandqa ali'p kelingen tovarlar arasi'nda *frang (Franciya) gezlemeleri, mawi'ti'*, *sherkes pi'shag'i'* bar yedi.

Samarqandtan shet ma'mleketlerge, tiykari'nan Rossiya, Tatarstan ha'm Sibirge *jip gezlemeler*, tiykari'nan *bo'z, duxoba, shayi'* gezleme, *qag'az, qurg'aq miywe, gu'rish, paxta* ha'm *kenep* (iyirilgen jip)ler shi'g'ari'lg'an.

Shet ma'mleketler menen wo'z ara sawda-satli'qti' ken'eytiwde temuriylerdin' qon'si' ma'mleketler menen ali'p barg'an yelshilik qatnasi'qlari' u'lken rol woynaydi'. Uli'g'bek ha'm Shaxrux Qi'tay menen turaqli' tu'rde yelshiler almasi'p turg'an.

**1418-ji'l**i' **Ardasher** basshi'li'g'i'ndag'i' Shaxrux yelshileri Qi'tayda boladi'. **1419-ji'l**i' bug'an juwap retinde **Li-Do** ha'm **Jong-Fu** Qi'taydan Samarqand ja'ne Xi'ratqa yelshi boli'p keledi. Yelshiler Uli'g'bek ha'm Shaxruxti'n' ati'na wo'z ara dosli'q qatnasi'qlari'n rawajlandi'ri'w tiykari'ndag'i' usi'ni'slar jazi'lg'an xat ja'ne ko'p sawg'a-sa'lemler tapsi'radi'. **1420-ji'l**i' **Shaxrux** ha'm **Uli'g'bek** wo'z yelshileri menen birge 530 sawdagarden ibarat yelshilik ka'rwani'n Qi'tayg'a jiberedi. Temuriylerdin' yelshileri yeki ji'ldan aslami'raq waqi't Qi'tayda boli'p, **1422-ji'l**i' wo'z watanlari'na qayti'p keledi.

Shaxrux penen Uli'g'bek zamani'nda Tibet ha'm Hindstan menen de qon'si'shi'li'q qatnasi'qlar wornati'ladi'. 1421-ji'li' Tibetten Buxara ha'm Samarqandqa yelshiler keledi. 1441–1442-ji'llarda Shaxrux Hindstang'a *Vijayanagar* sarayi'na tariyxshi'



**A'mir Temur islep shi'g'arg'an mi's ha'm gu'mis ten'geler.**

**Abdurazzaq Samarqandiy** basshi'li'g'i'nda yelshiler jiberedi. Wol **Karman, Xurmuzd** ha'm **Parsi'** qolti'g'i' arqali' Hindstang'a qi'lg'an sayaxati'n jazi'p qaldi'radi'.

**Pul aylani'si'**

Ekonomikali'q rawajlani'w belgili da'rejede usi' da'wirde wo'tkerilgen pul reformasi' menen de baylani'sli' yedi. Uli'g'bek **1428-ji'l**i' aylani'stag'i' *fulusiy pullar* reformasi'n a'melge asi'rdi'.Uli'g'bek jen'il salmaqta quyi'p shi'g'ari'lg'an ha'm aylani'sta ju'rgen mayda pullardi' biykar yetti. Yeski mayda pullardi' jan'asi'na almasti'ri'p, ishki sawdani'n' fulusiy pullari'na bolg'an talabi'n qanaatlandi'ri'w ushi'n bir waqi'tti'n' wo'zinde wol Buxara, Samarqand, Qarshi', Termiz, Tashkent, Shaxruxiya ha'm Andijan qalalari'nda ten'ge quyi'w wori'nlari'n sho'lkemlestirip, bir qi'yli' salmaqtag'i' fulus quyi'p shi'g'aradi' ja'ne aylani'sqa shi'g'aradi'. Xali'q wortasi'nda «*fulusi adliya*» yag'ni'y «*a'dillik puli'*» ati' menen belgili bolg'an Uli'g'bektin' bul jan'a fulusi' ishki usaqlap sati'w sawdasi' ushi'n ken' jol ashadi'. Soni'n' menen birge, Uli'g'bek si'rtqi' sawdadan ma'mleket g'a'ziynesine tu'setug'i'n da'ramatti' ko'beytiw maqsetinde tamg'a sali'g'i'n bir qansha asi'rdi'.



*** Tamg'a – sawda baji'; sawdagerlerden ali'natug'i'n sali'q**
*** Fulus – mi'stan islengen mayda ten'ge pul**

Solay yetip, Uli'g'bek zamani'nda ma'mlekette ishki ha'm si'rtqi' sawdani'n' ken'eyiwi wo'nermentshilik wo'nerlerinin' ko'lemin asi'ri'p, ka'sip-wo'ner tarmaqlari'ni'n' rawajlani'wi'nda tiykarg'i' sebeplerdin' birine aylandi'.

1. Temuriyler da’wirinde wo’nermentshiliktin’ qanday tu’rleri rawajlandi’?
2. Ag’ash ustashi’li’g’i’ni’n’, qag’az islep shi’g’ari’wshi’li’qti’n’ rawajlang’anli’g’i’na mi’sallar keltirin’.
3. Sawda baylani’slari’ qalay jolg’a qoyi’lg’an yedi?
4. Uli’g’bektin’ pul reformasi’ ha’m woni’n’ na’tiyjeleri haqqi’nda nelerdi bilip aldi’n’i’z?

## 40-§. ILIM-PA’NNIN’ RAWAJLANI’WI’

**Tayani’sh tu’sinikler:** ***Samarqand akademiyasi’; Du’nya nag’i’slari’; Aflatun zamani’.***

**Ilim-pa’n worayları**

XV a’sirde Samarqand ha’m Xi’ratta ali’mlar menen fuzalo (woqi’mi’sli’) lar, shayi’rlar ha’m kompozitorlardi’n’ u’lken topari’ toplang’an yedi. Ilim-pa’n ha’m ko’rkem-wo’nerdin’ rawajlani’wi’nda wo’z zamani’ni’n’ ma’deniy do’geregi wortali’g’i’nda ta’rbiyalani’p jasli’g’i’nan-aq belgili ali’m si’pati’nda dan’qi’ shi’qqan Uli’g’bektin’ roli ha’m u’lesi wog’ada joqari’. Uli’g’bek ma’mleketti basqari’w menen bir qatarda, ilimiy isler menen de shug’i’llanadi’, ali’mlardi’n’ pikir ali’si’wlari’nda belsendi qatnasatug’i’n yedi. Uli’g’bek wo’tmishtegi watanlaslari’ Axmed Ferg’aniy, A’biw Nasi’r Farabiy, Muxammed Xorezmiy, A’biw Rayxan Beruniy ha’m Ibn Sinani’n’ miynetlerin puqtali’q penen u’yrenedi. Bul ulli’ woyshi’llardi’n’ miynetleri arqali’ wol a’yyemgi grek ali’mlari’ Platon, Aristotel, Gipparx, Ptolomeylerdin’ tan’lang’an shi’g’armalari’ menen de tani’sadi’. Uli’g’bektin’ pa’rmani’ menen **1417-ji’l**i’ Buxarada, **1420-ji’l**i’ Samarqandta ha’m **1433-ji’l**i’ G’ijduvonda medreseler boy tikleydi. Ha’tte Buxara medresesinin’ da’rwazasi’na «*Bilim ali’w ha’r bir musi’lman hayal ha’m yer adamni’n’ minneti*» degen so’zler woyi’p jazi’p qoyi’ladi’. Mawarawnnaxrdi’n’ bul u’sh a’yyemgi qalalari’nda quri’lg’an ilim wori’nlari’, tiykari’nan Samarqand medresesi wo’z zamani’ni’n’ universiteti yedi. Usi’ medreselerde din ta’liymati’ ilimleri: Quran, ha’dis, tafsir, fiqh (din ha’m sha’riat ni’zam ha’m qag’i’ydalari’) menen bir qatarda matemetika, geometriya, astronomiya, medicina, tariyx, geografiya, poetika, arab tili ha’m woni’n’ morfologiyasi’ usag’an du’nyali’q ilimler de woqi’ti’latug’i’n yedi.

**Uli'gbektin' medresesi**

**1420-ji'li'** ashi'lg'an Samarqand medresesi yeki qabatli', yeliw wo'jireli bolg'an. Ha'r bir wo'jire u'sh xanag'a: qaznaq (qoyma), jataqxana ha'm sabaq tayarlaw bo'lmelerine bo'lingen. Medresede sol zamanni'n' sheber ali'mlari'nan ma'wlana **Shamsiddin Muxammed Hawafiy** jetekshi medrese woqi'ti'wshi'si' bolg'an. Worta a'sirlerdin' belgili ali'mlari' **Qazi'zada Rumiy, G'iyasitdin Jamshid Koshoniy, Mi'rza Uli'g'bek** ha'm woni'n' sha'kirti **Alawatdin A'liy Qusshi'**lar tu'rli pa'nlerden sabaq bergen. Medrese ashi'lg'an ku'ni birinshi sabaqti' **Shamsiddin Muxammed Hawafiy** woqi'g'an, sabaqta bilimge qushtarlardan toqsan adam qatnasqan. Medresede astronomiyadan sabaqti' Qazi'zada Rumiy bergen. Medresede keminde 15—16 ji'l bilim ali'p, woni'n' bag'darlamasi' boyi'nsha pa'nlerdi toli'q wo'zlestirgen ha'm imtixanlarda wo'z bilimin ko'rsete alg'an bilimge qushtarlarg'a **sanad** (gu'wali'q) jazi'p berilgen.

**Uli'g'bek observatoriyasi'**

Samarqandta wo'z a'tirapi'nda toplang'an belgili ali'mlardi'n' tikkeley qatnasi'wi'nda ha'm wolardi'n' ja'rdeminde Mi'rza Uli'g'bek **1424-1429-ji'llar**i' qala jani'ndag'i' Obirahmat kanali' boyi'nda observatoriya qurdi'rdi'. Ha'zirge shekem ali'mlardi'n' qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'n woyati'p kiyati'rg'an bul u'lken imaratti'n' biyikligi 31 metr yedi.

G'iyasiddin Jamshid basshi'li'g'i'nda observatoriyani'n' tiykarg'i' wo'lshew a'sbap-u'skenesi — u'lken sekstant wornati'lg'an. Samarqand sekstanti' sol da'wirde Shi'g'i'sta belgili bolg'an sekstantlardi'n' yen' u'lkeni yesaplang'an. Uli'g'bek observatoriyasi'ni'n' qasi'nda wo'z zamani'ni'n' bay kitapxanasi'n sho'lkemlestiredi. Bul kitapxanada ilimnin' derlik barli'q tarawlari'na tiyisli shama menen won bes mi'n' tomnan ibarat kitap saqlang'an.

Observatoriya do'gereginde ali'mlar ha'm xi'zmetkerler ushi'n u'lken-kishi wo'jireler quri'ladi'. Woni'n' yeteginde bolsa yeki shartaq quri'ladi'. Wolardan biri **Bag'i' Maydan**, yekinshisi bolsa **Chinnixana** ati' menen belgili boladi'. Observatoriya jaylasqan bul massiv jergilikli xali'q arasi'nda **«Naqshi jahan»** (Du'nya nag'i'slari') degen at penen dan'q shi'g'arg'an.

Uli'g'bektin' belsendi qatnasi'wi' menen Uli'g'bek observatoriyasi' sol zamanni'n' sharayatlari'na qarap jetilisken astronomiyali'q a'sbap ha'm u'skeneler menen u'skenelengen joqari' da'rejedegi ilim worni'na aylandi'. Observatoriyada Uli'g'bek



Uli'g'bek observatoriyasi'ni'n' ishki ko'rinisi.

penen birge ataqli' matematik ha'm astronomlardan «*Aflotuni zamon*» dep atalg'an **Qazi'zada Rumiy, G'iyasitdin Jamshid Koshoniy**, «*wo'z da'wirinin' Ptolomeyi*» ati' menen dan'q shi'g'arg'an **A'liy Qusshi'** ha'm ko'p g'ana basqa ali'mlar ilimiy baqlawlar ja'ne izertlewler ali'p baradi'. Qullasi', Uli'g'bek Samarqandta pu'tkil bir astronomiya mektebin payda yetti.

Observatoriyada ali'p bari'lg'an baqlaw ha'm izertlewler sebepli 1018 qozg'almas juldi'zlardi'n' worni' ha'm jag'dayi' ani'qlani'p, wolardi'n' astronomiyali'q kestesi du'ziledi. Observatoriyada ali'p bari'lg'an izertlewlerdin' na'tiyjesinde tiykari'nan matematika ha'm astronomiyag'a baylani'sli' bir qatar bahali' miynetler jarati'ldi'.

Uli'g'bektin' u'lken shi'g'armasi' «*Ziji jadidi Koragoniy*» (Kuraganiydin' jan'a astronomiyali'q kestesi) atli' kitabi'. «*Ziji jadidi Koraganiy*» tiykari'nan yeki bo'limnen: ken' kirisiw ha'm 1018 qozg'almaytug'i'n juldi'zlardi'n' worni' ha'm jag'dayi' ani'qlani'p berilgen kestelerden ibarat. Uli'g'bektin' astronomiyali'q kestesi sol zamandag'i' sog'an uqsas kesteler arasi'nda joqari' da'rejede ani'qli'g'i' menen aji'rali'p turadi'. Sonday-aq, Uli'g'bektin' ji'l yesabi'n ha'zirgi yesap-sanaqlarg'a sali'sti'ratug'i'n bo'lsaq, wol bari'-jog'i' bir minut, yeki sekund pari'q qi'ladi'. Bul XV a'sir ushi'n ju'da' joqari' ani'qli'q boli'p ha'zirgi zaman wo'lshewlerine ju'da' jaqi'n.

*** Akademiya – joqari' ilimiy sho'lkem**
*** Observatoriya – aspan denelerin izertlew ushi'n arnawli' u'skenelengen ilimiy mekeme ha'm sol mekeme jaylasqan imarat**
*** Sanad – gu'wali'q**
*** Sekstant – aspan jaqti'landi'ri'wshi'lari'nin' biyikligin belgilew ushi'n mo'lsherlengen ayna-shag'i'li'sti'rg'i'shli' a'sbap**



> *** Uli'g'bektin' wo'miri ha'm ilimiy iskerligi xalqi'mi'z ma'na'wi'yat tireginin' negizi boli'p yelimizde bunnan neshe zamanlar aldi'n fundamental pa'nlerdi rawajlandi'ri'wg'a qansha u'lken a'hmiyet bergenin ko'rsetedi.**
>
> **Islam Karimov «Joqari' ma'na'wi'yat — jen'ilmes ku'sh»**

Uli'g'bek «*Tarixi arba ulus*» (To'rt uli's tariyxi') atli' tariyxi'y shi'g'arma ja'ne muzi'ka ilimine bag'i'shlang'an bes kitapsha da jazg'an. Uli'g'bektin' astronomiya mektebi wo'z da'wirinin' wo'zine ta'n akademiyasi' yedi. Belgili francuz filosofi', jazi'wshi' ha'm tariyxshi' ali'm **Volter** (1694–1778) «*Uli'g'bek Samarqandta boli'p akademiyag'a tiykar saldi'. Jer shari'n wo'lshewge buyri'q*

**WORTA AZIYA XV A'SIRDE**






*berdi ha'm astronomiyag'a tiyisli kestelerdi du'ziwde qatnasti'»* dep jazg'an yedi.



*** «Samarqand akademiyasi'» — 1004-ji'li' Xorezmde sho'lkemlestirilgen «Dani'shpanlar u'yi»nen (Mamun akademiyasi') keying yekinshi «Dor ul-ilm» yedi.**



1. Uli'g'bektin' ilim-pa'ndi rawajlandi'ri'wg'a qosqan u'lesi haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
2. Uli'g'bektin' observatoriyasi' ha'm woni'n' ilimiy a'hmiyeti haqqi'nda ayti'p berin'.
3. Uli'g'bektin' qurdi'rg'an medreselerin ayti'p berin'.
4. Bul woqi''w worayi'nda Uli'g'bekten ti'sqari' ja'ne qanday ulli' ali'mlar xi'zmet ko'rsetken? Wolar haqqi'nda ayti'p berin'.

## 41-§. MA'DENIY TURMI'S

**Tayani'sh tu'sinikler:** ***Kitap wo'neri; Su'wretlew wo'neri; Kolligrafiya; Su'wretshiliktin' Xi'rat mektebi; Muzi'ka. Klassik a'debiyat wa'killeri.***

**Kitap wo'neri**

XV a'sirde kitapshi'li'q wo'neri, yag'ni'y qoljazba shi'g'armalardi' ko'shirip jazi'w ha'm woni'n' menen baylani'sli' bolg'an suli'w jazi'w, su'wretshilik, lawwoxlik ha'm shaxxoflik wo'neri de wog'ada jaqsi' rawajlanadi'.

Baspaxana ha'm kitap basi'p shi'g'ari'w yele ju'zege kelmegen zamanda kitap shi'g'ari'w ha'm woni'n' nusqalari'n ko'beytiw awi'r miynet ha'm ko'p waqi't sarp yetiletug'i'n wog'ada qi'yi'n jumi's bolg'an. Ha'r bir kitap qag'azdan baslap muqabasi'na shekem, si'yadan baslap tap boyawlari' menen alti'n jalati'wi'na shekem belgili qag'i'ydalardi'n' tiykari'nda tayarlanatug'i'n yedi. Kalligraf boli'w ushi'n uzaq waqi't sabi'r-taqat ha'm ku'shli i'qlas penen shi'ni'g'i'w, jetik sawatli', ko'rkemlik talg'ami' joqari', do'retiwshi adam boli'wi' kerek yedi. Sheber kalligrafti'n' wo'z usi'li' ha'm uslublari'n sha'kirtlerine u'yretetug'i'n yedi. Usi'lay yetip kalligrafiya da'stu'rleri dawam yetiletug'i'n ha'm rawajlandi'ri'latug'i'n yedi.

Belgili kalligraf **Mira'li Tabriziy** (1330—1404) nasta'lik dep atalg'an jan'a usi'ldag'i' jazi'wdi' woylap tabadi'. Kewilge un-

amli’ kalligraflardi’n’ biri **Sultana’li Mashxadiy** (1432—1520) yedi. Wol Nizamiy, Attar, Hafi’z, Saadiy, Xi’sraw Dexlawiy, Ja’miy, Nawayi’, Xuseyin Bayqara ha’m basqa shayi’rlardi’n’ shi’g’armalari’n ko’shirip jazg’an. Sultana’li ta’repinen ko’shirilgen 50 den aslam kitap ha’m ko’p g’ana yeki qatarli’, u’sh qatarli’ qosi’qlar ha’zirgi waqi’tqa shekem jetip kelgen. Sultana’li woyi’p nag’i’s sali’w wo’nerinde de sheber bolg’an. Xuseyin Bayqarani’n’ «Bag’i’ Jahanara» bag’i’ndag’i’ saray diywallari’ndag’i’ jazi’wlar, Xuseyin Bayqarani’n’ qa’bir tasi’ndag’i’ jazi’lg’an so’zler de Sultana’li ta’repinen woyi’p jazi’lg’an. Wol kalligrafiya wo’nerinin’ tu’rleri haqqi’nda arnawli’ shi’g’arma jazg’an. **Sultana’li Mashxadiy** «*Qiblat ul-quttob*» (Katibler qublasi’) ha’m «*Sultan ul-xattotin*» (Kalligraflardi’n’ sultani’) degen atlar menen dan’qi’n shi’g’aradi’.

Samarqand ha’m Xiratta arnawli’ saray kitapxanalari’ sho’lkemlestirilgen yedi. Bunday kitapxana islerine kitapxana dorug’asi’ yamasa kitap iyesi basshi’li’q yetken. Woni’n’ qol asti’nda kalligraflar, qoli’ gu’l nag’i’s sali’wshi’lar menen suwretshiler, sheber lawwahlar menen saxxoflar buyi’rtpalardi’ wori’nlap woti’rg’an. Ma’selen, Xiratta Uli’g’bektin inisi Baysun’g’urdi’n’ kitapxanasi’nda qi’ri’q kalligraflar ha’m bir neshe nag’i’s sali’wshi’lar qoljazba shi’g’armalardan nusqalar ko’shiriw ha’m wolardi’ bezew menen ba’nt bolg’an. 1429-ji’li’ bul kitapxanada Abi’lqasi’m Firdawsiydin’ belgili «Shaxnama» da’stani’ ko’shirttirilip, wol 20 tu’rli mazmun ha’m ko’rinislerdegi ren’li miniatyuralar menen bezelgen.

Xuseyin Bayqara ha’m A’liysher Nawayi’ saray kitapxanasi’n bahali’ shi’g’armalar menen bayi’ti’wg’a g’amxorli’q yetedi.

### Su’wretlew wo’neri

XV a’sirde u’lken jetiskenliklerge yerisken su’wretlew wo’neri — portretler, turmi’s ko’rinisleri, ta’biyat ko’rinisleri, imarat ha’m ko’rkem shi’g’armalarg’a islengen su’wretlerden ibarat bolg’an. Adamlardi’n’ kelbeti sali’ng’an su’wretlerdin’ arasi’nda **Ja’miy, Nawayi’, Abdulla Xotifiy, Begzad, Xuseyin Bayqara, Babur** ha’m basqalardi’n’ su’wretleri bizge shekem saqlani’p qalg’an. Su’wretshiler bul tariyxi’y shaxslardi’n’ si’rtqi’ kelbetin ani’g’i’raq ha’m jetisken tu’rde su’wretlewge, ayi’ri’m jag’daylarda, ha’tte wolardi’n’ ruwxi’y du’nyasi’n ashi’wg’a umti’lg’an. Ma’selen, ataqli’ su’wretshi **Maxmud Muzaxxib** ta’repinen sog’i’lg’an Nawayi’ni’n’ su’wretinde shayi’r hasag’a su’yengen, woni’n’ qa’ddi-qa’wmeti biraz bu’kshiygen, ko’z qaraslari’nda da

sharshag'anli'qti'n' belgileri ha'm ulli'li'g'i' ja'ne ken'peyilliligi ko'zge ayqi'n tu'sip turadi'.

**Kamalatdin Begzad** XV a'sirdegi su'wretlew wo'nerinin' ulli' wa'kili boli'p yesaplanadi'. Wol su'wret sali'wshi'li'qta «*Xirat mektebi*» dep atalg'an jan'a bir do'retiwshilik usi'ldi'n' tiykari'n sali'wshi' boldi'. Wol wo'z da'wirinde Moniyi Soniy (Yekinshi Moniy) dep ulli'lang'an. Wol ustaz si'pati'nda Worta Aziya, Iran, A'zerbayjan ha'm basqa u'lkelerdin' su'wretlew wo'nerinin' rawajlani'wi'na na'tiyjeli ta'sir yetti. Begzadti'n' do'retiwshilik xi'zmeti ha'r qi'yli' mazmung'a iye boli'p, wol tariyxi'y tulg'alardi'n' (Xuseyin Bayqara, Sheybaniyxan, A'liysher Nawayi') portretlerinen baslap, tap ha'r qi'yli' hu'kimdar saraylari'ndag'i' qabi'l yetiw ma'resimleri ha'm sawash maydani'ndag'i' ko'rinislerge shekem haqi'yqi'y ja'ne ta'sirli yetip bere alg'an. A'sirese, Dexlawiydin' «La'yli-Ma'jnu'n» da'stani'na arnalg'an woni'n' lirikali'q ko'rinisleri yamasa Sharapatdin A'liy Yazdiydin' «Zafarnama» shi'g'armasi'na sog'i'lg'an sawash maydani'ndag'i' ayawsi'z sawash su'wretlengen miniatyuralari' wog'ada tan' qalarli'q ha'm ta'sirshen' bolg'an. Bir so'z benen aytqanda, su'wretlew wo'neri shi'g'armalari' menen ko'rkem a'debiyatti'n' wo'z ara aji'ralmas baylani'sta rawajlang'ani'n ha'm bir-birine jemisli ta'sir yetkenligin ko'rsetedi.



**Kamalatdin Begzad.**

## Muzi'ka

XIV–XV a'sirlerde jan'a nama ha'm qosi'qlar, muzi'kali'q a'sbaplar ha'm muzi'ka teoriyasi'na tiyisli bahali' shi'g'armalar jarati'ldi'. Ju'da' ko'p sheber sazendeler, muzi'kantlar, kompozitorlar ha'm qosi'qshi'lar jetilisti. **A'bdiqa'dir Nayiy, Qulmuxammed Shayxiy, Xuseyn Udiy, Shaxquli' G'ijjakiy, Qasi'm Rabbaniy** ha'm basqalar usi'lar qatari'nan. Sheber muzi'kashi'lar menen bir qatarda Uli'g'bek, Nawayi', Ja'miy, Binaiy si'yaqli' woyshi'llar ha'm shayi'rlar da muzi'ka wo'neri menen shug'i'llani'p, woni'n' rawajlani'wi'na belgili da'rejede u'les qosqan yedi. Ma'selen, Uli'g'bek «*Bulujiy*», «*Shadiyana*», «*Axloqiy*», «*Tabriziy*», «*Usi'li' rawan*» ha'm «*Usi'li' atli'q*»; Nawayi', «*Isfaxaniy*» namalari'n do'retken yedi. Ja'miy ha'm Binaiyler muzi'ka teoriyasi'na tiyisli shi'g'armalar do'retedi. Muzi'ka poeziya menen ti'g'i'z baylani'sta jan'a rawajlani'w basqi'shi'na ko'teriledi.

**A'debiyat**

Worta Aziya xali'qlari' a'debiyati' ko'rkemlik usi'li' jag'i'nan jetilisti, jan'a basqi'shqa ko'terildi. Prozada da, poeziyada da ko'plegen bahali' ko'rkem ha'm lirikali'q shi'g'armalar payda boldi'. Worta Aziya xali'qlari'ni'n', atap aytqanda wo'zbek ha'm ta'jik a'debiyati'ni'n' wortasi'nda wo'z ara baylani's ha'm dosli'q ken'eydi ja'ne bekkemlendi. Awdarma a'debiyati' ju'zege keldi. Ko'rkem a'debiyatti'n' wo'siwi menen ti'g'i'z baylani'sli' jag'dayda a'debiyatti' izertlew ilimi de rawajlandi', qi'mbatli' ilimiy shi'g'armalar do'retildi.



**Xudojnik Maxmud Muzaxxibtin' qa'lemine tiyisli Nawayi' su'wreti.**

Bul da'wirde wo'z zamani'ni'n' talantli' shayi'rlari' ha'm a'debiyatshi'lari' **Qutb Xorezmiy, Sayfiy Saroyi, Haydar Xorezmiy, Durbek, A'miriy, Yaqi'niy, Ataiy, Sakkokiy, Lutfiy, Muxammed Sali'q** ha'm basqalar jasap shi'g'armalar do'retti. **Durbek** ta'repinen qayta islengen «*Yusu'p ha'm Ziliyxa*» da'stani', tashkentli shayi'r Ataiydin' diywani' (qosi'qlar toplami'), sol da'wir ko'rkem a'debiyati'ni'n' du'rdanalari' yedi. Bul da'wirdegi wo'zbek shayi'rlari'ni'n' ishinde *Lutfiy* (1366–1465) ayri'qsha wori'n tutadi'. Nawayi'g'a shekem wo'zbek poeziyasi'nda Lutfiydin' da'rejesine jetetug'i'n shayi'r bolmag'an. Wol bir g'ana wo'zbek tilinde shi'g'armalar do'retip qoymay, al turkiy-parsi' tilinde de qasida (ta'ripler)lar jazdi'. Lutfiydin' do'retiwshiliginde haqi'yqatli'qti' ha'm a'dalatli'qti' su'yiwge, bawi'rman ha'm adamgershilikli boli'wdi' u'git-na'siyat qi'li'wg'a, ilim ha'm ko'rkem-wo'nerdi su'yiwge shaqi'ratug'i'n pikirler u'lken wori'n alg'an.

XV a'sir ko'rkem a'debiyati'ni'n' rawajlani'wi'nda ulli' ma'mleketlik isker, ulli' shayi'r, ali'm, woyshi'l **A'liysher Nawayi'** ha'm ulli' parsi'-ta'jik shayi'ri' **A'bdiraxman Ja'miy**din' u'lesleri wog'ada ulli' yedi. Nawayi' wo'zinin' pu'tkil xi'zmetin ha'm do'retiwshiligin insanni'n' baxti'-saadati' ushi'n gu'reske, xali'qti'n' ti'ni'shli'g'i'na, wo'z ara uri'slardi'n' aldi'n ali'wg'a, abadanlasti'ri'w islerine, ilim-pa'nnin', ko'rkem-wo'ner ja'ne



**A'liysher Nawayi'.**

a'debiyatti'n' rawajlani'wi'na bag'i'shladi'. Wol wo'zbek a'debiy tilin, wo'zbek klassik a'debiyati'n jan'a rawajlani'w basqi'shi'na ko'terdi. Nawayi' woti'zdan aslam iri ko'rkem shi'g'armalar jazdi', «*Xamsa*», «*Xazoyin ul-maoniy*», «*Maxbub ul-qulub*», «*Lison ut-tayr*» sol ayti'lg'an shi'g'armalari'nan boli'p yesaplanadi'.

Nawayi' tariyxti' biliwdin' a'hmiyetinin' u'lken yekenligin sezip, adamlardi' tariyxti' u'yreniwge shaqi'radi'. Woni'n' pikiri boyi'nsha, tariyx pa'ni shahlardi'n', hu'kimdarlardi'n' wo'mir joli'n yemes, al ma'mlekettin' tariyxi'n u'yreniw kerek. Nawayi' ma'mleketti neler joq yetedi ha'm neler molshi'li'qqa ali'p kelewin, qanday isler sebepli ma'mleket boli'wi'n, xali'qqa ti'ni'shli'q ha'm baxi't keltiretug'i'nli'g'i'n tariyx ko'rsetip beriwi kerek dep yesaplaydi'.

Nawayi'ni'n' a'dillik ja'rdeminde ma'mleketti abadanlasti'ri'w mu'mkinligin, ha'r bir adam wo'zinin' minez-qulqi' ha'm a'depikramli'li'g'i' menen adamlardi'n' kewlin ko'teriw kerekligin atap wo'tedi.

Bir so'z benen aytqanda, wo'zbek xalqi'ni'n' ulli' shayi'ri' ha'm woyshi'li' A'liysher Nawayi' wo'zinin' biybaha shi'g'armalari'nda ko'tergen joqari' da'rejedegi insan su'yiwshilik ideyalari' menen du'nya a'debiyati'ni'n' ulli' ko'rkem-wo'ner wa'killerinin' qatari'nan wo'zinin' mu'nasip worni'n iyeledi. A'bduraxman Ja'miy A'liysher Nawayi'ni'n' zamanlasi', ustazi' ha'm dosti' yedi. Wolardi'n' dosli'g'i', birge islesiwi wo'zbek ha'm ta'jik xali'qlari' dosli'g'i'ni'n' ja'ne birliginin' jarqi'n ti'msali'.



**Yeger bul ulli' zatti' wa'liy (a'wliye) desek, wol wa'liylerdin' wa'liysi, woyshi'l desek, woyshi'llardi'n' woyshi'li', shayi'r desek shayi'rlardi'n' sultani'.**

**Islam Karimov «Joqari' ma'na'wi'yat – jen'ilmes ku'sh»**



1. Kitap wo'neri qalay rawajlang'an?
2. Kitapxanalardi'n' rawajlang'anli'g'i'n mi'sallar menen tu'sindirin'.
3. Su'wretlew wo'nerindegi jetiskenliklerdi mi'sallar menen da'lillep berin'.
4. Kamalatdin Begzad haqqi'nda qi'sqasha mag'li'wmat tayarlan'.
5. Muzi'ka wo'nerinin' rawajlani'wi' haqqi'nda nelerdi bilip aldi'n'i'z?
6. Wo'zbek a'debiyati'ni'n' rawajlani'wi'nda A'liysher Nawayi'ni'n' xi'zmeti nelerden ibarat?

## WO'TMISHDEGI TARIYX SABAQLARI' HA'M AG'ARTI'WSHI'LI'Q

*(Juwmaqlaw worni'nda)*

Siz woqi''w ji'li' dawami'ndi' jan'adan Watani'mi'z — Wo'zbekstanni'n' IV—XVI a'sir baslari'ndag'i' tariyxi' menen tani'sti'n'i'z. A'yyemgi zamanlarda Turan, worta a'sirlerde Tu'rkstan ha'm Mawarawnnaxr atlari' menen belgili bolg'an yelimiz tariyxi' bayani' juwmaqlanar yeken, xalqi'mi'zdi'n' bul wo'tmishi a'weli woni'n' u'lken do'retiwshilik iskerligi tariyxi' boli'p yesaplanadi'. Bul da'wirde u'lkemizde da'ryalar, u'lkenkishi say ha'm ji'lg'alar ji'lawlani'p, diyqanshi'li'q maydanlari' ken'eytirildi, bag'i' bostanlar quri'ldi'. Ha'zirgi ku'nde Siz benen biz jasap ati'rg'an oazis ha'm wa'layatlar payda boldi' ha'm abat yetildi. San-sanaqsi'z awi'l ha'm qalalar quri'ldi'. Qalalar ken'eyip, wo'nermentshilik sawda-sati'q, ruwxi'y, ilim-pa'n ja'ne ma'deniyatti'n' worayi'na aylandi'. Wo'nermentshiliktin' ha'r qi'yli' tarmaqlari' rawaj tawi'p, qoli' gu'l wo'nermentlerdin' na'zik qa'lewi ha'm do'retiwshilik sheberligi menen jasalg'an buyi'm a'sbaplari' ja'ne zeb-ziynetleri wo'zine ta'n joqari' miyneti da'rejesinde aqi'ri'na jetkizilgen.

Bir ta'repten suwg'ari'lg'an jerlerde diyqanshi'li'q ha'm sharwashi'li'q, yekinshi ta'repinen wo'nermentshiliktin' rawajlani'wi' wo'z na'wbetinde ishki ha'm si'rtqi' sawda-sati'qti'n' ken'eyiwine, a'sirese si'rtqi' bazar menen ali'p bari'lg'an baylani'slardi'n' bekkemleniwine ja'ne bular bolsa xat-sawat, ilim, ruwxi'yli'qti'n' joqari'lawi'na ali'p keldi. Usi' da'wirde Muxammed ibn Musa al-Xorezmiy, Axmet-al-Ferg'aniy, A'biw Nasi'r Farabiy, A'biw Rayxan Beruniy, A'biw A'liy ibn Sina ha'm Mi'rza Uli'g'bek si'yaqli' worta a'sirlerdin' ulli' ulama ali'mlari' jetisip shi'qti'. Wolar du'nyani'n' ilim-pa'ninin' rawajlani'wi'na u'lken u'les qosti'.

Yeldi basqari'wda da wo'zine ta'n ma'mleketlik ni'zam ja'ne qag'i'ydalar, jer ha'm mu'likke bolg'an haq-huquq ju'zege keldi. Bul jerde iri wa'layat ha'kimleri basqarg'an jergilikli ha'kimlerinen baslap, Tu'rk qag'anli'g'i', Samaniyler, Xaqoniya-Qaraxaniyleri, Xorezmshahlar ha'mde A'mir Temur saltanati' si'yaqli' ulli' ma'mleketler du'zildi. Bul tariyxi'y waqi'yalar Watani'mi'zdi'n' aymaqlari'ndag'i' ma'mleketlik ma'deniyat worta a'sirlerde ja'nede rawajlani'p, ulli' saltanatli'q basqari'w sistemasi'na shekem ko'terildi.

Ma'mleketlik tizimi oasis ha'kimliklerinen woraylasqan saltanat, yag'ni'y imperiya da'rejesine shekem jetiwi, sonday-



aq, xalqi'n uli'wma ma'mleketlik dini ha'm si'yi'ni'wi'nda, tiykari'nan Islam dini isenimleri tiykari'nda jetilisiwi, so'zsiz tariyxi'y Turan-Turkistan aymag'i'nda ayyemnen jasap kiyati'rg'an a'wlatlardi' birlestirdi. Bul da'wirde Imam al-Buxariy, A'biw Isa at-Termiziy, Burxanitdin Marg'ulaniy, Xoja Axrar ha'm Baxawitdin Naqshband si'yaqli' ulamalar jetisip shi'qti'. Wolar Islam dini ha'm ni'zam taniwshi' rawajlani'wg'a ja'ne woni'n' ja'ha'n dini da'rejesine ko'teriliwine u'lken u'les qosti'. Islam dini adamlardi'n' isenimin bekkemleydi.

Wolardi'n' xali'q boli'p payda boli'w bari'si'ndag'i' jen'ilmes ku'sh si'pati'ndag'i' tiykarg'i' ta'sir yetiwshi ku'shi boldi'. Shi'g'i's ha'm Bati'stan tu'rli qa'wimlerge tiyisli etnik toparlar u'lkemizge kirip kelip, jergilikli jasawshi' xali'q penen qosi'li'p, aralasi'p ketti. A'sirler dawami'nda bolg'an bunday etnik procesler na'tiyjesinde wo'zinin' aymag'i', ma'mleketshiligi, tili, ekonomikali'q ha'm ruwxi'y-ma'deniy turmi's ta'rizine iye bolg'an wo'zbek xalqi' payda boldi'.

Awir miynet, diyqanshi'li'qti'n' bereketi, ra'ha'ti, jerge iyelik qi'li'w qari'm-qatnaslari' xalqi'mi'zdi'n' turmi's ta'rizine, minez-qulqi'na ku'shli ta'sir qi'li'p, wonda bekkem isenim, pa'k ta'rbiya, sabi'r qi'li'w a'debin payda yetti.

Bunday ja'miyetshilik qudretin du'nyag'a keltirgen tariyxi'y Tu'rkstan – Wo'zbekstan tariyxta Ulli' ka'rwan joli'ndag'i' Shi'gi's-Bati's ma'mleketlerinin' wo'z ara ekonomikali'q ha'm ma'deniy qatnasi'qlari'ni'n' payda boli'wi'nda kewli ken' ha'm qa'niyge tasi'wshi' ja'ne qalqan ma'mleket si'pati'nda xi'zmet ko'rsetip kelgen.

Watani'mi'z uzaq tariyxi'ni'n' guwali'q beriwinshe, a'dalat jog'ali'p, zuli'm ku'sheygen waqi'tlarda yel-jurtta qi'yi'nshi'li'q ha'm ti'ni'shsi'zli'q payda boladi'. Xali'q qozg'alan'lari' ko'terilip ma'mleket ekonomikali'q ha'm siyasiy qi'yi'nshi'li'qlarg'a duwshar boladi'. Bunday awi'r ha'm mu'shkil jag'daydag'i' da'wirde a'sirese jergilikli ha'kimlerdin' Worayli'q ha'kimiyatqa qarsi' ha'reketleri ku'sheyip ketedi. Bunday da'wirlerde ma'mleket ha'lsirep, joq boladi'. Bul jag'dayg'a Temuriyler saltanati'ni'n' qi'yrawi' mi'sal bola aladi'.

Ana-Watanni'n' usi'nday basi'nan keshirgenlerinen juwmaq shi'g'arg'an ata-babalari'mi'zdi'n' «Watandi' su'yiw iymannandu'r» degen so'zleri a'lem-a'lem mazmung'a iye. Watang'a bolg'an muhabbat bolsa ata-ana ha'm ustazlarg'a bolg'an izzet-hu'rmet, xojali'qqa bolg'an sadi'qli'q ha'm isenimnen baslanadi'.

# MAZMUNI'

Kirisiw .................................................................................... 3

**I BAP**

**WORTA A'SIRLERDE JERGE IYELIK YETIW QATNASI'QLARI'NI'N' PAYDA BOLI'WI' HA'M RAWAJLANI'WI'**

1-§. Socialli'q-ekonomi'kaliq wo'zgerisler.......................................... 5
2-§. Yerte worta a'sir ma'mleketleri ............................................ 8
3-§. Eftallar da'wirinde social-ekonomikali'q ha'm ma'deniy turmi's 13
4-§. Worta Aziya xali'qlari' Tu'rk qag'anli'g'i' da'wirinde ................ 17
5-§. Bati's tu'rk qag'anli'g'i' ......................................................... 21
6-§. Jergilikli ha'kimliklerdin' du'ziliwi ............................................ 25
7-§. VI—VII a'sirlerde ma'deniy turmi's ........................................... 29

**II BAP**

**WORTA AZIYANI'N' ARAB XALIFALI'G'I' TA'REPINEN BASI'P ALI'NI'WI'. XALI'Q KO'TERILISLERI (VII—VIII A'SIRLER)**

8-§. Islam dini ha'm arab xalifali'g'i' ............................................... 33
9-§. Mawarawnnaxrdi'n' basi'p ali'ni'wi'ni'n' ekonomikali'q ha'm ruwxi'y aqi'betleri ............................................................... 37
10-§. Xalifali'qqa qarsi' xali'q ha'reketleri ....................................... 39
11-§. Abbasiyler da'wirinde Xorasan ha'm Mawarawnnaxr. A'biw Muslim qozg'alan'i' ..................................................... 41
12-§. «Aq kiyimliler» ko'terilisi ...................................................... 44

**III BAP**

**MAWARAWNNAXRDA G'A'REZSIZ MA'MLEKETLERDIN' DU'ZILIWI**

13-§. Xalifali'qti'n' ha'lsirewi, g'a'rezsiz ma'mleketlerdin' qa'liplese baslawi' ..................................................................... 47
14-§. Samaniyler ............................................................................ 51
15-§. Samaniyler da'wirinde social-ekonomikali'q turmi's ................ 54
16-§. IX—X a'sirlerde jer-mu'lik qatnasi'qlari'. Samaniyler ha'kimiyati'ni'n' i'di'rawi'. G'aznawiyler ma'mleketi.................... 58
17-§. Qaraxaniyler ma'mleketi ha'm Mawarawnnaxr ........................ 62
18-§. XI—XII a'sirlerde social-ekonomikali'q turmi's ....................... 65

19-§. Xorezm ma'mleketi ha'm woni'n' rawajlani'wi' ........................ 67
20-§. Worta Aziyali' woyshi'llar. Ilim-pa'nnin' rawajlani'wi' ............ 70
21-§. Mawarawnnaxr ha'm Xorezmnin' ma'deniy turmi'si'nda jan'a da'wir (IX–XIII a'sir baslari) ....................... 74
22-§. Arxitektura, ko'rkem-wo'ner, muzi'ka ha'm diniy isenimler ........................................................................ 79
23-§. Etnikali'q processler ha'm wo'zbek xalqi'ni'n' qa'liplesiwi ...... 84

## IV B A P

## WATANI'MI'Z XALI'QLARI'NI'N' SHI'N'G'I'SXAN BASI'P ALI'WI' HA'M BASQI'NSHI'LI'G'I'NA QARSI' AZATLIQ GU'RESI'

24-§. Xorezmshahlar saltanati' menen mong'ollar ma'mleketi wortasi'ndag'i' qatnasi'qlar ..................................................... 87
25-§. Shi'n'g'i'sxanni'n' basqi'nshi'li'g'i' .......................................... 92
26-§. Xorezmshahlar ma'mleketinin' qulawi' .....................................94
27-§. Shag'atay uli'si'ni'n' du'ziliwi. .............................................. 101
28-§. Social-ekonomikali'q ha'm ma'deniy turmi'sti'n' jan'alani'wi' 104

## V B A P

## A'MIR TEMUR HA'M TEMURIYLER MA'MLEKETI

29-§. A'mir Temurdi'n' siyasiy gu'res maydani'na kirip keliwi ........ 108
30-§. A'mir Temur–woraylasqan ma'mleket tiykari'n sali'wshi' ...... 112
31-§. A'mir Temurdi'n' a'skeriy atlani'slari' .................................. 115
32-§. A'mir Temur saltanati'ni'n' ha'kimshilik ha'm a'skeriy du'zilisi 120
33-§. Ma'mleket abadanshi'li'g'i' joli'nda ...................................... 123
34-§. Bati's Yevropa ma'mleketleri menen baylani'slar .................. 126
35-§. A'mir Temur miyrasxorlari' arasi'nda taxt ushi'n gu'res ha'm woni'n' aqi'betleri ...................................................... 130
36-§. Uli'g'bek ilimiy – ag'arti'wshi'li'q ma'mleket iskeri ............ 132
37-§. Temuriyler saltanati'ni'n' dag'dari'sqa ju'z tuti'wi' ..................135
38-§. Diyqanshi'li'q, jer iyeligi qatnasi'qlari' .................................. 139
39-§. Wo'nermentshilik ha'm sawda baylani'slari' .......................... 141
40-§. Ilim-pa'nnin' rawajlani'wi' .................................................... 145
41-§. Ma'deniy turmi's ..................................................................... 149

Wo'tmi'shdegi' tari'yx sabaqlari' ha'm ag'arti'wshi'li'q (Juwmaqlaw worni'nda)..........................................................155

*O'quv nashri*

**ABDULAHAD RAHIMJONOVICH
MUHAMMADJONOV**

# O'ZBEKISTON TARIXI

**(IV ASRDAN XVI ASR
BOSHLARIGACHA)
7-SINF**

(Qoraqalpoq tilida)

Ikkinchi nashri

«Sharq» nashriyot-matbaa
aksiyadorlik kompaniyasi
Bosh tahririyati
Toshkent — 2013

Redaktori' *T. Mnajatdinova*
Awdarg'an *D.M. Tajetdinova*
Texredaktori' *R. Boboxonova*
Korrektor *D.M. Tajetdinova*
Betlewshi *L. Soy*

**Baspa licenziyasi' AI № 201, 28.08.2011**

Basi'wg'a ruxsat yetildi: 04.07.2013. Qag'az formati' 60x90 $^1/_{16}$.
«Tayms» garniturasi'. Ofset baspa. Sha'rtli baspa tabag'i' 10,0.
Baspa-yesap tabag'i'10,7. Adadi' 1405 nusqa. 2989A-sanli' buyi'rtpa

**«SHARQ» baspa-poligrafiya akciyonerlik kompaniyasi' baspaxanasi',
100000, Tashkent qalasi', Buyuk Turan ko'shesi 41 u'y.**

**Ijarag'a berilgen sabaqli'q jag'dayi'n ko'rsetiwshi keste**

| № | Woqi'wshi'ni'n' familiyasi', ati', a'kesinin' ati' | Woqi'w ji'li' | Sabaqli'qti'n' ali'ng'andag'i' jag'dayi' | Klass basshi'si'ni'n' qoli' | Sabaqli'qti'n' tapsi'ri'lg'andag'i' jag'dayi' | Klass basshi'si'ni'n' qoli' |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

**Sabaqli'q ijarag'a berilgende ha'm woqi'w ji'li'ni'n' aqi'ri'nda qaytari'p ali'ng'anda joqari'dag'i' keste klass basshi'si' ta'repinen to'mendegi bahalaw wo'lshemlerine tiykarlani'p tolti'ri'ladi':**

| | |
|---|---|
| **Taza** | Sabaqli'qti' birinshi ret paydalani'wg'a berilgendegi jagdayi'. |
| **Jaqsi'** | Muqaba pu'tin, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'liminen aji'ralmag'an. Barli'q betleri bar, ji'rti'lmag'an, wo'shpegen, betlerinde jazi'w ha'm si'zi'qlar joq. |
| **Qanaatlandi'rarli'** | Muqaba jelingen, biraz si'zi'li'p, shetleri qayi'ri'lg'an, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'liminen ali'ni'p qaliw jag'dayi' bar, paydalani'wshi' ta'repinen qanaatlanarli' qa'lpine keltirilgen. Ali'ng'an betler qayta islengen, ayi'ri'm betleri si'zi'lg'an. |
| **Qanaatlandi'rarsi'z** | Muqabag'a si'zi'lg'an, ji'rti'lg'an, tiykarg'i' bo'liminen aji'ralg'an yamasa pu'tinley joq, qanaatlandi'rarsi'z islengen. Betleri ji'rti'lg'an, betleri toli'q yemes, si'zi'p, boyap taslang'an, sabaqli'qti' tiklep bolmaydi'. |